

**WAWACAN AHMAD MUHAMMAD****A. Deskripsi Naskah Wawacan Ahmad Muhammad**

a. Judul naskah : Wawacan Ahmad Muhammad

b. Pemilik naskah : Muh. Abasa Ardisoma

Desa Karangsari, Kecamatan Leuwigoong

Kabupaten Garut

c. Asal naskah : Warisan

d. Ukuran Naskah : 21 x 16 cm

e. Ruang tulis : 16,5 x 13 cm

f. Tebak Naskah : 370 halaman

g. Paginasi : Ada

h. Tanda Baca : Ada

i. Keadaan Naskah : Kokoh, jelas terbaca

j. Huruf : Arab (Pegon)

k. Ukuran Huruf : Sedang

l. Bahan Naskah : Kertas folio bergaris

m. Cap Kertas : Tidak ada

n. Bahasa : Sunda

o. Bentuk Karangan : Puisi (dangding)

p. Ringkasan Isi Naskah : Mengisahkan dua bersaudara, kakak-beradik, yaitu; Ahmad dan Muhammad. Mereka berpisah dengan Ayah-tirinya karena terjadi perselisihan. Kedua bersaudara itu masing-masing

mendapatkan cobaan hidup, tetapi selalu dihadapinya dengan sabar, tawekal, dan tabah. Akhirnya, keduanya mendapatkan kedudukan tinggi di tempat pengembaraannya. Setelah keduanya lama berpisah, akhirnya dapat bertemu kembali bahkan bisa berkumpul kembali dengan ibu mereka.

## **B. Transliterasi Naskah Wawacan Ahmad Muhammad**

Bismillaahirrohmaanirrohiim

### **I. Pupuh Dangdanggula**

1. Dangdanggula nya ngawitan nulis, (2)

Silih Mulud étangan sasihan,  
 Dinten Kemis anu yaktos,  
 Dua puluh opat istu,  
 Sasih Yuni étangan Walanda,  
 Hijrahna anu kaétang,  
 Sarébu salapan ratus,  
 Jeung tilu puluh dalapan,  
 Tanggalna mah dua puluh opat sidik,  
 Sami pada dinten éta.

2. Muga-muga panuhun sim abdi,

Malah mandar baé kaparengan,  
 Bawaning ku abdi sono,  
 Muga-muga hoyong mulus,  
 Anu diseja ku ati,  
 Awonna mah sakalintang,  
 Nyuhunkeun dima'lum,  
 Upama anu lepat,  
 Sareng deui anu kakirangan dangding,

- Muga nyuhunkeun hampura.
3. Jeung panuhun nu kagungan bumi,  
 Kasadaya anu marayunan,  
 Ka sepuh rawuh nu anom,  
 Abdi nyanggakeun nu kasuhun,  
 Sanés pisan ku tiasa,  
 Midamel ieu wawacan,  
 Mung tamba ngalamun,  
 Ku sadaya geus kamanah,  
 Aksarana nu sakieu nya laip,  
 Sok isin ngasongkeunana.
  4. Sinaeng ka nu ngaos deui,  
 Muga-muga nyuhunkeun hampura,  
 Aksara kalangkung awon,  
 Nya panuhun ulah bendu,  
 Upami aya nu lepat,  
 Malar tiasa nambihan,  
 Supadosna lulus,  
 Bet kieu gening buktina,  
 Curat-corét bulat-beulit henteu uni,  
 Siga pangacakan hayam.
  5. Muga-muga // muga-muga ka nu MahaSuci,  
 Dibarengan dipancingan ilham,  
 Anu diseja ku haté,  
 Nyuhunkeun mulus rahayu,  
 Rohmat salamet nya diri,  
 Ulah aya kuciwana,  
 Muga masing mulus,  
 Nu ngaos ieu wawacan,  
 Masing rinéh bér budi suka seuri,  
 Ulah aya pancabaya.

6. Ari nu diseja,

Hoyong terang carioseunana,  
 Carios anu karuno,  
 Tatkala waktu kapungkur,  
 Sanés nu jaman kiwari,  
 Nya ieu dina wawacan,  
 Nu garagah ngamuk,  
 Wawacan Ahmad Muhammad,  
 Matak lucu lamun jaman kiwari,  
 Henteu aya papadana.

7. Ieu layang siloka teu lami,

Anu jadi pitutur tabéat,  
 Tamba kulem soré-soré,  
 Disalin ku sanés catur,  
 Manawi jadi utami,  
 Malah mandar jadi sunat,  
 Ari anu dicatur,  
 Nyarioskeun anu baheula,  
 Aya hiji ratu agung nging berbudi,  
 Di dayeuh nagara Eusam.

8. Panjenengan anu jadi aji,

Raja Jamur putra Batal waas,  
 Ratu percéka was ngaos,  
 Dasar putu Batak Jamur,  
 Nu mawi éta kakasih,  
 Turunan ti éyangna,  
 Nama Raja Jamur anu jadi papatihna,  
 Sadérékna kénéh Sang Aji,  
 Jenengan Wijaya Ahmad.

9. Sami pada putra Batal Waas deui,

Ari éta mah Raja Eusam,

Papada jeneng raja gé,  
 Wantuning turunan ratu,  
 Raja geus satengah wali,  
 Kasebut raja Pandita  
 Lampah siang dalu,  
 Sering pangna apal lulah  
 Paragarwa nu jadi parameswari,  
 Kabéh dikésér sadaya.

10. Pada mulang satempatna tadi, (4)

Amung aya hiji garwa raja,  
 Éta samulih dikésér,  
 Nyandak bobot ti sang ratu,  
 Tetep di tanah Habsi,  
 Nelah Nyi Randa kerendan,  
 Sareng nyandak manuk,  
 Baris warisan ka putri,  
 Ku Nyi Randa diéstokeun wakil Gusti,  
 Ngarana manuk Titiran.

11. Éta manuk rupana jarining,

Panca warna éta warna lima,  
 Bulu bodas hideung konéng,  
 Héjo jeung beureum pamatuuk,  
 Kawas nu macokan getih,  
 Konéng dijero sungut,  
 Hideung suku buntut,  
 Jang-jang dada héjo bodas,  
 Maunatna jembar hirup lawan sugih,  
 Réya barang réya uang,  
 Kacatrukeun Raja Eusam deui.

12. Hiji mangsa nyaur papatinia,

Rahadén Ahmad sadérék,  
 Ngadeuheus ka payun Raja,  
 Kangjeng Raja seug ngalahir,  
 Hé rayi Aria Wijaya,  
 Kadieu sing payun,  
 Sor patih caket ka Raja,  
 Kangjeng Raja énggal ka patih ngalahir,  
 Hé rayi dangukeun Engkang.

13. Masing sidik sareng masing ngarti,

Taya deui juru basa Eusam,  
 Salian ti diri manéh,  
 Seug ayeuna geura ngarti,  
 Piwejang Engkang ka rayi,  
 Perkawis ayeuna Engkang,  
 Pikir anu linglung,  
 Rarasaan asa gundam,  
 Geus teu émut kalakuan nyakrawati,  
 Ayeuna nagara Eusam.

14. Seja sérén ayeuna ka rayi,

Siang wengi sawewengkon di Sam,  
 Amis paitna sakabéh,  
 Eujeung ulah gésén kalbu,  
 Akang panungtung papanggih,  
 Masing hadé kumawula,  
 Bubuhan ka (...),  
 Ka Sultan Mesir nagara,  
 Saban taun ulah sok // sok gésén upeti, (5)  
 Matak kasiku naléndra.

15. Kalakuan Maha Sultan Mesir,

Anu eukeur katurunan cahaya,

Diasuh ku nu waspaos,  
 Pamuga-muga kapayun,  
 Masing kapendak ku rayi,  
 Atawa ku anak-anak,  
 Mana masing tumut,  
 Anu temen kumawula,  
 Nya éta kapayuneun Sultan Mesir,  
 Tangtu nitih karamatna.

16. Teu ku urang ku anak mah pasti,

Kudu baé sagala berakal,  
 Satiap-tiap bersambung,  
 Saupama nu rahayu,  
 Paribasa nini aki,  
 Jadi ulah bengkok sembah,  
 Matak awét umur,  
 Nyata umur kawula,  
 Tina henteu cacadna diri,  
 Tah sakitu wuruk Engkang.

17. Jeungna deui tangtu rayi Patih,

Bakal tepang kapendakan,  
 Keur waktu jadi gegedén,  
 Engké gé tangtu kapayun,  
 Ka wangkit Engkang téh éling,  
 Ayeuna ieu nagara,  
 Sawarug kadatun,  
 Engkang téh sumeja pasrah,  
 Poé ieu rayi geura nyakrawati,  
 Amis pelem Engkang pasrah.

18. Sareng ieu sanggakeun ka Mesir,

Piageman pertanda naléndra,

Ratu Mesir moal hélok,  
 Kantenan geus pada ma'lum,  
 Cedok nyembah Rahadéan Patih,  
 Sareng nyurucud cisoca,  
 Nampi dawuh Ratu,  
 Nuhun na timbalan tuan,  
 Muga hibar jiadna ti Kangjeng Gusti,  
 Gumatि kana timbalan.

## **II. Kinanti**

1. Parantos turug ngawaruk,  
 Barang dirérét ku Patih,  
 Raja Jamur ilang musna,  
 Ti payuneun Radén Patih,  
 Nya ilang tanpa karana,  
 Henteu kagét Radén Patih,
2. Énggalna jumeneng Ratu,  
 Ti dayeuh Eusam nagari,  
 Geus tetep mangku nagara,  
 Kocap Raja Jamur deui,  
 Tingkal manikna tempatna,  
 Dina guha gunung Mesir.
3. Jenenganana syeh Agung,  
 Panangan buni téh teuing,  
 Teu katawis aya guha,  
 Saupama aya jalmi,  
 Tangtu moal bisa terang,  
 Tina buni liwat saking.
4. Teundeun nu keur MahaWiku,  
 Ayeuna disalin warti,  
 Caturkeun nyai randa,

Dierenda tetep ngancik,  
 Sareng putra dua kembar,  
 Putra Raja Jamur Aji.

5. Anu ti heula ngajuru,  
 Geus dipaparin kakasih,  
 Jenenganana Muhammad,  
 Anu babarna pandeuri,  
 Jenengan Rahadén Ahmad,  
 Kapertawis raka jeung rayi.
6. Ahmad Muhammad kacatur,  
 Barang dumugi birahi,  
 Henteu aya dikarendan,  
 Malasantréñ murangkalih,  
 Guguruna di Pandita,  
 Ngaji Qur'an jeung Tapsir.
7. Adat biasa guguru,  
 Sareng deui murangkalih,  
 Kawuwuhan ku lungguhna,  
 Akur ka baturna santri,  
 Teu nahur mah ka guruna,  
 Lantaran nu saé galih.
8. Raka rayi timpuh lungguh,  
 Ayeuna katunda deui,  
 Rahadén Ahmad Muhammad,  
 Geus tetep sina ngaji,  
 Ganti deui anu kocap,  
 Di jero nagari habsi.
9. Aya hiji warga ratu,  
 Jadi sudagar ku sugih,  
 Sugih tegesna nangkoda,  
 Dunya barana saketi,

Wuwang pirang-pirang dirham,  
Istuning nangkoda sugih.

10. Nangkoda hiji waktu,  
Kulem dina jero katil,  
Nangkoda tuluy nyupena,  
Tegesna nyupena ngimpi,  
Ari nu kaimpi téa,  
Éta ku nangkoda sugih.

11. Pendak hiji tangkal kayu, (7)

Ari dina luhur kai,  
Aya hiji titiran,  
Saré sidik katingali,  
Rupa ulesna titiran,  
Sidik rupa pancawarna.

12. Sartana beureum pamatuk,  
Héjo bodas beureum konéng,  
Dibasakeun utan emas,  
Nya éta ules harining,  
Sabab bulu pancawarna,  
Lima rupa warna-warni.

13. Sarta ngomong éta manuk,  
Celuk-celuk luhur kai,  
Gé pokna manuk téa,  
Saha-saha baé jalmi,  
Nu ngadahar awak kula,  
Niscaya engké kapanggih.

14. Saha nu ngadahar hulu,  
Pasti jadi perjurit,  
Gagah jadi hulubalang,  
Lalanang jero nagari,

Ngahakah di awang-awang,  
Tetepna téh hulu kami.

15. Sareng jadi uang dinar tangtu,  
Uwang dinar uwang ringgit,  
Reujeung deui saha-saha,  
Nu ngadahar anak kami,  
Tangtu jadi raja beunghar,  
Sugih beunghar réa abdi.

16. Marabna téh ka para ratu,  
Disembah para bupati,  
Sugih dunya réa balad,  
Ngan sakitu matuk muni,  
Nangkoda ras éling gugah,  
Sakalangkung suka galih.

17. Kaidanan lewat langkung,  
Kasengsem ku sora manis,  
Sarengna anu ka kuping,  
Kalintang ti manuk téa,  
Dimana ayana sidik.

18. Nangkoda jung baé lungsur,  
Bari cirambay nangis,  
Ngider-ngider sugar aya,  
Sakabéh manuk dilari,  
Sakur nu boga titiran,  
Lapur teu kamanah lain.

19. Geus beng ngétan geus los ngidul,  
Mubak di jero nagari,  
Sumawon tukang yahab,  
Sakabéh manuk dilari,  
Weléh taya nu kamanah,

- Lain éta nu disungsi.
20. Nangkoda geus weléh bingung,  
     Kalangkung ngangluh nya galih,  
     Istuna jadi kasawat,  
     Kasengsem kaliwat saking,  
     Kumo // layang kumolayang, (8)  
     Nangkoda melengék mikir.
21. Teu lami nangkoda imut,  
     Gancang barina jeung indit,  
     Ngabujeung hiji pandita,  
     Geus kamashur nujun sidik,  
     Aya di jero nagari,  
     Panarosan urang habsi.
22. Ki nangkoda enggeus cunduk,  
     Bumi pandita sidik,  
     Nangkoda song sasalaman,  
     Geus salam seug baé calik,  
     Pandita kagét kacida,  
     Tara-tara ti sasari.
23. Seug sabab ka dinya cunduk,  
     Aya manah naon rayi,  
     Bet aya sudagar sasab,  
     Jeung kawas nu ngangluh galih,  
     Nangkoda gancang ngajawab,  
     Nun sumuhun pisan sidik.
24. Sukur pisan geus kama'lum,  
     Ku kang raka ngangluh rayi,  
     Éta sanés nu diseja,  
     Kalintang ti keur prihatin,  
     Anu mawi rayi dongkap,  
     Kang raka langkung tingali.

25. Neda sejana pituduh,  
 Sauihna rayi ngimpi,  
 Mendakan manuk titiran,  
 Dina luhur tangkal kai,  
 Sarta éta kapirang-pirang,  
 Manuk ngomong luhur kai.
26. Ari pokna éta manuk,  
 Saha nu ngadahar kami,  
 Upama hulu kaula,  
 Mun didahar engké pasti,  
 Tangtu jadi hulubalang,  
 Perjurit lalanang nagri.
27. Sareng kaduana nyebut,  
 Jadi budah dunya pasti,  
 Jeung deui awak kaula,  
 Mun didahar tangtu jadi,  
 Jadi raja seret beunghar,  
 Sakitu manuk wawarti.
28. Anggeus tangtu jadi ratu,  
 Perkawis impenan rayi,  
 Kapan hal ilapat mah,  
 Geus dicarios ku rayi,  
 Nya nya éta omong titiran,  
 Tangtu pisan kitu pasti.
29. Saha kagunturan madu,  
 Éta nu darajat leuwih,  
 Jeung deui sanggeusna,  
 Éta lain impenan jalir,  
 Tegesna // ngimpi pituah, (9)  
 Nu katangtu aya bukti.
30. Nangkoda barang ngadangu,

Saurna pandita sidik,  
 Seug ngarangkul jeung ngandika,  
 Duh kiyai sukur teuing,  
 Nya éta nu diteda,  
 Maksud pisan tuang rayi.

31. Neda sejana pitulung,  
 Dimana ayeuna sidik,  
 Manuk nu kitu rupana,  
 Mangga tuduhkeun kang rayi,  
 Caket atawa anggang,  
 Kang rayi teu puguh pikir.
32. Sumangga wejang pituduh,  
 Raka ulah lami-lami,  
 Nangkoda jeung gurobangan,  
 Pandita ngalahir deui,  
 Perkawis manuk titiran,  
 Anu alus pancawarni.
33. Aya pisan anu gaduh,  
 Disaluareun nagri,  
 Di wewengkon kénéh habsah,  
 Caket kana tepis wiring,  
 Nu bogana nyai randa,  
 Dikerendan tepis wiring.
34. Didinya ayana manuk,  
 Anung méh kaluli-luli,  
 Manuk asal bawa ti Sam,  
 Nyi randa langkung berbudi,  
 Manuk lain lalawura,  
 Coba galeuh baé rayi.
35. Sababaraha baé mundut,  
 Tinimbang jeung hanteu kenging,

Montong sieun ku harga,  
 Nangkoda gancang ngalahir,  
 Sumangga nuhun kang raka,  
 Neda pidu'a kang rayi.

36. Cedok sasalaman rusuh,  
 Geus sasalaman teuing indit,  
 Ngabujeung lembur kerendan,  
 Gancangna anu digurit,  
 Geus dongkap ka nyai randa,  
 Kasmaran jeung suka galih.

### **III. Asmarandana**

1. Kasmaran pujaning ati,  
 Barang bék bumi Nyi Randa,  
 Ki Nangkoda manis raos,  
 Jadi tunggeus kapungkurna,  
 Naha resik teuing tempat,  
 Barang ngarérét ka manuk,  
 Gebeg ki nangkoda ninggal.
2. Duh mustajab teuing ngimpi  
 Sidik ieu manuk téya,  
 Anu katingal // na impén, (10)  
 Turug-turug manuk téya,  
 Barang rét ninggal Nangkoda,  
 Disadana wangsa kukuk,  
 Kakuping ku Ki Nangkoda.
3. Sada gentar anu tadi,  
 Keur dina impénan téya,  
 Sadana ieu kurateng,  
 Manuk alus pancawarna,  
 Dibasakeun udan emas,  
 Ki nangkoda bungah kalbu,

- Tuluy ka lawang nyi randa.
4. Sampurasun neda linggih,  
 Nyi Randa jawab sumangga,  
 Bari nyandak maparan Ber,  
 Nangkoda enggeus lenggah,  
 Dipayunan ku Nyi Randa,  
 Nyi Randa jeung unjuk hatur,  
 Ajengan anu ti mana.
5. Hapunten panaros kuring,  
 Tina nembé tacan kenal,  
 Kalih perkawis panaros,  
 Mawi sumping ka Kerendan,  
 Naon pikersaeun tuwan,  
 Ki nangkoda imut hatur,  
 Nuhun pihatur Nyi Randa.
6. Engkang anu mawi sumping,  
 Sasab ka pangkon Nyi Randa,  
 Wiréh gaduh ingon-ingon,  
 Kalangenanan Nyi Randa,  
 Langkung bogoh ku sorana,  
 Enya ieu rupi manuk,  
 Dipésér baé ku Engkang.
7. Mugi ulah teu maparin,  
 Ari bab pangaosna mah,  
 Ngiring sakumaha baé,  
 Sanajana saratus dirham,  
 Ku Engkang téh diiringan,  
 Muga ulah henteu purun,  
 Masing ras kanu bogohna.
8. Nyai uah lami-lami,

Na keur naon Nyai Randa,  
 Asa kirang pantes baé,  
 Bet istri ngukut titiran,  
 Mending anggur kukut hayam,  
 Coba galeuhkeun saratus,  
 Tangtu rendey aranakan.

9. Soré hiji isuk hiji,  
 Upama lamun didahar,  
 Tangtu moal téréh séép,  
 Moal weléh aranakan,  
 Tah kitu ngukut hayam mah,  
 Ari mungguh ngukut // manuk, (11)  
 Jadi wungkul kalanganan.

10. Coba Manahan ku Nyai,  
 Mangga Engkang geura jawab,  
 Gancang matur Nyi Randa,  
 Nun sumuhun leres pisan,  
 Kahartos éta piwejang,  
 Ana mung perkawis manuk,  
 Sim kuring hatur uninga.

11. Sanes gaduh jisim kuring,  
 Éta téh manuk pun anak,  
 Ayeuna keur malasantren,  
 Nu gaduh Ahmad Muhamad,  
 Manuk titilar ramana,  
 Asal manukna kapungkur,  
 Manuk bantun ti nagri Sam.

12. Kawantu titular mayit,  
 Tegesna manuk warisan,  
 Nangkoda gancang ngawalon,  
 Gampil teuing ah éta mah,

Béjakeun baé yén leupas,  
 Kajeun kurungna mah kantun,  
 Manukna anu dibawa.

13. Kakang téh kaliwat saking,

Perkara haregana mah,  
 Mowal nya dimomoré,  
 Bakating bogoh kacida,  
 Kop tah lima ratus dirham,  
 Nyi Randa alon ngawaler,  
 Nun ajengan naran pisan.

14. Ki Nangkoda undak deui,

Kana dua ratus dirham,  
 Nyai Randa weléh baé,  
 Kapikir ku Ki Nangkoda,  
 Tangtu tacan ningal harga,  
 Jeung teu milik éta manuk,  
 Sabaraha baé ditebak.

15. Jeung nyaur jeroning galih,

Tangtu manuk maunatan,  
 Ki Nangkoda beuki antek,  
 Seug undak sarebu dirham,  
 Henteu mikeun baé randa,  
 Nyai Randa alon nyaur,  
 Kieu baé ayeuna mah.

16. Muga ulah bendu galih,

Menggah di lebah ajengan,  
 Najan sarebu dirham gé,  
 Masih langkung uang ajengan,  
 Ana mung perkawis manuk,  
 Pendekna mowal dijual.

17. Lain teu butuh ku ringgit,

Sieun ka siku ku anak,  
 Kitu pikir anu bodo,  
 Asup kana paribasa,  
 Taya tinimbanganana,  
 Dibobot moal kajungjung,  
 Mungguh nu nyaah ka anak. //

18. Ajengan langkung tingali, (12)

Muga ulah jadi manah,  
 Sakitu hatur kuring téh,  
 Kakuping ku Ki Nangkoda,  
 Sakalangkung handeueulna,  
 Undakna ogé punjul,  
 Da henteu niyat dijual.

19. Ari dek bendu nya galih,

Kumaha da geus dipegat,  
 Manahna langkung garéték,  
 Piker kumaha petana,  
 Pikeun tatambaanana,  
 Ari manah beuki maju,  
 Imut deui ka pandita.

20. Nangkoda miamis kopi,

Manah bendu teu katara,  
 Nangkoda seug matur alon,  
 Punteun atuh Nyai Randa,  
 Ari perkawis manuk mah,  
 Ari geus henteu kahatur,  
 Lain milik diri engkang.

21. Engkang téh ayeuna amit,

Nyai Randa matur mangga,  
 Énggal Ki Nangkoda mios,  
 Henteu mulih ka bumina,

Henteu kocap di jalanna,  
 Taya sanés nu dijug-jug,  
 Ngabujeng bumi pandita.

22. Ki nangkoda enggeus sumping,

Geus tepang seug sasalaman,  
 Nya éta jeung pandita téh,  
 Pandita gancang haturan,  
 Kumaha rayi petana,  
 Anu yaktos éta manuk,  
 Buktina reujeung impian.

23. Ki Nangkoda hatur tadim,

Sumuhun pertéla pisan,  
 Henteu beda reujeung ngimpén,  
 Tapi weléh henteu beunang,  
 Ku rayi téh diririhan,  
 Harga dumugi ka rébu,  
 Basana moal dijual.

24. Sakalangkung diri rayi,

Jeung atuh kuma petana,  
 Sangkan kamilik manuk téh,  
 Teu nyaah dunya barana,  
 Akang téh ulah kapalang,  
 Rayi beuki wuwuh ngangluh,  
 Lamun teupi ka beunangna.

25. Panadarna tuang rayi,

Jeung atuh kuma petana,  
 Rék ayeuna rék engké gé,  
 Kumaha ayeuna kersa,  
 Mangka dua rébu dirham,  
 Pandita // ngalenyap kalbu, (13)  
 Nguping dua rébu dirham.

26. Pandita teu gancang lahir,  
 Ayeuna ganti aturan,  
 Geus tinangtu beunang baé,  
 Pun kakang téh sanggup pisan,  
 Perkara éta Nyi Randa,  
 Ayeuna terapan duyung,  
 Teyangan baé Nyi Randa.
27. Jalana ngalamar Sari,  
 Geus tangtu eta Nyi Randa,  
 Nangkoda imut ngawalon,  
 Ngiring sakersa kakang,  
 Sanajan dijieu garwa,  
 Da puguh randa teu wudu,  
 Teu kapalang hadé rupa.
28. Anak hiji keur gumeulis,  
 Gancangna ieu carita,  
 Nangkoda jeung pandita téh,  
 Nangkoda gancang disokat,  
 Ku Pandita disiriman,  
 Niyat pandita disipuh,  
 Ku cai suka sikat.
29. Supaya nerpana sihir,  
 Ku Pandita diapikan,  
 Ngawuruk ka Nangkoda téh,  
 Ku sabab imut pangupah,  
 Ringgit dua puluh dirham,  
 Ngalokatna enggeus putus,  
 Lir nonoman keur meujeuhna.

#### **IV. Sinom**

1. Pandita seug ngawurukan,  
 Ka éta Nangkoda Habsi,

Ayeuna seug geura angkat,  
 Insya-Allah tangtu milik,  
 Mowal kudu riweuh-riweuh teuing,  
 Sumawon éta manuk,  
 Najan Nyi Randa nu boga,  
 Niscaya kapélét pasti,  
 Nangkoda amit miyos ka pandita.

2. Pandita jumurung dunga,  
 Gancangna anu digurit,  
 Nangkoda enggeus angkat,  
 Di jalan henteu digurit,  
 Ka Kerendan enggeus sumping,  
 Sareng Nyi Randa geus tepang,  
 Nangkoda sanggeus léléwa,  
 Lampahna ngalamar sidik,  
 Ka lalampah kumasep rék bobogohan.
3. Nyi randa geus ngampar samak,  
 Dirangkepan ku alketip,  
 Ki Nangkoda enggeus lenggah,  
 Lir pangeran piringgadani,  
 Rék nganjang ka pergiwa,  
 Édék sila tumpang semu,  
 Nyi Randa enggeus mayunan,  
 Nangkoda manis ngalahir, //  
 Ieu akang anu mawi deui datang. (14)
4. Sayaktosna niyat akang,  
 Lain manuk-manuk teuing,  
 Manawi katambang kuda,  
 Kaleresan manah Nyai,  
 Yaktosna ngaanjing cai,  
 Nu diheroan téh Enung,

Manawi ku bahan lega,  
Nyimpen bujang tukang kuli,  
Niyat Engkang nyanggakeun sembah panglamar.

5. Katampi eujeung heunteuna,  
Pun Kakang haying ngumping,  
Mun katampa baé Kakang,  
Ku Juwita nu asih,  
Nya éta anu dipamrih,  
Tambang feas nya maksad,  
Kalaksanakeun paneda,  
Sakitu yaktosna Nyai,  
Coba Nyai Engkang parinan waleran.
6. Kakuping ku Nyai Randa,  
Sakalangkung lejar galih,  
Sim kuring hatur waleran,  
Sakalangkung tampa sari,  
Lain lalaksa sim kuring,  
Sim kuring mah jalma dusun,  
Dagangan surot geureuhna,  
Kapan seueur jero nagri,  
Randa lenjang dikersakeun tambah suka.
7. Saha nu teu hayang dunya,  
Memang kabéh hayang sugih,  
Kari-kari upamana,  
Anjeun meunang istri geulis,  
Tangtu téh suka ati,  
iIstu seueur anu purun,  
Sababna jadi Nangkoda,  
Suwawonna menggah kuring istri,  
Gunung arang papanggih jeung dunya.
8. Sumuhun dipikapalay,

Lebah diri jisim kuring,  
 Sanajan teu dipalayna,  
 Ari menggah diri kuring,  
 Kantenan bogoh téh teuing,  
 Salira Engkang bagus,  
 Keur anom jadi Nangkoda,  
 Taya dua di Habasi,  
 Turug-turug keur sugih téh wargi raja.

9. Saupama manah akang,  
 Humarep ka jisim abdi,  
 Sarta mun lain ngadoja,  
 Ka nu miskin urang sisi,  
 Yaktosna beukas mesori,  
 Among rumaos geus sepuh,  
 Pinareup péot kapala, //  
 Urut ngipang jabang bayi, (15)  
 Umur ogé geus téga jeung Nyi Juwita.

10. Walon deui Ki Nangkoda,  
 Naha ku nu mana Nyai,  
 Pun Engkang lain ngadoja,  
 Wanton sumpah ka nu geulis,  
 Atuh jamuga ka Nyai,  
 Ulah salamet ka payun,  
 Malah lampah kaleresan,  
 Sakalian lamun cicing,  
 Pagétona urang salametkeun nikah.

11. Nyai Randa ngawalonan,  
 Unjuk sumangga sim kuring,  
 Sartana mun kaleresan,  
 Pun Engkang téh ka sim kuring,

Gancangna anu digurit,  
 Geus pada balungbang timur,  
 Nyai Randa jeung Nangkoda,  
 Kawas raka reujeung rayi,  
 Tuang leueut saban wengi babarengan.

12. Geus nyata hiji Pandita,  
 Kocapkeun isukan deui,  
 Nyi Randa seug unjukkan,  
 Ka éta Nangkoda Habsi,  
 Gaduh pinarah ka kuring,  
 Ka Engkang anu saéstu,  
 Man anték teuing manah,  
 Kana manuk jisim kuring,  
 Sayaktosna baris jongjon manah engkang.
13. Nangkoda curinghak jawab,  
 Duh enung pujaning ati,  
 Éta anu sayaktosna,  
 Lain bogoh ngukuh teuing,  
 Nya éta ka manuk Nyai,  
 Saréhing éta kapungkur,  
 Aya sahiji budak,  
 Perkawis landing mengi,  
 Ubarna kudu ku manuk pancawarna.
14. Anu gaduh ules éta,  
 Ngan ieu titiran Nyai,  
 Lamun kitu petana,  
 Ka Engkang sumeja ngiring,  
 Sumawon titiran deui,  
 Najan diri sim kuring nun,  
 Samangsa dawuh ayeuna,  
 Siangna kalawan wengi,

Anu kagungan salira Engkang pisan.

15. Perkawis manuk titiran,

Mangga nyanggakeun ka rayi,  
 Nangkoda ngoréjat jawab,  
 Mangga geus pasrah mah Nyai,  
 Ayeuna arék dipeuncit,  
 Bari Nyai Randa dicium  
 Geus pasti ajal titiran  
 Margi tingal lambing sari, //  
 Enya éta beunangna ti bobogohan. (16)

16. Gancangna ayeuna Nangkoda,

Nyandak manuk pék dipeuncit,  
 Tuluy baé didudutan,  
 Buluna enggeus beresih,  
 Seug nyaur embanna sambali,  
 Miwarang dipanggang manuk,  
 Sarta meuleumna digang-gang,  
 Ulah dikusrukkeun teuing,  
 Kajeun lila supaya hadé gang-gangna.

17. Seug diturut ku Nyi Emban,

Digang-gang digaring-garing,  
 Ari éta Ki Nangkoda,  
 Ka Nyi Randa ngajinah,  
 Dicandak kana katil,  
 Nyi Randa dicandak tidur,  
 Sabot ngantos manuk asak,  
 Kocap kurung manuk deui,  
 Guyan-gayun minangka katilar sukma.

18. Rupa kurung éta kawat,

Beuki leutik-leutik,  
 Teu lami les deui musna,

Sihoréng dibawa ku jin,  
 Sarta kurung salin rupi,  
 Jadi kawas kanjut suku,  
 Kurung kabawa maunat,  
 Jaga pagéto kapanggih,  
 Enya éta ku nu dahar manuk téa.

19. Bakal mendak kaos jimat,  
 Diantara Nagri Mesir,  
 Sarta bakal bisa ngambah,  
 Ka madia gentang widati,  
 Sabab nu matak pasti,  
 Ta ayas mabur ka luhur,  
 Kurung gajah dinamangan,  
 Jeung bulu jangjangna deui,  
 Jadi hiji aya dina kaos téa.

20. Kitu ceuk pancakakina,  
 Karamat nu hadapaksi,  
 Sigeugkeun kurung titiran,  
 Geus puguh dibawa jin,  
 Kacarios murangkalih,  
 Nya éta nu gaduh manuk,  
 Rahadén Ahmad Muhammad,  
 Di Pasantrénnna eukeur ngaji,  
 Hiji mangsa datang ilapat teunangan.

21. Eukeur kitu kawuwuhan,  
 Datang baé laleur putih,  
 Ngélingan ka Radén Ahmad,  
 Ka nu dua murangkalih,  
 Murangkalih barang nguping,  
 Sumedot rasaning kalbu,  
 Ka guruna teu amitan,

Léos baé pada mulih,  
Gancang catur geus sumping ka Karandan.

22. Nyampak ibuna keur gugah,  
Ngan Nangkoda tacan tangi,  
Rahadén Ahmad Muhammad,  
Manukna teu katingali,  
Ka ibu ngagero tarik,  
Ibu-ibu mana manuk,  
Bet teu aya jeung kurungna,  
Ibuna kaget ningali,  
Bari matur sukur // ujang pada dongkap. (17)

23. Seug geura dangukeun Ujang,  
Murangkalih berek caralik,  
Ibuna énggal ngandika,  
Manuk ujang téh dipeuncit,  
Ari nu matak dipeuncit,  
Sabab ayeuna téh ibu,  
Pendekan enggeus lakian,  
Ka Nangkoda urang Habsi,  
Jadi urang bakal gaduh piramaan.

24. Malah keur kulem ayeuna,  
Itu dina ranjang katil,  
Ari perkara manuk mah,  
Éta nu matak dipeuncit,  
Rék dianggo landing meungi,  
Ku tuang rama dipundut,  
Ayeuna gé keur digang-gang,  
Wayahna ulah narangis,  
Da manuk mah isuk ogé digantian.

25. Rahadén Ahmad Muhammad,  
Barang rérét manuk geus garing,

Harita teu antaparah,  
 Dijéwang ku murangkalih,  
 Rahadén Ahmad pandeuri,  
 Rahadén Muhammad ti payun,  
 Manuk kengeng ku Muhammad,  
 Ku Ahmad direbut deui,  
 Anu beunang sirahna ku Radén Ahmad.

26. Awakna ku Radén Muhammad,

Ibuna ngarebut nangis,  
 Teu beunang ti Dén Muhammad,  
 Bérébét pada ngabecir,  
 Radén Ahmad kitu deui,  
 Ti Kerendan pada kabur,  
 Ibuna geus tanpa polah,  
 Kebat Radén Ahmad deui,  
 Hulu manuk dituang ku Radén Ahmad.

27. Barang bus kana bahamna,

Hulu manuk tampa lebih,  
 Ngamakam di uwung-uwung,  
 Tegesna uwu pipi,  
 Wana geus taya kapikir,  
 Sanggeus tuang hulu manuk,  
 Jeung wirasat Radén Ahmad,  
 Asa beunghar loba rijki,  
 Anu tuwang awak manuk jeung jangjangna.

28. Séép ku Radén Muhammad,

Meni wareg kana peujit,  
 Sanggeus tuwang manuk téya,  
 Wirasat lebeting galih,  
 Asa nu jadi Bupati,  
 Manah lebar ngawuh,

Kebat kocapkeun carita,  
 Ka pasantréñ pada sumping,  
 Tuluy marek ka payuneun Éyang pandita.

29. Pandita énggal mariksa,  
 Nya éta ka murangkalih,  
 Ti marana téya Ujang,  
 Cedok sembah murangkalih,  
 Sumuhun bebendu galih,  
 Saawitna gaduh manah,  
 Seug ditutur ku Dén Ahmad,  
 Ti awal dongkap ka ahir,  
 Sang Pandita ngaranjug ngadangu warta.

30. Lamun kitu éta Ujang,  
 Singkahan éta balai,  
 Wayahna // baé ku Éyang, (18)  
 Ayeuna dijurung indit,  
 Didungakeun sing lastari,  
 Di Markina sing rahayu,  
 Ujang bakal mendak marga,  
 Marga lantaran prihatin,  
 Enggeus kitu tangtu bagéan Ujang.

31. Ujang teu ichmahpud ujang,  
 Dihin pinasti anyar panggih,  
 Teu saé lampah diwejang,  
 Murangkalih matur tadim,  
 Munjungan bari jeung amit,  
 Neda jiad Éyang guru,  
 Insya Allah ceuk Pandita,  
 Kebat mios murangkalih,  
 Ti pasantréñ geus kapungkur lalampahan.

## V. Pungkur

1. Seug catur anu angkat,  
 Enggeus nyorang kana alas gunung Mesir,  
 Sigeug murangkalih anu kabur,  
 Kacaturkeun Ki Nangkoda,  
 Enggeus gugah barang gugah manuk lapur,  
 Sakabéh koki unjukan,  
 Nyata Ki Nangkoda Habsi.
2. Nyatana éta Ahmad Muhammad,  
 Nu ngarebut manuk nu digaring-garing,  
 Waktuna yén nyokot manuk,  
 Henteu katawis datangna,  
 Top dicokot dihuapkeun éta manuk,  
 Barang direbut geus béak,  
 Jalmana lumpat ngacir.
3. Hingga ibuna Nyi Randa,  
 Sakalangkung lumpat-lampit ngusir ngacir,  
 Tapi lapur teu kasusul,  
 Barang nguping Ki Nangkoda,  
 Sakalangkung per ngadegdeg napsu nguwung,  
 Ambek ka Ahmad Muhammad,  
 Aing henteu suka teuing.
4. Nangkoda teu lila dinya,  
 Énggal baé ngadeuheus ka Raja Habsi,  
 Di jalan henteu dicatur,  
 Kocapkeun sumping ka Raja,  
 Ki Nangkoda nyondong Raja keur berhimpun,  
 Dideuheusan ku sadaya,  
 Pangkat aria papatih.
5. Raja Habsi aningali,  
 Ka Nangkoda énggal dicandak linggih,  
 Sami dina korsi lungguh,

Papada jadi Nangkoda,  
 Raja Habsi ka Nangkoda kapisepuh,  
 Jadi sadérék ramana,  
 Perenah paman Raja Habsi.

6. Raja Habsi seug mariksa,  
 Kawas naon paman kawas ngangres teuing,  
 Katingal pasemon ngangluh,  
 Sumangga geura unjukkan,  
 Ki Nangkoda gancang piunjuk rusuh,  
 Nu mawi marga pun paman  
 Kapan duka dampal Gusti.

7. Tina langkung henteu suka,  
 Diri paman // dirampog banda jeung pati, (19)  
 Enggeus puguh anu lapur,  
 Manuk hargana salaksa,  
 Naming diri anu henteu kungsi lapur,  
 Ari nu jadi barandar,  
 Nalaktak diajar telik.

8. Nu ngaran Ahmad Muhammad,  
 Budak dua sakalangkung matak risi,  
 Loba jalma anu mampus,  
 Jalma paéh benda beunang,  
 Unggal poé pagawéanana kitu,  
 Héran pisan ku gamparan,  
 Nu kitu diantep teuing.

9. Kawas kurang ku misian,  
 Tur Gusti téh di Habsi Raja sugih,  
 Balad-balad para Ratu,  
 Mung telik pangindar jaya,  
 Teu kapendak ponggawa mantra kumendur,  
 Kawas anu mata peda,

Ngeunah teuing di Nagari.

10. Ayeuna banget teu suka,

Pun mamang téh pun Ahmad lamun teu kapanggih,  
 Jeung Raja kaget ngadangu,  
 Nimbalan ka para ponggawa,  
 Geura tangkep ulah bet dibawa hirup,  
 Nu ngaran Ahmad Muhammad,  
 Beuheungna kadieu jingjing.

11. Éta dimana ayana,

Ki Nangkoda unjukan ka Raja Habsi,  
 Pituduh pandita nujum,  
 Ka Gunung Mesir nu kaburna,  
 Tina sabab ngambeu maéhan téh kabur,  
 Raja Habsi ngandika,  
 Nya éta ka palajurit.

12. Tina henteu kakirangan,

Raja Habsi kadua perjurit,  
 Jenenganana disebut,  
 Wiramaya Wirasetik,  
 Wiramaya naha manéh bongoh puguh,  
 Aya nu telik pangindar,  
 Kapalingan teu kapanggih.

13. Piunjukan Wiramaya,

Duka Gusti ari pangraos sim abdi,  
 Teu sawios-wios mulus,  
 Kitu deui tina éta,  
 Nu unjukan perkawis pangindar puguh,  
 Sumangga gancang ariang,  
 Kudu papag parajurit.

14. Ngepung pun Ahmad Muhammad,

Lamun ngalawan ka baladna Habsi,  
 Najan ngamuk ari mundur,  
 Jisim abdi moal ngejat,  
 Raja Habsi ngadawuhan deui rusuh,  
 Coba baé ayeuna mah,  
 Geura tangkep los sing kenging.

15. Kumendang (...),  
 Kapalapa masing telik masing sidik,  
 Wiramaya gasik mundur,  
 Gancangna seug mapag balad,  
 Geus sadia parajurit mangratus,  
 Sadia pararujit mangratus-ratus,  
 Tumbak pedang lawan bedil.

16. Gancangna // baé geus Iyang, (20)  
 Turuktuk sengék tarompét muni,  
 Wiramaya henteu milu,  
 Ki Nangkoda milu iang,  
 Hayang nyaho jeung sumbar hayang kalbu,  
 Tangtu si Ahmad Muhammad,  
 Remuk ajur tangtu mati.

17. Maké wani-wani bangsat,  
 Balad aing sakieu loba jurit,  
 Aing asa jadi Ratu,  
 Berbu Anom aing Habsi,  
 Ki Nangkoda pakéan kawas ku mendur,  
 Omok nambru dina tak-tak,  
 Siga niron Raja Habsi.

18. Anggeus jauh ti nagara,  
 Nyorang leuweung nu tara disaba jalama,  
 Wadia balad pada ngaheruk,  
 Seug nunda heula Nangkoda,

Anu eukeur néangan Ahmad di gunung,  
 Kocapkeun Ahmad Muhammad,  
 Sakalangkung perihatin.

19. Dina jero leuweung alas,  
 Pakumaha dina jero leuweung kai,  
 Radén Muhammad seug nyaaur,  
 Ka Rayi Radén Ahmad,  
 Engké rayi ulah rusuh,  
 Engkang lesu capé teunangan,  
 Jeung deui urang téh rayi.
20. Maksud téh urang ka mana,  
 Akang naros ka mana urang nya nyingkir,  
 Jeung teu puguh kalér kidul,  
 Jadi linglung ieu kakang,  
 Eujeung deui ieu raraosan henteu puguh,  
 Rahadén Ahmad ngandika,  
 Ulah leutik teuing galih.
21. Nganggo naros nu diseja,  
 Kapan aya akang keur prihatin,  
 Hanteu puguh nu dijug-jug,  
 Da hanteu boga baraya,  
 Baroraah dina leuweung luwang-liwung,  
 Najan di lembur keur aya,  
 Geuningan akang jeung rayi.
22. Urang teu ibu teu rama,  
 Pahatu lalis baraya téh ngan perihatin,  
 Paéh rampés hirup nuhun,  
 Indung bapa téh ngan pasrah,  
 Kitu deui urang perkara kabur,  
 Ka mana baé perangna,  
 Urang teu gaduh pamilih.

23. Ngan Allah anu Kawasa,

Nun sumuhun rayi gé nya kitu deui,  
 Gék calik handapeun kayu, //  
 Sarta nyandangkeun cadas,  
 Sarta aya batu tilu nungku-nungku,  
 Sumahan léngkob ka lebak,  
 Katingal ngajajar baris.

24. Alon matur Radén Ahmad,

Nun sumuhun rayi gé nya kitu deui,  
 Gek calik handapeun kayu,/  
 Sarta nyandakeun cadas, (21)  
 Sarta aya batu tilu nungku-nungku,  
 Sumahan léngkob ka lebak,  
 Katingal ngajajar baris.

25. Kari-kari aya sekar,

Sekar tua asa nyalimara pikir,  
 Turug-turug kembang kayu,  
 Keur meujeuhna karembangan,  
 Aya deui kembang kasumba hurung,  
 Disebutna ka urang mah,  
 Gelinggem di sisi marig.

26. Nu disebut sekar tua,

Saliara atawana mendakiki,  
 Lakona ka gunung,  
 Pacampur jeung kayu gorda,  
 Kayu unek cék urang mah lain kitu,  
 Kaliyagam ju-jukan (sic),  
 Kari-kari aya deui.

27. Dina lekob aya cadas,

Aya guna dina jero cadas deui,  
 Aya nu tapa Syeh Jagung,

- Bupu emas (sic) incu éyang.  
 Ujang kadiya (sic) calik.
28. Rahadén Ahmad Muhammad,  
 Tampi lami rongeh-rengah tacan sidik,  
 Barang geus sidik ka payun,  
 Tuluy asup kana guha,  
 Marunjungan enya éta ka Syeh jagung,  
 Parantos munjung salila,  
 Marandawa tungkul jeung ajrih.
29. Gancang syeh jagung mariksa,  
 Putu eyang ujang téh anu ti mendi,  
 Jeung naon anu dimaksud,  
 Anu matak ngambah alas,  
 Jeungna deui rama ibu saha enung,  
 Jeung eneng saha jenengan,  
 Joba (sic) ka éyang wawati.
30. Ahmad Muhammad ngandika,  
 Nun sumuhun pariyoé yang sejati,  
 Ibu rama geus teu gaduh,  
 Ngan carios mah raja sam,  
 Panjenengan sari-sari naléndra raja jamur,  
 Nya ngaran Ahmad Muhammad,  
 Awit iang ka ti Habsi.
31. Nu jadi marga lantaran,  
 Jalna (sic) pitnah Nangkoda nagara Habsi,  
 Asal abdi gaduh manuk,  
 Titiran wasiyat Ama,  
 Dipihayang ku Nangkoda éta manuk,  
 Dumugi ka dipeuncit,  
 Nu masihkeun ibu abdi.
32. Kapanggih eukeur digang-gang,

Éta manuk direbut ku jisim abdi,  
 Akang awak abdi hulu,  
 Énggalna seep diteda,  
 Amung abdi saparantos dahar manuk,  
 Rumaos kabendon pisan,  
 Anu mawi abdi nyungkir.

33. Éyang nu langkung uninga,  
 Saé awon keterangan jisim abdi,  
 Nyuhunkeun du'a panglangu, //  
 Geus rumaos palastra, (22)  
 Tina awak talingeuh bodo kang putu,  
 Mesem kuping sang Pandita,  
 Ngalahir barina manis.

## **VI. Dangdanggula**

1. Nyaah teuing Radén incu aki,  
 Sing tawekal mun keur nandang lara,  
 Hirup nahana paéh rampés,  
 Mun pareng diri rahayu,  
 Ulah kirang narimakeun deui,  
 Raoskeun ngeunah teu ngeunah,  
 Saha anu gaduh,  
 Pikir seug kahkar (sic) ku akal,  
 Geus tinangtu jadi keur diri,  
 Nerapkeun da kumawula.

2. Paribasa lahir kula ning Gusti,  
 Ari batin kula ning Allah,  
 Samangsa diri urang téh,  
 Da bubuhan eukeur hirup,  
 Satiyap-tiyap papanggih,  
 Jeung kasalematan dunya,  
 Batinana gé kitu,

- Sapawati anu disebah (sic),  
 Keur cekelan diri urang pribadi,  
 Sukur terus ramo tangan.
3. Ari tangan paranti nyembah,  
 Ka Gusti reujeung deui pikeun nulis ingetan,  
 Sagala lampah nu hadé,  
 Beuheung terus kana sungut,  
 Sungut atawa na biwir,  
 Paranti jawab pariksa,  
 Pasiyan nu Agung,  
 Paranti dahar nu halal,  
 Pasihna éta nu lahir,  
 Ulah ngadahar larangan.
4. Éta anu dilarang ku Gusti,  
 Papacuan ku urang disorang,  
 Singkahan ulah dék témbong,  
 Paningal deui nya kitu,  
 Sing hadé caga (sic) tingali,  
 Ulah satingal-tingalna,  
 Lampah keur awak sakujur,  
 Tilik lari timbang lampah,  
 Ari lain buwat tingalan utami,  
 Pacuwan ulah disorang.
5. Kitu deui éta duwa kuping,  
 Masing sidik tilangan,  
 Ulah sok sadéngé-déngé,  
 Ari lain dangukeunana tangtu,  
 Hingga pangandika Gusti,  
 Geus dicatet ku babasan,  
 Sakecaping Ratu,  
 Caketkeun dangu ti jalan,

Ari mungguh anu dijalankeun ku Gusti,  
Sagala laku utama.

6. Pikeun jalan kasenangan hurip,  
Di abdi namu-namu du pasang (sic),  
Minangka nu nandé lélé,  
Ati-ati dawuh Ratu,  
Karana lélé sok matil,  
Kitu dawuh utama,  
Mun talé dor tangtu,  
Matak mamala ka awak,  
Kumawula lain pikeun hanteu titi,  
Sakitu piwejang éyang.
7. Montong gancang sakitu piker,  
Ulah poho siyang wengi Ujang,  
Jeung deui // jeung deui éta téh, (23)  
Ti dieu Ujang ngajugjug,  
Bujeng leuweung gunung Mesir,  
Ulah dék salah nya marga,  
Tapi engké tangtu,  
Ujang dibuwaya mangap,  
Anu nyusul ka Ujang ti nagri Habsi,  
Nya éta balad Nangkoda.
8. Montong reuwas pasrahkeun nya diri,  
Coba ieu tampanan ku Ujang, (sic)  
Coba ieu duhung matra,  
Malah mandar ké ka payun,  
Jadi pamegat balai,  
Ngaran duhung si Gagak,  
Jeung jangji ka Enung,  
Sanajan tepang jeung lawan,  
Ari henteu ka Ujang rék ngarah pati,

Ulah arék kumaonam.

9. Lebih parah salulut nya pikir,  
Saupama teu méré timbangan,  
Rék ngarah pati ka anang, (sic)  
Heg baé teken duhung,  
Ngan ulah takabur pikir,  
Ngadukeun batara kala,  
Di batara uyun,  
Nganeuk sudi rasundari,  
Radén Ahmad cedok nyembah nampa keris,  
Geus kacandak ku Dén Ahmad.
10. Sang Pandita nyandak deui badi,  
Hé Muhammad iya tampanan,  
Jangji panyakitu kénéh,  
Ieu badi sami mulus,  
Maunatan sami jeung keris,  
Ngaranan Gangga Pertulah,  
Muhammad ka payun,  
Nampi pasihan éyang,  
Geus disorén cakep panganggon lantip,  
Suhun pasihan Keng Éyang.
11. Sang Pandita nyaur alon deui,  
Heug ayeuna geura los arangkat,  
Reujeung jaganing pagéto,  
Saupama aya maksud,  
Kasesehan euweuh duwit,  
Pipi manéh Ahmad usap,  
Anu ti katuhu,  
Tangtu bijil uwang dinar,  
Enya éta karamat manuk tadi,  
Milik manéh dahar sirah.

12. Ari éta akang manéh deui,  
 Dén Muhammad anu dahar awak,  
 Ku Éyang mo dicariyos,  
 Pamali tacan tinangtu,  
 Jadi mun éyang wawarti,  
 Ngadehenan nu kawas,  
 Tur tacan tinangtu,  
 Nu euweuh sadurung winarah,  
 Raos éyang ngan di manusa kangleuwih,  
 Kangjeng Gusti Rasulullah.

13. Halos Ujang bismillah arindit,  
 Ulah // pada lami nya di éyang, (24)  
 Ayeuna dijurung miyos,  
 Lain teu sono ka Enung,  
 Didungakeun sing lastari,  
 Cedok Radén marujungan,  
 Ka tangan Syéh Jagung,  
 Geus munjung sami ngaléngkah,  
 Matak lucu kayungyun anu ningali,  
 Geus pada mundur kaluar.

## VII. Durma

1. Barang mundu bijil ti lawang guha,  
 Parajurit urang Habsi,  
 Geus nyampak di dinya,  
 Kagét Dén Ahmad Muhammad,  
 Radén Ahmad seug ngalahir,  
 Kakang tingalan,  
 Ieu ti mana perjurit.
2. Palangsiang ieu anu nyusul urang,  
 Radén Muhammad ngalahir,  
 Ieu Radén mowal gagal,

Tangtuna gé ngepung urang,  
 Perjurit urang Habsi,  
 Ka mana urang,  
 Pigeusaneun urang nyungkir.

3. Eukeur kitu rét kabéh perjurit Habsi,  
 Gugup jeung pada ngalahir,  
 Éta naon dua jalmi,  
 Bet téteла dua jalma,  
 Rop dikepung ku perjurit,  
 Jalok tingang alas,  
 Geus taya petana nyungkir.
4. Geus dibuder kepung bakul buaya mangap,  
 Aya hiji perjurit,  
 Nétélakeun nanya,  
 Saha ngaran manéh budak,  
 Radén Ahmad seug ngalahir,  
 Ngaran kaula,  
 Ahmad Muhammad ti Habsi.
5. Putra Randa nu ngadahar manuk titiran,  
 Ki Nangkoda Habsi nguping,  
 Ger celuk ka nu loba,  
 Hempék baé entong tatanya,  
 Éta si bangsat si maling,  
 Perjurit joba,  
 Mangké ulah rusuh teuing.
6. Sakirana nu dialo budak duwa,  
 Enya mowal bisi nyungkir,  
 Geus kalingkung ku barandal,  
 Urang haying sidik heula,  
 Durpana aya maling,  
 Kutan téh budak,

Sarta karasep teuing.

7. Lamun ieu budak hanteu gedé dosa,

Dipulung anuak ku aing,

Ieu keur ngarah nongtonan,

Kumendang deui mariksa,

Kumaha kasep silaing,

Ahmad Muhammad,

Ieu keur jero balai.

8. Radén Ahmad matur ka Dén Kumendang,

Sumuhun paneda abdi,

Najan di jero sogangga,

Mun aya timbang Juragan,

Jisim abdi neda hurip,

Perkawis dosa,

Teu rumaos jisim kuring.

9. Balikanan paman Nangkoda // nu gasab, (25)

Manuk sim abdi dipeuncit,

Dén Kumendang nyentak,

Jawab pék siya sakarat,

Heula kurang ajar siya babi,

Omongan sasab,

Hayu batur urang nedil, (sic)

10. Tilas pajing baé budak anu duwa,

Ato diderel sakali, (sic)

Rob kabéh perjurit,

Némbak Rahadén Ahmad Muhammad,

Nyabut duhung sareng badi,

Sat pada-pada,

Geus teu inget kana pati.

11. Tingkuciwek méméh musuh makan heula,

Ngetak Sudari Sunadir (?),  
 Metakeun batara kala,  
 Tingjarungkung urang Habsah,  
 Balad Habsah rusuh teuing,  
 Campuh pakarang,  
 Musuh mah teu katingal.

12. Antukna mah silih bunuh jeung baturna,  
 Morobot sorana bedil,  
 Amung musuh teu katéwak,  
 Pélor keuna ka baturna,  
 Tingjarungkeng pada mati,  
 Ku polah sorangan keur mangsa campuh perjurit urang Habsi,  
 Nu katémbak nu kabedil.
13. Tingjarungkung mati ku polah sorangan,  
 Keur mangsa campuh perjurit,  
 Jalmi nu powék pisan,  
 Beuki teu puguh nya rampa,  
 Powékna cara ti peuting,  
 Ahmad Muhammad,  
 Lakuna lir jaya (...).
14. Lir jos-jos hanteu puguh létak,  
 Kumendang sarsan nyalingkir,  
 Rahadén Kumendang,  
 Lar kapayuneun Muhammad,  
 Kecos ditewek ku badi,  
 Jungkel teu nyingkah,  
 Radén Kumendang ngaguling.
15. Radén Ahmad panasaran ku Nangkoda,  
 Dihaben baé ditelik,  
 Ki Nangkoda hanteu aya,  
 Mun horéng geuwat ngejat,

Bérab halimun caang deui,

Ahmad Muhammad,

Témbong atra liwat saking.

16. Amung balad Habsi téréh béak,

Nu hirup pada tingali,

Ka Ahmad Muhammad,

Titingalian urang Habsah,

Gedé luhur ngajungkiring,

Balad Nangkoda,

Bungbung kabur nyalingkir.

17. Enggeus puguh Nangkoda mah pangheulana,

Sieuneun kaliwat saking,

Jendral Leknan pada ngejat,

Amung Rahadén Kumendang,

Harita teu katingal,

Tétéla wapat,

Geus kasambut dina jurit.

18. Balad Habsi hanteu aya // sapantos, (26)

Jendral Leknan kagét galih,

Teu beunang dikira-kira,

Lungsi tanpaingan,

Teu kantenan murangkalih,

Kuma gedéna,

Ditangkep weléh teu kenging.

19. Dibeunangkeun nya éta Ahmad Muhammad,

Karana kawula nguping,

Carék sahiji warimah,

Nu bakal tempuh Habsah,

Moal aya anu wani,

Kaliyan éta,

Ngan Ahmad Muhammad pasti.

20. Kitu deui ayeuna urang unjukan,  
 Geus puguh ayeuna sidik,  
 Urang neda tambah balad,  
 Reujeung meuting nu garagah,  
 Yanaspati jurit,  
 Bareng ayeuna,  
 Sumangga urang marulih.

21. Sagancangna harita sadaya budal,  
 Mulih ngabujeng Habsi,  
 Katunda balad Nangkoda,  
 Kocapkeun Ahmad Muhammad,  
 Ti leuweung éta geus nytingkir,  
 Malah geus nyorang,  
 Tepis wiring leuweung Mesir.

### **VIII. Asmarandana**

1. Enggeus nyorang gunung Mesir,  
 Pating kurubut dusan,  
 Ding jero leuweung ganggong,  
 Beurang peuting leuleuweungan,  
 Jero alas bandawasa,  
 Kurang saré dahar nginum,  
 Sakapeung anu didahar.

2. Saaya di jero giri,  
 Kitu ogé ari mendak,  
 Istuning ngan tama leuson,  
 Lalampahan jero alas,  
 Tur eujeung tumamu pisan,  
 Teu puguh kalér jeung kidul,  
 Jeung lamina teu diétang.

3. Hanteu kandeg beurang peuting,  
 Siang wengi tuluy angkat,

Beuki jauh nya lalakon,  
 Ari dina hiji mangsa,  
 Nya éta Radén Muhammad,  
 Halabhab kaliwat langkung,  
 Reujeung kalangkung teunangan.

4. Keur leuleus jeung palay cai,  
 Teu lami bék kayu korda,  
 Rahadén di dinya lirén,  
 Kalangkung tina teunangan,  
 Tului caralik di dinya,  
 Kayu gordah ngarunggunuk,  
 Radén calik ku ngareunah.

5. Hiliwir jeung dating angin,  
 Tambah sora Dén Muhammad,  
 Ka rayina seug marios,  
 Jeng Rayi uha akang,  
 Teunangan kabina-bina,  
 Jeung akang ku haying nginum,  
 Kang Rayi geuwat téyangan.

6. Akang pangalakeun cai,  
 Rahadén Ahmad ngandika,  
 Sumangga rayi rék miang, //  
 Rayi rék néangan ranca, (27)  
 Lamun rayi tacan timu,  
 Cai eukeur nguruh akang.

7. Tangtu moal waka balik,  
 Mun tacan mendak cai mah,  
 Sanajan tepi ka powék,  
 Rahadén Muhammad ngandika,  
 Mugi rayi masing mendak,  
 Ku akang ditunggu,

Akang keueung gé wayahna.

8. Dén Ahmad ngalahir deui,  
Geus mios ti payun raka,  
Néangan cai keur ngarot,  
Eunggeus jauh ti rakana,  
Di leuweung ider-ideran,  
Geus téng ngulon ngalér ngidul,  
Weléh hanteu pisan mendak.

9. Rakana nyalira calik,  
Nu calik rawuh nu angkat,  
Sami nyalira baé,  
Lami-lami Dén Muhammad,  
Ngantos rayi tacan dongkap,  
Lenggut Dén Muhammad tunduh,  
Dugi kulem handapeun gordah.

10. Kulem raos liwat saking,  
Sorbanna dianggo tilam,  
Dianggo kampuh sawaréh,  
Sok tunda Radén Muhammad,  
Jeung rayi Ahmad di alas,  
Nu angkat rawuh nu kantun,  
Kulem dina kayu gordah.

11. Lalakon diganti deui,  
Ayeuna sahiji carita,  
Di dayeuh Mesir Karaton,  
Kocap Ratuna geus wapat,  
Kumpulna sakabéh raja,  
Pada ngalayad nu pupus,  
Kumpul ti unggal nagara.

12. Raja Yunan Turki Korji,

Yaman Madinah jeung Mekah,  
 Erum sum para Bopatos, (sic)  
 Sarawuh mantri ponggawa,  
 Henteu kantun pada dongkap,  
 Di Mesir pada berhimpun,  
 Putra-putri para ponggawa.

13. Maha Suton nagri Mesir, (sic)

Sanggeusna dipulasara,  
 Teu lami deui carios,  
 Sakalian pangkat raja,  
 Ngajalankeun saembara,  
 Sadérék Suton nu pupus,  
 Anu ngadeg saembara.

14. Jenenganana Gowarti,

Rahadén Datu Bendara,  
 Panghulu Mesir nu geus maot,  
 Nu nyangking buk saembara,  
 Maligaina geus dipasang,  
 Datuk Bendara piunjuk,  
 Ka sadaya para raja.

15. Sim abdi hatur tingali,

Supados pada uninga,  
 Ka kabéh para Sang Katon, //  
 Nu dina duplikat, (28)  
 Ayeuna dék ngangkat raja,  
 Piratueun henteu tangtu,  
 Mantri atawa ponggawa.

16. Nu diangkat pasogiri,

Nya éta gelar saembara,  
 Ieu gajah nu waspaos,  
 Gajah putih sina ngencar,

- Saha baé para ponggawa,  
 Mantri-mantri atawa serdadu,  
 Pangkat atawa somah.
17. Mun dibeulit gajah putih,  
 Ditumpakan kana tanggongna,  
 Nyata keur sebut raja téh,  
 Nu kagungan padaleman,  
 Perbu Mesir Maha Sulton,  
 Para ratu pada rempug,  
 Ngiring dina saembara.
18. Mantri-mantri ponggawa papatih,  
 Pada ngaranjug sadaya,  
 Saréhing nguping nu tangtos,  
 Saha nu bakal jadina,  
 Nya éta nu jadi Raja,  
 Mugi-mugi ka Yang Agung,  
 Ku niyat dicokot gajah.
19. Ponggawa rawuh para mantri,  
 Papatih Demang Ariya,  
 Ahlina Mesir sakabéh,  
 Enggeus kumpul magelaran,  
 Anggoda Jaya Keswara,  
 Abdul Basah Jaya Bahrum,  
 Sakur putra Maha Sulton.
20. Kitu deui para bopati,  
 Sabalandna para ponggawa,  
 Para mentri pada beres,  
 Sakur pangkat nu nonoman,  
 Ménak kuring pada dongkap,  
 Di Mesir enggeus ngaliyud,  
 Nu lalajo ngangkat raja.

21. Jalma enggeus heurin usik,  
 Sartana pada maridang,  
 Pikirna arosih karo, (sic)  
 Saperkawis hayang terang,  
 Kaduana susuganan,  
 Réhing ngalotrékeun ratu,  
 Sugan Laélatul Kadar.
22. Nyampeurkeun ka diri aing,  
 Warna-warna jangjawokan,  
 Aya nu maca lengket,  
 Aya nu maca asihan,  
 Aya nu maca pakeman,  
 Aya nu maca tenung,  
 Warna-warna tékad jalma.
23. Sawaréh mah ngahariring,  
 Bari macana asihan,  
 Kieu asihanan téh,  
 Aji langgeng aji mayang,  
 Aji barang sabuwana,  
 Dikukut bangsa lunggut,  
 Diindung basana leumpang.
24. Deudeuh aji adi putih,  
 Nurjana cipta rasa,  
 Dibawa rupet Dewa Manggao,  
 Kuro Allaha aji Muhammad,  
 Raga // rumaos kapuba, (29)  
 Ka nu kawasa Yang Agung,  
 Sumerah di dunya.
25. Sumawan nu ahli Mesir,  
 Muna teu leueut teu dahar,  
 Tirakat unggal poé,

Na pimanahna rangkepan,  
 Upama teu aya kadar,  
 Taya bagja jeneng ratu,  
 Pikir hanteu panasaran.

26. Meunang pigeusaneun mikir,

Kangen perkara angkat,  
 Teu beunang dipikahoyong,  
 Sumawon teu ditapaan,  
 Sanajan jeung ditapaan,  
 Ari lain milik tangtu,  
 Darajat hanteu kantenan.

27. Ari menggah abdi-abdi,

Gawéna ngan lalamunan,  
 Ngomong barina lalajo,  
 Aya nu kieu basana,  
 Cing urang lalamunan,  
 Mun silaing jadi Raja,  
 Di Mesir naon nya niyat.

28. Panadar jadi aji,

Seug némbal deui baturala,  
 Kieu ari niyat déwék,  
 Sok hayang milih parawan,  
 Atawa randa jekekan,  
 Seug dijajarkeun sapuluh,  
 Ditaksir sapopoéan,

29. Baturala téh ngomong deui,

Dikumaha ditaksiran,  
 Seug deui ngomong éta téh,  
 Ku déwék seug ditimang,  
 Hiji-hiji ditimangna,  
 Pok deui aya nu matur,

- Aki-aki milu ngucap.
30. Bapa mah mun jadi aji,  
 Hayang nanyaan Nyi Jengga,  
 Meureun diyuk di Maligai,  
 Ngarendéng jeung Nyi jengga,  
 Bari nyatu kéjo ketan,  
 Ditutugan maké waluh,  
 Pais oncom dagé muncang.
31. Ger diseungseurikeun aki,  
 Aki-aki teu perenah,  
 Keur kolot teu néndo manéh,  
 Pipilueun jeung nu ngora,  
 Puguh ieu téh kumpulan,  
 Karot nagara geus tepung,  
 Bakal didaun ngora.
32. Nini-nini aki-aki,  
 Bakalna dipareuncitan,  
 Kulitna bakal dibesét,  
 Nya éta eukeur terebang,  
 Aki-aki gancang némbal,  
 Jamedud barina manyun,  
 Témbalna téh ka nu ngora.
33. Kulit nu ngora talingting,  
 Lamun dipaké terebang,  
 Da déwék mah nongton sotéh,  
 Geus ngadéngé undang-undang,  
 Bakal patepok ayeuna,  
 Geura anggeus-anggeus tangtu,  
 Bakalna aya // bewara. (30)
34. Nu lenjang ka aki-aki,

Jeung randa anu jekekan,  
 Purah ngagaroan kontol,  
 Nini mah ka bujang,  
 Ari bujang anu dua,  
 Purah ngisangan geus tangtu,  
 Lamun henteu daék tiwas.

35. Dipeuncit ngarah kulit,  
 Ambéh harus telingningna,  
 Dipaké terebang genjereng,  
 Ana jep téh anu ngora,  
 Henteu bisa deui jawab,  
 Aya saurang anu matur,  
 Lain kitu ieu déwék mah.
36. Panglalajo sotéh kami,  
 Hayang meuli angeun kupat,  
 Seug didahar jeung nu mohér,  
 Jeung ngarendeng didaharna,  
 Jeung cacap susukaan,  
 Kinanti gajah kaluar.

## **IX. Kinanti**

1. Gajah putih enggeus jebul,  
 Ti karaton nagri Mesir,  
 Sarta beunang ngadangdanan,  
 Titihan anu bakal aji,  
 Ngadangong dina kalangna,  
 Néangan duplikat aji.
2. Dur mariyem jegur ngaguruh,  
 Tatabeuhan asa kaindit,  
 Bari pindah nénjo sagara,  
 Ngaguruh di nagri Mesir,  
 Jalma geus tampa polah,

Pahareup-hareup ningali.

3. Gajah putih ka payun,  
Nyampeurkeun ka abdi Mesir,  
Ditaksir ku gajah bodas,  
Henteu lami mios deui,  
Sabab pasti lain éta,  
Ahli Mesir mina nangis.
4. Gajah putih tuluy maju,  
Narajang mantri Bopati,  
Ku gajah putih diliwat,  
Ting halewir ahli Mesir,  
Gajah putih digupayaan,  
Jongjon maju gajah putih.
5. Yaman Sam Turki jeung Erum,  
Ponggawa jeung paramantri,  
Geus pada disorang gajah,  
Amung henteu aya hiji,  
Anu baris jadi raja,  
Gajah putih léos deui.
6. Papatih demang per Ratu,  
Ku henteu ditolih,  
Léos ku gajah diliwat,  
Kaluar ti nagri Mesir,  
Terus meuntas ka wahangan,  
Léos jauh beuki tengah.
7. Urang Mesir pada ngabrus,  
Kabéh nuturkeun pandeuri,  
Barang dongkap ka Bangawan,  
Ngarandeg sakabéh // sakabéh jalmi, (31)  
Sarta barina ngandika,  
Pipeuleuleuyan kadot hancig, (?)

8. Gajah putih semprung maju,  
Enggeus nyorang leuweung kai,  
Kawas dituduhkeun marga,  
Piratueun nagri Mesir,  
Béh manggih handapeun gordah,  
Nu kulem tibra téh teuing.
9. Nyata Muhammad pahatu,  
Seug depa pun gajah putih,  
Nyembah ka Radén Muhammad,  
Disodorkeun ku tulalé,  
Dén Muhammad tanggah ningal.
10. Lalaunan seug kaluhur,  
Kana tonggong gajh putih,  
Dicekel ku tulaléna,  
Di dinya gajah seug indit,  
Ras éling Radén Muhammad,  
Bangeung barina jeung nangis.
11. Dén Muhammad barina nyaaur,  
Duh dikadar awak aing,  
Ayeuna dihakan gajah,  
Jauh teuing adi aing,  
Si abdi meureun néangan,  
Sasambat bari jeung nangis.
12. Adi akang geura susul,  
Ngala caina bet ku lami,  
Pun akang dihakan gajah,  
Pun adi moal papanggih,  
Didungakeun baé Ahmad,  
Euh adi masing perhatin.
13. Akang papisah jeung dulur,  
Ninggalkeun yuswa ka rayi,

- Urang pada sambung du'a,  
 Barang Muhammad keur nangis,  
 Ngéng soara tanpa rupa,  
 Sowara tan katingali,
14. Unggel sowara ti luhur,  
 Héy Muhammad ulah nangis,  
 Manéh téh meunang kurnia,  
 Bakal jadi ratu Mesir,  
 Disembah ku para raja,  
 Perkara gajah putih.
15. Lain rék ngahakan istu,  
 Margina parantos asih,  
 Nya éta dibawa gajah,  
 Titihan manéh geus pasti,  
 Enya éta gajah bodas,  
 Jep Radén Muhammad cicing.
16. Sujud sukur ka Yang Agung,  
 Soara teu muni deui,  
 Ngan sakitu saunggelna,  
 Dén Muhammad ngeluk mikir,  
 Pigeusaneun Radén Ahmad,  
 Terangeun ka nagri Mesir.
17. Radén Muahammad ras imut,  
 Kana dasterna di cangkeng,  
 Seug disosoéh harita,  
 Ditungtut saewir-ewir,  
 Geus natrat sabalan-balans,  
 Supaya engké kapanggih. //
18. Ku Radén Ahmad nu nyusul, (32)  
 Kitu manahna nu lantip,  
 Teu lami deui waktuna,

Béh bangawan wates nagri,  
 Gajah putih tuluy meuntas,  
 Barang geus ngaliwat cai.

19. Daster Muhammad geus tutup,

Teu aya sowékeun deui,  
 Gajah putih hanteu kebat,  
 Geus sumping ka jero nagri,  
 Ger surak waiya balad,  
 Pagelek-gelek ningali.

20. Jedur mariyem dur getuk,

Panghormat nu nembé sumping,  
 Dibareng ku tatabeuhan,  
 Ngaguruh di nagri Mesir,  
 Gajah putih enggeus kebat,  
 Ka karaton nagri Mesir.

21. Dén Muhammad enggeus lungguh,

Di Maligai emas kuning,  
 Kalinggihna kasultanan,  
 Datuk Bendara geus sumping,  
 Sinarengan para raja,  
 Mendek sami lalinggih.

22. Dén Muhammad sakalangkung,

Nangis barina jeung risi,  
 Geuwat ku Datuk Bendara,  
 Disembah diasih-asih,  
 Dibarengan tata hormat mah,  
 Da sanajan murangkalih.

23. Da geus pinasti Yang Agung,

Dawuh Gusti ulah dék nangis,  
 Sumawonna kagét manah,  
 Atawa mingkin jeung risi,

Éta mugi ulah pisan,  
Baktos Ama catur tingali.

24. Jisim abdi téh ngangluh,  
Hakim di nagri Mesir,  
Jenengan Datuk Bendara,  
Ari ieu perbupati,  
Ari nu nyangking duplikat,  
Kang Rama Darma Rakoni.

25. Saha-saha nu dipangluh,  
Nya éta ku gajah putih,  
Pasti bakal jeneng raja,  
Nya ieu di nagri Mesir,  
Karana dawuh ayeuna,  
Teu aya raja di Mesir.

26. Sulton Mesir téh geus pupus,  
Ayeuna anu ngaganti,  
Taya sanés ti gamparan,  
Ayeuna aya di nagri,  
Karaton roh abdina,  
Sareng éréhan jeung Gusti.

27. Kudis Kupah Yaman Erum,  
Mekah Madinah Sam nagri,  
Mamang nyanggakeun ayeuna,  
Nya aya buktina aji,  
Sawaruh diri Kang rama,  
Nyanggakeun dunya mangabdi.

28. Siang wengi seja sujud,  
Ngiring satimbalan Gusti,  
Satimbalan // gamparan, (33)  
Ulah dék sembang nya galih,

Ulah rasa reujeung jiga,  
Di ieu kagungan Gusti.

29. Radén Muhammad tungkul,  
Sanggeus nguping ahli Mesir,  
Sinarengan kersaning Yang,  
Dumugi manah birahi,  
Nya éta Dén Muhammad,  
Ngalirik bari ngalahir.

30. Kang putra hatur piunjuk,  
Numawi turun citangis,  
Da puguh saumur pisan,  
Sapirkawis dua perkawis,  
Saperkawis nembé pisan,  
Terang di nagri Mesir.

31. Dua perkawis saumur,  
Teu terang hal jadi aji,  
Nu puguh mah bengong pisan,  
Raraosan asa ngimpi,  
Sakitu deui Kang Putra,  
Ayeuna enggeus dipikir.

32. Tulis milik ti loh mahpud,  
Pinasti anyar pinanggih,  
Ngumbara ngerar di dunya,  
Milik kudu nyakrawati,  
Seja tumut ka pangeran,  
Nampi dawuhan ti gusti.

33. Sawangsul putra piunjuk,  
Sumaja nyanggakeun diri,  
Kabodohan kairekan,  
Da puguh gé urang sisi,

Tumamu jeung masiat,  
Neda wuruk siang wengi.

34. Sumawon ka para Ratu,  
Putra seja titip diri,  
Piunjuk muga dimanah,  
Satungtung tacan utami,  
Hanteu kenging énggal-énggal,  
Kedah taretep di Mesir.

35. Para ratu pada piunjuk,  
Aduh timbalan jeuing Gusti,  
Seja ngiring satimbalan,  
Kocapkeun Panghulu Mesir,  
Panghulu Datuk Bendara,  
Nyandak makuta Bopati.

36. Nyanggakeun makuta Agung,  
Jeung panganggona sakali,  
Sadangdosna kasultanan,  
Radén Muhammad geus nampi,  
Terus dianggo sapisan,  
Marengna nurbuat nitis.

37. Datuk Bendara piunjuk,  
Ka sadaya para Bopati,  
Bari nganggeus buk nagara,  
Éh ayeuna para bopati,  
Kula ayeuna dék nékad,  
Tu terus terang jeung galih.

38. Wireh ayeuna nu mangku,  
Sultan Mesir murangkalih,  
Sinarengna moal paksa,  
Mun aya nu teu dék ngabdi,

Bener pisan kapungkur mah,  
Teu aya sawios galih.

39. Numawi ditékad kitu,  
Réhing ayeuna di Mesir, //  
Murangkalih nu nalendra, (34)  
Bilih aéb pangabakti,  
Ayeuna kudu terus terang,  
Dék taluk atawa mungkir.

40. Mun aya nu teu daék taluk,  
Ayeuna kumaha galih,  
Mun aya nu kitu manah,  
Lebah terang ulah lami,  
Énggal pararatu jawab,  
Sareng sumpah para bopati.

41. Taya pisan bengkok kalbu,  
Ngiring sakuma galih,  
Bener ku saréatna mah,  
Sultan Mesir murangkalih,  
Tapi samangsa ayeuna,  
Teu aya sawios galih.

42. Amung nu rabuh nu nangtung,  
Hanteu géséh titilari,  
Malah lir upama perak,  
Geus surem disipuh deui,  
Tambah menclang tambah sérab,  
Kitu piker jisim kuring.

43. Datuk Bendara seug imut,  
Sanggeus nguping parabopati,  
Gancangkeun ieu carita,

Marék munjung parabopati,  
 Sarawuh para ponggawa,  
 Parantos sakabéh abdi.

44. Para ratu geus pada lungguh,  
 Ngabaris calikna korsi,  
 Geus wengi der ngadék pesta,  
 Barang tuang suka ati,  
 Tingjalegur mariyemna,  
 Ngaguruh nambur jeung tanji.

45. Karasmenan deui kitu,  
 Bungbeng banget kembang api,  
 Balon warna kalanganan,  
 Ngaguruh lir kaya banjir,  
 Sok tunda anu keur suka,  
 Tembang mijil salin warti.

## **X. Mijil**

1. Nyarioskeun Radén Ahmad deui,  
 Dina leuweung ganggong,  
 Beng ka kulon teng ka kalér,  
 Néangan cai teu manggih,  
 Langkung nya pirhatin,  
 Bélana ka dulur.
2. Dadanguan warni-warni,  
 Dina leuweung ganggong,  
 Sakalangkung tina keueungna téh,  
 Sora manuk warni-warni,  
 Sadana ngalengis,  
 Tuwew Ranggong Kukuk.
3. Ditémbalan ku sora Surili,  
 Gang manuk Gaong,  
 Tingkoréak sora monyet,

Sada anu naktrak anjing,

Sada anu ceurik,

Sada anu ngeluk.

4. Radén Ahmad ngahuleng seug calik,

Teunangan rampohpoy,

Tinggarebut éta monyet,

Rag-rag dina luhur kai,

Dén Ahmad ningali,

Kamo // monyet dipiyuk. (35)

5. Tingrarenyoh sawaréhna deui,

Aya nu ngaregoh,

Digebah ku Dén Ahmad téh,

Monyet birat ting biribit,

Manuk luhur kai,

Ber hiber ka luhur.

6. Aya hiji ngaran manuk Waliwis,

Jeung Surili léyos,

Waliwis mah memang ogé,

Ana eunteup moro cai,

Ku Radén Ahmad ditingali,

Eunteupna téh manuk.

7. Hanteu jauh eunteupna Waliwis,

Ku Ahmad diburu.

Kahandap ngaléyos,

Manahoréng di dinya téh,

Nu dieunteupan Waliwis,

Rawa enggon cai,

Ku Ahmad diburu.

8. Sanggeus sumping kana rawa cai,

Tétéla béh nyondong,

Radén Ahmad tuluy rarat-rérét,

Suluh pikeun wadah cai,  
 Teu lika bék manggih,  
 Nyata tangkal bitung.

9. Semu anu urut ngala cai,  
 Radén Ahmad atoh,  
 Seug dicandak éta bitung téh,  
 Bungbas alah batan awi,  
 Gancang nyiuk cai,  
 Ruwas bitung pinuh.
10. Hanteu lami radén Ahmad geus mulih,  
 Gura-giru mios,  
 Dék ngabujeng nu palay téh,  
 Sabna raka anu nanti,  
 Tinya hanteu lami,  
 Sumping kana urut.
11. Barang sumping kana handapeun kai,  
 Dén Ahmad olohog,  
 Nyondong sepi rakana téh,  
 Seug lurut-lérét ka gigir,  
 Haben ditingali,  
 Ngulon ngétan ngidul.
12. Geus tévla rakana téh leungit,  
 Ahmad gura-giru,  
 Radén Ahmad weléh baé,  
 Barang ka handap ningali,  
 Tapak gajah sidik,  
 Ahmad ngarumpuyuk.
13. Aduh akang sumambatna ketir,  
 Duh cilaka tangtos,  
 Tétéla aya akang téh,  
 Dibawa ku gajah putih,

Naha teungteuingeun teuing,  
Teu ras ka nu pahatu.

14. Radén Ahmad cirambay anangis,  
Meureun akang maot,  
Dihakan yén ku gajah téh,  
Dén Ahmad // seug tangi deu,  
Tapak gajah dilaris,  
Seug dipapay tuluy.

15. Hanteu lami béh mendak deui,  
Urut-urut mios,  
Nyéta daster rakana téh,  
Di jalan sauwir-uwir,  
Beuki wuwuh ketir,  
Gancangna ka payun.

16. Beuki maju tinga beuki tebih,  
Geus ningali ngemplong,  
Sabab Radén Ahmad téh,  
Geus ka luar ti jero giri,  
Nyorang pinggir nagri,  
Masih kénéh maju.

17. Sabab tapak cikénéh kapanggih,  
Gancangna carios,  
Teu lami deui Ahmad téh,  
Dipayun béh mendak cai,  
Ngaran Bangawan Eupil,  
Cai gedé kalangkung.

18. Éta tapak jeung dasar téh leungit,  
Radén Ahmad helok,  
Manahna Radén Ahmad téh,  
Nyaur sajeroning galih,

Aduh diri aing,

Ka mana nya nyusul.

19. Gancang baé dipeuntasna cai,

Meuntasna parantos,

Sagancangna Dén Ahmad téh,

Hanjat ka peuntas deui,

Sanggeus meuntas cai,

Bingung arék maju.

20. Seug ka girang mapay sisi cai,

Tungkul anu mios,

Reujeung nyorang batu rengges,

Tapak gajah geus katawis,

Kersaning Yang Widi,

Radén Ahmad linglung.

21. Jeung geus poék kabujeng wengi,

Radén tulag-tolog,

Hanteu puguh kulon kalér,

Radén angkat sapeupeuting,

Ahmad tunda deui,

Sinom ganti catur.

## **XI. Sinom**

1.Ganti anu dicarita,

Di jero nagri Mesir,

Aya sahiji kaputren,

Karaton kalangkung resmi,

Kuta benteng tujuh lapis,

Hiji lawang enggeus tangtu,

Dijaga perjurit opat,

Ari eusina kaputri,

Hiji putri-putra Datuk Bendara.

2. Jenengan Dén Siti Bagdad,  
 Putrana Panghulu Mesir,  
 Putri kalangkung geulisna,  
 Mustika Nagari Mesir,  
 Eukeur geulis éta putra,  
 Kawuwuhan tur jeung élmu,  
 Binangkit putra cantik,  
 Gandang tur sakti tingali,  
 Kageulisan nitis Siti Julaha.
3. Kasertaan ku beungharna, //  
 Eukeur geulis loba duit, (37)  
 Eukeur gandang tur sayaga,  
 Taya dua putra Mesir,  
 Nu geulis bisa luluwis,  
 Keur ayu alus pangambung,  
 Eukeur gandang lemes tarang,  
 Amis budi matak ketir,  
 Ana imut pangamet sok beunang rahmat.
4. Jentik halis pangalitan,  
 Pangaruh ngandar ka sisi,  
 Giler soca matak kabita,  
 Kelétna kawuwuh meulit,  
 Nyungkelit matak kapeuncit,  
 Si jenat matak kumejot,  
 Matak imut samar menyat,  
 Loba santri nu sisip,  
 Hanteu iasa sok éléh ku pangawasa.
5. Lain teu loba nu palay,  
 Demung santri Bopati,  
 Ngan teu yasa ku pinterna,  
 Néangan anak sajati,

Kageulisanana putri,  
 Geus kocap ka unggal Ratu,  
 Amung hésé dilamarna,  
 Sababna ngan ku binangkit,  
 Tacan mendak pirakeun anu bélá.

6. Babad sotéh binangkitan,  
 Numawi elat Nyi Putri,  
 Teu acan kagungan raka,  
 Tina langkung putrid geulis,  
 Nu baheula nu kiwari,  
 Upama manahna kitu,  
 Tangtu meureun moal béda,  
 Sareng éta Neng Putri,  
 Katabibana éta Siti Bagdad.
7. Kagungan hiji sayuran,  
 Panglayungan Eneng Putri,  
 Rada anggang ti nagara,  
 Kalangenan langkung resmi,  
 Kekembangan warni-warni,  
 Warnana henteu disebut,  
 Upama lamun dikara,  
 Waranana nu resmi,  
 Jadi ieu dibujeng baé énggalna.
8. Adat biasa sayuran,  
 Tatangkalan warni-warni,  
 Kalangenan opat tempat,  
 Ari tempat nu kahiji,  
 Eusi sekar warni-warni,  
 Kembang ros balon majemu,  
 Kembang tutxr jeung pusrita,  
 Amartana ganda kesturi,

Enya éta ngaran kembang lesna kuras.

9. Majemu jeung kembang warna,  
Tamba ku kembang berbudi,  
Sekarwangi kembang dayang,  
Pacampur jeung kembang geulis,  
Kasumba dipaké pinggir,  
Dihapit ku kembang akur,  
Dipiheulaan ku kembang tangan,  
Jeung anu disebut tadi,  
Warni kembang warni sateges-tegesna. //
10. Dingaranan kembang manah, (38)  
Nya éta kembang malati,  
Dingaranan sekar warna,  
Nya éta kembang kastori,  
Nu ngaran kembang berbudi,  
Nya éta kembang majemu,  
Nu disebut kembang kuras,  
Nya éta kembang amrit,  
Tegesna mah nu disebut sekar tangan.
11. Sundel malem sategesna,  
Aya deui sekar abdi,  
Sategesna kembang éta,  
Amritan kandel kastori,  
Sakur nu disebut tadi,  
Anu ngaran kembang anggur,  
Tegesna kembang éta,  
Nu disebut kacapiring,  
Sekar kabur ros balon sategesna mah.
12. Dua tempat bubuhan,  
Katilu tempatna deui,  
Nya éta panglayungan,

Kikis kelir jero jati,  
 Kaopat aya deui,  
 Sayuran tempat békéh kidul,  
 Kalangenan kauntungan,  
 Saban siang saban wengi,  
 Urang Mesir saban minggu meuli kembang.

13. Ditema ku Nyai randa,  
 Kapala sayuran putri,  
 Kauntungan beulah dua,  
 Nyai randa nurut hasil,  
 Teu kirang paké jeung duit,  
 Sumawona dahar nginum,  
 Tampolana urang Siam,  
 Meuli kembang urang Mesir,  
 Duitna mah sakama-kama Nyi randa.

14. Jeung lain éta sayuran,  
 Jenenganagan Kawarti,  
 Ngaran Karang Kamulyan,  
 Paranti panyingkiran putri,  
 Sakitu anu kawarti,  
 Sok tunda Neng putri ayu,  
 Ayeuna ganti carita,  
 Kocap Dén Ahmad deui,  
 Nyusul raka sabab tuluy kadinya.

15. Bengong Radén Ahmad ningali,  
 Sayuran kalangkung resmi,  
 Kuyap-keyep mamanahan,  
 Jeung nyaaur jeroning galih,  
 Palangsiang ieu aing,  
 Asup siluman kalangsu,  
 Atawa nyorang larangan,

Mana lucu-lucu teuing,  
 Saha ieu anu kagungan kalangenan.

16. Rahadén Ahmad geus ilas,  
 Kuma békna baé aing,  
 Leleb jero sayuran,  
 Tapi samar-samar galih,  
 Raosna Dén Ahmad deui,  
 Atos dina leuweung Liwung,  
 Teu lami deui Dén Ahmad,  
 Mendak tempat langkung resmi,  
 Aya jamban buni // alus sisi taman. (39)
17. Beuki bengong Radén Ahmad,  
 Pacampur jeung lejar galih,  
 Asup ka tepas Dén Ahmad,  
 Sila semu anu isin,  
 Ngadéhém barina muni,  
 Sampurasun kaulanun,  
 Jisim kuring neda maaf,  
 Neda liren juragan kuring,  
 Nyi randa ngadangu nu pupuntenana.
18. Ti jero gancang ka luar,  
 Barang bék gebeg ningali,  
 Kaget manah Nyai randa,  
 Ka putra énggal ngalahir,  
 Cing gewat ka dieu Nyai,  
 Bet aya ieu tatamu,  
 Nyi Rara sumingkar gancang,  
 Nyandak amparan alketip,  
 Pangcalikan paranti Neng putrid lenggah.
19. Amparan enggeus dipasang,  
 Cek Randa sumangga calik,

Radén Ahmad matur mangga,  
 Gék calik dina alketip,  
 Geus sor leueuteun sayagi,  
 Nyi randa alon matur,  
 Pun embi ten matur maap,  
 Tina nembé aya pinanggih,  
 Anu kasép banjar karang panglayungan.

20. Sumangga geura miwejang,  
 Ti mana nya tuang bumi,  
 Gancang matur Radén Ahmad,  
 Sumuhun parios embi,  
 Ari muasal sim kuring,  
 Ti nagara Sam kapungkur,  
 Ibu rama jadi raja,  
 Amung geus tilar ti lahir,  
 Geus pahatu hanteu ibu hanteu rama.

21. Embi anu langkung uninga,  
 Sim kuring jalmi pirhatin,  
 Geus teu puguh talangsara,  
 Nya lempang samargi-margi,  
 Sareng gaduh dulur hiji,  
 Papisah di luwang-liwung,  
 Sim kuring weléh néangan,  
 Dugi ka dieu dumugi,  
 Tuang putri seja lepat kulon wétan.

22. Wengi di mana nyangsangna,  
 Barang teda sakapanggih,  
 Ngaran sim kuring pun Ahmad,  
 Muhammad nya dulur kuring,  
 Sakitu dulur sim kuring,  
 Numawi sabab téh nun,

Néangan dulur teu pendak,  
 Sim kuring neda permisi,  
 Dék ngarereb mun widi mah tuang rayi.

23. Nya Nyi randa seug ngandika,  
 Aduh Eneng pupujaning,  
 Ayeuna mah matak (...),  
 Ulah kapalang perhatin,  
 Montong rék ka mana mendi,  
 Di aku anak ku ibu,  
 Ieu Nyi Rara Sumingkar,  
 Aku dulur lahir batin,  
 Dulur Ujang anak ibu pangbureyna.

24. Radén Ahmad seug ngandika,  
 Nyembah barina ngalahir, //  
 Ngiringan sakersa pisan, (40)  
 Nyi randa ngalahir deui,  
 Ibu seja naros deui,  
 Kumaha Radén geus weruh,  
 Ieu ngaran kalangenan,  
 Radén Ahmad kitu deui,  
 Sakalangkung tuang putra lepat pisan.

25. Sadaya-sadaya Kang putra,  
 Neda piwejang nu yakin,  
 Ieu téh ibu di mana,  
 Nyi randa ngawalon deui,  
 Ieu Ujang nagri Mesir,  
 Ari ieu anu tangtu,  
 Nu kagungan kalangenan,  
 Radén Siti Bagdad Putri,  
 Putra Mesir Panghulu Datuk Bendara.

26. Jadi ibu pakacarna,

Anu nyangking kebon putri,  
 Saban dina caor uang,  
 Beulah dua mumut hasil,  
 Manasiang urang Mesir,  
 Meuli kembang pada rabul,  
 Ka dieu karang Kamulyan,  
 Geura seug mangsa tingali,  
 Tangtu Ujang jeung ibu dikalanggenan.

27. Radén Ahmad seug ngandika,  
 Kuring nu jadi jurutulis,  
 Nuliskeun nu meuli kembang,  
 Sungan mawa bako Turki,  
 Sok kerta ku kacapiring,  
 Nyi randa imut jeung nyaaur,  
 Atuh puguh ari Ujang,  
 Moal meuli-meuli teuing,  
 Urang Mesir tukang bako Nyi Sajar.

28. Ana datang meuli kembang,  
 Bari mawa bako Turki,  
 Samalah engké mah Ujang,  
 Urang papadon yén meuli,  
 Padud karesep Turki,  
 Nu alus buat Istambul,  
 Atawa pipah nu bodas,  
 Moal salah tangtu yakin,  
 Da ibu mah tara nyaah ku manisan.

## **XII. Dangdanggula**

1. Hanteu lami éta Randa Mesir,  
 Seug nyuguhan éta ka Dén Ahmad,  
 Nyi randa kalangkung nénéh,

Jeung barangtuwang ngariyung,  
 Kadaharan warni-warni,  
 Miputra teu asa-asa,  
 Gancang baé dicatur,  
 Peuting kaganti ku beurang,  
 Radén Ahmad geus matur siyang lain wangi,  
 Jeung digento (sic!) panganggona.

2. // Nu wareuteuh ngagaleuh ti Mesir, (41)

Sutra héjo surup ka salira,  
 Radén wuwuh beuki kasép,  
 Nitis cahaya Nabi Yusup,  
 Geus kitu milikna pasti,  
 Turun Laélakadar,  
 Cahaya ngagebur,  
 Emas nu anyar disikat,  
 Kasertaan anu langkung berbudi,  
 Dasar remesing kusumah.

3. Sakalangkung nyi randa téh asih,

Kitu deui nu diaku putra,  
 Mungguh Radén Ahmad anom,  
 Nurut sakersaning ibu,  
 Nyi Rarasumingkar putri,  
 Nyebut akang hanteu nilam,  
 Kawas dulur istu,  
 Kitu deui Radén Ahmad,  
 Nyebut rai ka Rarasumingkar deui,  
 Kawas ka dulur bungsuna.

4. Kacaturkeun anggeus lami-lami,

Hiji mangsa di poé harita,  
 Tatamu ti Mesir raja,  
 Niyatna éta tatamu,

Adat biasa sasari,  
 Nya éta mareuli kembang,  
 Barina seug matur,  
 Ka putra Rarasuminkar,  
 Geuwat anung iyeu ladenan ku nyai,  
 Anu ngagareuleuh kembang.

5. Jeung akangna ulah arasik teuing,  
 Nyai Rarasuminkar seug gancang,  
 Ngala kembang nu aranéh,  
 Sareng Dén Ahmad teu kantun,  
 Teu lami waktuna deui,  
 Ngala kembang geus sadia,  
 Sastra geus diatur,  
 Pikeun nu mahal nu murah.  
 Seug dibeuli ku sakabéh istri Mesir,  
 Hargana enggeus biasa.
6. Dituliskeun ku Radén raspati,  
 Ladang kembang harita duwitna,  
 Uwang bodas uwang récéh,  
 Ladang kembang puluh-puluh,  
 Ngakut istri urang Mesir,  
 Harita taya petotna,  
 Nu meuli ngagimbung,  
 Ari biasa ka tukang,  
 Nu geus meli geuwat buru-buru balik,  
 Ari samangsana harita.
7. Nu geus mulang barang balik deui,  
 Tina sabab aya nu katinggal,  
 Nembé ningali nu kasép,  
 Padanyaur jero kalbu,  
 Duh teja anyar pinanggih,

- Katon caha (?) nengbena (?),  
 Sasari kapungkur,  
 Nénjo karang panglayungan,  
 Urang mana putra mana kasép teuing,  
 // iyeu jero tulis kembang. (42)
8. Jadi aing panasaran teuing,  
 Hayang naros ka Embok randa,  
 Gancangna baé nyarios,  
 Harita enggeus ngagimbung,  
 Kiyeu pokna paraistri,  
 Ari panon ka Dén Ahmad,  
 Dawuh emban kulanun,  
 Iyeu sair ba timana,  
 Jisim kuring nembé pisan nya pinanggih,  
 Kasép meakeun sorangan.
9. Teu ngageuhan keur urang Mesir,  
 Atawana carogé Suminggar,  
 Nyi Randa imut ngawalon,  
 Embi téh atoh kalangkung,  
 Ayeuna hatur ningali,  
 Lain carogé Sumingkar,  
 Dulurna saistu,  
 Anak Embi anyar datang,  
 Mulang ti Sam geus heubeul masantren tebih,  
 Ayeuna nembéyan dongkap.
10. Basi nyaba ka jero nagari,  
 Pangangukeun éta Ujang Ahmad,  
 Suguhan ku nyai téh,  
 Paraistri nyaur imut,  
 Teu sawios pisan Embi,  
 Meureun naon sakapalay,

Ku abdi di ditu,  
 Tangtos disuguhan pisan,  
 Sareng kuring berkah weuteuh keneh diri,  
 Resep kénéh kana kembang.

11. Da kuring mah papada balantik,  
 Masih gedé bati tina peda,  
 Teu hayang sagedé oléh-oléh,  
 Tina sabab sok barau,  
 Lain cara tina kembang,  
 Seungit seug rajin metik,  
 Batina dapon seungit susu,  
 Mangga atuh Engkang Ahmad,  
 Urang lenggah ka rorompok jisim abdi,  
 Ku abdi rék dikaulan.
12. Lamun Engkang Ahmad kersa lenggih,  
 Sakapalay baé moal dilarang,  
 Asup kana paripaos,  
 Sumawon aya nu tangtu,  
 Nu teu aya gé ditungtik,  
 Moal aya nu dilarang,  
 Kuring hayang wawuh,  
 Carék wiwilanganana,  
 Barang repet kampatan minyak keletik,  
 dipundut sumangga pisan.
13. Radén Ahmad ngawalon ka istri,  
 Matur mangga mung dinten ieu mah,  
 Geus moal tiasa baé,  
 Malum eukeur tina ripuh,  
 Ayeuna hatur sim kuring,  
 Pileuleuyan bedog waja,  
 Pikir eukeur bingung,

Jukut // pasir samping imah, (43)

Jubah rumbah palang geura balik deui,

Imut paraistri sadaya.

14. Tingkuliat nu badé marulih,

Tingkuliat hésé nu arangkat,

Nya pikir asa dilengket,

Murungkut asa dilulungkut,

Kira-kira jadi sakit,

Paraistri anu mulang,

Pikir asa linglung,

Kawas anu dipilanglang,

Niyat balik ari ras ka urut tadi,

Ka payuneun Radén Ahmad.

15. Nu sawaréh dongkap ka Mesir,

Barang datang hanteu sasauran,

Ngajentul teu ngomong-ngomong,

Kembang gé loba nu mawur,

Anu tinggal embung balik,

Matuh baé di Nyi randa,

Loba anu giyung,

Ari aya nu nyarita,

Beuki ngomong kawas anu édan éling,

Pikampungan pileumburan.

16. Sumawon di pasar urang Mesir,

Sadayana padamaridangdam,

Kaparélét ku nu kasép,

Loba istri nu disusul,

Kocap aya hiji istri,

Ngaran Embu Ulajar,

Sakalangkung napsu,

Sarehan éta anakna,

Nyi Ulanyar sampe enggeus tilu kali,  
 Megat kapélét ku Ahmad.

17. Asal meuli kembang henteu,  
 Sakalangkung ambek Mu Ulajan,  
 Ti lembur disusul baé,  
 Ka Nyi randa enggeus cunduk,  
 Radén Ahmad keur ka cai,  
 Geus kasampak Nyi Ulanyar,  
 Indungna pok nyaur,  
 Naha manéh Nyi Ulanajar,  
 Tampolana datang ka kituna teuing,  
 Hanteu pantes perenah.

18. Bet awéwé kapélét lalaki,  
 Nurustunjung teu boga kaéra,  
 Euweuh turunan siya téh,  
 Ngunggahan lalaki batur,  
 Déngékeun ku siya aing,  
 Aing mah basa keur ngora,  
 Teu datang ka kitu,  
 Tibatan daék ngunggahan,  
 Mani rajol lalaki téh beurang peuting,  
 Pamahugi warna-warna.

19. Nu ku lauk sumawon duwit,  
 Bako ogé mani geus lémpéngan,  
 Bet seubeuh ka dagé-dagé,  
 Dagé oncom dagé bicung,  
 Mani geus parinuh said,  
 // jenatna Ki Layangkara,  
 Nu unggul ti batur,  
 Mahugi gé pangrongkahna,  
 Ana datang kincid-kincid jol ka aing,

Geblug mawa ping-ping kuda.

20. Ari siya mani geus teu kari,  
     Bako ogé dagangan mah beak,  
     Padudan pipah saréép,  
     Dagangan geus kakuruntung,  
     Dipaké norog lalaki,  
     Bet teu boga kaéra,  
     Nyi Ulnajar nyaaur ,  
     Ibu ulah békéakan,  
     Bet nyeuseul téh meugeus eungkeur isuk deui,  
     Ituh isin ku Gan Ahmad.
21. Bisi seseck Gan Ahmad téh sumping,  
     Kuring taya pangsakiyeu lampah,  
     Aya ti ditunda tangtos,  
     Uyah tara téés ka luhur,  
     Paribasa nini aki,  
     Teng manuk teng anak merak,  
     Kukuncungan hulu,  
     Némbal deui Mu Ulnajar,  
     Kitu oge hanteu cara aing teuing,  
     Mani datang ka ngunggahan.
22. Ceuk anakna ibu ngabibisani,  
     Coba engké tingali Gan Ahmad,  
     Bener ibu enggeus kolot,  
     Tangtuna kahudang napsu,  
     Ceuk ibuna moal aing,  
     Sabab aing enggeus terang,  
     Anak randa kukut,  
     Malah asup paribasa,  
     Mani kasép cara Dewata sari,  
     Moal datang ka kagendam.

23. Barang eukeur cékcok Radén sumping,  
 Mu Ulnajar ngareret ka Dén Ahmad,  
 Ngeumbang kadu seug olahok,  
 Jempe hanteu bisa nyaur,  
 Kawas mata simuet hiris,  
 Siloka temampan tamsah,  
 Teu ngucap sakecap,  
 Kocap éta Nyi Unajar,  
 Ningali ibu imut barina ngalahir,  
 Puwas siya kaédanan.

### **XIII. Magatru**

1. Mu Ulnajar geus poho rék sepuh,  
 Ka anak seug ngalahir,  
 Hé Ulnajar kutan kitu,  
 Ki Ahmad téh ngamjalanatri,  
 Aing mah bet hayang naros.
2. Sungan aya kapalayna anu surup,  
 Hé Ulnajar manéh balik,  
 Aing téh jaman kapungkur,  
 Boga panumbas téh keris,  
 Bantosna geus maké pendok.
3. Geura cokot ku manéh heula ka ditu,  
 Jeung deui ayeuna aing,  
 Mo mulang deui ka lembur,  
 Di Nyi randa // betah ngancik, (45)  
 Sugan ka parahu tamplok.
4. Nyi Ulnajar teu imut pangawak sepuh,  
 Pikir asa ngora deui,  
 Sisindiran bari imut,  
 Jeung panon kendar kendar ka sisi,  
 Ningali ka Ahmad heroy.

5. Ku hanjakal pelak haur digempur,  
Rantanen di sisi jami,  
Kurung hayam kurung puyuh,  
Titiran di gunung putri,  
Jojodog di tari kolong.
6. Ngan ku akal nu matak jadi liliput,  
Kantenan dalanggan kami,  
Uyuhan ku pikir lungguh,  
Pikir nu matak ngajadi,  
Sugan jodo pakokolot.
7. Nyi Ulnajar éra néndo indung kitu,  
Ibu ulah kitu teuing,  
Sing éling diri geus sepuh,  
Teu boga kaéra teuing,  
Naha kumaha nya raos.
8. Nini-nini kapélét teu uyun,  
Anggur hatu urang balik,  
Mu Ulnajar mugen embung,  
Jeg baé ilaing balik,  
Urang mah niat rék mondok.
9. Reujeung acan paidin Kang ahmad mundur,  
Nyi Ulnajar tambah pusing,  
Bet mululu ucut burung,  
Aing matak teuing najis,  
Indungna ditéwak léyos.
10. Mu Ulnajar ti payun Ahmad digusur,  
Mu ulnajar seug nagalahir,  
Mangké ieuh ulah rusuh,  
Ieu aing hayang kiih,  
Ieu ulah didorodod.
11. Mana kitu timburuna ka si ibu,

Nyi Ulnajar seug ngalahir,  
 Mana ibu ari saur,  
 Ulah sok kacida teuing,  
 Ayeuna ibu karaos.

12. Geus teu puguh saur ogé anggeus ngapruk,

Mana hayu anggur balik,  
 Arék kiih hayang medus,  
 Pék baé di dinya ngising,  
 Ulah kapalang nya gélo.

13. Sagancangna Mu Ulanajar geus dibantun,

Ku putra dibawa balik,  
 Ka dayeuh Mesir geus cunduk,  
 Kakara inget ka diri,  
 Sakalangkung tampi raos.

14. Kocap deui Nyi Ulnajar anu bungsu,

Nu ngaran Mukdan téh pusing,  
 Ninggal dulur eujeung ibu,  
 Padakedanan teu éling,  
 Ku Ahmad jurutulis (sic!) kebo.

15. Geuwat dangdan kalangkung rusuh,

Reketek dibendo licin,  
 Set disarung set dibaju,  
 Disabuk ku // bongbe kuning, (46)  
 Barina jeung nyoren pendok.

16. Enggeus putus ka luar turun ka batu,

Raména di nagri,  
 Ieu déwék téh segut,  
 Coba taksir masing sidik,  
 Déwék ngéwa anu ngomong.

17. Kasép déwék eujeung itu,

Ngaran Ahmad mashur teuing,

- Nya dulur déwék nya ibu,  
 Bet padakapélét sami,  
 Mun salah diomé tangtos.
18. Gancangna mah padnaksir batur,  
 Ngomong baturna bari seuri,  
 Sampéyan téh teu wudu,  
 Ditaksir ti gigir lenggik,  
 Raraosan mah geus cocok.
19. Ngan saeutik salahna kaliwat langkung,  
 Pupundakan bet nungkir,  
 Reujeung tonggong siga bengkung,  
 Bab segut mah liwat saking,  
 Jeung pipi rada ngagandoy.
20. Kai Mukdan teu ngomong jamedud,  
 Teu bisa ngoméyan deui,  
 Ngaliyeus barina mundur,  
 Ka imah balik deui,  
 Radén Ahmad kacariyos.
21. Paraistri sakitu padaguyur,  
 Ka Radén Ahmad raspati,  
 Teu kasertaan kalbu,  
 Kabéh ogé paraistri,  
 Dipikadeun teu diwaro.
22. Diwarona ku budi alus,  
 Sumawonna manah euweuh sir,  
 Sanajan aya sir kalbu,  
 Paraistri urang Mesir,  
 Disandung raper nu anom.
23. Saupama diserang anggeus tangtu,  
 Nya bener diri aing,

Imutan Radén nu tangtu,  
 Geus tangtu nambah balai,  
 Rasa loba anu bogoh.

24. Tatapi nu matak nyorang rahayu,

Raosna nyorang balai,  
 Da lantaran kitu,  
 Masih mahér paraistri,  
 Asup kana paripaos.

25. Najan alus lenjang konéng ari lacur,

Gedé moal ari werejit,  
 Baruang motongkeun umur,  
 Manis nu matak kabadi,  
 Diri mah hésé nya ngepoh.

26. Najan peuheur ari nu matak rahayu,

Sakitu galih nu lantip,  
 Seja wayahna rék tumut,  
 Hésé capé hanteu risi,  
 Mugi-mugi ka Yang Manon.

27. Anu sipat Rohman // Rohim tara palsu, (47)

Wenang pait wenang amis,  
 Sakitu manahna kalbu,  
 Radén Ahmad nu berbudi,  
 Siyang wengi nu rumaos.

28. Anu jadi imutan lain pangwuruk,

Margi nu matak hasil,  
 Pangwuruk rama jeung ibu,  
 Nu dianggap siyang wengi,  
 Tara lali ka papagon.

29. Sok tunda Radén Ahmad sareng ibu,

Ganti nu kocap deui,

Siti Bgdad nu kacatur,  
 Geus nguping ti urang Mesir,  
 Kembang jadi kembang panon.

30. Anggeus jadi kacapangan sore isuk,  
 Édan biwir Urang Mesir,  
 Taya anu kapicatur,  
 Nu kasép juru paminggir,  
 Ngan Ahmad nu kapicarios.

31. Siti Bagdad ngupingkeun,  
 Pangbendu éta putri,  
 Tara aing nu pantes weruh,  
 Saméméh nu sanés istri,  
 Kari duwa iyeu kaboyong.

32. Méméh putri bet nu sanes heula guyur,  
 Nguping gé putri pandeuri,  
 Nguping wartos enggeus mashur,  
 Rupi teu acan sidik,  
 Énggalna putri marios.

#### **XIV. Kinanti**

1. Rahadén putri seug nyaur,  
 Ka emban duwa pangais,  
 Kami emban neunang béja,  
 Nguping béja urang Mesir,  
 Aya nu kasép satria,  
 Di karang kembang Paminggir.

2. Ngaran Ahmad anu mashur,  
 Naha éta téh lalaki,  
 Nu matak aya di dinya,  
 Urang mana wani-wani,  
 Kapan di Karangmalena,

- Barang kami tanah kami.
3. Upama lalaki sadu,  
Naha mana teu permisi,  
Jeung saha emban nu terang,  
Kami tacan bέja sidik,  
Kocap aya hiji emban,  
Nu terang matur ka putri.
  4. Sim abdi hatur piunjuk,  
Carék wartos éta,  
Sidik éta téh anak Nyi randa,  
Ti leutik nembé papanggih,  
Asal matuhna di Esam,  
Jeung ibu kakarék panggih.
  5. Tapi kasép liwat langkung,  
Ngéléhkeun ka Urang Mesir,  
Malah ceuk hiji carita,  
Sarimbag jeung Sultan Mesir,  
Siti Bagdad seug ngandika,  
Tah kitu numawi sidik.
  6. Omongan matak kasiku,  
Nya mikeun ka Sultan Mesir,  
Tur éta // keur rarasaan, (48)  
Hamo aya anu tanding,  
Kasépan ka raja urang,  
éta mah enggeus kaharti.
  7. Nu omonganana kitu,  
Ana boga teu kabukti,  
Anu hayang teu kasorang,  
Anu mihadam miasih,  
Akon-akon malar seja,  
Malar saji hayang kapuji.

8. Ter (?) mah sakumaha alus,  
Moal alus-alus teuing,  
Perak moal mapak emas,  
Sakitu pamilih kami,  
Nini randa téa catur,  
Ménak teu papak ka kuring.
9. Coba nini randa saur,  
Manéh emban dua indit,  
Bari mawa ngaran Ahmad,  
Kami téh hayang ningali,  
Jiga kumaha rupana,  
Tapi randa béré ngarti.
10. Dimana engké di ditu,  
Geus tepi ka lawang kori,  
Lawang kori pangluarna,  
Bibi randa sina ka puri,  
Ari Ahmad kudu tunda,  
Ulah bareng reujeung nini.
11. Tah jangji kami sakitu,  
Helos emban geura indit,  
Dua emabn enggeus nyembah,  
Geus tutas nimbalan indit,  
Teu kacatur di jalanna,  
Dua emban geuis pada sumping.
12. Jeung Nyi randa enggeus tepung,  
Kasondong randa keur calik,  
Nyi randa Ahmad Sumingkar,  
Nyi randa langkung gumati,  
Mayunan kapiwarangan,  
Nyi Emban barang ningali.
13. Radén Ahmad anu mashur,

Nyi Emban gésék ningali,  
 Hookeun mani mxh ngacay,  
 Sakalangkung sakti ati,  
 Paingan jeung ieu mah,  
 Matak nyur-nyuran nya birit.

14. Jalma kasép mani mancur,  
 Pikir matak embung balik,  
 Lamun lain piwarangan,  
 Bet hayang ngagandék ngiring,  
 Kajeun dititah mencétan,  
 Sakapalayna diiring.
15. Ari ras ka nu ngutus,  
 Gegeroan Emban risi,  
 Pok baé Emban nyarita,  
 Bibi ieu jisim kuring,  
 Diutus raja kaputern,  
 Bibi téh énggal diangkir.
16. Sareng reujeung Ahmad bantun,  
 Sang Putri palay ningali,  
 Lebah lawang luar tunda,  
 Kitu wangkid Enéng putri,  
 Nyai randa matur mangga,  
 Eukeur mah abdi rék indit.
17. Kabujeng aya // panyaur,  
 Sukur jeung Ahmad diangkir,  
 Hayu atuh Ujang Ahmad,  
 Urang deuheusan ka putri,  
 Matur mangga Radén Ahmad,  
 Teu lami waktuna deui.
18. Ti Kerendan anggeus jung,  
 Gancangna anu digurit,

Enggeus dongkap kana lawang,  
 Pangluwarna panto kori,  
 Radén Ahmad seug ditunda,  
 Nyalira luwareun kori.

19. Randa jeung Sumingkar turun,

Ngadeuheusan ka Radén putri,  
 Geus ngaliwat tujuh lawang,  
 Dxn putri enggeus ningali,  
 Gugupay baé ka randa,  
 Nyai randa enggeus calik.

20. Jeung Suwingkar geus marunjung,

Dén putri enggeus ngalahir,  
 Bibi perkawis laporan,  
 Tunda baé engké deui,  
 Da moal lali itungan,  
 Anu murudul ka bibi.

21. Wireuh kuring meunang dangu,

Selenting bawaning angin,  
 Majar bibi gaduh putra,  
 Sarta bejana lalaki,  
 Nyai randa matur nyembah,  
 Sumuhun parios gusti.

22. Saur putri atuh sukur,

Boga batur téh lalaki,  
 Ari balitung uwah mah,  
 Pagéto ka dieu deui,  
 Ngan anu ngaran Ki Ahmad,  
 Hayang nyaho kula bibi.

23. Ari bibi geura wangsl,

Putra bibi masing calik,  
 Barina matur sumangga,

Nyembah indit payun putri,  
 Geus kaluwar ti kaputren,  
 Jeung Ahmad enggeus kapanggih.

24. Barina ka Ahmad nyaur,  
 Eujeung disaur ku putri,  
 éta geura deuheusan,  
 Dén putri palay ningali,  
 Radén Ahmad matur mangga,  
 Nyi randa gancangna mulih.
25. Radén Ahmad sor ka payun,  
 Geus dongkap ka lawang kori,  
 Perjurit anu ngajaga nanya,  
 Barina jeung bengis,  
 Lu kowe orang dari mana,  
 Dia bagus laki-laki.
26. Rahadén Ahmad manyabut,  
 Betul sayah laki-laki,  
 Saya punya anak randa,  
 Dari Karang Kumang yang putri,  
 Disuruh oleh juragan,  
 Yang jaga manyahut lagi.
27. Boleh sekarang masuk,  
 Geus dibéré saratus ringgit,  
 Kalo kowe tidak bayar,  
 Mesti pigi pulang kembali,  
 Ngahuleung deui Dén Ahmad,  
 Jadi kudu mayar saratus ringgit.
28. Sugan temah hanteu kitu,  
 Dipasti pamuka kori,  
 Hingga saduwit teu mawa,  
 // ngahuleng Ahmad jeung mikir (50)

Pabaur jeung éra,

Mikir pikeun lulus diri.

29. Pitulung ras ka Seh jagung,  
 Wuwuruk anu kaéling,  
 Sagancangna Radén Ahmad,  
 Ngusap pipi tilu kali,  
 Bijil duwit uwang dinar,  
 Perjurit kagét ningali.

30. Sarat geus jeujeug saratus,  
 Tanya Radén angkat deui,  
 Béh deui nu jaga lawang,  
 Geus ménta pamuka kori,  
 Gancang deui Radén,  
 Ahmad ngusap pipi.

31. Tilu kali burubut,  
 Uwang sartus dinar,  
 Bengong deui tukang kori,  
 Nyaur sajeroning manah,  
 Saumur kakara manggih,  
 Aya jalma ngising uwang,  
 Satria digjaya leuwih.

32. Paingan taya nu maphum,  
 Siti Bagdad raja putri,  
 Nya éta baé milihan,  
 Milihan satriya leuwih,  
 Kocap deui Radén Ahmad,  
 Ti lawang geus nytingkir.

33. Dongkap ka lawang katilu,  
 Di dinya nya kitu misti,  
 Tinya béh lawang kaopat,

Kalima kagenep deui,  
 Enggeus jejeg tujuh lawang,  
 Cocog tujuh ratus ringgit.

34. Radén Ahmad enggeus cunduk,

Ka jero kaputren putri,  
 Geus calik di émper lawang,  
 Dihambalan bata ubin,  
 Kapendak ku hiji emban,  
 Gentak unjukan ka putri.

35. Nun Gusti unjukan tamu,

Nu disauran ku Gusti,  
 Nu jenengan Ujang Ahmad,  
 Anak hiji randa Paminggir,  
 Saur putri aman emban,  
 Kula hayang terang teuing.

36. Ceuk emban tuh di payun,

énggal Siti Bagdad putri,  
 Angkat ngalongok Dén Ahmad,  
 Barang téh putri ningali,  
 Putri ngaranjug manahna,  
 Ratu hookeun ningali.

37. Sajongongan henteu nyaur,

Ngan cisoca anu bijil,  
 Ngan nyaur dina jero manah,  
 Aduh henteu nyana teuing,  
 Bet aya teuing potongan jalma,  
 Na bet nenggang-nenggang teuing.

38. Kasép méakeun ka batur,

Pantes baé urang Mesir,  
 Mun kiyeu potonganana,  
 Pantes rék jadi kasakit,

Sanajan aing ayeuna,

Geus bukti // geus bukti teu kabar yakin. (51)

39. Nénjo irung hayang nyium,

Nénjo biwir hayang nyiwit,

Nénjo tarang hayang ngasah,

Diasah ku pipi aing,

Adu teja sulaksana,

Si jenat anyar pinanggih.

40. Katona cahaya pitujul,

Pitujul katon di Mesir,

Radén Ahmad tungkul sila,

Sakalangkung tina isin,

Geus lami tacan mariksa,

Kasmaran teuteup ningali.

## **XV. Asmarandana**

1. Ti dinya Rahadén putri,  
 Seug nyaur ka Radén Ahmad,  
 Engkang ka diyeu calikna,  
 Kana bangku panglinggihan,  
 Gusti ajrih saur Ahmad,  
 Jisim amdi mah saumur,  
 Tara diyuk dina éta.

2. Paling anéh dina lampit,  
 Ulah kitu Engkang Ahmad,  
 Saurna Nyai putri téh,  
 Karana tunggal manusa,  
 Pada seuweu putu Adam,  
 Bener kuring anak Panghulu,  
 Seuweu putu Maha Sultan.

3. Tur pangkat bapa jeung aki,

Sanajan mun kuring pangkat,  
 Eukeur mah taya sawios,  
 Sarta halangan ka nu pangkat,  
 Da urang téh hanteu bédá,  
 Kawajiban nu ti luhur,  
 Nya ukur ka nu ti handap.

4. Kaul kalawan gusti,  
 Gusti kalawan kaula,  
 Sakitu deui Engkang téh,  
 Ulah kena anak somah,  
 Henteu kersa diakuan,  
 Dén Ahmad bari dituyun,  
 Bari ditowél lambeyna.
5. Mesem barina jeung manis,  
 Sor leuleut sareng harga,  
 Lemareun sayagi kabéh,  
 Sareng deui Siti Bagdad,  
 Teu weléh ka Radén Ahmad,  
 Rét ka handap rét ka luhur,  
 Ta (sic) katingal mana uwang.
6. Ari uwang kapan misti,  
 Hiji lawang saratus dinar,  
 Pulang pegi kitu kabéh,  
 Siti Bagdad panasaran,  
 Seug nyaur ka Radén Ahmad,  
 Engkang di dieu di kantun,  
 Sakedap dikantun lenggah.
7. Sim kuring arék ka cai,  
 Radén ahmad saur mangga,  
 Teu lami den putri miyos,  
 Geus sumping ka jaga lawang,

- Jaga lawang pariksa,  
 Tadi lalaki nu asap,  
 Anak renda ngaran ahmad.
8. Cocog merena saratus // duwit, (52)  
 Padamatur jaga lawang,  
 Sumuhun sakabéh cocok,  
 Nyi putri deui ngandika,  
 Di mana neunduenna uwang,  
 Tina bisa mayar pintu,  
 Sareng eukeur buwat mayar.
9. Jaga lawang matur deui,  
 Ngan éta lebah dinyana,  
 Jisim abdi langkung helok,  
 Ari jalanna téh uwang,  
 Ngusap pipi duwanana,  
 Tina baham teh mundul,  
 Sim abdi bengong ningali.
10. Saumur kakara manggih,  
 Mésem leleb Siti Bagdad,  
 éh ngupingkeun lalakonna,  
 Geus meunang panjang carita,  
 éta lalaki digjaya,  
 Kapan kami ogé mashur,  
 Putra mesir biantara.
11. Anye (sic!) pisan éta pasti,  
 Ka kami anu diarah,  
 Seug intip engké ku manéh,  
 Engké na waktuna mulang,  
 Lamun teu bukti pamenta,  
 éta jalma geus tinangtu,  
 éléh digjaya ku urang.

12. Radén putra bari mulih,  
 Geus sumping ka jero pura,  
 Manah Radén putri sérong,  
 Ka sémah rék pasang cidra,  
 Cunduk warta katuangan,  
 Anu dibauran racun,  
 Daru beusi baur rujak.
13. Pasang meja geus sayagi,  
 Katuangan geus sadia,  
 Dipasang meja ngabérés,  
 Warna-warna katuangan,  
 Teu lami deui waktuna,  
 Radén putri sor ka payun,  
 Mayunan ka Radén Ahmad.
14. Pangandika Endén putri,  
 Nya éta ka Radén Ahmad,  
 Anu sami diangkir téh,  
 Engkang téh baris dihormat,  
 Mangga urang barangtuang,  
 Jisim kuring seja kaul,  
 Engkang sumping ka Kerendan.
15. Mangga ulah isin—isin,  
 Masing banglas geura, ( ? )  
 Kerah-kerih beunang hésé,  
 Upama henteu dituang,  
 Sakumaha handeueulna,  
 Mangga Engkang geura lungguh,  
 Di luhur kursi lenggah.
16. Ber jumapang ( ? ) sareng kuring,  
 Radén Ahmad matur mangga,  
 énggalan ti bangku miyos,

// kana kursi enggeus lenggah,  
 Pék Radén barangtuang,  
 Sahingga rék ngarot angur,  
 Ku putri seug diparinan.

17. Anggur nu didaru beusi,  
 Disanggakeun ka Dén Ahmad,  
 Gancang ku Dén Ahmad téh,  
 Nyandak geus rék dituwang,  
 Sahingga geus satengahna,  
 Lumur rragrag Radén lanjung,  
 Golokgok ongkék-ongkékan.

18. Radén Ahmad leng teu éling,  
 Ngalenggerek dina meja,  
 Aya nu bijil keur ongkék,  
 Nya éta hulu manuk teya,  
 Ku Radén putri dicandak,  
 Jeung nyaaur jeroning kalbu,  
 Nya aya jimat Ahmad.

19. Hulu manuk alus teuing,  
 Hibar ruhay kawas emas,  
 énggal Radén putri téh,  
 Hulu manuk téh dituwang,  
 Barang bus kana bahamna,  
 Sina musna hulu manuk,  
 Ngamakam ( ? ) di awang-awang.

20. Radén Ahmad henteu éling,  
 Tonggoy baé runghap-rénghap,  
 Kalangkung matak hawatos,  
 Dicidra ku Siti Bagdad,  
 Teu lami Dén Siti Bagdad,  
 Nyandak landong hiji jeruk,

Sareng minyak wijen ubar.

21. Seug di landongkeun sakali,  
 Matihna ubar baruwang,  
 Hanteu lami Dén Ahmad téh,  
 Lilir gugah anggeus waras,  
 Tapi salangkung sepa,  
 Teunangan mana laleusu,  
 Taya tangan pangawasa.

22. Sanggeus kitu ku Dén putri,  
 Tuluy di tundung sepisan,  
 Mangga geura jengkar baé,  
 Sim kuring rempan kacida,  
 Karana teu idin ama,  
 Aya lalaki geus tepung,  
 Ditangkep tangtu dibanda.

23. Karana iyeu geus wengi,  
 Mangga Engkang geura jengkar,  
 Teu biasa lami Engkang téh,  
 Rahadén Ahmad ngalimba,  
 Ngangres manahna kacida,  
 Henteu nyana putri palsu,  
 Radén Ahmad geura jengkar.

24. Jumarigjeug bari nangis,  
 Medal ti jero kaputran, ( sic! )  
 Gandrung-gandrung kapirangrung,  
 Meugeus nalaengsa manah,  
 Ka nu teu tuah teu dosa,  
 Sujud sukur ka Yang Agung,  
 Mendakan kapanasaran.

25. Muga-muga ka Yang Widi,

Tininggal jeung kadosaan,  
 Kajeun didosaan baé,  
 // ku cobaan Radén Ahmad, (54)  
 Enggeus dongkap kana lawang,  
 Kacatur jaga pintu,  
 Ménta duwit jaga lawang.

26. Dén Ahmad teu lami deui,

Ngusap pipi duwanana,  
 Uwang teu metu sapésér,  
 Ngusap deui pipina,  
 Sampe duwa tilu opat,  
 Lima gebep kali tujuh,  
 Luput hanteu bijil uwang.

27. Ngahuleng Radén jeung nangis,

Duh diri aing cilaka,  
 Ti dinya Radén téh miyang,  
 Angkat sisi-sisi kuta,  
 Sesepet jalan teu aya,  
 Nyaur sajeroning kalbu,  
 Hulu manuk téh geus cambal.

28. Nu tembang geus berenti,

Sumangga ngaleueut heula,  
 Cai kopi anu lekoh,  
 Opak cau sareng ketan,  
 Angleng wajit jeung gegeplak,  
 Geus peuting sor deui sangu,  
 Sumawonna sambel gorengan.

29. Ari parantos ngopi,

Nyesep atawa ngalemar,  
 Layangna singgahneu baé, ( ? )  
 Cikopi bisi nyakclakan,

Mawa kotor kana layang,  
 Ngaleueut parantos tutup,  
 Sumangga di dinya maca.

30. Radén calik bari nangis,  
 Susah ka mana nya jalan,  
 Luwak liyeuk ngalér ngulon,  
 Kocap aya hiji emban,  
 Hawatos ninggal Dén Ahmad,  
 Geuwat ku eman diburu,  
 Bijil nyampeurkeun ka Ahmad.

#### **XVI. Mijil**

1. Radén ka emban ningali,  
 Sarta langkung atoh,  
 Sing ka diyeu emban masing téréh,  
 Geura atuh iyeu kami,  
 Tulungan pirhatin, (sic!)  
 Kumaha nya wangsul.
2. Nyai emban ka Ahmad ngalahir,  
 Deudeuh teuing Enéng,  
 Paingan teuing keur gohgoy,  
 Karana sim kuring tadi,  
 Geus ningali sidik,  
 Anjeun téh diracun.
3. Keur waktu dicidra ku putri,  
 Hanteu nginjeum panon,  
 Radén téh basa keur ongkék,  
 Ti baham aya nu bijil,  
 Didahar ku putri,  
 Rupa hulu manuk.
4. Radén Ahmad nguping tambah ngerik,  
 Ngandel ka nu nyarios,

- // ceuk Nyi Emban ka diyeu téh, (55)  
 Balik tapi singgumati,  
 Mangkéna di ditu.
5. Enéng éta bongborotan cai,  
 Terusna kaluar jero,  
 Ti luwar kota bémenténg,  
 Tapi masing ati-ati,  
 Di jaga perjurit,  
 Ti kénca katuhu.
6. Sagancangna Dén Ahmad ningali,  
 Jol ti dinya miyos,  
 Asup bongborotan cai,  
 Téh kocap saluwareun kori,  
 Di jaga perjurit,  
 Dinya siyang dalu.
7. Sartana bari jeung ngabandingkeun cai,  
 Wahangan ku jero-jero,  
 Anu matak di jaga téh,  
 Saha baé anu bijil,  
 Tina bongborotan,  
 Pasti jalma maling tangtu,
8. Saupama jalma anu bijil,  
 Tapi eukeur bogoh,  
 Calik mah tangtu baé,  
 Curug cai leuwi,  
 Tangtu tikecemplung.
9. Enggeus tangtu éta téh palid,  
 Gancangna carios,  
 Kacaturkeun harita téh,  
 Jam tujuh dalapan leuwih,  
 Dén Ahmad bijil,

- Tatapina linglung.
10. Kalér kulonna teu puguh ningali,  
 Saumur yén bengong,  
 Kocapkeun nu ngajaga téh awas,  
 Mataning kumisi,  
 Remeng-remeng katingali,  
 Perjurit rancung,
  11. Pada nyebut nuding maling-maling,  
 Rob padangaronom,  
 Pangtumbak bedil kabéh,  
 Geus taya antara deui,  
 Bukbek pada tanding,  
 Ahmad dikerepuk.
  12. Nu ti tukang ti hareup ti gigir,  
 Bukbek pada némbrong,  
 Tanpa polah Dén Ahmad téh,  
 Eukeur leuleus ti tatadi,  
 Tambah balahi,  
 Lenggerek bruk rubuh.
  13. Kapidara satengah mati,  
 Kalangkung hawatos,  
 Duh upama katingali téh,  
 Matak teu kuwat ningali,  
 Radén tikecemplung.
  14. Ka Bangawan leuwi jero cai,  
 Palidna ngaléyong,  
 Tinya (?) perjurit sakabéh,  
 Sanggeus katingali palid,  
 Atawa perjurit,  
 Geus tangtos pupus.
  15. Pendakawan (?) padasuka ati,

Kocap anu ngaléyong,  
 Tariking balahi badan,  
 Rahadén Ahmad ras éling,  
 Cumengguk di cai,  
 Muntang jeung ngahanju.

16. // Mapay akar ngeureuyeuh ka hilir, (56)

Nangtung teu diraos,  
 Neda pitulung yang suci,  
 Sakira diri sim kuring,  
 Lamun dipaparin,  
 Abdi panjang umur.

17. Mugi sakurnia Gusti,

Neda margi raos,  
 Kocapna lampah Ahmad téh,  
 Panedana dipiasih,  
 Ku anu satuhu.

18. Buru-buru Yang Widi,

Ka nu tara sérong,  
 Mangga diri urang kabéh,  
 Ari ka nu alus budi,  
 Sok hayang miasih,  
 Keukeuh lampah laku.

19. Radén Ahmad lampahna di cai,

Gancangna lalakonna,  
 Mapay-mapay pandan sorx,  
 Enggeus jauh ti nagari,  
 Seug hanjat ti cai,  
 Mapay akar ka luhur.

20. Enggeus calik nyarandé,

Kalangkung rampohpoy,  
 Dina tegal pendet (?) lirén,

Geus beurang-beurang panonpoé,  
 Bijil moyan ubar tiris,  
 Ngalenggut jeung tunduh.

21. Ana éling mugi ka Yang Widi,  
 Kalangkung tawalo, (?)  
 Narimakeun diri sakabéh,  
 Migaduh usik malik,  
 Kersaning Yang Widi,  
 Rohman Rohim Agung.
22. Palakara (sic!) dicidra ku putri,  
 Teu didamel awon,  
 Rumaos diaku baé,  
 Sukur sujud ka Yang Widi,  
 Gancangna digurit,  
 Bijil digentos lagu.

## **XVII. Pucung**

1. Tembang pucung ganti lagu micung,  
 Anu keur silih payang,  
 Cungcang-cingceng balas ngeyeng,  
 Aya duwa putra jin ti Jabal Kupah.
2. Geus katilar ramana iyeu jin pupus,  
 Aya tittinggalna,  
 Keur padangawaris manéh,  
 Tilu rupa sakabéhna éta jalmi.
3. Hiji kaos duwa panah langkung alus,  
 Ari katiluna téh,  
 Enya éta rupa éndong,  
 Éta éndong ngaran walungsung jagat.
4. Eta éndong keur waktu jaman kapungkur,  
 Nu gaduh Umar Maya,  
 Ayeuna kinayah (?) baé,

Saha baé nu maké éta miboga.

5. Anu matak jin duwa éta geus tangtu,  
Pang aya di dinya,  
Jadi keur nyelaongkeun manéh,  
Ngadon waris acan katimu ku akal.
6. Anak duwa ari éta jimat tilu,  
Parebut aturan,  
Karang timbul tacan salsaé,  
// jadi puhpoh cankatimu ku akal. (57)
7. Ceuk lanceukna kop silaing panah alus,  
Keur éndong ku kakang,  
Ari carek adina téh,  
Ari kaos ku saha éta milikna.
8. Ceuk adina kiyeu geura urang atur,  
Kop panah ku kakang,  
Ari kuring éta éndong,  
Ceuk lanceukna ari kaos éta milik saha.
9. Ceuk adina heueuh jadi urang bingung,  
Ari kakang duwa,  
Upama kaos jeung éndong,  
Kurang adil lamun kitu hanteu ngeunah.
10. Najan akang ngéléhkeun manéh nya kitu,  
Teu ngeunah di akang,  
Leres ceuk rakana tangtos,  
Jeung kumaha atuh adi iyeu akang.
11. Jauh-jauh ti lembur manéh nytingkur,  
Amrih (?) hayang senang,  
Kari-kari ayeuna téh,  
Lain senang bingung ngurus wawarisan.
12. Tingharuleng adi lanceuk jadi bingung,  
Isuk beurang kitu kénéh,

- Paribasa teu aya monyet hideungna,  
 Rurut rérét duwa jin ngalér jeung ngidul.
13. Geus bingung manéhna,  
 Barang ngarérét ka kulon,  
 Bet katingal jalma anu eukeur moyan.
14. Enya éta Radén Ahmad nu ngajentul,  
 Moyan jeung nundutan,  
 Ngalangkung calik nu lesu,  
 Carék ejin ka rakana sasauran.
15. Itu akang aya jalma keur ngajentul,  
 Sungan urang manusia,  
 Jeung urang tepangan baé,  
 Sok binangkit kana sagala aturan.
16. Hayu urang ayeuna ménta tulung,  
 Hayu cék rakana,  
 Jeung urang sampeurkeun baé,  
 Sagancangna duwa jin nyampeurkeun Ahmad.
17. Enggeus dongkap duwa jin ka Ahmad jemur,  
 Kagét Ahmad ningali,  
 Énggalna putra jin naros,  
 Pangapunten ajengan anu keur lenggah.
18. Jisim kuring seja naros anu saéstu,  
 Kalengking (?) ajengan,  
 Bangsa naon ajengan téh,  
 Bangsa ejin atawa bangsa manusia.
19. Radén Ahmad gancangan ani saistu,  
 Yaktosna kaula,  
 Lain bangsa jin kula téh,  
 Istu kula bangsa putra kamanusan.
20. Na kumaha agus matak naros kitu,  
 // karana pun kakang,

- Rengat-rengat tampi raos,  
 Tina nembé sareng agus téh patepang.
21. énggal putra jin mendo jeung tungkul,  
 Kuring sayaktosna,  
 Numawi naros kitu téh,  
 Sukur pisan ajengan putra manusa.
22. Ari abdi bangsa jin tempat jeung jauh,  
 Lembur ti Jabal Kupah,  
 Nu mawi kuring dingkap téh,  
 Hayang sirna nguruskeun iyeu warisan.
23. Jisim kuring weléh teu acan katimu,  
 Sanini gaduh titinggal,  
 Panah kaos tilu éndong,  
 Kuring panah ari kaos milik saha.
24. Tah sakitu kuring nu matak bingung,  
 Ari dulur dua,  
 Sim kuring teu ngeunah kénéh,  
 Hayang adil kumaha pileresna.
25. Jisim kuring mendak senjata pitulung,  
 Saraya (?) hukuman,  
 Mugi-mugi ajengan téh,  
 Aya manah kersa diteda kamandang (?).
26. Radén Ahmad ngawalon barina imut,  
 Insya Alloh pisan,  
 Amung kaula pataros,  
 Iyeu jimat éndong kaos sarta panah.
27. Karamatna ku sampeyan kudu sebut,  
 Supaya kaula,  
 Puguh netepkeun milikna,  
 Raos kakang iyeu tilu jimat.
28. Tacan puguh iyeu milik anu tilu,

- Mangga mun geus terang,  
 Karamat anu tilu téh,  
 Tangtu dinya anu bakal nampa jimat.
29. Ku putra jin sakabéh jimat nu tilu,  
 Ari maunatna,  
 Saupama iyeu éndong,  
 Sapamundut naon baé kayakinan.
30. Ari kaos karamatna bias mabur,  
 Ngambah wadiya gantang,  
 Ari karamat panah téh,  
 Mun dilepas jadi moal susah nyandak.
31. Digupayan nyampeurkeun enggeus tangtu,  
 Dén Ahmad ngandika,  
 Regepkeun omong kaula téh,  
 Ngahukuman ngadilkeun iyeu hukuman.
32. Endong kaos panah diyeukeun kumpul,  
 Kaula nyekelan,  
 Gancangna geus pasrah kabéh,  
 Carék Ahmad regepkeun omong kaula.
33. Iyeu panah baris dileupaskeun luhur,  
 // di mana geus tiba,  
 Geura buru ku maranéh,  
 Saha-saha anu heula nyokot panah.
34. Enya éta anu boga milik tangtu,  
 Boga duwa jimat,  
 Ka kuping ku duwa jin téh,  
 Suka imut ngareunah kana manahna.
35. Sagancangna jamparing enggeus dicabut,  
 Ahmad mentang panah,  
 Siyer jamparing geus ngulon,  
 Radén Ahmad nganggo kaos nepak kasang.

36. Geus teng nyusul jin duwa Ahmad,  
 Ngapung ngawang-ngawang,  
 Panah digupay ku Radén,  
 Malik deui panah nyampeurkeun ka Ahmad.

37. Topa dicandak Dén Ahmad belesur,  
 Ka madya gantang,  
 Basa madya satengahe,  
 Basa gantang sami ka luhur ka handap.

38. Teu katinggal ku nu ti handap nu mabur,  
 Ahmad tampa musna,  
 Caturkeun jin duwa téh,  
 Barang rék top panah musna bet ngejat.

### **XVIII. Sinom**

1. Hookeun éta jin duwa,  
 Barang rék nyokot jamparing,  
 Panah ngejat deui mulang,  
 Ka nu mentangkeun jamparing,  
 Sarta ku Ahmad kacangking,  
 Serta Ahmad bari matur,  
 Kabéh ejin duwa ningali,  
 Duh cilaka urang adi,  
 Kabéh jimat lapur dipaling ku Ahmad.

2. Teu nyana pelik pangindra,  
 Tegesna leuwih binangkit,  
 Mangkaning akal manusa,  
 Leres ceuk adina deui,  
 Rakana seug nyaour deui,  
 Jeung kumaha adi atuh,  
 Ari geus kitu petana,  
 Seug matur adina deui,

Dikumaha da geus lain milik urang.

3. Milik anu ngahukuman,  
 Urang balik deui adi,  
 Sumangga carék adina,  
 Sarua sukur teuing,  
 Balikna kapimilik,  
 Munafek saumur-umur,  
 Gancang éta jin duwa,  
 Geus pada miyos marulih,  
 Ngan sakilat geus aya di Jabal Kupah.
4. Sigege éta jin nu duwa,  
 Kocap Radén Ahmad deui,  
 Sanggeus jin pada mulang,  
 Anjeunna téh gasik-gasik,  
 Ngabujeng ka putra Mesir,  
 Siti Bagdad nu diburu,  
 Geus sumping kana kaputren,  
 Kulinting ka pipir bumi,  
 Waktuna téh // jam harieum raray. (60)
5. Kocap deui Siti Bagdad,  
 Keur di jero puri,  
 Dideuheusan para Emban,  
 Damelna téh éta putri,  
 Keur ngupat Ahmad Raspati,  
 Ngupatna putri dicatur,  
 Hé Nyi Emban kari terang,  
 Enya Ahmad anu tadi,  
 Bani bogoh mah lain kami hanteu hayang.
6. Jeung kasépna leuwih nenggang,  
 Di urang mah moal manggih,  
 Ngan aya baé hanjakal,

Ari dék ditarik kawin,  
 Éra ku para Bupati,  
 Serta saur para ratu,  
 Sakur kahayang ka kula,  
 Dipilih nyiar nu leuwih,  
 Kocéplak mah meunang anak Nyai Randa.

7. Jadi mantu tukang kembang,  
 Éra temen diri kami,  
 Mana ayeuna mah diri Ahmad,  
 Sukur-sukur ogé mati,  
 Kami keur pikir satadi,  
 Nu kasép ngan Sultan Ratu,  
 Bet kari-kari ayeuna bet,  
 Aya deui nu ngandih,  
 Kacekna téh bayuhuyuh salira Sultan.

8. Ari éta Kai Ahmad,  
 Keur kasép lenjang jalantir,  
 Mana hayang gok nyuman,  
 Mana sukur ogé mati,  
 Sugan moal datang deui,  
 Matak ngabrangbrangkeun kalbu,  
 Jeung deui waktuna mulang,  
 Ka mana jalanna tadi,  
 Saur Emban sumuhun ka bongborotan.

9. Nyaur deui Siti Bagdad,  
 Ah geus tangtu deui mati,  
 Mun kanyahoan ku randa,  
 Baréto gé kitu balik,  
 Nyi Emban matur ka putri,  
 Lalamunan kaulanun,  
 Kumaha lamun Ki Ahmad,

Mun sumping ka dieu deui,  
 Pikir saé gamparan arék kumaha.

10. Nyaur deui Siti Bagdad,  
 Saupama datang deui,  
 Diduduh baé digjaya,  
 Teu kapalang lanang jati,  
 Keur kitu saurna putri,  
 Dén Ahmad geus jol ti payun,  
 Barang rét putri ningali,  
 Kagét barina ngalahir,  
 Radén Ahmad dicalikeun kana goyang.

11. Nyi Emban kagét manahna,  
 Aya nu seuri nu risi,  
 Mana risi ras ku ngupat,  
 Kaseuriyanana gaib,  
 Panggaibna waktu sumping,  
 Teu karana jol ti payun,  
 Ngan geus békéh baé katinggal,  
 Nyi putri // mando ngalahir, (61)  
 Engkang Ahmad haturan kuring haturan.

12. Kumaha Embi téh damang,  
 Sareng lenggah Engkang deui,  
 Radén Ahmad matur mangga,  
 Berkah pangdua Neng putri,  
 Sinarengan Engkang Nyai,  
 Ka Enéng gaduh piunjuk,  
 Bongan Enéng anu haat,  
 Miwelas ka jisim kuring,  
 Jisim kuring raraosan ku pasihan.

13. Anu mawi diri Engkang,  
 Ngadeuheus ka Enéng putri,

Deuk nyuhunkeun barang teda,  
 Siti Bagdad suka nguping,  
 Insya Alloh sukur teuing,  
 Atoh pisan ku pamundut,  
 Naon baé sakapalay,  
 Sipat asak mah sayogi,  
 Namung Engkang mundut lauk anu atah.

14. Tangtu kuring rada susah,  
 Mesem deui Radén Ahmad nguping,  
 Nun sumuhun leres pisan,  
 Menggah éta mah sim kuring,  
 Hanteu wantun pisan kuring,  
 Larangan batara guru,  
 Cilimit larangan Dewa,  
 Kitu carék saupama,  
 Éta kitu carék dalang mandalungan.

15. énggal deui Siti Bagdad,  
 Masang katuwangan gasik,  
 Sawaruh para inuman,  
 Sirop lawan téh manis,  
 Inuman geus warni-warni,  
 Ganti téh mah lawan anggur,  
 Lumurna anggeus ngajajar,  
 Lumur bodas héjo kuning,  
 Geus sayagi énggal Nyi putri mayunan.

16. Mangga Engkang geura tuwang,  
 Jisim abdi seja ngiring,  
 Dén Ahmad ngandika,  
 Jeung tangan anu ti keri,  
 Nepak éndong nyaur leutik,  
 Éndong aing jaluk tulung,

Pangnyirepkeun putri Bagdad,  
 Teu lami waktuna deui,  
 Sakersana Kang Dumadi tinekanan.

17. Teu lami deui waktuna,  
 Bijil sirep gandawangi,  
 Tegesna ganda téh kembang,  
 Basating wangí téh seungit,  
 Seungit kembang anu bijil,  
 Ku Néng putri geus ka ambung,  
 Langkung tunduh jeung nundutan,  
 Nyangkéré kulemna korsi,  
 Radén Ahmad nepak kasang ménta-ménta.
18. Geuwat éndong aing ménta,  
 Ménta baruwang nu matih,  
 Teu lami jol tina kasang,  
 Anu rupa daru beusi,  
 Gancang ku Ahmad dicangking,  
 Diasupkeun kana lumur,  
 // lumur nu aya inuman, (62)  
 Tanya Radén api-api,  
 Seug nyangkéré sarta dibuka sirepna.
19. Langkung rapet hanteu jiga,  
 Teu lami Dén putri tanghi,  
 Barang ngarérét ka Ahmad,  
 Katingal kulem na korsi,  
 Digugahkeun ku Néng putri,  
 Kang Ahmad sumangga atuh,  
 Kapan palya barang tuwang,  
 Naha bet kulem na korsi,  
 Radén Ahmad gugah bari jeung istigfar.
20. Nyi putri deui ngandika,

Mangga geura tuwang kopi,  
 Kapan palaya barang tuwang,  
 Dén Ahmad gugah jeung manis,  
 Parek Dén Ahmad tuwang kopi,  
 Suruput jeung tuwang anggur,  
 Énggal deui Siti Bagdad,  
 Seug nyarengan tuwang kopi,  
 Suruput anggur nu dieusi baruwang teya.

21. Tacan séép nu dituwang,  
 Ku matihna daru beusi,  
 Lumur ragrag kana meja,  
 Ngalenggerek éta putri,  
 Ongkék barina teu éling,  
 Teu lami jol hulu manuk,  
 Tina baham Siti Bagdad,  
 Ku Dén Ahmad katingali,  
 Top dicandak tuluy dituwang harita.

22. Barang bus kana bahamna,  
 Hulu manuk musna leungit,  
 Ka makam di awang-awang,  
 Ari éta Radén Putri,  
 Nyuuuh na meja teu éling,  
 Radén Ahmad matur imut,  
 Hé kakang téh Siti Bagdad,  
 Éta téh jisim kuring,  
 Seja méré nyanggakeun pangbales kakang.

23. Radén Ahmad bari nepak,  
 Nya éta kana Kakandi,  
 Geuwat éndong jaluk ubar,  
 Teu lami jol ubar matih,

Rupana téh jeruk mipis,  
 Jeung minyak wijen jebul,  
 Gancangna Radén Ahmad,  
 Dilandongan éta putri,  
 Hanteu lami Nyai putri enggeus waras.

### **XIX. Kinanti**

1. Ras imut Nyi putri lulus (sic!),  
 Semu sepa bari nangis,  
 Raga lesu reujeung piyas,  
 Urut tuwang daru beusi,  
 Sarta manahna rumasa,  
 Ku Ahmad ngaraos isin.
2. Nyi putri nalangsa kalbu,  
 Nyaur ka Ahmad raspati,  
 Rumaos kuring téh dosa,  
 Cidra ka Kang Ahmad tadi,  
 // ayeuna nuhun kabayar, (63)  
 Teu bénten Engkang binangkit.
3. Keur kasép digjaya punjul,  
 Duh Gusti panutan kuring,  
 Ayeuna sadaya-sadaya,  
 Nyanggakeun dua pangbakti,  
 Rumaos dikarigeden,  
 Bodo talingeuh sim kuring.
4. Geus aya Ratu saratus,  
 Ratu ngalamar ka kuring,  
 Ku Ama hanteu ditampi,

Sabab tacan purun galih,  
 Numawi teu purun manah,  
 Sabab aya nu dipamrih.

5. Manawi dipareng maksud,  
 Nanyaan lanang sejati,  
 Taya ménak taya somah,  
 Anu surup reujeung piker,  
 Ayeuna sim kuring mendak,  
 Nya Engkang nu saé galih.
6. Nyanggakeun diri sakujur,  
 Hingga ayana sim kuring,  
 Upama Kang Ahmad angkat,  
 Moal kantun jisim kuring,  
 Suka teu suka nya manah,  
 Diteda rido galih.
7. Papada miunjuk kitu,  
 Putri ka Ahmad Raspati,  
 Bari nerapkeun asihan,  
 Kawantu putrid binangkit,  
 Asihan si Jaran guyang,  
 Nu matak nguyung nya pikir.
8. Reujeung asihan si Guntur,  
 Nu matak luntur nya galih,  
 Katilu racun jalar,  
 Nu matak kelar ningal,  
 Kasmaran mapat amarah,  
 Malik asih ka awaking.
9. Sepi bagedad bagedud,  
 Radén Ahmad seug ngalahir,  
 Pun engkang téh nuhun pisan,  
 Ngangken galih ka nu miskin,

Amung nu rumaos engkang,  
Pilit ngeundeuk-ngeundeuk pasir.

10. Nya hunyur mandéan gunung,  
Jauh tanjakan ka langit ,  
Wikeke hayang bubuway,  
Dipaké ngeradan reungit,  
Laleur newakan kalapa,  
Cimande eusi jaladir.

11. Pangasih baé téh nuhun,  
Amung kai anak miskin,  
Eukeur miskin anak somah,  
Tumarum pangateul ping-ping,  
Diparek-parek geus waja,  
Lain pada caro ( ? ) beusi.

12. Dijieun pacul teu ucul,  
Dipaké bedog ngadigdig,  
Dipamoran waja akas,  
Tibatan sasama abdi,  
Pantes oge Mu Ulnajar,  
Pantes pikir waten abdi.

13. Nyi putri ngarontok gabrug,  
Bet nampik téh jongok teuing,  
Bari digégél lambeyna,  
Rahadén Ahmad // ku putri,  
Aduh naha Engkang Ahmad,  
Mana kaniaya teuing.

14. Abong ka nu goréng patut,  
Pikanyerieun nya pikir,  
Nampik téh sapadamayan,  
Rahadén Ahmad ngalahir,

Taya panginten nampikna,  
Teu wantu nyacad ka putri.

15. Kitu sotéh nya piunjuk,  
Eukeur dina saupami,  
Nya putri pangseg narosna,  
Sayaktosna ka sim kuring,  
Engkang téh singbilang terang,  
Bogoh hanteuna ka kuring.

16. Muga Engkang ulah palsu,  
Ditaros Engkang nu yakin,  
Mungga (sic!) masing terang,  
Radén Ahmad seug ngalahir,  
Pun Engkang téh wanton sumpah,  
Lamun teu bogoh ka Nyai.

17. Ari bogoh sakalangkung,  
Ngan isin ménak jeung kuring,  
Malah pikir palajuko (?),  
Kitu silang kana abdi,  
Pala asem juta uyah,  
Lir asem jeung uyah sami.

18. Nu pangsét jeung asem surup,  
Sarua ari nya pikir,  
Nyi putri deui ngandika,  
Cing ayeuna jisim kuring,  
Dék nyieun panaseng gesan (?),  
Mun yaktos bogoh ka kuring.

19. Sanajan rahasiah kitu,  
Téu dipénta tangtu bijil,  
Mun ditaros ku nu suka,  
Saruwa ngalembang sari,

Cing kuring naros rasiah,  
Tadi basa Engkang sumping.

20. Ti mana marga nya cunduk,  
Bet geus di jero kaputrin (sic!),  
Radén Ahmad seug ngandika,  
Sapurwa Engkang nya sumping,  
Lawang tujuh teu diambah,  
Ka luhur Engkang nya margi.

21. Anu matak siya kabur,  
Engkang gaduh jimat ejin,  
Hiji kaos dua kasang,  
Siti Bagdad misem (sic!) nguping,  
Hayang teuing sasarengan,  
Nyaho digandawati.

22. Saumur dumelah hirup,  
Kumaha rasaning ati,  
Nu ngambah wadiya gantang,  
Sim kuring manawi kenging,  
Haying nyarengan ka engkang,  
Saurna Ahmad sawawi (?).

23. Gancang anu dicatur,  
Dén Ahmad nganteur ka Putri,  
Endong téh seug disoréndang,  
Ari kaos sok ka putri,  
Dianggo ku Siti Bagdad,  
Seug lungsur Rahadén Putri.

24. Waktu harita keur subuh,  
Geus pada kaluar putri,  
Caang // bulan ping duwa belas, (65)

- Radén nepakan kakandi,  
 Jé (?) endong ngambah jagat,  
 Menta mabur kaya paksi.
25. Teu lami Ahmad dimakbul,  
 Biyur kaluhureun bumi,  
 Raos asa boga jang-jang,  
 Raden Ahmad seug ningali,  
 Ka handap ka Siti Bagdad,  
 Digupay ti luhur bumi.
26. Siti Bagdad sakalangkung,  
 Rap kaos enggeus tarapti,  
 Barang ka tangan kiwa,  
 Rét deui ka tangan keri,  
 Raos asa boga jang-jang,  
 Kikiplik baé nya putri.
27. Tí dinya belesur ka luhur,  
 Kok (?) tepang geus pada luhur,  
 Rumaos jadi galudra,  
 Sarta mikir hanteu risi,  
 Karamat kaos jeung kasang,  
 Radén putri seug ngalahir.
28. Ka Rahadén Ahmad nyaur,  
 Mangga kang geura pelesir,  
 Ngaréndéng pacantél tangan,  
 Nu kasép jeung pada lugina,  
 Geus tebih ti jer puri.
29. Barang rét ka handap tungkul,  
 Jauh sidik katingali,  
 Pulow-pulow katingalan,  
 Matak kelar nu ningal,  
 Raos asa na impiyan,

Barang rét kabéh ningali.

30. Kocap aya hiji pulo lucu,  
Nya éta pulo Manjeti,  
Radén putrid seug ngandika,  
Mangga lungsur kang Raspati,  
Itu kana pulo éndah,  
Siga aya sobat kuring.
31. Dén Ahmad teu panjang nyaaur,  
Diturut baé ku putri,  
Tiya (sic!) seug lungsur ka handap,  
Nya éta ka pulo Manjeti,  
Kocap geus dongkap ka dinya,  
Meneran ka jero puri.
32. Rahadén geus pada lungsur,  
Ka jero Kadaton puri,  
Harita keur jumaah,  
Kadaton kalangkung resmi,  
Palataran ku ngareunah,  
Kasmaran putri ningali.

## **XX. Asmarandana**

1. Kocapkeun ratu Manjeti,  
Ratu ngaratuan di dinya,  
Raja putri langkung kahot,  
Kakasihna Dewi Soja,  
Raja putri biantara,  
Raja putri langkung punjul,  
Putra Nabi Sulaiman.
2. Anu jadi papatih jin,  
Sadat Putu Sadat Putra,  
Jeung nu jadi Panghulu jin,  
Tambak Yuda Umar Maya,

Sadérék Umir Hamyah,  
 Mangsa harita keur suwung,  
 // sakabéhna pada saat. (66)

3. Keur pada ngiring ratu jin,  
 Jumaah ka Jabal Kupah,  
 Numawi suwung sakabéh,  
 Nu aya di Jabal Kupah,  
 Kuraesin Nyi Asmaya,  
 Sakitu ratu kacatur,  
 Kocap deui Radén Ahmad.
4. Sareng Siti Bagdad putri,  
 Pelesir ka padaleman,  
 Radén Ahmad seug marios,  
 Naha Enéng Siti Bagdad,  
 Kapan aya téh nagara,  
 Reujeung kalanganan lucu,  
 Namung teu aya jalmana.
5. Namung Siti Bagdad putri,  
 Sumuhun iyeu ka mana,  
 Kang rai langkung helok,  
 Naha iyeu padaleman,  
 Nu sakiyeu sayagana,  
 Kuring héran liwat langkung,  
 Naha ka mana jalmana.
6. Ayeuna iyeu nagari,  
 Jadi geus teu didayeuhan,  
 Disebutkeun ari kolot,  
 Da iyeu sayagi pisan,  
 Ngan sugaran nagara wakap,  
 Pangbubusan ratu kabur,  
 Cing coba urang abusan.

7. Barang sup ka jero puri,  
Biasa di padaleman,  
Radén hanteu weléh kagét,  
Béh Maligey panglinggihan,  
Gék calik Dén Siti Bagdad,  
Jeung nyandak bantal alus,  
Golépak kulem nangkarak.
8. Raksukan lugay saeutik,  
Pinareup témbong katingal,  
Jeung bitis putri katémbong,  
Jiga humut jambé mayang,  
Putri satengah ngahaja,  
Radén Ahmad anggeus ratug,  
Manah mani tutunggulan.
9. Diimutan ku Dén putri,  
Beuki wuwuh Radén Ahmad,  
Manahna geus luwak-léwok,  
Digoden Siti Bagdad,  
Mah hanteu kuwat istigfar,  
Saking ku bedasna napsu,  
Ngarontok ka Siti Bagdad.
10. Digaley Rahadén putri,  
Digalemoh diciuman,  
Amung saperkawis baé,  
Pageuhan ngajaga sahwat,  
Pitulung hanteu ngagoda,  
Bakating ku asak ilmu,  
Dasar tedaking Pandika.
11. Dén Ahmad ku Dén putri,  
Tuluy baé dipépénta,

Sarta nyusup kana pangkon,  
 Lami-lami Radén Ahmad,  
 Reup kulem tibar kacida,  
 Siti Bagdad ngagelenyu,  
 Nu keur kulem dicium.

12. Dén Ahmad teu tangi-tangi,  
     Tuluy kulem baé tibra,  
     Putri manahna téh sérong,  
     // ceuk putrid na manahna, (67)  
     Bisi panungtungan tepang,  
     Nu kulem haben dicium,  
     Saparantos dicuman.
13. Rahadén Ahmad ku putri,  
     Dialihkeun kana bantal,  
     Bari éndongna dicokot,  
     Kaus sumawona panah,  
     Éndong tuluy disoréndang,  
     Radén Siti Bagdad nyaur,  
     Nu kulem disusumbaran.
14. Akang pileueuyan kuring,  
     Panah di tempat rampada,  
     Seug eusina beregoh (?),  
     Ari manah ka gamparan,  
     Kuring lain teu bogoh mah,  
     Ngan inget ka menyan gunung,  
     Kuring inget ka wiwirang.
15. Kop iyeu juraga (sic!) Manjeti,  
     Ahmad geura harakanan,  
     Sukur ogé manéh kojor,  
     Ulah bias deui mulang,  
     Ka Mesir Rahadén Ahmad,

Ayeuna manéh enggeus tangtu,  
Di diyeu meunang cilaka.

16. Radén Siti Bagdad putrid,  
Saenggeus nyébakeun Ahmad,  
Ti dinya ditilar baé,  
Siti Bagdad napak kasang,  
Rap dikaos geus sadiya,  
Éndong kaos caluk ngapung,  
Lami ka Mesir sing dongkap

17. Belesurngapung Dén putrid,  
Dén Ahmad ketir ditilar,  
Gancangna iyeu carios,  
Radén putri Siti Bagdad,  
Ka nagri Mesir geus dongkap,  
Kocap deui nu dipungkur,  
Radén Ahmad nu ditilar.

18. Barang ras Radén téh éling,  
Rét Siti Bagdad teu aya,  
Rét ka gigir rét ka kulon,  
Barangna ningali jimat,  
Éndong kaos hanteu aya,  
Radén Ahmad ngarumpuyuk,  
Aing mata karinggesan nyurucud,  
Cisoca nangis tugenah.

19. Manah Dén Ahmad deui,  
Kalangkung matak hawatos,  
Teungteuingeun Siti Bagdad,  
Hanteu weléh,  
Kaniaya henteu ceta,  
Pikir palsu,  
Gawéna telik pangindra.

20. Mending-mending diri aing,  
 Papada aing dicidra,  
 Tiyap di Mesir karaton,  
 Paéh aya nu manggihan,  
 Bibi randa nyeungceurikan,  
 Ayeuna diri téh jauh,  
 Carék sisindiran temah.
21. Liyeuk leuweung liyeuk giri,  
 Jauh ka sintung kalapa,  
 Liyeuk deungeun liyeuk ka diri téh,  
 Jauh ka indung // ka bapa, (68)  
 Kawuwuhan Radén Ahmad,  
 Ras ka sadérék imut,  
 Geus beuki mangpaung manah.
22. Cai mulang cai malik,  
 Cai ngocor ka astana,  
 Kuma pulang nya balik téh,  
 Ngumbara kiyeu rasana,  
 Hanteu terang lebahna,  
 Pendekna manah ngangluh,  
 Kawuwuhan manah iglas (sic!).
23. Lebih mati diri aing,  
 Jeung dulur deui teu tepang,  
 Ti dinya Radén téh miyos,  
 Mendak linggis jeung bedogna,  
 Parabot ejin di dinya,  
 Dicandak ku Radén tuluy,  
 Kaluwareun padaleman.
24. Béh mendakan tangkal kai,  
 Ngarumpuyuk alus pisan,  
 Dahanna nglér jeung ngulon,

Pék Radén nyieun ruwangan,  
 Ngadekul ngali ruwangan,  
 Jerona geus duwa siku,  
 Rahadén manahna iklas.

25. Papada aing téh mati,  
     Jadi hanteu panasaran,  
     Ari geus ngaruang manéh,  
     Ti dinya Radén seug sila,  
     Di jero éta ruwangan,  
     Ngaruwang anjeun geus putus,  
     Kitu semet beuheungna.
26. Kantun mastakana kari,  
     Gular-giler socana,  
     Kaluhur socana nyantong,  
     Kocap saluhureun Ahmad,  
     Aya kayu ngalwahan,  
     Dieunteupan duwa manuk,  
     Ngaran manuk Surabaya.
27. Rupana manuk téh putih,  
     Geus matuh eunteupna,  
     Beurang peuting tara gened (?),  
     Saumur-umur di dinya,  
     Tara ingkah barilahan,  
     Sanajan hiberna jauh,  
     Ari balik mah ka dinya.
28. Tapi ngan sajodo pasti,  
     Awéwé jeung salakina,  
     Mangsa harita éta téh,  
     Manuk awéwéna nanya,  
     Naha aki ari urang,  
     Kawas euweuh deui kayu,

Keur baris eunteup-eunteupan.

29. Matuh baé urang cicing,  
 Teu (sic!) baheula tara ingkah,  
 Hanteu cara manuk séjén,  
 Tara matuh cara urang,  
 Manuk lalakina jawab,  
 Na bet nini nanya kitu,  
 Kawas manéh hanteu terang.

30. Seug nini ngalahir deui,  
 Atuh puguh teu nyaho mah,  
 Na atuh aki urang téh,  
 Numawi matuh nya nyembah,  
 Seug aki deui ngajawab,  
 Ulah bedas teuing nyaur,  
 Bisi kadéngé manusa.

31. Carék nini moal aki,  
 Sumawona bangsa manusa,  
 Kapan sahingga (?) ejin gé,  
 Samangsa dawuh ayeuna,  
 Keur pada suwung sadaya,  
 Seug aki deui ngawangsul,  
 // geus nini nanyana. (69)

32. Anu matak cicing,  
 Jadi urang piwarangan,  
 Nya éta ka Gusti urang téh,  
 Kanjeng Nabi Sulaiman,  
 Tunggu kayu iyeu urang,  
 Ari iyeu téh kayu,  
 Ngaran kayu kastubaya.

33. Ari mujijatna kai,

Ieu hanteu kinten pisan,  
 Ngan bodo ejin sakabéh,  
 Boro mah nu jadi raja,  
 Putra Nabi Sulaiman,  
 Tatapi euweuh nu weruh,  
 Ka iyeu kai kastuba.

34. Markuna (sic!) sadaya kai,

Asal kai ti sawarga,  
 Euweuh pisan anu nyaho,  
 Ieu téh kai asalna,  
 Nu mawana anu miara,  
 Ieu anu daham ngidul,  
 Mun dituwar tangtu pisan.

35. Jadi kuda samparani,

Bisa ngambah wadiya gantang,  
 Ari daham nu leutik téh,  
 Mun ditilas tangtu pisan,  
 Jadi pecut ngaran pun kilat,  
 Upama dipaké mabuk,  
 Gunung reg (?) sagara saat.

36. Kulitna éta geus pasti,

Jadi sebrok jadi sela,  
 Jeung deui éta kuda téh,  
 Geus boga ngaran sorangan,  
 Ngaran pun kastubaya,  
 Kaduwa pun méga mendung,  
 Tonjok sépak bewangkara.

37. Jadi kuda parajurit,

Téh kitu nini asalna,  
 Ari ceuk among nini téh,  
 Kutan téh kitu asalna,

Urang jin taya nu weruh,  
Barang eukeur sasauran.

38. Ku Radén Ahmad kakuping,  
Lajer (?) galih Radén Ahmad,  
Barina Radén ngadéhém,  
Kénging Lailatul Kadar,  
Ku manuk duwa katingali,  
Kagét bari hiber manuk,  
Rahadén Ahmad seug énggal.

39. Ngalupay jeung ngangkat bumi,  
Geus bijil tina ruwangan,  
Jeung teu hésé nyiar bedog,  
Enggeus sadiya di dinya,  
Tuluy kitu téh diatur,  
Nya éta nu dahan ngidul,  
Gorénjang geus jadi kuda.

40. Kuda héjo samparani,  
Geus sadia jeung selana,  
Dahan leutik seug dikadék,  
Jegér jadi pecut kilat,  
Ku Radén Ahmad dipencal,  
Huhah-héhoh suka galih,  
Hohowung bari adéan.

41. Seug maju ka lebah puri,  
Kalanggenan disépakan,  
// paburantak sakabéh pot, (70)  
Pék muter jero nagara,  
Dipecut ku Radén Ahmad,  
Belesur ngapung ka luhur,  
Geus mangku di jero puri.

## **XXI. PANGKUR**

1. Geus ngambah wadiya gantang,  
 Radén Ahmad suka langkung suka galih,  
 Reujeung tambah suka kalbu,  
 Sok tunda Rahadén Ahmad,  
 Ganti deui raja anu kapicatur,  
 Nyaritakeun Dewi Soja,  
 Raja putri ing Manjeti.
2. Geus sumping ti Jabal Kupah,  
 Pulih (sic!) Jumaah diiring ku para jin,  
 Balad jin mangrébu-rébu,  
 Geus raing nu maca du'a,  
 Nu dibaca naktu dinur jeung kulatu,  
 Sawaréh maca solawat,  
 Maca tasbéh reujeung dikir.
3. Kacaturkeun Dewi Soja,  
 Barang sumping ka karaton kagét galih,  
 Kalanggenan ruksak lebur,  
 Pot wadah patingjaropak,  
 Kekembangan paburantak amburadul,  
 Sup deui ka jero puri,  
 Téh bantal jeung guguling,
4. Pabuaran paburantak,  
 Dina ranjang kawas diacak busik,  
 Beu manah Raja Ayu,  
 Na iyeu saha jalma,  
 Anu wani ngarukasak jero kadatun,  
 Jeung deui bet aya sobrah,  
 Mangle kembang katingali.
5. Tambah pusing raja putra,  
 Kawas aya jalma anu mawa istri,  
 Ngadon jinah di Kadaton,

- Ratu Ayu Dewi Soja,  
 Nyaur patih duwa patih enggeus jebul,  
 Sadat Putu Sadat Putra,  
 Geus marek ka raja putri.
6. Dewi Soja seug ngandika,  
 Coba patih ku maranéh taringali,  
 Urut naon iyeu busuk,  
 Kami téh béyak teu suka,  
 Radén patih maca dikir bari tungkul,  
 Raos abdi aya lacak,  
 Nu ngadon ngalambang sari.
7. Sarta kalangenan ruksak,  
 Sareng iyeu deui tapak sidik,  
 Ngaruksak luwar kadatun,  
 Dewi Soja seug ngandika,  
 Geuwat patih téyangan kudu katimu,  
 Iyeu jalma nu ngaruksak,  
 Manusa atawa ejin.
8. Patih kudu baé beunang,  
 Sakabéh jin paréntah kudu arindit,  
 Helos patih Sadat Putra,  
 Sakabéh jin disaur sakabéh kumpul,  
 Sadat Putra seug nimbalan,  
 Hé sakabéh para ejin.
9. // coba taksir iyeu rukasak, (71)  
 Kalangena sarawuh kadaton putrid,  
 Bet aya nu ngabusuk,  
 Téyangan tangkep jalmana,  
 Kudu beunang tangkep sarta tuluy bunuh,  
 Iyeu jalma kurang ajar,  
 Kawas nu geus bosen hirup.

10. Sakabéh jin pada mangkat,  
 Teng baliyur ngulon ngétan nerus bumi,  
 Sawaréh anu kaluhur,  
 Kitu deui Sadat Putra,  
 Geus teng angkat jeung raina Sadat Putu,  
 Teu lami deui waktuna,  
 Nu kaluwar sakabéh jin.
11. Geus kapendak Radén Ahmad,  
 Ku para jin nyéta digandawati,  
 Geus pada dikepung mangul,  
 Kepung bakul buaya mangap,  
 Radén Ahmad ningali jin mangrébu-rébu,  
 Nu matak ka jin awas,  
 Karamatna samparani.
12. Radén Ahmad pada nanya,  
 Ku para jin anu tumpak Semparani,  
 Aku ngaran meungpeung hirup,  
 Bangsa jin atawa manusa,  
 Wani ngaruksak kana kalangenan ratu,  
 Jeung urang mana sampéyan,  
 Reujeung naha wani-wani.
13. Bet ngaruksak kalangenan,  
 Reujeung deui wani asup ka puri,  
 Naon sabab coba aku,  
 Dén Ahmad seug ngandika,  
 Ngaran kula Radén Ahmad Putra Jemur,  
 Imah kula di nagri Sam,  
 Keur sasab ka Manjeti.
14. Jeung kula bangsa manusa,  
 Reujeung deui terang pisan diri kami,  
 Anu asup ka kadatun,

Jeung ngaruksak kalanganan,  
 Anu matak ngaruksak kalanganan ratu,  
 Kudu merudah (?) teu tahan,  
 Jeung nu matak asup kami.

15. Sugan téh aya nagara,  
 Hanteu aya jalma atawa jin,  
 Bongan euweuh anu nunggu,  
 Kawas nu kurang dirgama,  
 Mun enya mah iyeu ratu naha kitu,  
 Pendakna ayeuna urang,  
 Ménta timbang para jin.
16. Kasalahan wiréh sabab,  
 Para ejin ngajawab jeung wani,  
 Ayeuna manéh geus tangtu,  
 Kami moal aya timbang,  
 Hukum kami tiyap geus ngaruksak tangtu,  
 Adilna dibales ruksak,  
 Manéh mowal bias nyingkir.
17. Dék ngejat-ngejat ka mana,  
 Ténjo iyeu batur kami para jin,  
 Manéh geus dikepung bakul,  
 Radén Ahmad seug ngandika,  
 Insya Alloh manéh taya timbang // sakitu, (72)  
 Mémang kami ngan sorangan,  
 Lilah dunya tegang pati.
18. Paéh hanteu panasaran,  
 Hukum kami ayeuna ngahukum musrik,  
 Sanajan dosa sakitu,  
 Perdu (sic!) ogé ditimbang,  
 Ari manéh taya timbangan sakitu,  
 Ka kami taya timbangan,

Kami wani ngalawan jin.

19. Reujeung kami hanteu sabar,  
 Geura tangkep sore wani isuk wani,  
 Rob kabéh para jin rabul,  
 Kuduna geus pada néwak,  
 Enggeus rétém Dén Ahmad ras kana pecut,  
 Para jin dibabuk mulang,  
 Murubut jin jeung teu éling.
  
20. Kitu deui éta kuda,  
 Nyépak najong digebegkeun para ejin,  
 Ku Ahmad dituyung pecut,  
 Para jin murubut murag,  
 Parandena taya aleutan nu nubruk,  
 Lir nyiruwan anu nyanyang,  
 Rob ti pungkureun ti gigir.
  
21. Radén Ahmad rangkung (sic!) marah,  
 Sakabéh jin dibabuk deui cameti,  
 Enggeus murubut ti pungkur,  
 Anu dipenjara hujan,  
 Para ejin geus teu tahan kana pecut,  
 Kabéh ejin kapidara,  
 Tingjarungkel kana bumi.
  
22. Kapendak ku Sadat Putra,  
 Pada kagét ningali murubut perjurit,  
 Sadat Putu téya rusuh,  
 Cing geuwatkeun béjakeun,  
 Naon iyeu para ejin mana rebut,  
 Para ejin pada jawab,  
 Sakur jin nu geus tarangi.
  
23. Wah juragan abdi tiwas,

Batur abdi kapidara henteu éling,  
 Batur sarébu katempuh,  
 Paingan wani ngaruksak,  
 Kalangenan jeung kadaton dibubuk-bubuk,  
 Manusa néyangan lawan,  
 Ayeuna parantos bukti.

24. Jalmana anu ngaruksak,  
 Ngaran Ahmad eukeur tumpak semparani,  
 Para jin rubuh dipecut,  
 Taya nu munggapulia,  
 Ayeuna gé eukeur tatandang di luhur,  
 Talkudira sondara,  
 Keur meujeuhna pasang diri.

25. Kagét patih Sadat Putra,  
 Seug nimbalan geuwat pasang pakarang jin,  
 Pedang tumbak parbot panah,  
 Bungbeng jin sagep pakarang,  
 Geus sadiya para jin,  
 Sakabéh kumpul dikerid ku Sadat Putra,  
 Geus barang deui balad jin.

26. Pakarang jin tinggurilap,  
 ..... enggeus tepang deui rob deui,  
 Dikepung bakul,  
 Dikepul bakul buaya mangap,  
 Tinggurilap pakarang jin,  
 ..... // Ahmad ningalan, (73)  
 Hanteu mundur masih wani.

## **XXII. Durma**

1. Radén Ahmad ngaraos gimir manahna,  
 Ningali pakarang ejin,  
 Tinggurilap matak sérab,

- Parandena enggeus iklas,  
 Jeung deui iyeu nagari,  
 Teu nyana pisan,  
 Sugih bala perjurit.
2. Enya éta aing téh nangtukeun yuswa,  
 Sarta tangtukeun perjurit,  
 Saupama aing menang,  
 Iyeu téh dina peperang,  
 Sarta mun éléh perjurit, diri percaya,  
 Milih bakal bareng jurit.
  3. Eukeur kitu enggeus rob ti tangan kiwa,  
 Teu (sic!) payun ti pengker deui,  
 Enggeus pacorok baraja,  
 Ngadukeun pucuk curiga,  
 Tingkuciwek kana keri (sic!),  
 Batara kala,  
 Ngetek ludira sondari.
  4. Radén Ahmad seug narik pecut pun kilat,  
 Jegér dipecut para jin,  
 Sumawona nu katinggal,  
 Hingga nu katurelengan,  
 Perjurit sakabéh jin,  
 Jeung pakarangna,  
 Parotong taya nu mahi.
  5. Jol ti gigir dipecut dibabuk mulang,  
 Ti pengker disépak semparani,  
 Jol ti luhur pék dihontal,  
 Nu jol ti handap ditinggang,  
 Geus murubut balad jin,  
 Tanpa wilangan,  
 Cara hujan murubut jin.

6. Kapidara rébu-rébu balad jin teu kilat,  
Sakabéh jin pada gigis,  
Kagét patih Sadat Putra,  
Énggal nyaur ka rayi,  
Duh cilaka urang adi,  
Balad teu kiyat,  
Geus murubut balad jin.
7. Coba rayi urang buru baé kudana,  
Gancang Sadat Putra patih,  
Enggeus sabet kawas kilat,  
Jebét dikitik Dén Ahmad,  
Ku cameti beusi patih,  
Rahadén Ahmad,  
Geuwat nyuuh henteu éling.
8. Kastubaya kuda semparani,  
Digibrigkeun nyora tarik,  
Ngadéngék ngabijilkeun petak,  
Ras éling Rahadén Ahmad,  
Geuwat sakilat dicangking,  
Dén Sadat Putra,  
Enggeus seyot nyata deui.
9. Radén Ahmad taki-taki awas .....,  
Barang jebét Sadat Putra jati,  
Nenggel deui ka Dén Ahmad,  
Ditakis ku Radén Ahmad,  
Bubuk .....,  
Babar pisan,  
Sadat Putra muru deui.
10. Ngan sakilat ngoloyong ti luhur rag-rag,  
// Sadat Putu dating deui, (74)  
Jetot numbak ka Dén Ahmad,

Dén Ahmad tangeh teu ngejat,

Cameti kilat ditarik,

Ku Radén Ahmad,

Sadat Putu seug digitik,

11. Ngan sakilat ngoloyong ka handap tiba,

Barang gebut kana bumi,

Sadat Putu kapidara ras,

Éling deui teu lila,

Barang ngarérét ka gigir,

Dén Sadat Putra,

Ku Sadat Putu kapanggih.

12. Barang dék bek Sadat Putra dék melesat,

Ku Sadat Putu dipahing,

Barina dipegat,

Adi mangké heulaanan,

Poma ulah maju deui,

Sanajan kakang,

Lain kawon masih wani,

13. Coba itu batur urang ripuh pisan,

Pada cacad ku cameti,

Saumur kakara,

Dibalas ku musuh napas,

Leres cek rayi jin,

Cing atuh urang,

Kumaha ayeuna urang rayi.

14. Ceuk rayina leuwih hadé urang unjukan,

Kari-kari Maha raja Putri,

Kocapkeun iyeu carita,

Duwa patih geus teng iyang,

Ngadeuheusan ka raja putrid,

Sang Dewi Soja,

- Geus ningal duwa papatih.
15. Geuwat manéh cek aceuk kumaha nanya,  
 Gék calik duwa papatih,  
 Gancang patih unjukan,  
 Sim abdi unjuk uninga,  
 Perkawis éta nu julig,  
 Ngaruksak kembang,  
 Ku abdi enggeus kapanggih.
16. Sanés ejin buktina bangsa manusia,  
 Kapendak ku jisim abdi,  
 Eukeur ngajar hiji kuda,  
 Di luhur madya gantang,  
 Tumpak kuda semparani,  
 Amung teu kiyat,  
 Ditangkep ku jisim abdi.
17. Batan kiyat anggur para jin ruksak,  
 Hanteu kuwat ku cameti,  
 Samalah sim abdi pisan,  
 Milu nangkep hanteu kiyat,  
 Sampe neunggeul kuda cameti,  
 Matih pecutna,  
 Sampe méh satengah mati.
18. Barang éling sim abdi asa pasiksak,  
 Éta téh jisim abdi,  
 Sadaya-sadaya unjukan,  
 Wiréhing abdi teu kiyat,  
 Sakabéh nyanggakeun diri,  
 Réhing teu kiyat,  
 Beuheung téh peuncit ku Gusti.
19. Dewi Soja midéngé (sic!) patih seug marah,

Hé ayeuna manéh patih,  
 Enggeus hanteu kiyat perang,  
 Bubuhan aceuk rajana,  
 Tamiyang meulit ka bitis,  
 Bubuhanana,  
 Bener si aceuk téh istri.

20. Tatapina // tiningal ngejat ti medan,

Lebih anggur tegang pati,  
 Bari dangdan Dewi Soja,  
 Nyungkelang pedang nyandak panah,  
 Jeung nyandak cameti rukmin,  
 Rawuh senjat,  
 Ngaranna panah dadali.

21. kitu deuyi Dén putrid nyandak duriyas,

Duriyas héjo jeung kuning,  
 Jeung rupa dibudeur rarayna,  
 Ningali sawenang-wenang,  
 Supaya ulah katawis,  
 Raray kularan,  
 Barangna enggeus tarapti,

22. Biyur mabur ngabujeng madya gantang,

Diiring ku duwa patih,  
 Kalepasan Dewi Soja,  
 Kaliwat Rahadén Ahmad,  
 Barang rét ka Sang Raja Putri,  
 Ningal ka handap,  
 Anu tumpak semparani.

23. Dewi Soja melesat deui ka handap,

Kek tepang jeung Ahmad deui,  
 Rahadén Ahmad mariksa,  
 Barang rét Ahmad umingal,

- Naon iyeu dabudir (?),  
 Teu témbong raray,  
 Musuh atawana lain,
24. Dewi Soja nambalang barina keras,  
 Montong-montong semettatanya teuing,  
 Iyeu raja Jabal Kupah,  
 Anu baris nangkep andika,  
 Nu kuring adab pelekik,  
 Raos digjaya,  
 Apes deungeun gagah aing.
25. Radén Ahmad ngandika barina keras,  
 Geura deuk baé ka kami,  
 Kula enggeus pasrah,  
 Téga pati lilah dunya,  
 Gancangna Ratu Manjeti,  
 Seug mulung tumbak,  
 Seyot dialungkeun tarik.
26. Radén Ahmad seug narik pecut kilat,  
 Tumbak putri seug ditakis,  
 Rampung tumbak Dewi Soja,  
 Luyuk murudul ka handap,  
 Ngenes putri ing Manjeti,  
 Seug narik pedang,  
 Geus sebrut ngabunuh tarik.
27. Pedang putri ditakis ku pun kilat,  
 Rampung deui pedang putri,  
 Murudul deui ka handap,  
 Dén Ahmad énggal melesaat,  
 Jebét putri ing Manjeti,  
 Koléyang rag-rag,  
 Dewi Soja hanteu éling.

28. Barang tiba Dewi Soja kana lemah,  
 Janggélék geus tangi deui,  
 Ras imut kana senjata,  
 Geus biyur panah dilepas,  
 Teu lami panah dadali,  
 Ku Dén Ahmad,  
 Kaleresan éta jamparing.
29. Barang jatoh sukuna dampal ti tukang,  
 Kastubaya hanteu éling,  
 Ngeleper rag-rag ka handap,  
 Cara langlayangan ngedap,  
 Barang gebut kana bumi,  
 Kagesit Dén Ahmad,  
 Ningal kuda hanteu // éling. (76)
30. Barang éling éta kuda leungit musna,  
 Leungit tina medan jurit,  
 Kagét manah Radén Ahmad,  
 Keueung katilar ku kuda,  
 Parandena ningal ejin,  
 Nya masih awas,  
 Karamat éta cameti.
31. Dewi Soja geus jol ti payun Dén Ahmad,  
 Jeung candak cameti rukmin,  
 Katingal ku Dén Ahmad,  
 Dén Ahmad ngulung pun kilat,  
 Jebét putri ing Manjeti,  
 Keleper tiba,  
 Rampuyuk Nyi Putri éling.

### **XXIII. Magatru**

1. Radén Ahmad susumbar barina mundur,  
 Geura hudang raja ejin,

Geura kami geura tempo,  
 Tambah tumaninah,  
 Perang luwareun karaton.

2. Dewi Soja ngajanggélék deui geus lulun (?),  
 Cameti rukmin ditarik,  
 Jebét Dén Ahmad dibabuk,  
 Kaleresan kana kuping,  
 Jéngkél Dén Ahmad ramohpoy.
  
3. Jumarigjeug hanteu éling muwih lanjung,  
 Dewi Soja seug ngalahir,  
 Sumbang ipayah pamuk (?),  
 Montong muwih siya iblis,  
 Hayo maju ari jago.
  
4. Radén Ahmad janggélék deui nangtung,  
 Hayo jamak lalaki,  
 Dewi Soja mindo mecut,  
 Jegér Dén Ahmad digitik,  
 Gebut deui ngajolopong.
  
5. Balad ejin bujal (sic!) nanggap anu pupuh,  
 Pagelek-gelek ningali,  
 Sili séréd pada batur,  
 Sami hayang ningal jurit,  
 Balad ejin tingkaleprok.
  
6. Radén Ahmad éling deui geus nangtung,  
 Barina pinter ngagitik,  
 Jegér Nyi putri dibabuk,  
 Jengker Dén putri teu éling,  
 Nyaurna Dén Ahmad hayo.
  
7. Dewi Soja ras éling deui seug mecut,  
 Ahmad teng deui teu éling,

- Geus lulun (sic!) deui jeung mecut,  
 Dewi Soja seug ngagitik,  
 Leng Dén putri ngoloyong.
8. Hanteu lami Nyi putri ras deui lulun,  
 Sami pada mundur keri (sic!),  
 Jeung pada susumbar angrut,  
 Carék Sang Ratu Manjeti,  
 Jeung ngejat mah anggur maot.
9. Carék Ahmad kami gé nya kitu,  
 Manéh mun dangong ka nytingkir,  
 Kawilang éra kalangkung,  
 Sabab putra perbumi,  
 Kontol manéh dina tonggong.
10. Dewi Soja dikitukeun rada imut,  
 Nyebutkeun kontol ka istri,  
 Taha (sic!) manéh éta musuh,  
 Hanjakal teuing lalaki,  
 Boro kasép sarta jago.
11. Kurang awas naha manéh téh linglung,  
 Bet gajah disebut munding,  
 Bener nya pisang nya cau,  
 Bener ayeu diri kami,  
 Papada maké teregos.
12. Coba pikir ku manéh téh geura teguh,  
 Saéna téh ieu kami,  
 Rahadén Ahmad ngawangsul,  
 Ka kami tacan kaharti,  
 Coba laan baé teregos.
13. Sang Manjeti nambalang deui ka musuh,  
 Perkawis teregos kami,

Moal dibukakeun tangtu,  
 Ku manéh seug baé pikir,  
 Da manéh téh kapan jago.

14. Lamun bisa manéh téh nyebutkeun tangtu,

Tangtu perjurit lineuwih,  
 Tangtu manéh anu unggul,  
 Tangtuna rumasa kami,  
 Ku manéh bakal kawon.

15. Mun teu meunang paneguh manéh tangtu,

Percumah jadi perjurit,  
 Coba enggeus manéh tangtu,  
 Rasakeun pangbales kami,  
 Gondewa kami sing téndo.

16. Si dadali mun dilepas enggeus tangtu,

Teges beuheung enggeus pasti,  
 Nugel jangga enggeus tangtu,  
 Coba geura teguh kami,  
 Sebutkeun iyeu taros.

17. Radén Ahmad kocana seug nyebut musuh,

Éta manéh ratu ejin,  
 Nu matak dibuder kitu,  
 Korét ku beungeut ka kami,  
 Mata manéh téh bolotot.

18. Kaduana éta irung manéh sumpung,

Sakitu panyepuh kami,  
 Sang ratu Manjeti,  
 Nyaur mun kitu manéh pangarti,  
 Kajaba mun olo-olo.

19. Dirangkepkeun pantar manéh téh sapuluh,

Radén Ahmad ngerik pikir,

Kapalang kami nya hurip,  
 Sakiyeu teu meunang jurit,  
 Lain babar aing maot.

20. Pecut kilat ditarik deui maju,  
     Kitu deui raja putri,  
     Susumbar supaya ngamuk,  
     Jeung narik cameti rukmin,  
     Bukbek sili // babuk séwot.         (78)

21. Sami pada takludira barang abus,  
     Lut-lat sami pada pati,  
     Saunggara perang pupuh,  
     Pecut kilat lawan rukmin,  
     Sami sili bebet awon.

22. Kaleresan duwanana pada rubuh,  
     Rahadén Ahmad teu éling,  
     Raja putri ngajulupung,  
     Sami kasorén jurit,  
     Barang ras sami ngagoloyong.

23. Énggal gugah sami gugah pada teguh,  
     Dewi Soja top cameti,  
     Éh rasakeun manéh musuh,  
     Tahan senjata dadali,  
     Geus tinangtu manéh maot.

24. Geura tungkul ka langit tanggah ping pitu,  
     Sasambat ka kandang wargi,  
     Ka jalma-jalma ping pitu,  
     Barang dék lepas jamparing,  
     Kabujeng nu misah geus jol.

25. Umar Maya tambak yuda sela muyung (?),  
     Panghulu nagri Manjeti,

Bunga emas mangké ayu,  
 Alun-alun mangga éling,  
 Iyeu urang rék papagon.

26. Musuh Enéng mun meneran ceuk dina buk,

Carék duplikat Manjeti,  
 Jaganing pagéto tangtu,  
 Raya totondvn Manjeti,  
 Pun kastuba enggeus potong.

27. Tangtu baé bakal boga raka punjul,

Nu jadi lantaran jurit,  
 Éta musuh taya tangtu,  
 Enggeus mowal salah deui,  
 Enggeus tangtu ka pijodo.

28. Samalahana dina buk enggeus disebut,

Jenengna carogé Nyai,  
 Radén Ahmad putra Jemur,  
 Lamun teu salah jeung jinis,  
 Putra raja Sam karaton.

29. Radén Ahmad ngadangu rumpuyuk piyuk,

Bari munjungan sakali,  
 Nangis barina jeung nyaur,  
 Nun uwa sumuhun kuring,  
 Sasambat leres yaktos.

30. Tuwang putra ras tepang jeung karuhun,

Umar Maya seug ngagalih,  
 Lakadalah kuma kitu,  
 Hanteu salah uwa Nyai,  
 Geura aku baé kabogoh.

31. Dewi Soja gancang ngabukakeun cindung,

Barang rét peuneunteung (sic!) putri,

Bari imut ngagelenyu,  
 Jiga widadari lalahir,  
 Dewata téjoing karaton.

32. Pinareupna diguley saeutik ayu,

Jiga-jiga cengkir koning,  
 Teu lami deui di lungkup,  
 Ngilangkeun karinget putrid,  
 Bakating hareudang angot.

33. Radén Ahmad hookeun liwat langkung,

Ningali putri Manjeti,  
 Nyaur // payuneun panghulu, (79)  
 Uwa teu nyana sim kuring,  
 Ratu Manjeti wadon.

34. Lamu nyata istri keur perang pupuh,

Putra méh kantenan miris,  
 Miris ku duwa ku tilu,  
 Saperkawis eujeung istri,  
 Éra diadu jeung wadon.

35. Duwana mowal enya aya napsu,

Anggur taluk baé abdi,  
 Tibatan kuring téh pupuh,  
 Anggur taluk baé abdi,  
 Kunu manis atir gulo (?).

#### **XXIV. Dangdanggula**

1.// Umar Maya panghulu Manjeti, (79)

Seug ngandika ka Sang Dewi Soja,  
 Cing ayeuna Nyai katon,  
 Ka akangna geura munjung,  
 Menggeus ulah perang jurit,  
 Dén Ahmad geura akuran,

- Dewi Soja matur,  
 Nuhun pariksa jeung uwa,  
 Seja ngiring tapi aya saperkawis,  
 Dinu kasép Radén Ahmad.
2. Suka ogé manggah jisim abdi,  
 Naming itu biheung teu sika,  
 Panghulu Marmaya walon,  
 Mun teu purun Gan Ayu,  
 Jeung uwa lawanna jurit,  
 Da uwa ogé asalna,  
 Ruruntuk kumendur,  
 Baheula di nagri Mekah,  
 Dipercaya ku ménak Baginda Amir,  
 Senapati ing laga.
3. Coba Radén Ahmad geura muni ( ? ),  
 Mun teu bogoh ka nu mohér,  
 Sakitu nya gandang nyempelu,  
 Turug-turug putra nabi,  
 Tur keur geulis jadi raja,  
 Bodo mun teu purun,  
 Jeung parawan lain randa,  
 Weuteuh kénéh sampayan minyak Manjeti,  
 Kakuping ku Dewi Soja.
4. Seug diteunggeul uwa gurit,  
 Wus ari uwa ku sok ngéwa,  
 Bet kawas nu dagang baé,  
 Nawarkeun téh dirurusuh,  
 Dihanteum dibingbing,  
 Abong kabbarang ridangan,  
 Teu payu saminggu,  
 Wayahna jamlang awak,

- Moal buruk diingkeun sataun deui,  
 Radén Marmaya ngagakgak.
5. Radén Ahmad seug mabur ka putri,  
 Aduh gusti Engkang unjuk tinggal,  
 Supados gusti waspaos,  
 Pikir angkang anu tangtu,  
 Diangken raka ku nyai,  
 Asup kana paribasa,  
 Kagunturan madu,  
 Nya bagja diri engkang,  
 Taya deui diri pikeun ngaupami,  
 Tegas kasinugeurahan.
6. Panjang pisan lamun digurit,  
 Lampah engkang nu kuperhatina ( ? ),  
 Kitu deui engkang baé,  
 Dipayun tangtos // kaunjuk, (80)  
 Ayeuna mah diri kuring,  
 Lamun enya gusti kersa,  
 Mangga geura aku,  
 Radén Dewi Ayu Soja,  
 Barang nguping saur Ahmad anu sidik,  
 Cedok nyembah jeung munjungan.
7. Lami neda pangampura deui,  
 Urut musuh perang baratayuda,  
 Geus pada taya swios,  
 Gancangna Nyi dewi nyaaur,  
 Mangga atuh engkang linggih,  
 Ka jero padamelan,  
 Uwa mangga atuh,  
 Umarmaya matut mangga,  
 Gancang baé ieu carita digurit,

- Geus manggut ka padamelan.
8. Umarmaya Ahmad sareng putri,  
Enggeus pada linggih di pamengkang,  
Paman mantra sakabéh,  
Pada rawuh kaliwat langkung,  
Ramé omongan paa jin,  
Ayeuna téh gusti urang,  
Gaduh raka punjul,  
Enggeus nepi ka mangsana,  
Tepung duriat sukur teuing raja putri,  
Geus gaduh tampa carita.
  9. Hanteu lami suguh geus bukti,  
Para ejin pasang katuangan,  
Dina meja geus ngabérés,  
Bubuhan geus ngaliyud,  
Teu lami waktuna deui,  
Dék barang tuang sadaya,  
Bari gunem catur,  
Nyarios lalakon Ahmad,  
Ti awalna dumugi tepi ka ahir,  
Tungtuna pisan jeung raja.
  10. Umarmaya ngilu ngerik,  
Gancang baé dililipur manah,  
Kajeun da bakal pangantén,  
Marmaya bari dikenu ( sic ),  
Dikenu ( sic ) beureum jeung nyorén,  
Bari imut cara Uwa Jaya,  
Kiyai Panghulu,  
Barina muka catetan,  
Sajarahna surat raka Nyi Manjeti,  
Hikayatna ahéng pisan.

11. Saunggeulna surat raka Manjeti,  
 Saupama kaberotan ( sic ),  
 Éta geus tinangtu baé,  
 Ka handap ka luhur,  
 Nu ka handap jadi tai,  
 Nu ka luhur jadi uwang,  
 Aing bakal untung,  
 Kitu manah Umarmaya.

12. Hayang boga haying cara tadi,  
 Umarmaya matur ka Nyi Soja,  
 Nyi ratu ulah talangké,  
 Cara cacandraan karuhun,  
 Ari arék laki rabi,  
 Ulah lila babakalna,  
 Pamali sok burung,  
 Ayeuna baé nya nikah,  
 Kajeun teuing panganten mah engké deui,  
 Heulakeun baé nya nikah.

13. Geura bilang meungpeung eukeur tartib,  
 // Dewi Soja gancang ngandika, (81)  
 Ari uwa ku sok alur,  
 Moal baé taya wali,  
 Kudu ngala wali heula,  
 Gancang nu dicatur,  
 Ratu ayu Dewi Soja,  
 Enggeus ngutus duwa jin eukeur wali,  
 Ka negri pulo Salaka.

14. Sareng deui ngutus duwa ejin,  
 Ka Jabal Kap ka Rara kusumah,  
 Unjuk bade gaduh carogé,

Opat jin geus miyos kabur,  
 Ngan sakilat opat jin,  
 Nu anjrek ( ? ) nu ka Salaka,  
 Kocapkeun geus cunduk,  
 Kasondong nu duwa raja,  
 Nu jumeneng sadérék raja Manjeti,  
 Putra kénéh Sulaeman.

15. Ngaratonna di darat di cai,  
 Anu aya sajero sagara,  
 Warna-warna kabéh lauk gedé,  
 Sang raja Wiranjana,  
 Harita keur mangsa linggih,  
 Sumping utusan ti raka,  
 Dewi Soja Ayu,  
 Duwa jin nyanggakeun serat,  
 Geus dicandak ku sang raja Wiracani,  
 Dina saunggeling serat.

16. Ngangkir wali baris nikah nyi putri,  
 Pirakaeun jenengan Dén Ahmad,  
 Putra raja sang karaton,  
 Raja Wiranjana imut,  
 Atohna kaliwat saking,  
 Saya anjeuna ngaduda,  
 Ayeuna mah tangtu,  
 Sakalian nyiar garwa,  
 Ngawalian bari sakaliyan kawin,  
 Ka dulurna sadat putra.

17. Enggal baé harita sang aji,  
 Saparantos éta ngaos serat,  
 Mantri papatik sakabéh,  
 Didawuhan ku sang ratu,

Hayu ayeuna para mantri,  
 Hayu urang pada iang,  
 Rehing aceuk ratu,  
 Badé gaduh tampa carita,  
 Carogéna Akang Ahmad raspati,  
 Putra sir maha sang.

18. Ari urang baris wali,
- Reujeung urang nya saaya-aya,  
 Pikeun nulung ka aceuk téh,  
 Ngadeudeul sacongo rambut,  
 Matur mangga para mantri,  
 Prak dangdan enggeus sadiya,  
 Miyos teu ngibukeun ( ? ) deui,  
 Jengkar harita sadaya.

19. Para ponggawa rawuh para mantri,
- Sumawonna Wiranjanu énggal,  
 Baé na cariyos,  
 Ka Manjeti enggeus cunduk,  
 Sami enggeus pada linggih,  
 Kuraesin ratu ajrek,  
 Sareng nu Ramjanu,  
 Barang para jin sadaya,  
 // Dewi Soja ngalinggihkeun kana korsi, (82)  
 Semu anom pada lenggah.

## **XXV. SINOM**

1. Geus ruing mungpulung sadaya,  
 Sadérék lun wargi,  
 Ngerayas ( ? ) na korsi lenggah,  
 Panghulu mantra papatih,  
 Umarmaya geus ningali,  
 Sadaya geus pada kumpul,

- Kocap raja Wiranjanu,  
 Kakang patih sarawuh,  
 Ka aceuk raja.
2. Tuang baé sakaliyan,  
 Manawi bahan katampi,  
 Nyanggakeun serat panglamar,  
 Ieu uwang duwa baki,  
 Ngalamar Nyi Mayangsari,  
 Manawi purun nya kalbu,  
 Sadérék kang sadat putra,  
 Kukuping ku sang Manjeti,  
 Geuwat baé dicandak éta panglamar.
  3. Sok dipasihkeun ka patih,  
 Panglamar enggeus katampi,  
 Kitu deui Dewi Mayang,  
 Enggeus surup kana galih,  
 Wiranjanu suka galih,  
 Geus kebat harita munjung,  
 Ka panghulu Marmaya,  
 Nya éta panghulu Manjeti,  
 Wiranjanu bari ngalahir ngawalian.
  4. Tikahkeun dulur kaula,  
 Ngaran Dewi Soja putri,  
 Ka iyeu ka Radén Ahmad,  
 Mas kawinna enggeus misti,  
 Hanteu meunang kurang deui,  
 Réyana téh duwa rébu,  
 Suka lakiyanana,  
 Dewi Soja ka raspati,  
 Sareng deui sareng talékan diteda.
  5. Sowawi ceuk Umarmaya,

Enggeus ngawaliyan nyingkir,  
 Ti dinya sor Radén Ahmad,  
 Mun dilapalan kawin,  
 Umarmaya seug ngalahir,  
 Ipekahna heula agus,  
 Gancangna nyi ratu ajrak,  
 Ngaran Dewi Kuraesin,  
 Nulung uwang satelan buwat ipekah.

6. Carék Kuraesin ajrak,  
 Mangga uwa geura tampi,  
 Iyeu ipekah Dén Ahmad,  
 Umarmya hanteu nampi,  
 Ku uwa moal ditampi,  
 Tanggel kénéh kana cukup,  
 Ari picukupeunana,  
 Kudu duwa talen deui,  
 Dewi Soja ngupingkeun kurang ipekah.
7. Dewi Soja ngankap uwang,  
 Satalen enggeus sayagi,  
 Disanggakeun ka Marmaya,  
 Wiranjanu nulung deui,  
 Satelam ngiring Manjeti,  
 Geus tilu talem ngariyung,  
 Mangga uwa geura candak,  
 Geus tilu talem sayagi,  
 Umarmaya gogodeg acan narima.
8. Masih kurang kénéh ipekah,  
 // kurang opat talem deui, (83)  
 Ngaharuleung sadayana,  
 Ipekah mahal-mahal teuing,

Kapan memang duwa ringgit,  
 Teu opat ratus punjul,  
 Dina talem reyena,  
 Saratus lima puluh pasti,  
 Kuraesin seug nulung deui permata ( sic ).

9. Iyeu mah mirah berliyan,  
 Sakulak lobana pasti,  
 Upami ditanding harga,  
 Duwa tilu rébu lewih,  
 Mangga uwa geura tampi,  
 Asup ipekah sakitu,  
 Ari raos kop putra mah,  
 Ieu leuwih tujuh baki,  
 Umarmya gogodeg bari ngandika.
10. Éta perkawis peryana ( ? ),  
 Hanteu asup kaperduwit,  
 Misti kurang kénéh opat,  
 Marmaya kaidek pati,  
 Antukna Dewi Manjeti,  
 Sareng Kuraesin bingung,  
 Ngupingkeun alim Marmaya,  
 Ipekah kalobaan teuing,  
 Dewi Soja matur deui ka Marmaya.
11. Uwa ulah lila-lila,  
 Sakitu baé seug tampi,  
 Umarmaya seug ngandika,  
 Nya éta ka putri Manjeti,  
 Pendekna mah iyeu nyai,  
 Haying baé geura lulus,  
 Geura tambahan ipekah,  
 Masing ninggang tujuh baki,

Kitu deui perkawis Dén Ahmad.

12. Hayang geura dirapalan,

Geura buktikeun sang gasik,

Nu tujuh talem ayeuna,

Radén Ahmad enggeus nguping,

Lingsemna kaliwat saking,

Enggal baé baki opat,

Enggalna ratu Manjeti,

Nyadak baki opat geus sok payun Ahmad.

13. Énggal Raden Ahmad ngusap,

Kana pipi tilu kali,

Geus burudul uang emas,

Anggeus pinuh opat baki,

Kaget sang ratu Manjeti,

Kuraesin Wiranjanu,

Hookeun ninggali Ahmad,

Saumur kakara manggih,

Aya baham ngisingna uang emas.

14. Dén Umarmaya ngagakgak,

Gumujeung ku suka galih,

Carék Raja Wiranjana,

Mangga Ua Geurit Wesi,

Rehing ayeuna bukti,

Tujuh baki sapamundut,

Mantak enggalkeun rapalan,

Umarmaya ngalahir deui,

Kiyeu heulanlan tacan jejeg ceuk uwa mah.

15. Perkawis Radén Ahmad,

Karék pat baki nu bukti,

// tilu baki deui jejegan, (84)

Bener éta tujuh baki,

Tapi nu tilu mah lain,  
 Éta mah hokum panundung,  
 Teu kasup kana bilangan,  
 Kudu tilu baki deui,  
 Nu sakitu uwangna kudu ti Ahmad.

16. Pada ngauleung sadaya,  
 Ku Dewi Soja kapikir,  
 Iyeu Umarmaya ngarah kauntungan badis ( ? ),  
 Jeung dicandak Radén putri,  
 Tilu baki geus dibantun,  
 Reujeung permata dicandak,  
 Kantun uwang duwa baki,  
 Nu sawareh disimpen ku Dewi Soja,  
 Umarmaya seug ngandika.

17. Éta amah lima baki,  
 Ku nyi raja seug dicandak,  
 Dewi Soja seug ngalahir,  
 Iyeu anu lima baki,  
 Ku kuring moal kahatur,  
 Bet untung uwa sorangan,  
 Hésé capé mah sim kuring,  
 Ari ipekah duwa baki ogé cekap.

18. Upami uwa teu kersa,  
 Nampi ipekah duwa baki,  
 Kuring dék kawin ka Ajrak,  
 Di Ajrak ge loba hakim,  
 Da moal burung katampi,  
 Duwa baki tangtu lulus,  
 Ngorejat Marmaya jawab,  
 Ulah kitu Enéng putri,  
 Tujuh baki geus dipasrahkeun ka uwa.

19. Candak deui nyai geuwat,  
 Keun urang luluskeun kawin,  
 Dewi Soja seug ngandika,  
 Moal kahaturkeun deui,  
 Kersa baé duwa baki,  
 Sumangga uwa bantun,  
 Upama uwa teu kersa,  
 Éta rék dibantun deui,  
 Ari kawin rék ngadon baé ka Ajrak.
20. Panghulu Marmaya geuwat,  
 Nyandak uwang dua baki,  
 Siyeun ku Sang Dewi Soja,  
 Bisina dicandak deui,  
 Marmaya imut ngalahir,  
 Seug tambahan bae tilu,  
 Carek Dewi Soja mahal,  
 Uwa moal tambah deui,  
 Kersa sukur henteu kajeun henteu susah.
21. Carék panghulu Marmaya,  
 Si Bekok téh pinter teuing,  
 Atuh aing kaliwatan,  
 Duwa ogé kajeun teuing,  
 Pék baé Radén raspati,  
 Di rapalan ku panghulu,  
 Kadiruna teu kocap,  
 Carios dibujeung gasik,  
 Dur mariyem salametan anu nikah.

## **XXVI.ASMARANDANA**

1. // Sanggeus putus Dén Raspati, (85)  
 Sor deui sang Wiranjanu,  
 Nikah ka sari téh,

- Geus parantos dirapalan,  
 Ipekahna uwang emas,  
 Sakabéh amtenar kaum,  
 Geus pada mampa uwang.
2. Halipah merebot modin,  
 Harita keur panén uwang,  
 Gancangkeun deui carios,  
 Sanggeus parantos nikah,  
 Geus sor pamasangan uwang,  
 Beunang ngambeunggeus ngaliyud,  
 Geus sami hajat riyungan.
  3. Dewi Soja seug ngalahir,  
 Ka uwa unjuk uninga,  
 Sareng neda panaksen,  
 Ka sadaya anu lenggah,  
 Kahiji niyat hadiah,  
 Sakur anu ahli kubur,  
 Muga diparinan rahmat.
  4. Dalem kubur mugi-mugi,  
 Diparinan padang caang,  
 Lahirna ieu kula téh,  
 Mugi salamet sadaya,  
 Sanggeusna nu gaduh hajat,  
 Mugi-mugi ing rahayu,  
 Dineda panjang duriyat.
  5. Kaduwa saperkawis deui,  
 Sakaliyan ngangkan ( sic ) raja,  
 Nu jadi prabu Anom,  
 Ayeuna Rahadén Ahmad,  
 Masrahkeun ieu nagara,  
 Sakabeh nu hadas matur,

- Geus lami pada nyaksian.
6. Sumawonna para ejin,  
Sakabéh pada nyaksin,  
Ngijabkeun anggeus parantos,  
Dék Umarmaya ngadua,  
Teu lami ngaduwa tamat,  
Dék barang tuwang ngariung,  
Sami pada sukan-sukan.
  
  7. Umarmaya seug ngalahir,  
Barina jeung barang tuwang,  
Ayeuna iyeu sakabéh,  
Dimana enggeus dituwang,  
Sakabéh pada marengan,  
Piring pinggan kudu bantun,  
Wadahna tunggal hajat.
  
  8. Jeung kudu geuwat baralik,  
Ulah aya anu tinggal,  
Kudu ngarasakeun urang téh,  
Kana arék pangantenan,  
Engké kiyeu meureunan urang,  
Ngariyung deui geus tanggtu,  
Di mana hajat numbasna.
  
  9. Duwanu lima bakti,  
Mun teu dipaké salawat,  
Ka na ngariyung sakabéh,  
Engkéna sok jadi caang,  
Kitu saur Umarmaya,  
Atawana jadi bisul,  
Ger gumujeung sadayana.
  
  10. Dewi Soja suka seuri,

- Sareng Kuraesin Ajrak,  
 Gumujeung pating sarongkol,  
 Ari carék // Dewi Soja, (86)  
 Uwa osok tutunggakan,  
 Ulah moal hanteu umum,  
 Duwit matak jadi cénang.
11. Rajeun ogé mantak ginding,  
 Dipaké jajan pakean,  
 Umarmaya imut ngawalon,  
 Dipaké jajan mah salah,  
 Sok dihakan longlongan,  
 Isuk leungiteun tangtu,  
 Wantu uwang kajadian.
12. Lamun teu dibikeun tangtu,  
 Mangkéna sok buntutan,  
 Mereun jadi ratu monyet,  
 Sakitu sotéh uwa mah,  
 Ngélingan baé kanu ngora,  
 Seuk Dewi Soja teu umum,  
 Bantutan geus jeung uwa.
13. Dén Umarmaya ngagikgik,  
 Kasedekkeun ku carita,  
 Bet abong-abong awéwé,  
 Eléh ngécé kalah ngucap,  
 Hanteu beunang diakalan,  
 Ilahar ceuk nu cacatur,  
 Dunya akhérat dilana.
14. Gancangna anu digurit,  
 Panjang anu diapikan,  
 Dibujeung baé lalakon,  
 Parantos hajat riungan,

Geus pada bubar marangkat,  
 Umarmaya lajeung mundur,  
 Jeung merekan ( ? ) piring emas.

15. Reup peuting geus beurang deui,  
 Kuraesin Wiranjana,  
 Sami haturan rék mios,  
 Aceuk kuring rék mulang,  
 Ayeuna rék salametan,  
 Nyi Mayang baris dibantun,  
 Kuraesin kitu pisan.

16. Amit mulan ti Manjeti,  
 Dewi Soja matur mangga,  
 Ngan aceuk sing mindeng baé,  
 Kuraesin anggeus mangkat,  
 Teu lami deui waktuna,  
 Jeungkar sareng Wiranjanu,  
 Ngan sakilat pada dongkap.

17. Mangga Dewi Kuraesin,  
 Anggeus sumping ka Jabal kap,  
 Sareng Wiranjanu geus jol,  
 Sumping ka pulo salaka,  
 Angge pada pangantenan,  
 Kocap deui anu dipungkur,  
 Dewi Soja Radén Ahmad.

18. Sami pada maja sari,  
 Maja amis sari ngeunah,  
 Silokaning palajutan,  
 Juta alem pala uyah,  
 Upama asem jeung uyah,  
 Pangset haseum pada uruy,  
 Jadi sarua uruyna.

19. Mustika panda da giri,  
 Punjaran sami punjaran,  
 Nembé sami pada nembé,  
 Haruman gunung haruman,  
 Eusina kampaan emas,  
 Gunung kembar // jadi nyusu, (87)  
 Paratna gunung haruman.
20. Eusina mustika sari,  
 Medaling tarya parendra,  
 Nuhun ayu anu denok,  
 Pun Engkang téh neda mangap,  
 Saréhing ngabedah lawang,  
 Lawang Engkang anu arum,  
 Rungruman punjaning atma.
21. Iyeu siloka digurit,  
 Taya sanés pasukaan,  
 Di alam dunya pangantén,  
 Pendekna iyeu carita,  
 Dewi Soja sareng Ahmad,  
 Sami enggeus pada lulus,  
 Bangbangan nyorang parawan.
22. Siyang wengi madu sari,  
 Sawengi asa sajam,  
 Sabulan asa sapoé,  
 Kadalon-dalon ku betah,  
 Barang dietang nu enya,  
 Radén laina dicatur,  
 Di Manjeti tujuh bulan.
23. Geus lami-lami katawis,  
 Raja putri Dewi Soja,  
 Kajadian putri bobot,

Bobotna geus lima bulan,  
 Harita Rahadén Ahmad,  
 Siyang wengi helak-heluk,  
 Imut ( sic ) ka purwadaksina.

24. Basaning purwa awit,  
 Daksina éta wekasan,  
 Radén imut ka sadérék,  
 Sakalangkung nya nalangsa,  
 Leungit suka kantun welas,  
 Rahadén Ahmad geus nyatur,  
 Ka garwana Dewi Soja.

25. Duh Enéng pujaning ati,  
 Pun Engkang hatur uninga,  
 Ayeuna ka diri Enéng,  
 Engkang dongkap ngangluh manah,  
 Imut ka Engkang Muhammad,  
 Dulur Engkang anu kantun,  
 Nu leungit di jero alas.

26. Jero leuweung gunung Mesir,  
 Sugan aya keneh bulawan ( ? ),  
 Rek dibujeung ku Engkang téh,  
 Manawi aya kapendak,  
 Ngalap panasaran kalbu,  
 Dipatangankeun ku Engkang.

27. Matur Dewi Soja putri,  
 Sumangga ngiring pidunga,  
 Ngiring dungana nu yaktos,  
 Tatapi ulah nyalira,  
 Candak para ejin rencang,  
 Carék Ahmad Enéng ridu,  
 Pun Engkang baé sorangan.

28. Sang putri deui ngalahir,  
 Kuma panghulu Marmaya,  
 Ku Engkang candak Wira téh,  
 Lohong ogé da lumani,  
 Bubuhan sepuh karamat,  
 Wantu gandék anu agung.  
 Hitir alaihi wasalam.
29. Gancangna ngutus hiji jin,  
 // nyatur panghulu Marmaya, (88)  
 Gancangna anu dicarios,  
 Umarmaya enggeus mangkat,  
 Arék ngadeuheus ka raja,  
 Kebat harita anggeus jung,  
 Geus teupang raja Ahmad.
30. Umarmaya enggeus calik,  
 Papayun-payun jeung raja,  
 Nya éta parabu anom,  
 Ngariyung jeung Dewi Soja,  
 Sadat putu sadat putra,  
 Sami na korsi lalungguh,  
 Dén Ahmad akur haturan.

## **XXVII.PANGKUR**

1. Parbu anom Radén Ahmad,  
 Gék haturan uwa abdi badé pamit,  
 Sanajan néangan dulur,  
 Sakalangkung haying tepang,  
 Kitu deui tuwang putra saméméh jung,  
 Seja nyuhunkeun pituah,  
 Pamrihkeun putra ngungsi,
2. Muga nyuhungkeun dimanah,  
 Geus teu hilap ka putri sumangga ngiring,

Neda senjata pituduh,  
 Marmaya imut ngandika,  
 Moga éta ditaros ku uwa tangtu,  
 Wiréh hamo nya kirang,  
 Karana putu nujum sisik.

3. Tuwang bubut baréto mah,  
 Betal jemur padarosan samadayin,  
 Amung uwa nu nyangking auk,  
 Tapi coba susuganan,  
 Urang téyang sugaran kapanggih dina buku,  
 Almenak surnal catatan,  
 Nu geus ditorah ku nabi.
4. Teu lami di jero surbal,  
 Geus kapendak putra sang duwa lalinggih,  
 Ahmad Muhammad dicatur,  
 Ari nu ngaran Ahmad,  
 Piratueun di Manjeti anggeus tangtu,  
 Ari nu ngaran Muhammad,  
 Piratueun nagri Mesir.
5. Jadi éta kang putra,  
 Ulah lubta néangan di jero Mesir,  
 Tangtu di dinya patepung,  
 Nya éta di Mesir pisan,  
 Malah mandar meneran terus jeung buku,  
 Jeung iyeu wasyiat,  
 Nyanggakeun kulkupanyalin.
6. Ku payah wulung rupana,  
 Mun dianggo bisa ngaleungit saperti jin,  
 Radén Ahmad nyembah batur,  
 Nampi pasihan jeung uwa,  
 Sinarengan kang putra galih piunjuk,

- Banget pisan dimana,  
Leungit kuda samparani.
7. Miyos hoyong tumpak kuda,  
Ceuk Marmaya sakitu mah gampil teuing,  
Engké dimana arék jung,  
Pecut ngaran pun kilat,  
// patung ( ? ) datang moal gagal teuing Enung, (89)  
Dén Ahmad tampi dawuhan,  
Kaping telu perekawis.
8. Bilih putra samiyan,  
Kari-kari engké ngéwa raja putri,  
Pinamaeun geus teu langkung,  
Mun lalaki kumaha uwa,  
Mun awéwé teu burung nyi ayu,  
Umarmaya seug ngandika,  
Éta baé dilandi.
9. Mun pamegat kakasihna,  
Enggeus tangtu Ganda Era Maya sari,  
Dén Ahmad cocok kalangkung,  
Éta kakaih putrana,  
Umarmaya dikeraan ( ? ) ku kayungyunan,  
Basa ganda éta kembang,  
Basa ayu éta Nyai.
10. Basa maya kajadian,  
Jadi nyai kajadianana sengit,  
Sami pada suka kalbu,  
Radén Ahmad seug munjungan,  
Sot patih sami pada nya ka ratu,  
Enggalna Rahadén Ahmad,  
Angkat teu ( sic ) nagari Manjeti.
11. Jeung nyandak cameti kilat,

Dipecutkeun datang kuda semprani,  
 Radén Ahmad suka kalbu,  
 Geus dicandak éta kuda,  
 Pék dipancal Radén Ahmad suka kalbu,  
 Gancangna Radén Ahmad,  
 Enggeus tunggang semparani.

12. Ti Manjeti enggeus angkat,  
 Seug adean éta kuda semparani,  
 Ti nagara enggeus jauh,  
 Biur ngatur ngawang-ngawang,  
 Mabur ka madya gantang enggeus cunduk,  
 Beuki tebih ti nagara,  
 Biyur mabur semparani.
13. Ngahoang di awang-awang,  
 Sumiriwik bakating ku mabur tarik,  
 Cara béntang nambak timur,  
 Radén Ahmad geus lah-lahan,  
 Tina tarik kuda lumpat di luhur,  
 Teu lami deui adéan,  
 Barang rét Ahmad ningali.
14. Ti luhur mulut ka handap,  
 Kembang boléd partela nagari Mesir,  
 Geus meneran kana kaputrén nyi ratu,  
 Perbu onom suka kalbu,  
 Ti luhur mudun ka handap,  
 Nya éta ka Siti Bagdad,  
 Waktuna enggeus dék maghrib.
15. Kuda ditunda di luar,  
 Radén Ahmad geus nganggo kuluk panyalin,  
 Sup asup ka jero kadaton.,  
 Siti Bagdad anggeus nyampak,

Dideuheusan ku emban ngabérés di payun,  
 Aing perbu anom Ahmad,  
 // teu katinggal ku Nyi putri. (90)

16. Radén Ahmad tuluy lengah,  
 Dinu suni linggih dina korsi gading,  
 Ngintip nu keur gunem catur,  
 Kocap deui Siti Bagdad,  
 Keur nyarita jeung oara emban ngariyung,  
 Pangandika Siti Bagdad,  
 Naha emban ari kami.
17. Sumeyak nya pipikiran,  
 Serta anu kapibeungeut ku kami,  
 Bet pun Ahmad nu geus mampus,  
 Pikir emban nu hatureun,  
 Duka teuing pikir abdi mah tangtu,  
 Papada anak Nyi randa,  
 Bet isin kaliwat saking.
18. Saur putri Siti Bagdad,  
 Kami ogé tibelatkan liwatsaking,  
 Kaduhung dibuwang jauh,  
 Tetapi ku panyaét mah,  
 Raden Ahmad moal enya bisa hirup,  
 Dipiceun ka enggon duwiksa,  
 Anu matak kitu kami.
19. Sanajan kasép da somah,  
 Jadi wuwuh matak sangar bé di Mesir,  
 Awéwé loba nu ripuh,  
 Mereubutkeun kakasepan,  
 Kati Ahmad ngungkulan kasép ka ratu,  
 Jadi asup jalma panas,  
 Mana sukur ogé mati.

20. Kakuping ku Radén Ahmad,  
 Seug dibuka éta kuluk panyalin,  
 Dén Ahmad déhém di payun,  
 Barang rét putri ningalan,  
 Radén Ahmad aya di payun keur lungguh,  
 Ku putri hanteu katingal,  
 Barang katingal ku putri.
21. Ngeleper Dén Siti Bagdad,  
 Atuh gusti naha atuh biwir kami,  
 Mana ngadalangsang saur,  
 Geuwat ka Ahmad di peugat,  
 Poma Enéng ulah dimalé ngaderuk,  
 Teu sawios hal éta mah,  
 Akang moal jadi pikir.
22. Ngan kadiyeu téh akang,  
 Saperkawis rék nyokot kaos lankandi,  
 Saperkawis maksad,  
 Seja nyanggakeun hurmat,  
 Réhing Enéng baréto ngabuang jauh,  
 Harita Engkang dibuwang,  
 Ayeuna geus bijil deui.

### **XXVIII. Mijil**

- 1.Jeung katilu Engkang hatur warti,  
 Enggeus merebu anom,  
 Di nagri Manjeti karaton,  
 Sareng hatur warti deui,  
 Geus gaduh rarabi,  
 Raja putri Ayu.
2. Putra kangjeng Sulaeman deui,  
 Nu gaduh karaton,  
 Jenengan garwa Engkang téh,

- Dewi Soja ing // Manjeti, (91)  
 Siti Bagdad nguping,  
 Handeueul geus ratug.
3. Teu kawawa segruk baé nangis,  
 Handeueul kaboyong,  
 Lamun teras manahna téh,  
 Tewék manéh tangtu aing,  
 Karebut lalaki,  
 Tur ku putri jauh.
  4. Radén Ahmad seug ngalahir deui,  
 Hé agan karaton,  
 Mowal lami pun Engkang téh,  
 Kaos panah jeung kakandi,  
 Pasihkeun ka abdi,  
 Siti bagdad matur.
  5. Aduh engkang abdi hatur warti,  
 Kaperkawis éndong,  
 Rawuh panah jeung kaos téh,  
 Ayeuna ku jisim abdi,  
 Paké pasanggiri,  
 Lamun Engkang purun.
  6. Kersa nikah diri jisim abdi,  
 Tangtu panah éndong,  
 Nyanggakeun éta kaos téh,  
 Radén Ahmad seug ngalahir,  
 Kari agan Putri,  
 Lamun mowal palsu.
  7. Ditangtukeun Engkang daék ngawin,  
 Cing atuh éta éndong,  
 Panah rawuh kaos téh,  
 Pasihkeun heula ka abdi,

- Mangga nurut abdi,  
 Siti Bagdad matur.
8. Mowal leungit kaos jeung kakandi,  
 Mun puguh geus jodo,  
 Tangtu kaos jeung éndong téh,  
 Kasanggakeun ku sim abdi,  
 Lamun tacan kawin,  
 Geus mowal kahatur.
9. Radén Ahmad kereyeng (?) ka putri,  
 Kulukna dianggo,  
 Les leungit Radén Ahmad téh,  
 Seug tuluy nyokot kakandi,  
 Panah kaos deui,  
 Kabéh geus katimu.
10. Kapendakna dina ranjang katil,  
 Disoréndang éndong,  
 Ari panah jeung kaos téh,  
 Disimpen di jero kandi,  
 Geus jol payun putri,  
 Teu dianggo kuluk.
11. Siti Bagdad damang saeukeur calik,  
 Harita olahok,  
 Réhna leungit Dén Ahmad téh,  
 Putri matur jero galih,  
 Pun Ahmad nya leungit,  
 Digjayana punjul.
12. Basa leungit mancala putri,  
 Teu lami bék témbong,  
 Harepeun kénéh putri téh,  
 Sadisimpen kukuk buni,

Dén Ahmad ngalahir,

Hé Nyi Putri palsu.

13. Iyeu barang dicokot ku kami,

Kaos reujeung éndong,

Kuma pikarepeun manéh,

Ari menggah diri kami,

Teu siyeun sadetik,

Ngunghak kanu kitu.

14. Mun hayang gé diajénan diri,

Mowal olo-olo,

// bener geulis diri manéh, (92)

Ngan sipat anu katawis,

Atina mah musri,

Manéh goréng patut.

15. Mun geulis gé meureun bkuti,

Manéh mowal jomlo,

Sumawonna diri manéh,

Saenyana diri kami,

Teu bogoh saeutik,

Putri goréng punyus.

16. Putri muntah atina téh musrik,

Najan turunan parabot,

Da japilus niro (sic!) lonte,

Tah ayeuna geus kabukti,

Ceuk cacandran sidik,

Parabasa (sic!) karuhun.

17. Najan geus montok kuning luwis,

Sipatna moncorong,

Buktina nya diri manéh,

Geulis ogé da werejit,

Baruwang geus wadis,

Sok motongkeun umur.

18. Abong enya manéh turunan aji,

Peletik nya olo-lolo,

Ménak aing teu deungeun téh,

Nyapirakeun pangarti,

Ngahinakeun teuing,

Termuh padahal lain kitu.

19. Najan ménak jeung bangsa kuring,

Hanteu bina omong,

Sakaliyan jeung sato gé,

Teu hadé ngahina teuing,

Ulah teu mustahil,

Éta tunggal mahluk.

20. Kitu deui alah teu mustahil,

Loba conto-conto,

Batu turun keusik naék aya,

Aya ménak jadi kuring,

Kitu deui kuring,

Aya nu jadi ratu.

21. Sanget iyeu diri kami,

Rék agul mah yaktos,

Saperti diri manéh,

Bener anak randa kami,

Ayeuna indung kami,

Yén tukang buburuh.

22. Tukang kebon di manéh téh kuli,

Tatapi baréto,

Keur ngora mah memang Radén,

Nyéta salaki indung kami,

Aing anak ratu,

(Guru wilangan teu cumpon).

23. Tatapina hanteu kumawani,  
Da keur nyomah atuh,  
Teu gumedé kawas manéh,  
Sakitu Ahmad ngalahir,  
Ahmad bari indit,  
Siti Bagdad dikantun.
24. Radén Ahmad ka latar geus sumping,  
Tunggang kuda layon,  
Geus kaluar ti karaton,  
Ka Nyi randa enggeus sumping,  
Sono teu digurit,  
Geus tepang jeung ibu.
25. Kacarios Siti Bagdad putri,  
Meunang wirang angot,  
Papuket pinuh cikasaer (?),  
Késang badag késang leutik,  
Beurat arék indit,  
Kumambang nya kalbu.

### **XXIX. Maskumambang**

- 1.// barang cengkat Radén putri terus nangis, (93)  
Sasambat ka Emban,  
Duh Emban kumaha kami,  
Ayeuna meunang wiwirang.
2. Diri kami nampa nyeri-nyeri teuing,  
Ayeuna kasorang,  
Sabab meunang bendon kami,  
Cacad diri kawirang.
3. Siyang wengi agan Siti Bagdad putri,  
Nangis teu genah,  
Sangsara lara wirang (sic!) nyeri ati,

Sangsara jadi tontonana.

4. Beurang peuting sangsara baé Nyi Putri,  
Tungtungna para Emban,  
Teu tuwang teu leueut deui,  
Bakating ku ngangluh manah.
5. Para Emban sabeurang paeuting ngaping,  
Dipasang dirgama,  
Bilih kalepasan putri,  
Bok bilih nyandak pakarang.
6. Katuwangan beurang peuting ngawagiri,  
Ku babéh para Emban,  
Diririhan éta putri,  
Gusti anggur barang tuwang.
7. Tuwang dimanah ngawuwuh baé kasakit,  
Cindekna nya manah,  
Ulah ditampi kanyeri,  
Kudu ditampa pamayar.
8. Silokana mingguh nu nganjuk duwit,  
Mun dongkap pamayar,  
Salah mun ditampi nyeri,  
Mémang agan kudu suka.
9. Biheung teuing Ahmad mah leuwih ti Gusti,  
Ka perhatin Ahmad,  
Sumangga imutkeun Gusti,  
Basa dina bongborotan.
10. Diri pinuh ku panggebuk perejurit,  
Palid ka banggawan,  
Tapi teu dianggo nyeri,  
Angger di tampi ku welas.
11. Anggur manah muga- muga ka Gusti,  
Sing kapiduriyat,

Ari ahmad saba gusti,

Pameget teu samaneya.

12. Bener pisan anak randa tukang kuli,

Tatapi sumangga,

Pilih timbang mowal panggih,

Sabab pameget turunan.

13. Kapan tadi disebatkeun bandiri,

Yén menggah turunan,

Tangtu percaya téh teuing,

éta remesing kusumah.

14. Geura mangga sing awas tingali,

Sakitu cahaya,

Katun cahyaning ngajagi,

Bodo mun teu kasorang.

15. Agan putri nguping emban nu utami,

Bener naséhat,

Ras éling waras kaperih,

Ku manéh hadiyah.

### **XXX. KINANTI**

1.Nyi putri tuluy lulun,

Sarta bari ngahariring,

Eta emban bener pisan,

Ku kang Ahmad kabogoh kami,

Putra bari sisindirin,

// menyanyi lagu (...), (94)

(...), soéh 4 baris

Tuluy dilulunan,

Nu welas jadi ka abdi.

2. Ari turut kana kayu,

Jadi sakulit sadaging,

Aduh lamun teu kasorang,

- Kuda leuweung saba giri,  
 Diri kuring téh cilaka,  
 Taya babag (?) tulis diri.
3. Rampadan dieusi madu,  
 Salipi dieusi petis,  
 Gamparan bendu sing waras,  
 Kuring ngimpi bodo tulis,  
 Jalan gedé pangangkatan,  
 Mugi terus reujeung bukti.
4. Tuh Emban kumah atuh,  
 Pikir abdi asa ngimpi,  
 Rarasaan asa gundam,  
 Dilali-lali kaati,  
 Aduh Engkang Radén Ahmad,  
 Teu nyana kaliwat sakit.
5. Walanda hideung serdadu,  
 Umambon baé sim kuring,  
 Kantong kulit disoréndang,  
 Tersempul di ati kuring,  
 Belut sisit saba darat,  
 Kapiraray beurang peuting.
6. Sok ditunda Nyi putri Ayu,  
 Nyéta di jero kaputrin,  
 Ganti deui anu kocap,  
 Nyaritakeun Sultan Mesir,  
 Sir Maha Sutan Muhammad,  
 Mangsa harita keur linggih.
7. Dideuheusan para ratu,  
 Sami lenggah dina korsi,  
 Raja Madinah Lan Mekah,  
 Raja Yaman sam jeung Turki,

- Raja Kudis Yunan Kupah,  
 Raja Arum sami linggih.
8. Raja Kimbar raja kanjeng,  
 Tema ku mantri papatih,  
 Sumawon Datuk Bendara,  
 Nyéta Panghulu Mesir,  
 Ditema ku Radén Arya,  
 Anggada papatih Mesir.
9. Nyéta putra Sultan Erum,  
 Ngaréndéng jeung Demang Mesir,  
 Genepanana ludira,  
 Kocap deui Raja Mesir,  
 Pasemon mesam (sic!) teu býar,  
 Nyusutan Nyi Soja nangis,  
 // (...), soéh 4 baris (95)  
 Dulur anu papisah,  
 Pun Ahmad di leuweung Mesir.
10. Barang eukeur gunem catur,  
 Panghulu jeung Sultan Mesir,  
 Norojol aya nu dongkap,  
 Utusan ti nagri Habesi,  
 Wiramaya Wirasantika,  
 Lalanang nagri Habesi.
11. Sampoyong marek ka ratu,  
 Cedok nyembah bari calik,  
 Gancang raja seug mariksa,  
 Ieu tatamu ti mendi,  
 Wiramaya seug unjukan,  
 Sumuhun parios Gusti.
12. Abdi Gusti kaulanan,

Utusan ratu Habesi,  
 Sumangga nyanggakeun serat,  
 Ka dampal sir Maha Gusti,  
 Énggal di pundut serat,  
 Nya éta ku Sultan Mesir.

13. Wiramaya sor ka payun,  
 Nyanggakeun serat ka Gusti,  
 Ku Sultan Mesir di candak,  
 Sok dipasihkeun ka patih,  
 Patih Mesir cedok nyembah,  
 Nampi serat ti Gusti.

14. Serat dibukakeun terus,  
 Serat diaos ku patih,  
 Dawuhan ratu sing bedas,  
 Supaya pada ngaruping,  
 Patih ngaos serat bedas,  
 Barang saunggeling tulis.

15. Kalening sembah sujud,  
 Kang Rama Panghulu Mesir,  
 Manawi hatur kateda,  
 Mugi Rama luntur galih,  
 Nyanggakeun serat panglamar,  
 Mugi Rama nampa sari,

16. Radén Siti Bagdad,  
 Pantes jadi permaisuri,  
 Di kadaton ing Habesi,  
 Mugi Kang ama nampi,  
 Sakitu panghatur putra,  
 Tawis Kang Putra Habsi.

17. Ngaos serat angeus tutup,  
 Reup geuneuk Panghulu Mesir,

Ngupingkeun serat panglamar,  
 Isin ku Ratu Mesir,  
 Serat ti Patih dicandak,  
 Datuk Bendara jung pusing.

18. // Alok-alok payun Ratu, (96)

Hé utusan Raja Habsi,  
 Aing teu sudi teu hayang,  
 Boga minantu musrik,  
 Bari serat disasak,  
 Lor (sic!) utusan geura balik.

19. Ayeuna manéh ditundung,

Wira tungkul bari indit,  
 Hanteu lila cedok nyembah,  
 Utusan anggeus marulih,  
 Wiramaya Wirasantika,  
 Geus kaluar ti nagri.

20. Di jalan hanteu dicatur,

Gancangna anu digurit,  
 Geus sumping ka nagri Habsah,  
 Ratu kasondong keur linggih,  
 Dideuheusan para raja,  
 Sarawuh mantri papatih.

21. Raja Sundang jeung Bintulu,

Tilu raja Pringgandani,  
 Kaopat raja Lokuntar,  
 Mantuna raja Habesi,  
 Diya (sic!) loba deui raja,  
 Anu kaéréh ku Habsi.

22. Jumlah opat puluh ratu,

Anu kabawah ku Habsi,  
 Harita keur magelaran,

Pada caraos upeti,  
 Wiramaya Wirasentika,  
 Geus marek ka raja Habsi.

23. Raja Habsi rét ka payun,  
 Ratu ningali ka patih,  
 Gancang baé mariksa,  
 Cing geura pok manéh muni (?),  
 Kumaha perkawis ngalamar,  
 Sumangga atawana hasil.
24. Wiramaya nyembah matur,  
 Sumuhun parios Gusti,  
 Perkawis sembah panglamar,  
 Pendekna mah hanteu hasil,  
 Sumawonna abdi ditampi,  
 Malah serat ogé Gusti.
25. Disasaak payun ratu,  
 Pangkat Panghulu Mesir,  
 Aing teu sudi teu hayang,  
 Baoga mantu Raja Musrik,  
 Bari serat disasaak,  
 Éta ku Panghulu Mesir.
26. Saenggeusna serat dikitu,  
 Mala-mala jisim,  
 Abdi dijurungkeun sina mulang,  
 Gancangna jisim abdi,  
 Hanteu amit-amit acan,  
 Mundur ti payuneun Mesir.

### **XXXI. Durma**

- 1.Raja Habsah baang nguping,  
 Wiramay cengkat jeung ngadégdég pusing,  
 Haleuang bari jijingklak,

Nyeuseul bari nyentak,  
 Tayoh (?) gélo siya anjing,  
 Bet daék ngucap,  
 Nurus tunjung taya pikir.

2. Antukna mah bet leuleus kéjo poéna,  
 Siya pang aya di habsi,  
 Perjurit ngalaga,  
 Deudeul andelan Habsah,  
 Aya kitu ka aing,  
 Meni // euweuh guam, (97)  
 Jadi teu salasahiji.
3. Peupeuriheun lamaran hanteu ditampa,  
 Tibatan ditampa anggur pusing,  
 Serat ogén disasaak,  
 Éta lain nyasaak surat,  
 Tangtu éta diri aing,  
 Nu disasaak,  
 Ayeuna aing teu sudi.
4. Bener aing jalanna ngalamar,  
 Ayeuna mah Siti paling,  
 Anu ngaran Siti bagdad,  
 Upama manéh teu bisa,  
 Balik lénghoh ka Habsi,  
 Teu mawa aganna,  
 Tangtu siya bakal mati.
5. Duwanana beuheung siya,  
 Tangtu murag,  
 Modar siya enggeus mati,  
 Dipaké pancer nagara,  
 Parépéh di dayeuh Habsah,  
 Helos siya geura indit,

- Dén Wiramaya jeung Wirasentika deui.
6. Cedok nyembah payuneun Raja Habsah,  
Geus kaluar ti nagari,  
Ngan paduduaan,  
Ceuk adina kuma akang,  
Ceuk rakana kuma adi,  
Perkawis urang,  
Tina geus kituna Gusti.
  7. Ceuk adina bener mungguh jadi raja,  
Ceuk cacandrén nini aki,  
Wiwirang nu dikanjutan,  
Éra nu dikantongan,  
Mungguh urang kitu deui,  
Engké biyasa,  
Makan gajih unggal sasih.
  8. Payah hirup aranéh bubuhanana,  
Mung kadé lali ka jangji,  
Wasiat na pa urang,  
Perkara nagri Habsah,  
Engké dina zamanahir,  
Apesna habsah,  
Ku anak incu Sang Nagri.
  9. Tiku (?) sabak sasiku paré andiya,  
Ngan upama hiri dengki,  
Saanak putu seuweu sang,  
Wayahna ulah disorang,  
Balina tiya mah nagri,  
Hayu tarajang,  
Ceuk rakana hayu adi.
  10. Nganggo kaos jimati nurutan Ramana,

Dasar putu Raja eijn,  
 Enya éta Wiramaya,  
 Jeung radén Wirasentika,  
 Geus nganggo kaos jimat jin,  
 Dén Wiramaya,  
 Belesur masur ka Mesir.

11. Henteu kocap Wiramaya di jalanna,  
 Ka nagri Mesir geus sumping,  
 Jeung Radén Wirasentika,  
 Geus lungsur ka kaputren,  
 Abus sapulu ti peuting,  
 Urang kaputren,  
 Disirep taya nu nyaring.
12. Wiramaya geus asup kana kaputren,  
 Tuluy kana jero katil,  
 Kasampak Nyi siti Bagdad,  
 Eukeur kulem tibra pisan,  
 // tuluy diléléd sakali, (98)  
 Eujeung balakna,  
 Nyi putri tuluy dipaling.
13. Geus kaluar Wiramaya Wirasentika,  
 Sebur ti nagri Mesir geus tebih,  
 Kabeurangan di jalan,  
 Ku Wiramaya dibuka,  
 Barang bék penteu Nyi Putri,  
 Mani marakbak,  
 Pada nyiuman Néng putri,
14. Jeung dibuka ku Wiramay sirepna,  
 Wiramaya seug ngalahir,  
 Mé adi paingan raja,  
 Habsah kaédanan,

Ieu ka Rahadén putri,  
 Sakieu modélna,  
 Ngahep sakabéh Meswari.

15. Siti Bagdad jeung hantem diciuman,

Jeung diguyah-guyah putri,  
 Kersana gugah,  
 Gancang Siti Bagdad gugah,  
 Kagét barina ngalahir,  
 Campur jeung reuwas,  
 Duh dimana ieu aing.

16. Eujeung ieu saha lalaki duaan,

Jeung dimana ieu aing,  
 Wiramaya seug ngandika,  
 Ulah kagét Siti Bagdad,  
 Nyata ayeuna dipaling,  
 Buwat geureuhna,  
 Pikeun prameswari Habsi.

17. Tacan tepi ieu téh karék di jalan,

Siti Bagdad geura tapis,  
 Aing henteu suka pisan,  
 Maké dipahing ku siya,  
 Geura seug pulangkeun deui,  
 Dén Wiramaya,  
 Némbalan ka Nyai putri.

18. Montong baha da geus tepi ka jangjina,

Geus pasti bakal di paling,  
 Masing sabar waé manéh,  
 Masih gegejrét teu suka,  
 Moal enya balik deui,  
 Ngan kari nanya,  
 Ka raga katineung Nyai.

19. Mun wayahna kana milik mo cilaka,  
 Tangtu awét umur Nyai,  
 Upama henteu wayahna,  
 Nya kumaha baé engké,  
 Tapi engké di Habesi,  
 Ulah ayeuna mah,  
 Nya nimbung manah Nyai.
20. Da akang mah bulu soca bulu tangan,  
 Piwarangan raja Habesi,  
 Maling agan Bagdad,  
 Kakocapkeun Siti Bagdad,  
 Henteu sasauran deui,  
 Dén Wiramaya,  
 Riyed seug diais deui.
21. Sebrut deui geus angkat deui ti dinya,  
 Ka nagara Habesi geus sumping,  
 Kasondong raja Habsah,  
 Bari nyandak Siti Bagdad,  
 Raja habsi ningali,  
 Ngaranjug manah,  
 Lakadalah anu geulis.
22. Hiyap Nyai mopo dénok anu lenjang,  
 // ieu Engkang Nyai, (99)  
 Anu sugih anu gagah,  
 Hayang ku Engkang di Emban,  
 Demang demor jeung ngarigig,  
 Bawaning suka,  
 (...) sikimin (?).
23. Raja Habsi geus teu puguh rarasaan,  
 Géték lain ateul lain,  
 Geus hayang baé huwap,

Murak bari putri rék dicandak,  
 Manahna ragah Habsi,  
 Rék dipurak,  
 Dina jero ranjang katil.

24. Nyi Bagdad ngejat bari jeung jejeritan,

Bengis bari jeung ngejat tarik,  
 Rabul tina padaleman,  
 Prameswari Habsah,  
 Néang nu ngajerit tarik,  
 Raja Habsah,  
 Ningal garwa sarumping.

25. Rada mundur alangah-éléngéh éra,

Sabab sumping prameswari,  
 Nu rék murak henteu meunang,  
 Jeung kaburu ku maswara,  
 Handeueul raja Habesi,  
 Carék basa ayeuna,  
 Mani ceureuleung ku iwin.

26. Parameswari seug naros Raja Habsah,

Geus timana putri Mesir,  
 Anu ngaran Siti Bagdad,  
 Raja Habsah ngandika,  
 Nya ieu nu katina Nyai,  
 Nembéna dongkap,  
 Kasamaran Néng meunang maling.

### **XXXII. Asmarandana**

1.Saha nu ngagero tadi,  
 Sorana parameswari,  
 Raja Habsi seug ngawaler,  
 Puguh bieu téh ku Engkang,  
 Tadina rasa mokaha,

- Sangka Engkang téh kaul,  
Wiréh meunang Siti Bagdad.
2. Nu matak éta ngajerit,  
Puguh bieu téh ku Engkang,  
Disingsieunan putri téh,  
Bet ngocéak jejeritan,  
Imut maur prameswara,  
Meureun teu sieun genan,  
Da disingsieunan kuya.
  3. Akang ulah rusuh teuing,  
Da engké eukeur saha,  
Kawantu parawan kénéh,  
Can beuki baranghakan,  
Mowal cara anu randa,  
Sagala gé enggeus duduk,  
Raja Habesi ngagakgak.
  4. Kop Engkang nyérénkeun deui,  
Masing hadé ngupah-ngupah,  
Kawantu kampaan nembé,  
Acan dibalabaran,  
Premeswari ngangsonan,  
Ka putri nu heula ngaku,  
Mangga Enéng Siti Bagdad.
  5. Jeung aceuk urang ka puri,  
Perkara éta akangna,  
Masing loba geureuhna téh,  
Teu meunang disisirikeun,  
Ku Enéng téh kaédanan,  
Geura ku aceuk // disebut, (100)  
Lobana ieu seliran.
  6. Opat puluh kurang hiji,

- Kaitung sareng maswara,  
 Ayeuna jejeg jeung Enéng,  
 Hayu urang ka kaputrén,  
 Agan Putri Siti Bagdad,  
 Diajak langkung purun,  
 Kawantu sieun ku Raja.
7. Kocapna ieu Meswari,  
 Jengkar nyandak Siti Bagdad,  
 Eunggeus sumping ka kaputrén,  
 Diaku jeung disuguhan,  
 Putri hanteu barang tuang,  
 Ngan nagis baé sumegruk,  
 Imuteun ka Radén Ahmad.
8. Kocap deui Raja Habsah,  
 Ngadawuh ka Wiramaya,  
 Carék Wiramaya mana,  
 Kakang ayeuna hari,  
 Réh meunang awéwé éndah,  
 Tapi manéh kudu terus,  
 Ngajaga luwar kaputrén.
9. Bok bilih aya nu telik,  
 Aya duta maka gagah,  
 Nyarénkeun beurat di maneuh,  
 Lamun manéh kapalingan,  
 Siti Bagdad hanteu aya,  
 Manéh gantina nu tangtu,  
 Teuk-teuk beuheung duwanana.
10. Wiramaya matur takdim,  
 Sumangga ngiring dawuhan,  
 Tutas nimbalan geus léyos,  
 Wiramaya jeung Sentika,

Geus sumping ka padaleman,  
 Seja ngajaga Sang Dalu,  
 Bilih aya telik pangindar.

11. Sok tunda Raja Habesi,  
 Ganti anu dicarita,  
 Kocap di Mesir geus géhgér,  
 Guyur leungit Siti Bagdad,  
 Raéng nu narangis,  
 Datuk Bendara kalangkung,  
 Hawatos kailangan putra.
12. Ngadeuheus ka Sultan Mesir,  
 Kumpulan mantri Ponggawa,  
 sultanMesir beuki miraos,  
 Kumaha ayeuna mamang,  
 Perkawis pun Siti Bagdad,  
 Pan leungit Agan Ayu,  
 Penyéta mamang ku saha.
13. Datuk Bendara ngalahir,  
 Manawi pangémut mamang,  
 Teu rék nuding kanu séjén,  
 Cop dipaling ku Habsah,  
 Para Ratu ngaleresan,  
 Datuk Bandaro nyatur,  
 Nya éta ka kanjeng Sultan.
14. Ayeuna mamang téh Gusti,  
 Neda pitulung ka mandor,  
 Liwat langkung hawatos,  
 Sarengna deui pun anak,  
 Kakang téh kaliwat-liwat,  
 Numawi diagung,  
 Cumah ngan hiji pisan.

15. Nu matak loba Bupati,  
 Ngalamar teu ditampa,  
 Sabab agamana séjén,  
 Agama biluk ka Habsah,  
 Sabab teu purun pisan nganak,  
 Napelna tacan // tangtu, (101)  
 Erong kantenan ku saha.
16. Sultan Mesir seug ngalahir,  
 Héy sadaya para Ponggawa,  
 Persariaga sakabéh,  
 Ayeuna kula rék nanya,  
 Tékad anu sanggup bélá,  
 Saha-saha anu sanggup,  
 Geus tangtu meunang ganjaran.
17. Ponggawa para mantri,  
 Mun bisa meunangkeun agan,  
 Engké ganjaran urang téh,  
 Dijieun tumenggung muda,  
 Jadi wawakil kaur,  
 Sultan kaduana ngahup (?),  
 Hasil sauntung jeung urang.
18. Jep jempé Ponggawa mantri,  
 Taya nu jawab sorangan,  
 Tungkul pada mikir kabéh,  
 Sumuhun bebendu tuwan,  
 Geus lami tuluy unjukan,  
 Jisim abdi hanteu sanggup,  
 Nyusul Nyi putri ka Habsah.
19. Upama salian ti Habsi,  
 Seja ngiring sadawuhan,  
 Saurna Sultan Mesir téh,

Jadi kaur teu pakasa,  
 Ngan aya saperkasa,  
 Nu geus kalawan tafakur,  
 Siyap lantaran ganjaran.

20. Kudu capé heula nyeri,  
 Aya sahiji Ponggawa,  
 Nu makir saur Sang katong,  
 Jenengan Jaya Sutiya,  
 Putra Sir Maha Raja Sang,  
 Matur ka payuneun Ratu,  
 Kaulanun kangjeng Sultan.

21. Manawi ijin jeung Gusti,  
 Sumeja rék mikir heula,  
 Jisim abdi ieu nembé,  
 Teu acan bala mahir perang,  
 Ngan rumaos susuganan,  
 Abi acan bisa sanggup,  
 Panuhun rék mikir heula.

22. Pangandika Sultan Mesir,  
 Sukur perda dimarotah,  
 Ceuk Ponggawa nu hiji téh,  
 Putra Demang takladira,  
 Jenenganna Wanajan Sim,  
 Abdi lain teu sanggup,  
 Ngan ku wegah rék nyusulna.

23. Datuk Bendara geus nguping,  
 Piunjuk para Ponggawa,  
 Taya pisan anu sanggup,  
 Perhatin Datuk bendara,  
 Tuluy ka masjid tirakat,  
 Neda-neda ka nu Agung,

Ditepangkeun deui jeung anak.

24. Sigegkeun Panghulu Mesir,  
 Sarawuh Sir Maha Sultan,  
 Gusti anu dicarios,  
 Kocap di Karangkamulyan,  
 Nyi randa Lara Sumingkar,  
 Jeung Ahmad eukeur ngariyung,  
 Nyi randa kalangkung susah.

25. // Ngeluk barina jeung nangis, (102)

Kawas nu katingal hilang,  
 Ku Radén Ahmad ditaros,  
 Ibu kunaon kasawat,  
 Bet putra ngiring hawelas,  
 Sateu panten (?) ibu ngangluh,  
 Nalangsa naon sababna.

26. Nyi randa gancang ngalahir,

Ibu seueur nya kasawat,  
 Enggeus puguh Ujang téh,  
 Bakal pisah jadi raja,  
 Ka Manjeti ing nagara,  
 Ayeuna katurug-turug,  
 Agan putri téh cilaka.

27. Dipaling ku raja Habsi,

Ibu tambah nya hawelas,  
 Radén Ahmad langkung kagét,  
 Ibu kuring mah kakara,  
 Nembé nguping gén ayeuna,  
 Poma ibu ulah ngangluh,  
 Sumawonna manah wirang.

### **XXXIII. Wirangrong**

1. Perkawis agan putri,  
 Ulah dipaké hawatos,  
 Tuwang putra sanggup nyusul,  
 Néang ka Nagri Habsi,  
 Ka ibu moal téga,  
 Bener enggeus di Manjeti,  
 Tapi sim kuring hawatos.
2. Teu pasrah ninggalkeun ibu,  
 Manawi pareng mah kuring,  
 Jeung dulur tepang teu tepang,  
 Ti Mesir mah moal ingkah,  
 Anggur mah rék barang beuli,  
 Dagang kacang dagang jagung.
3. Keur mamah hanteu kauntup,  
 Wantu modal ngan saeutik,  
 Aya untupan sumgga,  
 Ngan ku berat dianggona,  
 Ari rék dagang melati,  
 Sieun dituding meunang maok.
4. Tangtu meureun omong batur,  
 Tukang maling kembang putrid,  
 Kuring sieun ditalian,  
 Didaptarkeun ka nagara,  
 Nyai randa suka ati,  
 Saenggeusna medal wiraos.
5. Jeung atuh kaliwat langkung,  
 Sanggup nyusul ke Habesi,  
 Nyai randa seug ngandika,  
 Agan atuh Ujang mangga,  
 Keresa nyusul Gan Putri,

- Dén Ahmad seung nyandak éndong.
6. Sumawonna éta kuluk,  
Rap dangdan enggeus tarapti,  
Ibu kuring neda dua,  
Ayeuna dék nyusul agan,  
Nyai randa seug ngalahir,  
Ibu pidu'a ka Enéng.
  7. Dén Ahmad nyebah mundir,  
Bari nepakan kakandi,  
Ménta mabur iang ka sang,  
Nyelesur ngapung ka madya,  
Sumirik bareng angin,  
Gancangna iyeu carios.
  8. Di jalan // hanteu kacatur, (103)  
Kocapkeun sumping ka Habsi,  
Enggeus sumping ka kaputrén,  
Waktuna sumping Dén Ahmad,  
Jam tujuh harita wengi,  
Dén Ahmad nepakan éndong.
  9. Ménta sirep langkung ngawut,  
Teu lila sirep geus bijil,  
Sirep ganda enggeus nyaksrak,  
Ting geleduk tarunduh sadaya,  
Sumawonna sifat jalmi,  
Sato héwan pada molor.
  10. Aya deui nu kacatur,  
Kocap deui Raja Habesi,  
Jeung sadaya para raja,  
Eukeur pada sukan-sukan,  
Dating sirep ganda wengi,  
Dug kulem na korsi kérék.

11. Kocap anu di kadaton,

Nya éta parameswari,  
 Katerap sirep galempar,  
 Siti Bagdad gé nunudutan,  
 Tapi sasambat mah putri,  
 Ngan Ahmad nu dicarios.

12. Aya éling aya tunduh,

Radén Putri nyaring pakir,  
 Sumping Dén Ahmad ka dinya,  
 Bari nganggo kuluk jimat,  
 Gempar bérés prameswari,  
 Nu ngajaga gempar héés.

13. Wiramaya deukeut pintu,

Jeung Wirasentika deui,  
 Saréna kalangkung tibra,  
 Nu maling sakama-kama,  
 Ahmad geus di jero puri,  
 Pungkurem (sic!) putrid teu témbong.

14. Siti Bagdad keur ngadeluk,

Nyaring pikir agan putrid,  
 Ngocomang nyaour nyalira,  
 Kieu benekna sasambat,  
 Duh Kang Ahmad kuma kuring,  
 Keur nyeri katémbrong-témbrong.

15. Ayeuna di tanah batur,

Jisim kuring suka mati,  
 Jeung daék ka Raja Habsah,  
 Kajeun balik baé ngaran,  
 Upama Kang Ahmad sumping,  
 Sim kuring ratuna atoh.

16. Aya paéh jadi hirup,

Muga-muga ka Yang Widi,  
 Sing dicondongkeun manahna,  
 Tiyasa nyusul ka Habsah,  
 Radén Ahmad enggeus nguping,  
 Pungkureun putri nempo.

17. Seug dilaan éta kuluk,  
 Bari ditoél Dén putri,  
 Barang rét putrid ka tukang,  
 Tétéla Radén Ahmad,  
 Gabrug ngarontok Gan putrid,  
 Bakating ku tina atoh.
18. Duh Kang Ahmad anu punjul,  
 Gigjaya kalingga pati,  
 Teu kapalang teuing Engkang,  
 Keur kasép pancala putri,  
 Radén Ahmad seug ngalahir,  
 Naha Aneng (sic!) bet ngarontok.
19. Da Engkang mah lain nyusul,  
 // arék mulang ka Manjeti,  
 Ayeuna perkara urang, (104)  
 Silih du'akeun jeung agan,  
 Agan sing tetep di Habsi,  
 Jeung carogé mawi cocog.
20. Carogé Enéng heug ratu,  
 Sugih mukti taya tanding,  
 Babalikan diri Engkang,  
 Keur somah téh malarat,  
 Kakuping ku Enéng putri,  
 Seblak manahna tawalo.
21. Tina pangkon ngarumpuyuk,  
 Leuleus nya tulang sandi,

Lami-lami Radén Ahmad,  
 Hawatos ningal raga,  
 Cara gambang Nyai putri,  
 Kuru regeng jeung tolongur.

22. Pasemon mani nyamur,  
 Ried ku Radén Ahmad diais,  
 Nyaah teuing sobat Engkang,  
 Hayu Enéng urang mulih,  
 Gancang nu dicarios.

23. Belesur Radén mabur,  
 Geus kaluar ti Habsi,  
 Siti Bagdad suka manah,  
 Geus mungkur jauh ti Habsi,  
 (Nomer 22 jeung 23 padalisan teu nyumponan).

#### **XXXIV. Pangkur**

1. Saenggeus mungkur Radén Ahmad,  
 Pada gugah prameswari,  
 Aya nu hanteu lulungu,  
 Barang rét Siti Bagdad,  
 Hanteu aya parameswari galuyur,  
 Wiramaya Wirasentika,  
 Nguping Siti Bagdad leungit.

2. Kagét jeung tibuburanjat,  
 Disidikkeun ka jero kaputrén putri,  
 Tétéla Dén putri mangpur,  
 Tapi lawang-lawang sadayana,  
 Masih pageuh taya nu muka pintu,  
 Wiramaya Wirasentika deui,  
 (padalisan teu cumpon).

3. Jeung adi kuma petana,  
 Enggeus kieu tétéla yén putri leungit,

Leungitna enggeus kamaphum,  
 Aya telik pangindar-indar jala,  
 Duta Maha lain samanéa tangtu,  
 Ing laga perkurit papak,  
 Coba rayi masing sidik.

4. Disidikkeun taya tapak,  
 Nandakeun duta Maha perjurit,  
 Jeung kuma petana atuh,  
 Urang téh unjukkeun heula,  
 Ka Sang Raja wiréh putri deui,  
 Matur Radén Wirasentika,  
 Teu perlu unjukan deui.
5. Jadi orang mun unjukan,  
 Jadi nyiar batuk bareuheun teuing,  
 Leuwih hadé urang susul,  
 Upama mun kapendak,  
 Hayang nyaho anu maling agan ayu,  
 Gancang Radén Wiramaya,  
 Jeung Wirasentika deui.
6. Sebrut mabur duwanana,  
 // tunggang hao sumiripit bareng angin, (105)  
 Gancang lampah nu dicatur,  
 Wiramaya kabeurangan,  
 Barang ningal ka handap katingal musuh,  
 Radén Ahmad eukeur angkat,  
 Sareng Siti Bagdad putrid.
7. Keur angkat paduduaan,  
 Satung geuning titahan bangsa sidik,  
 Sebrut ka handap diburu,  
 Wiramaya Wirasentika,  
 Geus ka handap digeroan éta musuh,

- Éh digoan (?) duta Maha,  
Coba tangkap mun lalaki.
8. Siti Bagdad jeung Dén Ahmad,  
Seug ngalirik putri ka Ahmad ngalahir,  
Duh Engkang itu nu nyusul,  
Radén Ahmad muka kasang,  
Geuwat asup Nyai kana éndong nyumput,  
Siti Bagdad ningal kasang,  
Seug ningal sawang kori (?).
9. Gancangna asup kana kasang,  
Raos putri asa dina kamer sidik,  
Geus tetep didinya nyumput,  
Wiramaya Wirasentika,  
Geus di payun Wiramaya nanya musuh,  
Héy pun musuh durat maka,  
Na di kamanakeun nya putri.
10. Ayeuna euweuh tadi aya,  
Siti Bagdadna dikamanakeun deui,  
Saur Ahmad dina saku,  
Naha muna bet tatanya,  
Dék kumaha Wiramaya nyentak musuh,  
Kadieukeun éta agan,  
Naha mana wani-wani.
11. Bisi manéh kurang terang,  
Enya aya Senapati Habesi,  
Andelan perang Batara puput,  
Coba pikir masing enya,  
Mending mana manéh paéh eujeung hirup,  
Upama hayang waluya,  
Kadieukeun agan putri.
12. Radén Ahmad seug ngandika,

Lebih sukur lamun manéh perjurit,  
 Diajar kami jeung musuh,  
 Ngayonan sena ning ngalaga,  
 Rasa naon rasana ngayonan musuh,  
 Hai kufur sana tulah,  
 Perkara ieu putri.

13. Mun geus pecah dada urang,  
 Nya di dinya geura bawa deui putri,  
 Wiramay keukeul ngadangu,  
 Séah ditéwak Dén Ahmad,  
 Radén Ahmad ngejat ngénca maja musuh,  
 Séah deui Wirasentika,  
 Néwak Ahmad méh kajingjing.

14. Datang deui Wiramaya,  
 Radén Ahmad kaleresan geus kacangking,  
 Ditutugkeun kana batu,  
 Ngan jungkel Radén Ahmad,  
 Radén Sentika geus néwak deui ti pungkur,  
 Dibalangkeun Dén Ahmad,  
 Ku Wiramaya kacangking.

15. // Diabalangkeun deui Ahmad, (106)  
 Seug dirangkap ku Wirasentika deui,  
 Dibalangkeun langkung jauh,  
 Payad (?) dialungkeun pisan,  
 Ka Wiramaya ditéwak deui musuh,  
 Ahmad tacan meunang peta,  
 Teu kaur kabuntang banting.

16. Ceuk Radén Wirasentika,  
 Haben baé akang geura buntang-banting,  
 Tacan eumeur mah sing musuh,  
 Ulah waka nguncalang,

Wiramay néwak deui éta musuh,  
 Dibalangkeun deui Ahmad,  
 Wiramaya néwak deui.

17. Keleweng deui dibalang,  
 Lila-lila Radén Ahmad jadi leutik,  
 Kawas orok budak lembut,  
 Kek deui Wirasantika,  
 Bari ngomong alah deui jadi lebur,  
 Barina biur dibalang,  
 Ti dinya les radén leungit.
18. Ilang tampa karana,  
 Wiramaya kagét bari alak-ilik,  
 Kamana adi si musuh,  
 Kadé jaga Wirasantika,  
 Ulah balangah sing awas baé ka payun,  
 Bowa iyeu téh cilaka,  
 Mending lamun témbong deui.
19. Kumaha mun terus mulang,  
 Kalakuan urang rusuh kurang titi,  
 Teu ditanya heula musuh,  
 Lemburna jeung ngaranna,  
 Jadi susah nyusulna geus tangtu nipung (?),  
 Teu lami Radén ngandika,  
 Sowara tan katingali.
20. Aing moal enya mulang,  
 Jadi ngadoba (?) ka perjurit tan habsi,  
 Nandakeun perjurit punjul,  
 Coba deui aing téwak,  
 Raja deui aing téh dimana dumuk,  
 Coba deui geura tingal,  
 Dimana ayeuna sidik.

21. Wiramaya Wirasentika,  
 Leungit pusing barengan langsung ngabero (?) jeung risi,  
 Malah tambah nafsu ngawung,  
 Jeung nya manéh durat maka,  
 Geura témbong mun enya musuh pinunjul,  
 Urang jajal batara kala,  
 Takluti rasondari.
22. Jeung sinepak ngawangkara,  
 Kami awon ulah miris mun lalaki,  
 Kawas setan nyumput teu puguh,  
 Kantara pamiris atawa,  
 Lalaki mah tara sumalindung kitu,  
 Dikira Wirasentika,  
 Pimejateun dina jurit.
23. Dicatuken urang Habsah,  
 Daék ngejat dina batara ajurit,  
 Barang keur susumbar kitu,  
 Jol Ahmad hareupeunana,  
 Carék Ahmad da aing gé moal // mundur, (107)  
 Balika manéh mata peda,  
 Mata beunta teu ningali.
24. Kek ditéwak Wiramaya,  
 Dibalangkeun kana cadas tijumpalik,  
 Dén Wirasentika muru,  
 Néwak katéwak ku Ahmad,  
 Seug diuleng dibubat diayun,  
 Dingotagkeun (?) kana cadas,  
 Jumpalik haregung ceurik.
25. Geus ngaringkuk duwanana,  
 Tingkiliyat hudang bakating ku nyeri,  
 Wiramaya nyabut duhung,

Ki Sentika nyabut pedang,  
 Radén Ahmad seug nyabut pun kilat pecut,  
 Wiramay Wirasentika,  
 Barang maju raka rayi.

26. Sebrut nu buwuk nu medang,  
 Seug dipapag pangnyuduk panyedang deui,  
 Keris jeung pedang nyi pecut,  
 Bubuk kerisna jeung pedang,  
 Wiramaya jeung Wirasentika ngabulucun,  
 Parandene teu kasorang,  
 Maju pasang kanan keri.

27. Ti kénca Wirasentika,  
 Seug dibabuk ku ajimat ku cameti,  
 Wiramaya deui rubuh,  
 Jol ti tengen Ki SEntika,  
 Dibalikeun ku Ahmad bek dipecut,  
 Ngajumpalik Ki Sentika,  
 Pada rubuh ti jumpalik.

28. Ting hareugung duwanana,  
 Dasar tedaking perjurit,  
 Hanteu ngarasakeun ripuh,  
 Ting aresob (sic!) duanana,  
 Ku Dén Ahmad diantep dating ka nyusud,  
 Teu lila jeung pada guguh (sic!),  
 Pada nangtung jag-jag deui.

29. Sebrut deui rék amedang (?),  
 Dipapagkeun deui ku Ahmad ku cameti,  
 Jebét deui bleg nyaruuh,  
 Wiramaya Wirasentika,  
 Teu dirasa tedaking perjurit punjul,  
 Wiwirang nu dikanjutan,

Kaéra nu dikantongi.

30. Peuting ku sinting duaan,  
 Tambah aso (?) janggélék tapi deui,  
 Jamak musuh apiya pamuk (?),  
 Dén Ahmad nepak kantong,  
 Ménta-ménta kana kantong gedé luhur,  
 Cleg Dén Ahmad rupa,  
 Yaksa ngaos aji berahma geni.

31. Barang rét Wirasentika,  
 Hanteu kagét gedé ngajungkiring,  
 Wani ku bakating ku nafsu,  
 Sebrut deui duwanana,  
 Arék néwak katéwak ku Ahmad jemur,  
 Wiramaya Wirasentika,  
 Ku Ahmad enggeus kacangking.

32. Cara dalang nyekel wayang,  
 Wiramaya jeung Wirasentika deui,  
 Ku Ahmad enggeus // kajungjung, (108)  
 Barang rék diadu kumbang,  
 Wiramaya ngabatituna jeung ampun,  
 Aduh Radén dues tobat,  
 Seja taluk pasrah diri.

33. Sumawon diadu kumbang,  
 Ku cekel ogé ieu panas liwat saking,  
 Radén Wiramaya imut,  
 Kana wewekas ramana,  
 Ngalamsimbang ieu Ahmad putra jemur,  
 Ceuk Radén sesatkeun heula,  
 Agan anom neda adil.

#### **XXXV.Sinom**

1. Kagét Dén Ahmad disambat,  
 Jeung jupa geus sebrut deui,  
 Mulung lepat tina tangan,  
 Wiramaya Wirasentika deui,  
 Gék mando jeung tungkul ajrih,  
 Sarta nyanggakeun tumaluk,  
 Abdi seja kumawula,  
 Ngiring gandék seja ngiring,  
 Saur Ahmad syukur kawula narima.
2. Jeung kudu salin agama,  
 Piceun agama Habsi,  
 Wiramaya matur mangga,  
 Ngiring sakumaha lahir,  
 Siang wengi ngiring lahir,  
 Gancangna anu dicatur,  
 Wiramaya jeung Sentika,  
 Geus miceun agama Habsi,  
 Nu diiring kana kalimah sahadat.
3. Asyhaduallaillah,  
 Malahu maca deui,  
 Muhamdarosululloh,  
 Sakitu anu diiring,  
 Radén Ahmad suka kalbu,  
 Sarengna tuluy mariksa,  
 Mangen (?) ku sasambat pati,  
 Wiréh tadi sasambat nyebutkeun Ahmad.
4. Éta nyebut bener pisan,  
 Enya iyeu pisan sidik,  
 Anak jemur ngaran Ahmad,  
 Naha kumah satadi,  
 Anu matak manéh sidik,

Nyebut Ahmad putra jemur,  
 Wiramaya Wirasentika,  
 Cedok nyembah matur tadim,  
 Nun sumuhun sim abdi hatur uninga.

5. Jadi wiréh pun bapa,  
 Jeung rama ratu jin murid,  
 Réhna abdi di Habsah,  
 Jadi Senapati jurit,  
 Ditawar digajey (?) sakti,  
 Ngalingga papak pinunjul,  
 Amung jaga pagétona,  
 Piapesenana jurit,  
 Ku putra sang putra jemur ngaran Ahmad.
6. Kitu unggeling pun bapa,  
 Geus ditaros titatadi,  
 Wiramaya jeung Sentika,  
 Ngaran abdi sareng adi,  
 Rahadén Ahmad ngalahir,  
 Sukur sujud ka Yang Agung,  
 Lantaran jadi baraya,  
 Marga tina perang jurit,  
 Urang atur basa // ka sampéan. (109)
7. Pantes kula nyebut akang,  
 Mun kitu kantenan tadi,  
 Sumuhun ceuk Wiramaya,  
 Ngiring sakersa Gusti,  
 Gancangna anu digurit,  
 Teu lami deui kactur,  
 Geus jengkar Radén tiluwan,  
 Mulih ka nagari Mesir,  
 Teu dicatur lamina mah dijalana.

8. Dén Ahmad muka éndongna,  
 Étang (sic!) nu dieusi putri,  
 Nya éta putri Siti Bagdad,  
 Enéng putri enggeus bijil,  
 Nya éta ti jero katil,  
 Wiramaya kagét langkung,  
 Sarawuh Wirasentika,  
 Sami bengong ningali,  
 Beuki isin Wiramaya ku Dén Ahmad.
9. Siti Bagdad seug unjukan,  
 Kutan iyeu sir nagari,  
 Leres saur Dén Ahmad,  
 Jeung baé urang badami,  
 Ayeuna seug urang mulang,  
 Deuheusan rama Dén Ayu,  
 Ulah sareng reujeung Engkang,  
 Wayahna nyalira Nyai,  
 Ari Engkang rék mulih ka kebon kembang.
10. Matur deui Siti Bagda,  
 Kumah Engkang sim kuring,  
 Upama dongkap ka mama,  
 Kantenan marios pasti,  
 Nu tumabélana abdi,  
 Rahadén Ahmad nyaur,  
 Heg baé ku Nyai jawab,  
 Tatapi sing hade Nyai,  
 Kiyeu Enéng pikeun unjukan ka mama.
11. Abdi téh duka ku saha,  
 Geus pasti kersa Yang Widi,  
 Kawas aya nu mawa,  
 Bet ras élinggeus aya di Mesir,

Kitu baé hatur rayi,  
 Poma sulaya ti kitu,  
 Siti Bagdad matur mangga,  
 Ngiring sakur sajeng Gusti,  
 Mangga atuh urang Engkang pileuleuyan.

12. Kantun luhurna bangkalan,  
 Sing ras ka diri kuring,  
 Sawangsulna diri Engkang,  
 Hareueus (?) marérang baé,  
 Nu anggeus hayangeun deui,  
 Paseuk besi dina kayu,  
 Tatapi lamun akuwan,  
 Nya pikir pangumbah urang,  
 Mun teu isin moal neundeun perjanjian.

13. Nyiruan genténg cangkéngna,  
 Masing mindeng pulang anting,  
 Ti dayeuh ka kebon kembang,  
 Unjuk sumangga Nyi Putri,  
 Bari sisindiran putri,  
 Rahadén Ahmad nya kitu,  
 Mulihna ka kebon kembang,  
 Jeung Wirasentika deui,  
 Teu dicatur anu sumping ka Nyi randa.

14. Ganti taun anu kocap,  
 Nyarioskeun Sultan Mesir,  
 Sir Maha Sultan Muhammad,  
 // enggeus mulih Enéng putri, (110)  
 Bade rék perang pati,  
 Sarengna Radén Panghulu,  
 Ngantosan per Ponggawa,  
 Anu rék béla ka putri,

Hanteu aya prihatin Datuk Bendara.

15. Maha Sultan seug ngandika,

Nya éta ka Panghulu Mesir,  
 Ayana mamang Bendara,  
 Perkawis Enéng putri,  
 Lamun iyeu di Mesir,  
 Geus euweuh jago anu sanggup,  
 Leuwih hade sayembara,  
 Sayembara ka sanés nagri,  
 Saha-saha anu meunangkeun Siti Bagdad.

16. Éta pikeun carogéna,

Ngawalon Panghulu Mesir,  
 Sumuhun ngiring sadawuhan,  
 Kumah kersa Gusti,  
 Ponggawa anu ngaruping,  
 Campur jeung isin ku ratu,  
 Barangna eukeur guneman,  
 Torojol Rahadén Putri,  
 Ngadeuheusan ka eukeur berhimpun.

17. Sakabéh geus pada ningal,

Sami bengong naringali,  
 Sultan Mesir kagét pisan,  
 Geuning iyeu Radén putri,  
 Barang rét Panghulu Mesir,  
 Ngarontok ka putri rusuh,  
 Nyupu emas anak mama,  
 Bukur (sic!) Nyai anu geulis,  
 Bagja mama patepang deui jeung mama.

18. Mangga Gusti geura pariksa,

Mamang hayang geura nguping,  
 Anu ngabélaan agan,

Énggal baé Sultan Mesir,  
 Hé Nyai agan putri,  
 Duker Engkang suka kalbu,  
 Ayeuna Engkang rék nanya,  
 Saha nu bélá ka Nyai,  
 Urang mana ratu atawa ponggawa.

19. Cedok nyembah Siti Bagdad,

Matur ka paduka Gusti,  
 Sumuhun dawuh jeung Sultan,  
 Taya nu bélá ka abdi,  
 Margi abdi bias balik,  
 Kersaning Alloh Nu Agung,  
 Tina banget hanteu betah,  
 Sim abdi aya di Habsi,  
 Siyang wengi neda-neda ka Pangeran.

20. Ari dina hiji mangsa,

Eukeur saré jisim abdi,  
 Ari ras sim abdi gugah,  
 Bet ras aya di Mesi,  
 Gumujeng Sultan Mesir,  
 Kumaha mamang bet kitu,  
 Piunjuk Datuk Bendara,  
 Panginten dibawa ku jin,  
 Dawuh Sultan mamang leres kitu pisan.

21. Sukur Enéng nu darajat,

Ponggawa mantra ngaruping,  
 Kaduhung henteu iyang,  
 Manahna ponggawa // mantra, (111)  
 Lamun aing jadi indit,  
 Meureun di jalan patepang,  
 Saruwa jeung ngabélaan,

Urang tunggal ti Habsi,  
Ku hanjakal aya bagja teu daulat.

22. Lantaran nu kecing manah,  
Sugih ku kuda kucing,  
Kanjeng Sultan deui kocap,  
Matur ka Panghulu Mesir,  
Ka dieu ari enggeus putting (?),  
Ramé-ramé sing ngaguruh,  
Metakeun di padaleman,  
Ngiring jeung Panghulu Mesir,  
Pupuh sinom diganti ku dangdanggula.

### **XXXVI. Dangdanggula**

1. Hanteu lami burudul para Nyai,  
  
Nu ngaliyud agan Siti Bagdad,  
Patih nya Demang sakabéh,  
Sumawonna nya Panghulu,  
Ibuna Rahadén putri,  
Nya putri para Ponggawa,  
Para istri ngaliyud,  
Geus pepek istri sadaya,  
Gancang waé disuguhan agan putri,  
Geus badé rék para Ponggawa.
2. Barang tuang suka-suka ati,  
  
Enggeus peuting sadaya paraba (?),  
Sima (sic!) sukan-sukan kabéh,  
Tatabeuhan geus ngaguruh,  
Dibareng jeung sora bedil,  
Tinggeleger mariyam,  
Keraméyan nya kitu,  
Ting baliur kembang bulan,

- Mun ayeuna mah disebutkeun kembang api,  
 Jeung ramé tuang inuman.
3. Anggur berlan kalawan bir,  
 Kitu deui warna katuwangan,  
 Kocap Siti Bagdad Radén,  
 Hareudang kaliwat langkung,  
 Bayeungyang cikaringet bijil,  
 Siti Bagdad palay siram,  
 Mios ti kadaton,  
 Diiring ku para emban,  
 Para Nyai para ménak parameswari,  
 Atuh ngiring arék siram.
4. Enggeus sumping ka taman Dén Putri,  
 Tuluy siram jeung percara,  
 Anu ngiring égang kabéh,  
 Teu lami siram geus putus,  
 Gancang nganggo deui putri,  
 Anggon enggeus sadiya,  
 Nu ngiring teu pungkur,  
 Bral deui angkat ti taman,  
 Mulih ngebak bareng sadaya keur mulih,  
 Sumping aya gara-gara.
5. Ting arohék sadaya nu ngiring,  
 Bau hapeuk jeung bau babatang,  
 Pada nyebut bau naon,  
 Barang eukeur géhgér kitu,  
 Torojol buta ngaringking,  
 Pada kagét sadayana,  
 Tinggarebut labut (sic!),  
 Buta néwak Siti Bagdad,  
 Geus dibawa Dén putri ngajerit nangis,

Para garwa // ting kocéak céyak (?).

(112)

6. Geus kabur buta kaya paksi,  
Mawa putri ting kocéak,  
Para mantra pada bengong,  
Para ratu geus ngadangu,  
Ngijabna pating jarerit,  
Geus rabul ti padaleman,  
Sumawonna Panghulu,  
Mariksa ka para Ponggawa,  
Iyeu naon ay asana (sic!) géhgér ceurik,  
Para gara (sic!) pada unjukan.
7. Nun sumuhun tiwas abi putri,  
Siti Bagdad dipaling ku buta,  
Ka awang-awang ngalesar,  
Datuk Bendara ngadangu,  
Rumpuyuk lanuh teu éling,  
Ku sadaya diraponan,  
Ratu Mesir nyaaur,  
Masing éling baé mamang,  
Dikumaha geus milik agan putri,  
(...) dipaling keur naas.
8. Pangga (sic!) baé ayeuna urang badami,  
Dén Panghulu ras éling geus gagah,  
Maca istigfar tawalu,  
Énggal sadaya kumpul,  
Para ratu ponggawa mantra,  
Sadawuh para ponggawa,  
Réyang ting salegruk,  
Geus puguh abuna agan,  
Réyang nangis perkana (?) rawuh meswari,  
Sediya sira Maha Sultan.

9. Seug ngadawuh alo ulah nangis,  
 Anggur neda ka Pangeran,  
 Mugi ka Yang Manon,  
 Siti Bagdad sing rahayu,  
 Mugi masing dongkap deui,  
 Cara anu geus katukang,  
 Pitulung nu makbul,  
 Ti Habsi dating sorangan,  
 Para garwa jep jempé teu nararangis,  
 Ngupingkeun piwuruk Sultan.
10. Sultan Mesir seug ngalahir deui,  
 Hé sadaya para Ponggawa,  
 Para mantra aya sakabéh,  
 Anu teu pilih sebut,  
 Radén emas atawa kuring,  
 Pendékna teu pilih jalma,  
 Saha anu sanggup,  
 Ayeuna urang sembara,  
 Saha nu meunangkeun Nyi putri,  
 Éta nu dipaling buta.
11. Enggeus tangtu jodona Dén putri,  
 Jadina wawakil Sultan,  
 Senapatina kadaton,  
 Tah sembarakula kitu,  
 Ayeuna wani teu wani,  
 Kaula maréntah jawan (sic!),  
 Pék kabéh malatur,  
 Mantra ponggawa sadaya,  
 Seja ngiring satimbalan kangjeng Gusti,  
 Nyuhunkeun jiad jeung Sultan.
12. Ka buta mah kabéh pada wani,

Rampag galung para ponggawa,  
 Énggalna seug nabeuh bendé,  
 Tanggara ngumpulkeun batur,  
 // gancangna anu didurit, (113)  
 Geus kumpul wadiya balad,  
 Sakabéh sedadu,  
 Sadaya para ponggawa,  
 Bedal tumbak pedang sanjata jamparing,  
 Pélor ranté pélor waja.

13. Ménak-ménak di Mesir teu kari,  
 Pada riyab kabéh ngepung buta,  
 Dur mariyem pék terompét,  
 Turuktur sora tambur,  
 Ngajugjug ka Gunung Mesir,  
 Kabéh balad pada iyang,  
 Ka Gunung geus cunduk,  
 Disaksrak di leuweung éta,  
 Beurang peuting ngideran di Gunung Mesir,  
 Tunda nu néangan buta.
14. Kacaturkeun kangjeng Sultan Mesir,  
 Eukeur lumuguh sadayana raja,  
 Datuk Bendara seug naros,  
 Pun mamang gaduh piunjuk,  
 Upama éta Dén putri,  
 Kenging sarta kenging buta,  
 Pun mamang rék kaul,  
 Upama jadi rebutan,  
 Marebutkeun lantaran ti Nyai putri,  
 Upama jadi peparan.
15. Kaulanun mamang ngaju jurit,

Moal nyaah ka lambung di medan,  
 Sakitu kaul mamang téh,  
 Sang Datuk amit jeung mundur,  
 Ti dinya tuluy ka masjid,  
 Seug tirakat neda duwa,  
 Anak sing katimu,  
 Siyang wengi Datuk Bendara,  
 Hanteu mulih tirakat waé di masjid,  
 Hanteu leueut hanteu tuang.

16. Tepung nyingkur lilana di masjid,  
 Sakalangkung tambah panyawatna,  
 Hiji mangsa seug nyangkéré,  
 Di masjid ngarabang tunduh,  
 Dug kulem terus jeung ngimpi,  
 Nu kaimpi Siti Bagdad,  
 Kapendak keur ngalayung,  
 Di Karangkkamulyan dinya,  
 Randa diiring ku para nyai,  
 Sarawuh jwung nyi randa.

17. Barang éling Sang Panghulu Mesir,  
 Énggal gugah tuluy baé angkat,  
 Ka garwana cacarios,  
 Sareng garwa enggeus tepang,  
 Kasampak garwa keur nangis,  
 Nangisan nyi agan Bagdad,  
 Sang panghulu nyaur,  
 Montong nangis garwa Engkang,  
 Anggur hayu nglilipur pikir,  
 Pelesir ka kebon kembang.

18. Jeung Engkang téh nyai tadi ngimpi,

Siti Bagdad aya di Sawareun (?),  
 Coba urang téang baé,  
 Garwana ngoréjat nyatur,  
 Mangga atuh kuring ngiring,  
 Teu lami deui waktuna,  
 // geus mios ti kaum, (114)  
 Ngabujeng ka kebon kembang,  
 Sareng garwa ka kebon eunggeus sumping,  
 Kasmaran nu boga manah.

### **XXXVII. Asmarandana**

1. Kocap Nyi randa ningali,  
 Kagét ningal rama agan,  
 Geuwat nyandak amparan,  
 Alketip eunggeus dipasang,  
 Datuk Bendara geus lenggah,  
 Jeung garwa Nyi Panghulu,  
 Wiramaya Wirasentika.
2. Seg nytingkir linggih ka sisi,  
 Isin ku datuk Bendara,  
 Calik barina jeung mando,  
 Ngan Ahmad anu teu aya,  
 Harita eukeur ka jamban,  
 Nyi randa seug hatur sukur,  
 Lemareun eujeung sesepen.
3. Geus baktos lemareun calik (?),  
 Ngadeuheusan jeung Sumingkar,  
 Depa jeung bari marando,  
 Panghulu turun cisoca,  
 Sarawuh éta garwana,

Ningali Sumingkar wuwah,  
 Kasuat ku Siti Bagdad.

4. Nyi randa kabet (?) ngalahir,  
 Duh Gusti juragan hamba,  
 Sim abdi gaduh pitaros,  
 Gusti abdi kagét ningal,  
 Éta pasemon gamparan,  
 Kawas anu banget nganluh,  
 Jisim abdi hoyong terang.
  
5. Sakalangkung pikir risi,  
 Kumaha marga gamparan,  
 Numawi kersa miyos,  
 Sim abdi pasihan terang,  
 Énggal sang datuk Bendara,  
 Nayi randa ngadawuh,  
 Hé Nyi randa tukang kembang.
  
6. Nu matak dongkap téh kami,  
 Sugan aya Siti Bagdad,  
 Ku kami tadi kaimpén,  
 Aya di iyeu pisan,  
 Ari éta agan Bagdad,  
 Nu matak disusul,  
 Sababna dipaling buta.
  
7. Kami katalanjung pikir,  
 Kaimpi gé atoh pisan,  
 Nyi randa bareng nguping téh,  
 Ngaranjug ngupingkeun warta,  
 Aduh Gusti geura agan,  
 Sugan témah henteu kitu,  
 Ku tata leungit deui agan.

8. Iraha leungitna Gusti,  
 Geus lami atawa tacan,  
 Datuk Bendara ngawalon,  
 Geus sawelas powé,  
 Lara Sumingkar unjukan,  
 Duh Gusti manawi sapuk,  
 Sungan susul deui agan.
9. Papalayeun ti Habesi,  
 Geuning bet teu burung beunang,  
 Disusul ku Kang Ahmad téh,  
 Sungan ayeuna agan,  
 Susul deui ku Kang Ahmad,  
 Kang Ahmad sugaran bias nyusul,  
 Wantu akang mah // binekas. (115)
10. Lébér hate sarta wani,  
 Ngagék datuk Bendara,  
 Nguping omong Sumingkar,  
 Kagét barina mariksa,  
 Naha manéh Sumingkar,  
 Éta manéh ngomong kitu,  
 Aing matak teuing suka.
11. Jadi landong kana ati,  
 Naha baréto téh agan,  
 Keur dipaling ku Habsah téh,  
 Naha aya anu béla,  
 Nu nyusul agan ka Habsah,  
 Nyi randa seug geuwat matur,  
 Atuh puguh disusul mah.
12. Kapan ku anaking sima abdi,  
 Anak kukut ngaran Ahmad,  
 Wiramaya unjuk walon,

Duh Gusti sumuhun pisan,  
 Apan sim abdi nyaksiyan,  
 Malah anu maling kapungkur,  
 Anu maling Agan Bagdad.

13. Ieu sifatna sim abdi,  
 Piwarangan Raja Habsah,  
 Malah nembé ka pengker téh,  
 Nu ngintun serat lamaran,  
 Disasaak ku gamparan,  
 Nya sim abdi pisan istu,  
 Terus maling Agan Bagdad.

14. Jisim abdi téh ti Habsi,  
 Senapatina ngalaga,  
 Amung ku radén Ahmad téh,  
 Abdi teu kiyat ngyonan,  
 Perang papak anggabaran,  
 Lami-lami abdi taluk,  
 Tina teu kiyat ngayonan.

15. Jeung nu matak perang tanding,  
 Waktu nyusul Agan bagdad,  
 Teu kiyat tuluy ngagandék,  
 Sakitu abdi tumarang,  
 Kakuping ku Sang Bendara,  
 Kagét jeung manahna ratug,  
 Mani asa tutunggulan.

16. Naha pikir aing,  
 Mana hanjakal ayeuna,  
 Cing mana atuh Ahmad téh,  
 Hayang nyaho dirupana,  
 Kutan manéh téh randa,  
 Nyi randa nyembah jeung matur,

Sumuhun eukeur ka jamasin.

17. Sang Panghulu nyaour deui,  
Cing atuh Ki Wiramaya,  
Susulan waé Ahmad téh,  
Kami hayang geura tepang,  
Gancang Radén Wiramaya,  
Barangna éta rék nyusul,  
Kabujeng sumping Gan Ahmad.
  
18. Kapayun Panghulu Mesir,  
Dén Ahmad awal tumingal,  
Diceta ménak gegedén,  
Cedok nyembah tungkul mando,  
Panghulu bengong ningalan,  
Kitu deui Nyi panghulu,  
Hookeun neuteup ka Ahmad.
  
19. Haben baé ditingal,  
Rét ka luhur rét ka handap,  
Dirarat dirérét baé,  
Beuki lila anu ningal,  
Beuki resep beuki éndah,  
Beuki kasép // jeung kayungyun, (116)  
Beuki asih beuki nyaah.
  
20. Seug nyaour Panghulu Mesir,  
Héran da jero sayuran,  
Nya iyeu ngaran Ahmad,  
Sumuhun saur Nyi randa,  
Ngalahir Datuk bendara,  
Nya manéh lebih untung,  
Boga mustika nagara.
  
21. Hé Ahmad jaluk anaking,

Iyeu téh kersa rama,  
 Jeung ibu mawi dongkap téh,  
 Réhing ama nembé terang,  
 Hanteu nyana Siti Bagdad,  
 Dongkap aya anu nyusul,  
 Nya rupana hidep pisan.

22. Nya enya éta téh sidik,  
 Sumuhun piunjuk Ahmad,  
 Datuk Bendara ngawalon,  
 Naha baréto teu dongkap,  
 Hanjakal kaina-bina,  
 Cedok nyembah Radén matur,  
 Sumuhun bendu tuwan.
23. Abdi liwat tung ku ajrih,  
 Sanés kitu nu dipandang,  
 Beubeuhan (sic!) juragan baé,  
 Pok deui Panghulu jawab,  
 Hanteu kitu ayeuna mah,  
 Gampang manis tangtu,  
 Ayeuna téh Siti Bagdad.
24. Ti dayeuh geus leungit deui,  
 Dipaling deui ku buta,  
 Susul deui ayeuna téh,  
 Upama putri geus beunang,  
 Tangtu pigerwaeun Ujang,  
 Enggeus rempug serat ratu,  
 Ujang téh ulah kapalang.
25. Sakumaha temen pikir,  
 Nya sukur ibu jeung rama,  
 Ujang téh teja katon,  
 Keur kasép tur kawuwuhan,

Sungguh kastriya gagah,  
 Ama haying geura dangu,  
 Pong (sic!) Ujang sing sanggup,

26. Radén Ahmad mature warti,

Unjuk sumangga timbalan,  
 Sanggeus nguping Panghulu téh,  
 Suka manah sareng garwa,  
 Ayeuna téh arék mulang,  
 Bade unjukan ka ratu,  
 Ama kantor di nagara.

27. Énggal Panghulu Mesir,

Seug nangkep tangan jeung Ahmad,  
 Geus nangkep tangan seug miyos,  
 Bara sambung pangdu'a,  
 Geus jengkar Datuk Bendara,  
 Kocap Ahmad anu kantun,  
 Seug nyaur Wiramaya.

28. Cing kakang urang badmi,

Di mana enggonna buta,  
 Wiramaya seug ngawalon,  
 Sumuhun dawuh gamparan,  
 Perkawis enggonna buta,  
 Di Gunung Habsi urang // susul,

(117)

Hawatos ku Siti Bagdad.

29. Gancangna anu digurit,

Rap dangdan Rahadén Ahmad,  
 Nyandak kuluk sareng éndong,  
 Wiramaya jeung Sentika,  
 Nganggo kaos duwanana,  
 Kuda samparani rawuh,  
 Kinanti Radén geus jengkar.

### **XXXVIII. Kinanti**

1. Sumangga gancang canatur,  
Di jalan teu digurit,  
Wiramaya Wirasentika,  
Ngbeng kuda semparani,  
Angkat ngambah wadiya gancang,
2. Sumiripit bareng angin.  
Dibujeng angkat nu rusuh,  
Kacaturkeun enggeus sumping,  
Wiramaya Wirsentika,  
Sarawuh adén raspati,  
Geus sumping ka gunung Habsah,  
Seja ngilari Dén putri.
3. Sok tunda Radén di gunung,  
Nu keur nayangan (sic!) Dén putri,  
Ganti deui anu kocap,  
Dina pinggir gunung Habsi,  
Aya hiji guha,  
Eusina duwa putri.
4. Keur nangis pating salegruk,  
Sasambatna melas-melis,

Aya éta hiji Bagdad,  
 Putrana panghulu Mesir,  
 Jeung ngaran Ratna Komala,  
 Ti nagri Sumantapuri.

5. Putrana Kusuma Ratu,

Putra kakasih ngan hiji,  
 Saruwa dipaling buta,  
 Kocap Siti Bagdad deui,  
 Damelna eukeur sasambat,  
 Ka Radén Ahmad Raspati.

6. Neda pitulung yang Agung,

Nu sipat ahiman jeung rahim,  
 Éta manah engkang Ahmad,  
 Mugi masing luntur galih,  
 Nyusul abdi nu sapasar,  
 Aya dina gunung Habsi.

7. Taya sanés nu kaimut,

Nu tiyasa nyusul abdi,  
 Kalintang ti Radén Ahmad,  
 Ratu Kamala ngalahir,  
 Geuraheun teuing nyi mah,

Aya pikeun nganti-nganti.

8. Nu kauntup yasa nyusul,

Ti dayeuh nagri Mesir,

Ari seug diri aceuk mah,

Geus taya antupan (sic!) teuing,

Di dayeuh Sumantapura,

Taya satria nu lantip.

9. Ngan aceuk gaduh piunjuk,

Bok bilih aya nu asih,

Nulungan ka ayi pisan,

Ti dayeuh kudu dicandak,

Pikeun rencang gandék kuring.

10. Lumayan keu gandek Ratu,

Purah ngala-ngala cai,

//piembaneun Siti Bagdad,

Diri aceuk suka ati,

Siti Bagdad tambah welas,

Ngupingkeun Ratna komala.

11. Keur ngangluh katambah wuwuh,

Hawatos ka Ratna putri,

Siti Bagdad sasauran,

Hé aceuk Ratna Komala,

Banton baba (?) neneda,

Mun ayi anggeus lastri.

12. Aya kadar anu nulung,

Mola kantun aceuk putri,

Karana pada sangsara,

Sasapait samamanis,

Nuhun ceuk Ratna Komala,

Mugi-mugi ayi putri.

13. Masing énggal anu nulung,

Barang eukeur gunem warti,

Norojol Rahadén Ahmad,

Jeung Wirasantika deui,

Katilu Wiramaya,

Nempo ka guha ningali.

14. Siti Bagdad seung ngaranjung,

Nangis bari suka ati,

Duh gusti manutan tingwang (?),

Geuwat engkang ayeu na kuring,

Liwat langkung kateu betah,

Mangga geura candak kuing.

15. Radén Ahmad mayem nyaur,

Sukur agan tepang deui,

Ngan iyeu pun engkang héran,

Nu leungit ngan putrid hiji,

Kari-kari jadi duwa,

Na ti mana iyeu putri.

16. Siti Bagdad nyembah matur,

Sumuhun iyeu téh putri,

Putrana raja umbar,

Ti nagri Sumantapuri,

Sami pada dipaling buta,

Yén gaduh sareng ka Mesir.

17. Jenenganana kahatur,

Iyeu tah Ratna Komala,

Radén Ahmad mésem jawab,

Sukur sujud ka yang Widi,

Jadi sami katulungan,

Kudu jadi urang Mesir.

18. Jeung deui ieu téh suwung,

Mana butana téh nyai,

Anu maling agan Bagdad,

Dén putri unjukeun deui,

Ayeuna buta keur nyaba,

Ngarayah ka jero nagri.

19. Ana datang angkaribung,

Bawana téh warni-warni,

Kadaharan lauk atah,

Mowal lila gé gusti,

Ayeuna buta tangtos datang,

Mangga atuh iyeu kuring.

20. Bisi sidik buts jabul,

Enggeus ulah lami-lami,

Énggalna Rahadén Ahmad,

Sup ka jero nyandak putri,

Geus hapeuk bau babatang,

Dina jero guha hanyir.

21. Duwa putri geus dipanggul,

Wiramaya Sentika deui,

Tampanan putri ti guha,

Duwa putri enggeus bijil,

Ditunggangkeun kana kuda,

Diobeng ku duwa gandék.

22. //Wiramaya ti katuhu,

Wirasentika ti keri,

Diiringkeun ku Dén Ahamd,

Geus miyos ti guha tebih,

Kuda hanteu ngapak lemah,

Antarana tina bumi.

23. Satumbak anggangna maju,

Duwa putri suka ati,

Tunggang kuda Kastubaya,

Gancangna iyeu Dén putri,

Geus jauh ti tempat guha,

Geus mungkur ti gunung Habsi//.

### **XXXIX. PANGKUR**

1. // Kacaturkeun éta buta, (119)

Geus datang tas ngarayah unggal nagri,

Buta ari angkaribung,

Nu dibawana hakanan,

Barang datang Sentika gap ngarangkul,

Dua putri henteu aya,

Buta ambek jeung ngagidir.

2. Arurat rét ngulon ngétan,

Ngidul ngalér weléh putri teu kapanggih,

Disusul ambekna ngidul,

Buta nyokot tutup guha,

Batu ramping geus meunang bias disusul,

Teu lila deui waktuna,

Ahmad kasusul pandeuri.

3. Buta ngagero nyalukan,

Uang mana nu gaée pencuri putri,

Bangsat ayap dibawa tilu,

Coba liat ini gua,

Ambil batu sekarang gua pukul,

Jangan lari gua bangsat,

Kasihan lagi tuh putri.

4. Radén Ahamd rét ka kutang,

Pangggul gada buta nyusul (?),

Tangguh jeung Ahmad teu mundur,

Buta geus deukeut ka Ahmad,

Batu ramping téh gebut biyur,

Dipaké malempang Ahmad,

Radén Ahmad taki-taki.

5. Batu ramping geus dibalang,

Barang jedak ku Radén Ahmad ditakis,

Batuna biyur ka pungkur,

Dén Ahmad seug meunang panah,

Enggeus sumping jamparing mener kalangkung,

Jetét kana dada buta,

Koléang jumpalik mati.

6. Barang gebut kana lemah,

Buta ngomong bari ngalengis,

Ménta dipindo pambunuuh,

Disusul deui ku Ahmad,

Éta buta ku Ahmad disusul bunuh,

Seug narik pecut pet kilat,

Jetét dibabuk cameti.

7. Buta hirup jadi dua,

Radén Ahmad kagét barina ningali,

Énggal narik deui pecut,

Dipecut buta nu dua,

Ngajumpalik ngagero ménta dibunuuh,

Lekas pukul lagi gua,

Kingkong sekarang mati.

8. Énggal deui Radén Ahmad,

Pindo mecut ka buta // anu rék mati,

Janggélék jadi harirup, (120)

Buta dua jadi opat,

Radén Ahmad kagét barina jeung mundur,

Katingal ku Wiramaya,

Opat tiwas itu adi

9. Ituh ningal Radén Ahmad,

Kuyang duduk pernah jeung buta,

Tubuh adi dihantem dipindo mukul,

Buta hiji jadi opat,

Coba adi akang ayeuna rek muru,

Ieu putri geus jaga,

Minggat cék Wira Sentika rayi.

10. Sebrut Radén Wiramaya,

Enggeus gasik ka pungkurna Radén Ahmad,

Deui Wiramaya seug pinunjul,

Radén perang eujeung buta,

Poma-poma ulah sok dipindo mukul,

Lamun dipindo sok loba,

Ulah sok ngadua kali.

11. Buta hiji jadi opat,

Sakali gé kitu moal burung mati,

Dén Ahmad kagét ngadangu,

Barang eukeur saurna,

Opat buta calawak sungutna muru,

Dék ngégél ka Radén Ahmad,

Wiramaya nyabut keris.

12. Barang rék kop Radén Ahmad,

Jol ditejek ku Wiramaya sakali,

Buta ngajengkang ngagebrug,

Datang deui tilu buta,

Ku Dén Ahmad dipukul deui ku pecut,

Kaopat anu ku keris.

13. Pada ngomong opat buta,

Ménta-ménta dipindo (?) lagi,

Hayang bangsat lagi dipukul,

Dijawab ku Wiramaya,

Moal enya sia téh dipindo mukul,

Sakali gé sia modar,

Moal dipindo ku aing.

14. Teu lila deui waktuna,

Opat buta sakarat pada marati,

Radén Ahmad mindo nyaur,

Cing kumaha ayeuna kakang,

Wiréh aya opat buta enggeus tumpur,

- Kang rayi neda pirempug,  
 Wiramaya matur tadim,
15. Raos abdi ieu buta,  
 Kedah bantun hiji buta eukeur bukti,  
 Amung huluna dibantun,  
 Gancang baé Wiramaya seug ngabantun,  
 Geus diteukteuk hulu buta,  
 Wiramaya matur deui.
16. Ayeuna Radén sumangga,  
 Geura angkat (?) baé Kangjeng Gusti,  
 Abdi anu tanggung hulu,  
 Ngan itu Wira Sentika,  
 Sina ka dieu pikeun layan gotong hulu,  
 Saur Radén // Ahmad sumangga,  
 Geus mios dék ngobeng putri. (121)
17. Teu lami deui waktuna,  
 Wira Sentika geus dongkap mawa tali,  
 Gancang didangdanan hulu,  
 Barangna enggeus sadia,  
 Rap digotong ku duaan éta hulu,  
 Wiramaya jeung Sentika,  
 Pada tunggang kaor jin.
18. Geus angkat ka Madya Gantang,  
 Nanggung hulu Dén Ahmad ngobeng putri,  
 Sigeug nu nanggung hulu,  
 Mangsana eukeur di jalan,  
 Ganti kocap nyarioskeun Kangjeng Ratu,  
 Mangsana keur berhimpun,  
 Maha Raja Sultan Mesir.
19. Sareng sadayana Raja,  
 Sumawonna Sang Datuk Bendara deui,

Mentri Ponggawa manggul,  
 Jeung sakabéh para raja,  
 Karék dongkap pulang ngarayah ka gunung,  
 Sadaya pada unjukan,  
 Ponggawa rawuh para mentri.

20. Réhing buta hanteu aya,  
 Sareng deui agan putri teu kapanggih,  
 Disarak ka unggal gunung,  
 Leuweung alas Bandawasa,  
 Geus diubek lebah jero lamping gunung,  
 Nu mawi énggal mulang,  
 Supados Gusti ningali.

21. éta kangjeng Mesir Sultan,  
 Barang enggeus midanget ponggawa mentri,  
 Sakedap Sultan melepud,  
 Hawatos ka Siti Bagdad,  
 Sareng ningal ramana putri Sang Datuk,  
 Datuk Bendara ningalna,  
 Kana ngangluhan Sang Mesir.

22. Datuk Bendara miunjuk,  
 Aduh Gusti kang rama unjuk ningali,  
 Perkawis Gusti nu ngangluh,  
 Ku kang rama geus kacipta,  
 Amung Gusti ulah tuluy jadi ngangluh,  
 Karana ayeuna rama,  
 Pitulung bet teteg galih.

23. Perkara Siti Bagdad,  
 Geus tinangtu aya pitulungna pasti,  
 (?) pinunjur,  
 Anak rama tapi éta anak gugup,  
 Samalah waktu ka tukang,

Binasa dipaling ku hasib.

24. Enya éta nu nulungan,

Hanteu sotéh geus ngadeuheus ka Gusti,  
 Ma'lum wantu urang gunung,  
 Hanteu nyaho saembara,  
 Nyahona bubuhan juragan wungkul,  
 (?) éta (?) béla,  
 Jurungan indungna asih.

25. Wantuning juraganana Sultan,

Mesir mideuheus ngageubeug galih,  
 Babu-babu Ahmad kitu,  
 Kasuat ku sadérékna //,  
 Cisocana Sultan murubut jeung nyaur, (122)  
 Hayang teuing putra terang,  
 Anakna Nyi randa Mesir.

26. Muga-muga geura dongkap,

Jeung kumaha putra Ahmad putra Mesir,  
 Hayang téh putra téh sapatut,  
 Jeung dulur kuring diaku dulur,  
 Piunjuk Datuk Bendara,  
 Kumaha engké baé Gusti.

27. Uninga upama dongkap,

Para ponggawa para mentri pada nguping,  
 Hookeun anu ngadangu,  
 Sok hayang nyaho buktina,  
 Saupama engké ari enggeus cunduk,  
 Kumaha dedeganana,  
 Najan malundur perjurit.  
 Kumaha dedeganana,  
 Najan malundur perjurit.

**XXXIX. Durma**

1. // Wadya balad sadayana najan ingkar,  
Réhing aya kabar yakin,  
Anakna éta Nyi randa,  
Anu eukeur nyusul buta,  
Sami pada pasang kupinh,  
Kadigjayana,  
Beunang henteu Nyi putri.
2. Para ponggawa guneman para baturna,  
Lamun enya putri kénging,  
Ku anakna Nyai randa,  
Tegesna anyar di urang,  
Jeung isin ku Kangjeng Gusti,  
Kitu basana,  
Sigeug nu keur gunem warti.
3. Kacarita Wiramaya Wira Sentika,  
Sareng Ahmad kitu deui,  
Rawuh agan Siti Bagdad,  
Enggeus sumping ti Habsih,  
Ngungkulon ka nagri Mesir,  
Rahadén Ahmad,  
Ngarandeg bari ngaririg.
4. Wiramaya coba tingal itu ka handap,  
Anu keur kumpulan jurit,  
Riab-riab wadya balad,  
Coba éta hulu buta,  
Ragragkeun ka dayeuh Mesir,  
Iberan dongkap,  
Sumuhun dawuh Dén putri.
5. Supayana ngarah geger di nagri,  
Wiramaya seug ngalahir,  
Matur sumangga ka Dén Ahmad,

Énggal baé Radén Ahmad,  
 Énggal baé hulu buta,  
 Gebut geus rag-rag,  
 Ka Mesir lamun ayeuna,  
 Tengah alun-alun Mesir.

6. Geus dilésotkeun ti luhur ka handap,  
     Jegur ka alun-alun indit,  
     Palebah jalma loba,  
     Kagét ningal jalma loba,  
     Katingal bangetna sidik,  
     Géhgér sadaya,  
     Ting baruta sami nyungkir.
7. Ting baruta buta, buta hiling ngudag,  
     Nu teu néndo kabéh nyungkir,  
     Sumawonna anu ningal,  
     Bungbung sieun pada // lumpat,  
     Silih dupak geus pabuis, (123)  
     Nu lumpat anu kairik.
8. Ting garuprak pada nalulakan,  
     Nu ka kolong nyumput buni,  
     Aya nu nyumput ka para,  
     Bakating ku sieun buta,  
     Loba budak nu kairik,  
     (?) teu dirawat,  
     Ngurus awakna pirbadi.
9. Para ratu sarawuh para ponggawa,  
     Sumawonna Sultan Mesir,  
     Pada ngadeg sadayana,  
     Nguping géhgér buta,  
     Gancang ngutus Sultan Mesir,

Sidikeun heula,

Dén patih Anggada gasik.

10. Nyandak tumbak barina nyungkelang pedang,

Ngaréndéng jeung Sultan Mesir,

Diiringkeun para ponggawa,

Pasang barispara ponggawa,

Aya ponggawa sahiji,

Putrana Demang,

Cukah-cikih bari wani.

11. Kakasihna jenenganana Wijana,

Tung ka hareup tung ka kiri,

Geus ka hareup geus tung ka tukang,

Jauh wani deukeut ngejat,

Bari camangmang cimingming,

Ceuk putra Sam,

Wijaya Sutiya putri.

12. Buta kuring gedeg teu meunang ditingal,

Kawas nu weureu perjurit,

Ngajawab niti Wicana,

Lu perduli apa,

Mémang guwé téh sendiri,

Besar hatinya,

Wijaya Sutiya muni.

13. Mun wani gé moal bet mundur ka tukang,

Ceuk Wijana apan ngintip,

Tuh masang sinapan,

Kocap Rahadén Patya,

Sareng éta Demang Mesir,

Bet ngan huluan,

Disidikkeun ku Dén patih.

14. Geus pértéla awakna mah hanteu aya,

Kagét manah Radén patih,  
 Sarawuh para ponggawa,  
 Bet hulu buta ti mana,  
 Géhgér para perjurit,  
 Yén hulu buta,  
 Éta buta paéh sidik.

15. Buta sidik paéh sarta kari huluna,  
 Patih unjukan ka Gusti,  
 Geus sumping ka Kangjeng Sultan,  
 Énggal jeung Sultan ngandika,  
 Kuma ka patih Anggadi,  
 Tétéla buta,  
 Patih unjukan ka Gusti.
16. Nun sumuhun leres pisan hulu buta,  
 Amung najan huluna Gusti,  
 Teu aya awakna,  
 Jisim abdi helok pisan,  
 Kakuping ku Sultan Mesir,  
 Mesem ngandika,  
 Naros ka Panghulu Mesir.
17. Teu kumaha mamang éta hulu buta,  
 Bet huluna ti mandi //,  
 Énggal Datuk Bendara, (124)  
 Ngajawab periksa Sultan,  
 Sumuhun periksa Gusti,  
 Perkara buta,  
 Huluna éta nu tinding.
18. Raos mamang manawi éta pun Ahmad,  
 Nandakeun buta geus nguping,  
 Diiberan ku huluna,  
 Jeung buktina buta éta,

Anu maling agan putri,  
 Kitu panyena,  
 Sultan anom Mesir nguping.

#### **XXXX. Sinom**

1. // Sultan Mesir suka manah,  
 Ngupingkeun Panghulu Mesir,  
 Sumawonna para raja,  
 Ponggawa rawuh para mentri,  
 Para garwa pada nguping,  
 Curinghak bungangang kalbu,  
 Muga-muga masing enya,  
 Pangandika Sultan Mesir,  
 Urang antos ku sadaya.
2. Pasang alketip di latar,  
 Nyayagikeun nu rék sumping,  
 Para istri geus ngajajar,  
 Para gan istri para mentri,  
 Ditéma ku para ponggawa  
 Deui di luar serdadu ngumpul,  
 Kabéh sami hayang terang,  
 Lalanang perjurit Mesir,  
 Ceuk kumaha jagona anak Nyi randa.
3. Sultan Mesir seug ngandika,  
 Naha mamang lami teuing,  
 Hayang geura bék rupana,  
 Nu ngaran Ahmad lalaki,  
 Radén Arya para mentri,  
 Sami nyandak pajeng Agung,  
 Pajeng kuning kaSultanan,  
 Pakaulan Radén patih,  
 Rék majengan mapagkeun nu meunang buta.

4. Saurna Datuk Bendara,  
 Antos baé para Gusti,  
 Raja Erum Mekah jeung Sam,  
 Sami hoyong naringali,  
 Lieuk deui-lieuk deui,  
 Geus uninga nyi panghulu,  
 Nu baris nerangkeun Ahmad,  
 Ka sakabeh para bupati,  
 Nyerang eukeur guneman sadyana.
5. Norojol Dén Wiramaya,  
 Jeung Wira Santika deui,  
 Barang kabeh para raja,  
 Datuk Bendara ngalahir,  
 Tuh geuning gandekna bijil,  
 Itu dia sidik tangtu,  
 Jeung sultan jeung para raja,  
 Naros ka panghulu Mesir,  
 Ku Dén Ahmad boga gandek sadia.
6. Panghulu Mesir ngandika,  
 Sumuhun dawuhna gusti,  
 Pan éta gandék talukan,  
 Perjurit urang Hasbih,  
 Beuki kagét urang Mésir,  
 Barang eukeur nyaaur kitu,  
 Sapungkureun Wiramaya,  
 Jol sumping ka // dua putri,  
 Sapengkereun dua putri Radén Ahmad,
7. Jung sami ngadeg para raja,  
 Saur panghulu tuh geuning,  
 Pada sidik kabeh ningal,

(125)

Pérépét pajeng Dén patih,  
 Sareng Radén damang deui,  
 Sor dipasang pajeng agung,  
 Radén Ahmad langkung mandep,  
 Isin dipajengan patih,  
 Radén damang majengan putri nu dua.

8. Wiramaya Wira Santika,  
 Ngobéng Ahmad kanan kiri,  
 Bari gadag taya kagila,  
 Jeung mencrong ka urang Mesir,  
 Kumisna galing carentik,  
 Carengkat sabulu-bulu,  
 Ari éta Radén Ahmad,  
 Sumpoyong kalangkung isin,  
 Katojo cahya hibar pajeng kasultanan.
9. Geus sumping ka payun Sultan,  
 Brek sami sadaya linggih,  
 Nyai putri Siti Bagdad,  
 Dikaléng ku ibu putri,  
 Seug nyaur bari jeung nangis,  
 Aduh geulis anak ibu,  
 Ibu henteu nyana tepang,  
 Amprok deui jeung nu geulis,  
 Sujud sukur aya nu bélá ka agan.
10. Keur kasép téh Radén Ahmad,  
 Bélá ka nu prihatin,  
 Para mentri para ponggawa,  
 Ningali Ahmad sami sidik,  
 Bengong sadaya ningali,  
 Teu kapalang deui nyebut,  
 Eukeur kasép serta gagah,

Kawuwuhan lungguh budi,  
Mun di wayang lir Dananjaya.

11. Sakabéh jalma nu ningal,  
Pameget rawuh para istri,  
Siloka tumingal tasma,  
Teu pisan ngiceup saeutik,  
Geus riuk saponon hiji,  
Hookeun tacan ngaraku,  
Rahadén Siti Bagdad,  
Ganjaran sering dipaling,  
Anu geulis kawuwuhan ku mustika.
12. Kocap kanjeng Maha Sultan,  
Nyaur selebeting galih,  
Bari murubut cisocana,  
Naha ieu jiga teuing,  
Dulur aing anu leungit,  
Turug-turug keur sapatut,  
Kawuwuhan ngaran Ahmad,  
Niscaya ieu ku aing,  
Anak randa diaku dulur ayeuna.
13. Sabab tangtu jadi tamba,  
Ngalipurkeun dulur leungit,  
Kitu deui Radén Ahmad,  
Ningal rét deui rét deui,  
Kana raray Sultan Mesir,  
Nyaur salabeting kalbu,  
Gaduh // manah samar-samar,  
Kutan kieu Sultan Mesir, (126)  
Seug teuing dulur aing papisah.
14. Kebat jeng Sultan mariksa,  
Hei Ahmad jalu anaking,

Nya manéh ngaran Ki Ahmad,  
 Dén Ahmad matur ka gusti,  
 Sumuhun parios gusti,  
 Ratu Mesir deui nyaaur,  
 Ti mana beunangna buta,  
 Jeung deui ieu Néng putri,  
 Asal hiji kari-kari jadi dua.

15. Naha aya putri mana,  
 Rupana sarua teuing,  
 Méh pahili eujeung agan,  
 Kawas meunang (?),  
 Jeung geura terangkeun putri,  
 Radén Ahmad sembah matur,  
 Sumuhun pariksa Sultan,  
 Margi aya dua putri,  
 Sami pada prihatin dipaling buta.

16. Kapendakna tina guha,  
 Tina leuweung gunung Mesir Habsi,  
 Saguha jeung agan putri,  
 Ti Sumatra puri,  
 Putrana Kusumbar Aji,  
 Jenengan Dén putri Abu,  
 Dén putri Ratna komala,  
 Sareng butana geus kénging,  
 Enya ieu huluna anu dibalang.

17. Ger gumujeung sadayana,  
 Bakating ku suka ati,  
 Puas dipotong huluna,  
 Keur pikeun parépéh nagri,  
 Sultan Mesir kabéh deuih,  
 Mariksa Dén Ahmad ratu,

Geus putus putri jeung buta,  
 Amung akang nanya deui,  
 Ari manéh di mana nya rumah tangga.

18. Najan karang panglayungan,  
 Lembur matuh anu sidik,  
 Jeung saha ibu rama,  
 Nya baligeusan ngajadi,  
 Di mana putra nya lahir,  
 Ibu rama kudu sebut,  
 Cédok nyembah Radén Ahmad,  
 Unjukan ka kangjeng gusti,  
 Seug didadar ditutur tina wiwitan.

19. Abdi gusti lain pisan,  
 Saawitna abdi gusti,  
 Ti lembur Karang Karandan,  
 Kabawah ku tanah Habsi,  
 Pun biang Ratna Kosasih,  
 Amung rama Raja Jemur,  
 Bekas Sri Maharaja Sam,  
 Amung rama parantos mati,  
 Kantun ibu aya di Karang Patendan.

20. Sultan Mesir sumarambah,  
 Tangis cisocana bijil,  
 Coba tuluykeun carita,  
 Naha bet aya di Mesir,  
 kumaha asal // satadi,  
 Ceuk Ahmad sumuhun dawuh, (127)  
 Abdi nu jadi lantaran,  
 Saawit abdi keur ngahiji,  
 Sareng gaduh sahiji manuk titiran.

21. Dipeuncit ku Ki Nangkoda,

Taya pamit ka sim abdi,  
 Bubuhan nyaah ka barang,  
 Sakitu titiran mati,  
 Eukeur di ganggang papanggih,  
 Ku jisim abdi didahar,  
 Huluna anu kamilik,  
 Nu didahar ku pun lanceuk mah awakna.

22. Lami-lami jadi pitnah,  
 Pada ngepung jisim abdi,  
 Perjurit balad Nangkoda,  
 Baris maéhan sim abdi,  
 Harita teu lami deui,  
 Jol ibu sim abdi mabur,  
 Sareng dulur abdi misah,  
 Papisah di Gunung Mesir,  
 Ngan pun lanceuk panginten dihakan gajah.

23. Jisim abdi ka Tambiyan,  
 Sabab ka nagri Mesir,  
 Tetep di Karangkamulyan,  
 Diaku anak ku Ambi,  
 Sakalangkung dipiasih,  
 Soré isuk dahar nginum,  
 Sakitu abdi awitna,  
 Sultan Mesir bungah galih,  
 Gentos ainom kinanti kebat carita.

#### **XXXI. KINANTI**

1. Sultan Mesir seug miruruuh,  
 Ku manéh sebutkeun deui,  
 Lanceuk manéh nu papisah,  
 Sebut ngaranna nu sidik,  
 Matur deui Radén Ahmad,

- Kang Muhammad lanceuk abdi.
2. Sultan Mesir deui nyaur,  
Kumaha enggeus kapanggih,  
Dulur nu ngaran Muhammad,  
Dén Ahmad unjukan deui,  
Sumuhun teu acan pisan,  
Dongkap ka wayah kiwari.
  3. Sultan Mesir deui nyaur,  
Ceuk (?) pikeun upami,  
Kumaha dedeganana,  
Kinten sarua jeung kami,  
Dulur manéh téh Muhammad,  
Lamun sarua jeung kami.
  4. Kami baé aku dulur,  
Montong ditéangan deui,  
Coba taksir ieu akang,  
Da akang gé boga adi,  
Ari ngarana téh Ahmad,  
Leungitna di Gunung Mesir.
  5. Asalna waktu ka pungkur,  
Papisahna keur ngala cai,  
Rupana seug manéh pisan,  
Hayu urang silih telik,  
Urang silih tingal,  
Barang rayi Ahmad ningal.
  6. Béh karang dina pangambung,  
Rumpuyuk Ahmad jeung nangis,  
Tétéla sidik rakana,  
Kasamaran rupa sajati,  
Raos dina pangimpian,  
Dén (?) tulang sandi.

7. Segruk dipayunan ratu, (128)  
 Sultan Mesir teu kawawi,  
 Rumpuyuk ngarontok Ahmad,  
 Sami ting salegruk nangis,  
 Sadaya geura darongkap,  
 Réa-réa nu kaéling.
8. Sami pada ting rurangkul,  
 Aya sahiji popati,  
 Bupati Akmad Raja Sam,  
 Ngarangkul bari jeung nangis,  
 Aduh Radén alo mamang,  
 Kutan manéh Sultan Mesir.
9. Teu nyana putra kang jemur,  
 Hey Jaya Sutiya mentri,  
 Akang manéh ieu Ujang,  
 Nu jadi Sultan di Mesir,  
 Nya ieu Ahmad Muhammad,  
 Ibuna Ratna Kosasih.
10. Mamang ayeuna pihatur,  
 Dék nyanggakeun pancakaki,  
 Mamang téh sadérék mama,  
 Nu nuluykeun jadi ajir,  
 Di karaton nagara Sam,  
 Ahmad Muhammad geus nguping.
11. Manéh ku dua ku tilu,  
 Suka pacampur jeung ketir,  
 Kedah patepang jeung raka,  
 Kawuwuhan Sultan Mesir,  
 Tepang jeung sadérék rama,  
 Leuwih langkung suka galih.

12. Kocap kabéh para ratu,  
 Geus puguh panghulu Mesir,  
 Anu keuna paribasa,  
 Tutup kudang suka ati,  
 Geus puguh Siti Bagdad,  
 Antukna bengong ningali.
13. Teu puguh nya rasa kalbu,  
 Bakating ku suka ati,  
 Ramé catur para ponggawa,  
 Suka komo kanjeng gusti,  
 Gelarna nu nembé tepang,  
 Jejeg Wira Santika diri.
14. Sakieu larepna kalbu,  
 Milu suka kelar pikir,  
 Kocap deui Radén Ahmad,  
 Barang Ratu Sultan Mesir,  
 Sami cengkat tina kelar,  
 Maca Alhamdulillah.
15. Sukur sujud ka Yang Agung,  
 Urang ditepangkeun deui,  
 Jeung dulur sareung paman,  
 (?) sami pada calik,  
 Cengkat pada dina goyang,  
 Silih taros raka rayi.
16. Rahadén Ahmad seug matur,  
 Hikayat lalaku tadi,  
 Lalaku anjeun keur paéh,  
 Yén jadi ratu Manjéti,  
 malah geus nilarkeun putra,  
 Di nagara pulo Manjeti.

17. Saéstuna geus jadi perbu,  
 Sultan Mesir suka galih,  
 Para raja para ponggawa,  
 Beuki (?) nu ngaruping,  
 Ku kituna Ratu nyamar,  
 Kayungyun teu seubeuh nguping.
18. Sultan Mesir seug ngadawuh, (129)  
 Ka sadaya para bupati,  
 Ayeuna nyanggakeun pinton,  
 Wiréh geus tepang jeung rayi,  
 Kang putra rék gaduh garwa,  
 Manawi perang papanggih.
19. Pikeun parameswari ratu,  
 Para raja matur tadim,  
 Sukur sujud ka pangeran,  
 Kalah milu suka ati,  
 Ka mana nu rék dimanah,  
 Kalah ngiring sakersa gusti.
- 20 Kang rama tanwande purun,  
 Ngarabantun (?),  
 Nyanggakeun sembah panglamar,  
 Sultan Mesir seug ngalahir,  
 Manawi pareng jeung garwa,  
 Rék badami sareng pun adi.
21. Sultan Mesir seug ngadawuh,  
 Ka Raja Ahmad manceti,  
 Rayi éta Endén Bagdad,  
 Mangga geura tikah ku rayi,  
 Ngan éta Ratna Komala,  
 Putri ti Jumanta putri.

22. Ku akang baé dicaluk,  
 Pikeun permaswari Mesir,  
 Radén Ahmad seug ngandika,  
 Sumuhun nyanggakeun abdi,  
 Ger gumujeung para raja,  
 Amprok sadaya per Bupati.
23. Bakating ku suka kalbu,  
 Teu hésé nyiar deui,  
 Golétak mah dipayuneun,  
 Ngan kari hatur tingal,  
 Ka raja Sumanta puri,  
 Ratna Komala geus nguping.
24. Bungah manah liwat langkung,  
 Silih ciwit dua putri,  
 Dén Ratna jeung Siti Bagdad,  
 Ting gelebug suka galih,  
 Saréhing payung kampatan,  
 Surup lelembutan putri.
25. Gancang atuh dihatur,  
 (?) tuwangan ngabaris,  
 Dina meja enggeus pasang,  
 Katuwangeun warti-warti,  
 Geus puguh inum-inuman,  
 Anggur yarmah lawan bir.
26. Brek sadaya para ratu,  
 Papatih pongawa deui,  
 Sarengna parameswari,  
 Para putri para mentri,  
 Ramé anu barangtuang,  
 Geus pada suka ati.

27. Berang kaganti ku dalu,  
 Jedur meriem sakali,  
 Geus keur rame karasmenan,  
 Ting baliur kembang api,  
 Dibarengan tatabeuhan,  
 Tataji biola lan banir.
28. Mariyemna geus nurugtug,  
 Sigegkeun di nagri Mesir,  
 Anu eukeur pada suka,  
 Ganti anu kocap deui,  
 Nyarioskeun sanés raja,  
 Kocap di Sumatra puri.
29. Raja keur // meujeuhna ngangluh,  
 Saréhing yén leungit putri, (130)  
 Putrana dipaling buta,  
 Disaémbarakeun teu kenging,  
 Nya éta Ratna Komala,  
 Putra hiji tur geulis.
30. Sang Kusumbar ngénging dangu,  
 Di Mesir geus kenging putri,  
 Dipaling ku buta,  
 Tatapi sok kénging deui,  
 Raja Kusumbar timbalan,  
 ka Patih Sumatra puri.
31. Héy patih titip kadaton,  
 Ayeuna kakang téh (?),  
 Badé mios eujeung garwa,  
 Saréhing henteu kapanggih,  
 Gunung kabéh geus disaksrak,  
 Weléh Enéng teu kapanggih.

32. Sumeja neda pitulung,  
 Sugan kersaeun Sang Aji,  
 Radén patih unjukan nyembah,  
 Ngiring dunga abdi gusti,  
 Mugi-mugi ka pangeran,  
 Putra sing kapendak deui.
33. Gancangna anu dicatur,  
 Sang raja Sumatra puri,  
 Enggeus cengkat sareng garwa,  
 Réhing ponggawa mantri,  
 Henteu kocap dijalanna,  
 Nu manis sumping ka Mesir.

### **XXXXII. Dangdanggula**

1. // Barang sumping ka nagri Mesir,  
     Sang kusumbar jeung para raja,  
     Eukeur peta gunem raos,  
     Di pamengkang eukeur berhimpun,  
     Ponggawa rawuh para mentri,  
     Para istri sami ngeunah,  
     Di jero kadaton,  
     Sareng Siti Bagdad,  
     Geura sadérék para mentri para nyai,  
     Sarawuh jeung para emban.
2. Kanjeng Sultan jeung panghulu Mesir,

Geura barempug nyuat ka Sumanta,  
 Barang eukeur gunem raos,  
 Norojol sumping tatamu,  
 Gagah ningal Sultan Mesir,  
 Raja Kusumbar seug mando,  
 Sultan Mesir lungsur,  
 Mangga tatamu ngahormat,  
 Najan sareng tatamu Sumanta puri,  
 Ngan pertanda karajaan.

3. Dilinggihkeun tatamu kana korsi,  
 Sing kusumbar lungguh dina goyang,  
 Sareng garwana ngaréndéng,  
 Ponggawa Mesir seug lungguh,  
 Ngadeuheus di handap linggih,  
 Sultan Mesir seug mariksa,  
 Ka raja tatamu,  
 Kang putra mah (?) pisan,  
 Seja // (?) saha panjenengan Aji, (131)  
 Sareng karaton di mana.
4. Para ratu Erum sareng Kudis,  
 Terang ogé Ratu Kusumbar,  
 Tapi henteu wantun naros,  
 Saya tacan aya dawuh,  
 Raja Kusumbar ngalahir,  
 Ka Sultan Mesir unjukan,  
 Mémang mawi cunduk,  
 Gaduh pitunjuk nu énggal,  
 Saawitna emang ni Sumanta (?),  
 Mamang gaduh hiji anak.
5. Geus dipaling ku buta di nagri,  
 Di Sumanta geus ngadeg saembara,

Ponggawa Mentri sakabéh,  
 Sakabéh geus weléh nyusul,  
 Cindekna henteu kapanggih,  
 Mawi mamang ngadeuheusan,  
 Seja neda pitulung,  
 Upami kénging ku putra,  
 Mamang pasrah nagara rawuh putri,  
 Bakating nyaah ka anak.

6. Kang rama téh anak ngan sahiji,  
 Mawi nyaah ka sadayana,  
 Hilap parabu anom,  
 Sultan Mesir imut,  
 Nyaur seja ngiring,  
 Galih gusti malabur teuing,  
 Kang putra di Mesir,  
 Ngaranu jadi ratu bubujangan,  
 Ayeuna mah kang rama téh ka sim abdi,  
 Mangga baé ngawalian.
  
7. Palakara putra endén putri,  
 Ayeuna geus moal burung meunang,  
 Putra téh tikahkeun baé,  
 Raja Kusumbar seug nyaaur,  
 Mangga gusti Sultan Mesir,  
 Teu acan hartos rama mah,  
 Putra nyaaur kitu,  
 Ger gumujeung sadayana,  
 Sang Kusumbar milu imut tacan ngarti,  
 Énggal sultan Muhammad.
  
8. Seug wawarti sang Kusumbar puri,  
 Sayaktosna putra haturan,

Perkara endén putri téh,  
 Dén Ratna Komala abu,  
 Geus kenging ku urang Mesir,  
 Malah putra rék nguninga,  
 Ayeuna bék cundukna,  
 Sukur pisan bagja putra,  
 Ayeuna mah malah putra agan putri,  
 Eungeus aya di kaputrén.

9. Barang nguping putra enggeus kénging,

Sang Kusumbar barang geus tépéla,  
 Ngupingkeun Sultan Wira saur,  
 Ngoréjat bungah kalangkung,  
 Garwana keur pateng galih,  
 Geus waras dadak sakala,  
 Barina jeung nyaur //,  
 Mangga baé sultan putra,  
 Enya ogé heunteu acan kapanggih,  
 Ari eunggeus kamanah mah.

(132)

10. Diri ibu rék nyaksian kawin,

Ger gumujeung sakabéh para raja,  
 Datuk Bendara ngawalon,  
 Nun sumangga baé atuh,  
 Urang ulah lami-lami,  
 Urang pada ngawalian,  
 Eujeung akang hayu,  
 Masem matur Sang Kusumbar,  
 Nun sumangga atuh ayeuna kang rayi,  
 Tikahkeun anak kaula.

11. Ngaran baé Dén Komalawati,

Ka Radén Muhammad jeung Sultan,

Maskawin anu tangtu sah,  
 Tilu rébu manggaunjuk,  
 Teu nganjuk bayar sakali,  
 Suka lakiannana,  
 Sang Komala atuh,  
 Ka Radén Sultan Muhammad,  
 Kitu deui nu disuhunkeun ku kuring,  
 Sareng telebkeun diteda.

12. Geus parentul Dén Sumanta Puri,  
 Ngawalian putrana Dén Ratna,  
 Pék raja Datuk Bendara,  
 Prak ngawalian Dén Ayu,  
 Disaksian (?),  
 Sumawonna Radén halipah,  
 Sarat kaum kumpul,  
 Geus parantos ngawalian,  
 Prak tikahkeun nya éta sultan Mesir,  
 Kitu gé teu dikocap.

13. Geus parantos Sultan Mesir kawin,  
 Radén Ahmad soré di harita,  
 Nikah ka Siti Bagdad téh,  
 Teu lami kawin geus putus,  
 Dur mariyem Sultan kawin,  
 Ipekahna geus diguar,  
 Sarat kaum kumpul,  
 Bari nyarapekan seupah,  
 Lambey beureum jeung sisig jeung tempé,  
 Duit kocap deui kaputren.

14. Diwartosan salametan kawin,  
 Prak sadaya ganding jeung nyi besan,

Elaykeun sarawuh endog,  
 Hareupan jeung damar tujuh,  
 Putra dua geus sayagi,  
 Siti Bagdad jeung Komala,  
 Beunang nganggo lucu,  
 Teu lami deui waktuna,  
 Geus sarumping pangantén pameugeut istri,  
 Rahadén Ahmad Muhammad.

15. Anu ngiring bupati papatih,
- Para mentri sareng para ponggawa,  
 (?) kaum sakabéh,  
 Sumawonna Radén Panghulu,  
 Randeg di latar kaputri,  
 Dipapag ku putri dua,  
 Teu ngiring // para babu,  
 Sarawuh para ponggawa, (133)  
 Prak dicandak ka cinggir pameget ku istri,  
 Pakaél pacantél leungeun.

16. Pék disawér ku béas jeung duit,
- Nu nyawérna ngaran labangkara,  
 Gorolang laguna nyawér,  
 Ngadadak satimu-timu,  
 Niron lagu sakali sari,  
 Béas sabokor méh béak,  
 Tina mindeng ngawur,  
 Ketipna mah henteu béak,  
 Ngan saeutik moal béak opat ketip,  
 Sésana seug disakuan.

17. Ari éta lobana téh duwit,
- Dua puluh lima ketip,

Jumlahna tilu ketip nu kasawér,  
 Sawaréh bus kana saku,  
 Anu nyawér cicing putri,  
 (?) sampéan pameget,  
 Dadak ngajejek endog elekan,  
 Nyai putri meupeuskeun jeung indit,  
 Sup ka jero jeung nulakan.

18. Enya éta pantona ku putri,  
 Kitu deui para istri sadaya,  
 Di jero kaputren kabéh,  
 Pangantén istri geus lungguh,  
 Di lebah panto kaputren,  
 Nongton jodo harita,  
 Lebah lawang panto,  
 Mapagkeun sumping ka lawang panto,  
 Pageuh digedrukeun lawang puri,  
 Pangantén istri mariksa.

19. Saha ieu anu kumawani,  
 Ngetrok lawang jin atawa manusa,  
 Mun manusa arék naon,  
 Poma éta ulah kitu,  
 Coba manéh kabar yakin,  
 Ulah rék sakama-kama,  
 Teu aya,  
 Torojog tampa larapan,  
 Mun satuhu manusa sumangga (?),  
 Coba anu ngetrok lawang.

20. Aduh Nyai pupujaning ati,  
 Nyawa engkang jungjunan nu éndah,  
 Teu kirang resmi kadatangan,  
 Ieu engkang (?) cunduk,

Mentas nikah maturesmi,  
 Anu sah ngabedah lawang,  
 Engkang téh pamitsuna,  
 Ulah rék disaha-saha,  
 Ulah samar enggon-enggon Déwi suci,  
 Buat Enéng lawang rasa.

21. Putri jawab baeu banget gusti,  
 Tina yaktos isin kodar najana,  
 Sawios taya nyarios,  
 Pantona nu nembé cunduk,  
 Haturan nu geus lastari,  
 Nu sah ngamebah mandu sara,  
 Jebrod dibuka panto,  
 Pernah banya misah hutang,  
 Bongan tegal tempatna Sekarwangi,  
 Dibedah katut ongkosna.

### **XXXXIII. Asmarandana**

1. // Geus lebet sadaya linggih, (134)  
 Rahadén Ahmad Muahammad,  
 Sareng perbupati kabéh,  
 Papatih para ponggawa,  
 (?) amengan,  
 Geus pameng cikopi saku ngaliud,  
 Kocapkeun Datuk Bendara.
2. Carita nu tacan linggih,  
 Seug nyarios jeung garwana,  
 Nyai engkang hatur wartos,  
 Ieu tamu ti Sumanta,

Ibuna Radén Komala,  
 Kagét nguping Nyi Panghulu,  
 Énggalna gancang dihormat.

3. Duh gusti parameswari,  
 Pun aceuk gusti haturan,  
 Sono ka putra mah engké,  
 Ayeuna sumangga lenggah,  
 Putra geus jadi meswara,  
 Meswara Sumanta nyaur,  
 Duh aceuk Ahmad ilahi.
4. Nya tulung Robbul Alamin,  
 Ganjaran nu ngangluh manah,  
 Nuhun ka gusti yang Manon,  
 Asal duka mendak suka,  
 Ati suka anak bagja,  
 Walon deui Nyi Panghulu,  
 Eujeung aceuk sama-sama.
5. Aceuk gé nya kitu deui,  
 Carék basa jawa téa mah,  
 Urang téh geus sami mawon,  
 Arék sakumaha urang,  
 Ngan kari sukur ka Alloh,  
 Ceuk ibu Ratna sumuhun,  
 Urang kantuna kembang soca.
6. Sing wareg urang ningali,  
 Ieu dina berhimpunan,  
 Saénggalna permeswara téh,  
 Geus lenggah para garwa,  
 Ratna Komala nembalan,  
 Segruk nangis bari munjung,  
 Duh ibu kuring haturan.

7. Berkah ibu rama deui,  
 Langkung ningali ayeuna,  
 Diulumayankeun abdi téh,  
 Jeung sultan keur sami garwa,  
 Enya iueuh diri abdi,  
 Nu asih ka jalma pulung,  
 Nuhun geulis ceuk ibuna.
8. Siti Bagdad unjuk deui,  
 Duh gusti deui haturan,  
 Sim kuring sareng putra téh,  
 Mentas wang sul tina kelar,  
 Saéna abdi boh putra,  
 Cilaka bagja jeung untung,  
 Jawab meswari Sumanta.
9. Nuhun Enéng anu geulis,  
 Nu jadi margalantaran,  
 Darajat pasihan Enéng,  
 Sapaat anu jeung rama,  
 Ibu téh kantun // suhana,  
 Ti dinya brék pada lungguh, (135)  
 Ngabaris para ponggawa.
10. Kocapkeun Panghulu Mesir,  
 Haturan mintan sadaya,  
 Kanu tuwa kanu anom,  
 Mamang nyanggakeun hadiah,  
 Salametan ieu nikah,  
 Jeung hadiah ka karuhun,  
 Ka nu tilar dunya sadaya.
11. Sultan berkah di Mesir,  
 Nya éta nu geus tilar dunya,  
 Mugi-mugi di kubur téh,

Dipasihan caang padang,  
 Masing di tarima iman,  
 Mamang sidekah sakitu,  
 Wantuna kelar di dunya.

12. Mugi-mugi di tarima deui,  
 Sapaat di alam rahmat,  
 Lahirna nya kitu kénéh,  
 Ibu urang sadaya,  
 Dulur garwa incu anak,  
 Neda salamet rahayu,  
 Nyaksian hatur sadaya.

13. Galendeng Halipah Mesir,  
 Anu ngaduana sidekah,  
 Henteu lami ngadua téh,  
 Barang tutup nu ngadua,  
 Saurna Datuk Bandara,  
 Sumangga énggalkeun atuh,  
 Dék barangtuang sadaya.

14. Carios bujeng nu gasik,  
 Sanggeus tutup barangtuang,  
 Sigeug jengkar sadaya mios,  
 Ménta dipulurkeun,  
 Bupati Mentri sadaya,  
 Harita mangsa berhimpunan,  
 Maha Sultan ngadawuhan.

15. Ka sakabéh para bupati,  
 Réana hatur uninga,  
 Ieu téh perabu anom,  
 Jenenganna Rahadén Ahmad,  
 Bener enggeus jadi raja,

Di nagri Manjéti matur,  
Tatapi tetep jeung akang.

16. Kitu saur Sultan Mesir,  
Ulah pisah jadi raja,  
Paéh hirup paripaos,  
Jeung dulur teu panasaran,  
Kitu gé lamun kénging nawar,  
Ka gusti nu Maha Agung,  
Jadi saéna ingbanglaga.

17. Hulubalang nagri Mesir,  
Bupati Ahmad Manjesir,  
Mawi kitu jenengan téh,  
Nu matak nganggo manjusar,  
Basa manjur téa merak,  
Papada rakana ratu,  
Didamel kukuncungan Sultan.

18. Sadaya Mesir geus nguping,  
Tambah suka bungah manah,  
Énggalna ieu carios,  
Geus tetep Ahmad di dinya,  
Sinigeug gentos carita,  
Nyarioskeun nu kapungkur,  
Nangkoda // eujeung pandita.

19. Harita di dayeuh Habsi, (136)  
Keur pada-pada bicara,  
Nangkoda jeung patih téa,  
Keur mangsa dibuka landrat,  
Pateueus teuas panduna,  
Ku sabab nangkoda sanggup,  
Uwang dua rayu dirham.

20. Putus landrat ti Habsi,

Nangkoda nu geus ditigas,  
 Jadi kdu méré baé urang,  
 Dua rébu dirham,  
 Enya éta ka pandita,  
 Awéwé sikutu da di hulu,  
 (?) sakitu jadi hutang.

21. Nu sanggup wénang di tagih,  
 Nu ngahutang wenang mayar,  
 Pun nangkoda da weléh baé,  
 Piunjukna mangga mayar,  
 Karana olahanana,  
 Lamun Malik éta manuk,  
 Mayar dua rébu dirham.
22. Jawabna pandita Habsi,  
 Apan manuk geus katampa,  
 Gening ku andika bareto,  
 Enggeus di peuncit titiran,  
 Parandena milik andika,  
 Ceuk nangkoda teu kapulung,  
 Apan manuk kari ngugeusan.
23. Ceuk pandita kajeun teuing,  
 Sanajan manuk dibangsat,  
 Coba pikir masing asak,  
 Da geus ditampa sampéan,  
 Bongan sampéan balangah,  
 Persanggupan téa kudu,  
 Ayeuna ka dieu bayar.
24. Ngajawab nangkoda Habsi,  
 Teu rumaos boga hutang,  
 Na urang téh hutang naon,  
 Teu nganjuk teu nambut barang,

Bener ceuk tigasan landarat,  
 (?) sakutu jadi hulu,  
 Uang sakuta da di hutang.

25. Tatapi najan kapikir,  
 Kocap dimangsa harita,  
 Diputusna di Habsi téh,  
 Ku sabab manuk cilaka,  
 Dipaling Ahmad Muhammad,  
 Bener manuk geus kapulung,  
 Tapi manuk karingukeusan.

26. Bener kudu mayar pasti,  
 Enya éta ti Nangkoda,  
 Tatapi kudu sawaréh,  
 Sukana ki Nangkoda,  
 Mayar uang ka Pandita,  
 Pandita Nangkoda matur,  
 Pada naros duanana.

27. Nangkoda embung maparin,  
 Pandita embung nampanan,  
 Saénggalna harita téh,  
 Dawuhan raja Habsah,  
 Mun kitu pantesan teu sah,  
 Jadi urang matak bingung,  
 Ulah ngahukum nonoman.

#### **XXXXIV. Sinom**

1. // Raja Habsi ngandika, (137)  
 Ieu pigelaran sipil,  
 Réhing teu beunang ditigas,  
 Jadi landrat deui,  
 Jadi ayeuna baralik,  
 Pandita Nangkoda mundur,

Di jalan pandita nanya,  
 Nya éta Pandita Habsi,  
 Jeung ayeuna kuma karep ka Nangkoda.

2. Ayeuna kula rék nanya,  
 Ngajawab Nangkoda bengis,  
 Perkawis ayeuna urang,  
 Padu geus seubeuh di Habsi,  
 Hayang manggih hukum adil,  
 Salian ti Habsi ratu,  
 Ngan aya kapanasaran,  
 Béjana di nagri Mesir,  
 Perbupati langkung adil parmata.
3. Cing urang menta hukuman,  
 Ka ratu bopati Mesir,  
 Ceuk pandita hayuh jalan,  
 Ulah rék ngisukeun deui,  
 Nu dahar tangtu ti payun,  
 Kebat pandita ti heula,  
 Ka Nangkoda pulang gasik,  
 Nyokot saksi ibuna Ahmad Muhammad.
4. Ujeung nyandak pandakawan,  
 Kai biju ti Habsi,  
 Nanggung koper wadah uang,  
 Ki Nangkoda geus sayagi,  
 Ngiringkeun Ratna Kosasih,  
 Anu ti heula pun biju,  
 Diiringkeun ku Nangkoda,  
 Randa jeung (?),  
 Ki Nangkoda mawa pecut ti pungkurna.
5. Ana kendor nyai randa,  
 Bakating angkat diangsих,

Dirangkét ku Ki Nangkoda,  
 Salira randa Kosasih,  
 Ngagéleng tapak cameti,  
 Lamun kendor pék dibabuk,  
 Nyi randa sajalan jalan,  
 Murubut cisoca nangis,  
 Totobatan ménta ampun ka Nangkoda.

6. Kutuk gendeng Ki Nangkoda,  
 Montong ceurik siya anjing,  
 Bongan baé anak siya,  
 Anu mawa rujit ka aing,  
 Bangsat lanjat tukang maling,  
 Sailon jeung sia asu,  
 Ceuk nyi randa (?) kuring tobat,  
 Henteu pisan-pisan kuring,  
 Teu sapilon sapangkat lampah kula.
7. Ngajawab deui // Nangkoda,  
 Ambek bakating teu sudi, (138)  
 Dipareukeuk dirangketan,  
 Nyi randa jerit jumeurit,  
 Bakating ku tina nyeri,  
 Sasambat ka raja jemur,  
 Aduh gusti Raja Sam,  
 Cilaka diri sim abdi,  
 Kutan kieu nyerina katilar engkang.
8. Sim abdi sorang sangsara,  
 Kuru aking ngajangjawing,  
 Héy Allohu Ya Rosullulloh,  
 Ni'mat teuing diri abdi,  
 Gusti nu langkung tingal,  
 Emban téh neda pitulung,

- Muga dipasihan dunga,  
 Emban Sambadi ningal,  
 Langkung katir milu murubut cisoca.
9. Hawelas ka Nyai randa,  
 Langkung kelar nya sambadi,  
 Katingal ku Ki Nangkoda,  
 Dirangket emban Sambali,  
 Éta sia manteng ceurik,  
 Perkara nyi randa burung,  
 Sanajan datang ka moara,  
 Peduli teu nyaah teuing,  
 Sukur-sukur paéhna ogé di jalan.
10. Emban sambadi teu jawab,  
 Bawaning sieun jeung nyeuri,  
 Pinulung Alloh Ya Alloh,  
 Nangkoda teu nangan calik,  
 Randa jeung Emban Sambali,  
 Kerar angkatna pajauh,  
 Nangkoda indit patilar,  
 Gegeroan nu pandeuri,  
 Nyai randa ké heula aing dagoan.
11. Teu kadangu ku nyi randa,  
 Tonggoy ti heula ngincid,  
 Teu pisan ningal ka tukang,  
 Ki Nangkoda tambah pusing,  
 Ambek nyedek napsu jadi,  
 Tanaga lesu kalangkung,  
 Ngan batu ambek deui,  
 Datang uncal ti gunung diudag macan.
12. Ngadupak ka Ki Nangkoda,  
 Kutanduk digitik,

Ngajumpalik ku Ki Nangkoda,  
 Nyengir bawaning ku nyeuri,  
 Asa pasiksak nya diri,  
 Gegeroan ka Ki Bijun,  
 Ku si Bijun katingal,  
 Tonggoy ti heula ngancid,  
 Ka Nangkoda seug ngarereh jijingkedan.

13. Gancangna ieu carita,  
     Geus sumping ka nagri Mesir,  
     Nangkoda kawik jeung pandita,  
     Amprok di nagri Mesir,  
     Randa jeung Emban Sumbaling,  
     Sarawuh jeung pun Biju,  
     Kebat ngadeuheus ka Raja,  
     Kasondong ratu keur linggih,  
     Berhimpunan // para ratu pramusawarah.
14. Ahmad sareng Kangjeng Sultan, (139)  
     Ratu ningal kanu sarumping,  
     Henteu samar ka Maningan,  
     Dina manah Sultan Mesir,  
     Ieu sidik urang Habsi,  
     Nangkoda jeung kangjeng ibu,  
     Bengong ibuna tuminggal,  
     Amung rasiah teu muni,  
     Ngan ibuna pangling teu nyaho ka putra.
15. Kangjeng Sultan gegebegan,  
     Raos ngimpi jeung hawatir,  
     Nyaur dina jero manah,  
     Naha rék naon ka aing,  
     Pandita Nangkoda Habsi,  
     Ka ratu heunteu timuru,

Marukan lain Ahmad,  
 Nu jadi ratu di Mesir,  
 Kitu deui jeung Sultan kebet carita.

16. Neuteup deui ka ibuna,  
 Liwat langkung matak watir,  
 Matak teu kaduga nanya,  
 Kuru aking ngajangjawing,  
 Réh deui kebat sumbaling,  
 Babuna Sultan kapungkur,  
 Salirana pada ragas,  
 Kawasna tapak panggitik,  
 Saenggalna jeung sultan kebat carita.
17. Ieu tatamu ti mana,  
 Kawas lain urang Mesir,  
 Ti mana nya lembur paman,  
 Kawula anyar pinanggih,  
 Naon piunjuk nu pasti,  
 Kulan-kulan banget maksud,  
 Serta kaula nu sadia,  
 Make istri ieu bibi Ahmad,  
 Nyembah pandita anu unjukan.
18. Sumuhun pariksa tuan,  
 Jisim abdi teu ti Habsi,  
 Jisim abdi teu pandita,  
 Jeung ieu Nangkoda Habsi,  
 Muga (?) ka Gusti,  
 Sumeja neda pitulung,  
 Neda sanjata hukuman,  
 Nyuhungkeun hukum nu adil,  
 Saawitna bermula bareto asal.
19. Datang ieu Ki Nangkoda ngimpi,

Mendak manuk raspati,  
 Alus lima panca warna,  
 Kitu-kitu carék mimpi,  
 Carék manuk panca warni,  
 Saha nu ngadahar halu,  
 Tangtu jadi hulubalang,  
 Saha nu ngadahar deui,  
 Kana awak tangtu jadi raja beunghar.

20. Maraban sasaha raja,  
 Geus tetep carios ngimpi,  
 Ki Nangkoda ka Endén,  
 Minangkana ka sim abdi,  
 Ti dinya manuk ku kitu,  
 Ditujum manuk nu kitu buktina,  
 Nu gaduh anda kosasih,  
 Enya éta buktina nu gaduh asal.

21. Ku Nangkoda diririhna éta, (140)  
 Manuk rék dibedil,  
 Teu dibikeun ku nyi randa,  
 Atuh (?) balik deui,  
 Ieu Nangkoda ka Abdi,  
 Basana téh ménta tulung,  
 Lamunna datang ka beunang,  
 Atuh di randa kosasih,  
 Rék mérésan ka abdi ieu Nangkoda.

22. Uang dua rébu dirham,  
 Kitu akad ka abdi,  
 Saenggalna ti harita,  
 Disanggeman ku sim abdi,  
 Saolah-olah paparti,  
 Ditarékahan ka pungkur,

Nyi randa diteangan,  
 Nu meureup tarekah abdi,  
 Hasil maksud manuk beunang randa beunang.

23. Manuk dongkap dipeuncitan,  
 Serta teu kungsi bedil,  
 Tarékah abdi dilarap,  
 Kari-kari sanggeus kénging,  
 Panadaran henteu bukti,  
 Uang anu dua rébu dipénta gé hésé mayar,  
 Weléh baé teu mangarti,  
 Éta kitu margina marék ka tuan.

#### **XXXXV. Kinanti**

1. // Ku Kangjeng Sultan kadangu,  
 Piunjuk pandita sidik,  
 Kebat jeung sultan mariksa,  
 Ka Nangkoda Habsi,  
 Héy éta paman Nangkoda,  
 Éta ku Paman kakuping.
2. Piunjuk pandita kitu,  
 Béré (?) maké jangji,  
 Nangkoda nyembah unjukan,  
 Sumuhun parios gusti,  
 Sim abdi tarima pisan,  
 Sapiunjuk pandita tadi.
3. Kangjeng Sultan deui nyaur,  
 Naha tuh paman teu bukti,  
 Ari tarimakeun ngucap,  
 Tuan saya cidra jangji,  
 Nangkoda unjukan keras,  
 Ari saya cidra jangji.
4. Bener kapungkur téh manuk,

- Geus kenging ku sim abdi,  
 Malah dipeuncit harita,  
 Keur dibeuleum ku sim abdi,  
 Manuk aya anu bangsat,  
 Nya ieu anak si anjing.
5. Eukeur digagang digubug,  
 Dilebok ku si maling,  
 Ngaran Ahmad Muahammad,  
 Nu mendakna waktu maling,  
 Ieu iblis indungna,  
 Jeung bubuna si nu maling.
6. Jadi nu alon sumuyuk,  
 Téh kitu sababna abdi,  
 Anu matak narah mayar,  
 Raos pikir jisim abdi,  
 Kuma ieu baé indungna,  
 Da bangsatna titah nytingkar.
7. Mangga baé kaula nun,  
 Mayar dua rébu can,  
 Tapi si Ahmad Muhammad,  
 Buktikeun arék dipeuncit,  
 Mesem nguping Kangjeng Sultan,  
 Pandita dipariksa deui.
8. Cing ayeuna anu tangtu,  
 Paman pandita Habsi,  
 Ayeuna perkara téa,  
 Kauntup ku hukum Mesir,  
 Boh bilih kapanasaran,  
 Naon bilih aya deui.
9. Pandita gancang piunjuk,  
 Sumuhun dawuhan gusti,

(141)

- Sim abdi mun geus dibayar,  
 Sanggup ngadatngkeun maling,  
 Ngaran sim Ahmad Muhammad,  
 Tina abdi sobat dalit.
10. Paribasa sobat betul,  
 Manawi ayeuna abdi,  
 Geus taya deui unjukan,  
 Kantun ngantosan hukum abdi,  
 Nya éta putus gamparan,  
 Ki Nangkoda kitu deui.
11. Ku Sultan Mesir kadangu,  
 Énggal ngalirik ka rayi,  
 Nya éta ka raja Ahmad,  
 Ngiceupan Sultan Mesir,  
 Geus kahartos ku Dén Ahmad,  
 Jung indit jeung nyebut keris.
12. Raja Ahmad jeung ngadawuh,  
 Aéh manéh sudagar Habsi,  
 Jeung deui aya pandita,  
 Kami rék nerapkeun adil,  
 Nya éta hukum adil téa,  
 Manéh duanana julig.
13. Éta anu gaduh manuk,  
 Manuk batur dipareuncit,  
 Nya sing Ahmad Muhammad,  
 Gejos disuduk ku keris,  
 Nangkoda eujeung pandita,  
 Lengger ka pada marati.
14. Gandék Nangkoda pun Biju,  
 Ningal ti lawang jeung ceurik,  
 Juragan geus bayar,

Ti Mesir ngageuwat balik,

Gura-giru di jalan,

Sieun kaliwat saking.

15. Sot tunda lampah pun Biju,

Engké dinalika deui,

Kacaturkeun Kangjeung Sultan Napsi,

Lungsur tina korsi,

Ibu ieu tukang putra,

Ahmad Muhammad sim kuring.

16. Naha ibu heunteu puguh,

Barang rét ibu ningal,

Disidikkeun yaktos putra,

Ngadengék ibu jeung nangis,

Du Radén Ahmad Muhammad,

Si ibu teu nanya teuing.

17. Geus pada mangku kadatuan,

Sukur sujud ka yang wadi,

Si ibu téa pikirna,

Jeung radén tepang deui,

Ayeuna Ahmad illahi,

Tepang geus jeneng bupati.

18. Raja sam énggal lungsur,

Ningal ka raja napsi,

Aduh embok henteu // nyana,

(142)

Ngagentos Raja Sam,

Patih akmad tea kuring.

19. Raina dipati jemur,

Ayeuna téh jisim kuring,

Nggentos raja di Sam,

Raka ningalna kakasih,

Dipati Arya Wijaya,

- Kitu ngalandi ka kuring.
20. Perkara kuring tangtu,  
 Jeung embok tepang di Mesir,  
 Bet aya dipangimpian,  
 Nya randa nangis ngalahir,  
 Embok gé nya kitu pisan,  
 Loba anu dipikaéling.
  21. Parandana sukur sujud,  
 Urut embok prihatin,  
 Katilar dulur jeung anak,  
 Kuru aking ngajangjawing,  
 Nembé tepang jeung ganjaran,  
 Nuhun sukur ka yang widi.
  22. Ayeuna riung mungpulung,  
 Urang téh emban Sumaling,  
 Manéh gé tepang jeung anak,  
 Nu dirorok ti leuleutik,  
 Kaisingan kakiihan,  
 Ayeuna kari mulang tamba pasti.
  23. Ahmad Muhammad seug nyaur,  
 Sumuhun emban Sumaling,  
 Montong mulih ka Habsah,  
 Ayeuna tetep di Mesir,  
 Gancangna baé carita,  
 Ibuna diangkir linggih.
  24. Para gara enggeus lungguh,  
 Mangga ibu Sultan Mesir,  
 Neng Kumala Siti Bagdad,  
 Nyi panghulu jeung meuswari,  
 Nyi randa ibu Sumingkar,  
 Nyi Rangga Nyi damang mantri.

25. Kumpulan para ibu,  
 Geus mios Ratna Kosasih,  
 Enggeus sumping ka kaputren,  
 Sor tuang anggeus sayagi,  
 Geura taruang para ménak,  
 Kitu deui para bupati.
26. Tuang leueut suka kalbu,  
 Beuki suka Sultan Mesir,  
 Sanggeus tepang sareng ibuna,  
 Enya kamelang karisi,  
 Ngan kantun suka manhna,  
 Najan nadar suka galih.
27. Suka tunda para ratu,  
 Anu eukeur suka galih,  
 Sumawon Kangjeng Sultan,  
 Sinigeug di nagri Mesir,  
 Ganti anu kacarita,  
 Nyarioskeun sanes nagri.
28. Kocap aya hiji ratu,  
 Ratu gede sugih mukti,  
 Lega ambahanana para raja,  
 Nyangking saratus nagri,  
 Anu jadi parasena,  
 Patya pan puluh perbupati.
29. Digjaya ngalingga ngupuh weduh,  
 Teuas kulit,  
 Kabawah ku Raja Bergas,  
 Nya éta Raja Habsi,  
 Harita keur magelaran,  
 Nyondong kabéh para bupati.

30. Raja Sundang jeung Bintulu,  
     Kalaban Raja Kondana,  
     Kaopat Raja Lokutor,  
     Mantuna Raja Habsi,  
     Aya deui liyan ti dinya,  
     Raja Tanlingga Sakti.
31. Harita keur berhimpun,  
     Di pamengkang dayeuh Habsi,  
     Nyampak anu ngadeuheusan,  
     Lenggah dina korsi gading,  
     Raja Habsi seug ninggalan,  
     Ka sadaya para Bupati.
32. (?) ka (?) para ratu,  
     Kaur keur heran pikir,  
     Kaheranan Wiramaya,  
     Jeung Wira Sentika deui,  
     Asal nyusul Duratmaka,  
     Teu puguh losna nu ngusir.
33. Lebeng baé ti kapungkur,  
     Henteu dongkap ka Habsi,  
     Naha ka mana nyusulna,  
     Paunjuk para bupati,  
     Manawi raos abdi mah,  
     Moal lami deui kénging.
34. Kénging Wartos enggeus tagtu,  
     Najan Wiramaya mati,  
     Wartos mah (?) kedah aya,  
     Kawantu sanés patih,  
     Manahna heunteu kapalang,  
     Ti kapungkur téa karisi.

## **XXXXV. PANGKUR**

1. // barang raja keur guneman,

Raja Habsi jeung sakabéh para bupati,

Torojol dongkap pun bijun,

Ngadeuheus ka Raja Habsi,

Diuk mando dipayuneun ratu,

Raja Habsi teu kasmaran,

Rét ka si Bijun ngalirik.

2. Raja Habsi seug ngandika,

Naha manéh Bijun usuh-rusuh teuing,

Arék naon manéh Bijun,

Si Bijun énggal unjukan,

Jisim abdi nyanggakeun duta panglangu,

Ngunjukkeun rama gamparan,

Juragan Nangkoda Habsi.

3. Sinareng pandita Mukdam,

Sami pada ditelasan ku ratu Mesir,

Duka kumaha kulanun,

Sim sbdi langkung hawelas,

Sareng deui sim abdi kaliwat unjuk,

Ngunjukkeun ka Wiramaya,

Bet aya di nagri Mesir.

4. Ari randa jeung lanjangna,

Teu dihukum agan ditangkepan di Mesir,

Sakitu abdi piunjuk,

Banget abdi nya hawelas,

Raja Habsi barang midanget piunjuk,

Nangis bari sasaruan,

Bijun komo teuing aing.

5. Manéh sakitu // hawelas,

Komo teuing mungguh dina diri aing,

Puguh gé sadérék ibu,

Kumaha dicarék nyaah,

Da pun paman sarta kolot ngan sakitu,

Naha maké ditelasan,

Kurang ajar Ratu Mesir.

6. Aing téh disangka pisan.

Euweuh haté samaruk aing teu wani,

Moal mundur kanu kitu,

Moal nguyang digabahan,

Sumawonna kabeungharan aing punjul,

Dunya sugih tanah lega,

Beunghar dunya réa jurit,

7. Réa ketan reujeung uang,

Balikanan nagri Mesir mendi nanding,

Sajuruna gé teu cukup,

Loba kénéh aing balad,

Raja Habsi kebat harita ngadangu,

Cing éta para raja,

Rék nékad ka hiji-hiji.

8. Ayeuna kahayang kula,

Saperkawis arék neukteuk hulu Mesir,

Saha anu nangkup hulu,

Henteu rék ngaraos talukeun,

Eukeur naona nayna (?) sugih ingsun,

Kitu kahayang kaula,

Ménta beuheung hulu Mesir.

9. Saupamana dina perang,

Aya raja kencing waktuna jurit,

Mundur ti kalangan pupus,

Tinangtu engké ku urang,

Dipaahan ku urang engké dibunuh,

Kabéh para raja unjukan,

Pada sanggup motong Mesir.

10. Kacaturkeun tilu Raja,

Nu unjukan sahiji Raja Gondani,

Kadua raja Bintulu,

Katilu Raja Sundan,

Raja Habsi montong kusakabeh ratu,

Rayi ogé sareng putra,

Sanggup motong jangga Mesir.

11. Raja Habsah ningalan,

Hayoh baé mangga para jurit,

Nagri Mesir urang rurug,

Saénggalna patih Habsah,

Nabeuh bendé dititirkeun dating mayor,

Radén patih seug nimbalan,

Mangga wadya ajurit.

12. Mayor Leknan lawan jendral,

Geus pabuis mapag balad palajurit,

Mubul tempur batur kumpul,

Teu lami deui waktuna,

Geus sadis kapalana jeung kumendur,

Tumbak pedang jeung sinapan,

Ting burisat pedang lawan tamsir.

13. Parabot perang geus warna,

Pat pélor-pélor lawan timah lawan beusi,

Pélor téh pélor parunggu,

Mariyem jeung kalangtaka,

Niron-niron rupa pélor-pélor wungkul,

Taya parabot nu hina,

Weuteuh kénéh tumbak bedil.

14. Énggalna enggeus sedia,

Jendral Leknan sadaya dangdan perjuit,

Bendera beureum geus ngumpul

Kacaturkeun para Raja,

Enggeus tung téng baladna enggeus karumpul,

Sanagrina sanagrina,

Kocap deui Raja Habsi.

15. Enggeus nanggap karajaan,

Mun di wayang niron Dasamuka Aji,

Makuta mas kuning hurung,

Ratu Alengka Dirja,

Tutunggangan enggeus sadis di payun,

Enya éta gajah belang,

Nu ngobeng para senapati.

16. Kitu deui para Raja,

Geus sayagi dangdosan jurit,

Tatangungan kuda enggeus kumpul,

Gancangna baé carita,

Tutunggangan dititih sadaya ratu,

Dur mariyem tanda mangkat,

Turutug tamburna muni.

17. Sagedé wadiya balad,

Ageng terompét dibarengan eujeung tanji,

Matak kalar nu ngadangu,

Ting gurilap pakarangna,

Banderana ting hawelab beureum wungkul,

Ngarurug Mesir nagara,

Kocap sakabéh perjurit.

18. Dibarengan tatabeuhan,

Ger ngaguruh lir pindah banjir jaledir,

Kocap deui para ratu,

Geus pada tunggang titihan,

Raja Sundang tunggang kuda dawuk ruyung,

Panganggo hideung saputan,

Pertandana senapati.

19. Ditema deui ku Raja,

Enya éta Raja Yatulu nagri,

Bandera beureum malengkung,

Mantuna raja Habsi,

Enggeus cekep sadaya dangdosan pupur,

Panganggo hideung saputan,

Udat beureum wani geutih.

20. Mayok namru dina tak-tak,

Tonggong kuda dawuk hideung ginding,

Bander beureum melengkung,

Nyungkelang pedang manggul gada,

Aya deui raja nu tema ti pungkur,

Nagrina sumbirata,

Bernama Raja Gondani.

21. Asalna urang Aptijah,

Enggeus kahot raja Mahambar binangkit,

Digjaya ngalingga pupuh,

Seueur jimat kacurian,

Duhung // ending pecut panah lawan, (?)

Panah ngaran pun japang, (146)

Pecut ngaran pun rukamit.

22. Duhun ngaran pun warangka,

Tutunggangan kuda héjo semparani,

Gagah pangaruh dék ngapung,

Panganggo keperjuritan,

Udat beureum nandakeun berani pupus,

Omeng namru dina tak-tak,

Bandéra beureum ngelawir.

23. Tema ku Raja berginggang,

Enya éta sadérék Raja Habsi,

Gendeng jeung nitihan sabuk,

Panganggo ka perjuritan,

Eulis (?) pertanda nu cakep pupus,

Embok namru daian tak-tak,

Manggul gada nyungkelang tamasir.

24. Kosan putra ménak duta,

Mata beureum biasa lain kasakit,

Bandera beureum melengkung,

Ditema ku raja Habsah,

Raja Habsah nu agung ngebawa ratu,

Nu ngobeng patih bergada,

Patih berkuda tiger.

25. Raja Habsah tunggang gajah,

Makutana hurung mancur bina kasih,

Ditabur inten bariyung,

Inten miah berlian,

Ting beracak ting gurilap ting burubut,

Katimbu ku indra dita,

Matak sérab nu ningal.

26. Sapungkureun raja Habsah,

Kabéh raja mangpuluh-puluh nu ngiring,

Warna tutunggangan atau,

Anu gancang anu juda,

Anu himar balakadabé onta senuk,

Aya anu tonggong singa,

Sawaréh tunggang janggiri.

27. Gancang nu mangku carita,

Enggeus dongkap ka tanah nagri Mesir,

Pandita sareng para ratu,

Milihan tegal nu lega,

Enggeus mendak sartana nyandangkeun (?),

Déét caina jeung hérang,

Banggawan Nil sarta (?).

### **XXXVI DANGDANGGULA**

1. // Sadayana wadia perjurit,

Masangrahan sami nyieun tempat,

Tangsi-tangsi tempat parabot,

Geus tartib kabéh para ratu,

Sumawonna para jurit,

Nyandak pakakas sadaya,

Pikeun tempat ratu,

Pakuan para raja geus marakbak,

Handapeun unwat kuning,

Sawareh hateup parelak.

2. Raja Habsi wantu sugih mukti,

Hateup// didangdosan,

Sugih balad réa uang,

(147)

Jongos kokin teu kantun,

Kadaharan warti-warti,

(?) keun kana onta,

Mubal ratus,

Paké muat kadaharan,  
 Buat perang pikeun ransom para jurit,  
 Seug tetep masangrahan.

3. Raja Habsi ngadawuh ka patih,

Nyieun serat nangtang perang,  
 Di pasangrahan ngadago,  
 Énggal patih gura-giru,  
 Dék nyerang panangtang jurit,  
 Geus putus ngadamel serat,  
 Énggalna nu ngadawuh,  
 Biur dua ponggawa,  
 Dua mantra nu kapilih perjurit,  
 Geus brol mangkat mantra dua.

4. Sigeung mantra utusan ti Habsi,

Anu arék nyanggakeun panangtang,  
 Gentos anu dicarios,  
 Kocap di Mesir paa atu kumpulan,  
 Para bupati papati,  
 Mantra ponggawa amtenar karumpul,  
 Kitu deui wadya balad,  
 Harita usik para jurit nagri Mesir,

Nu matak ayeuna kumpulan.

5. Ratu Mesir geus ngadangu warta,

Raja Habsi (?) ngarurug (?),

Nu matak mapag balad téh,

Tina saya kenging dangu,

Kocap kangjeng Sultan Mesir,

Ngadangu ka para Raja,

Héy sakabéh Ratu,

Sumawon para ponggawa,

Kudu pada caringcing siang wengi,

Réhing urang kénging kabar.

6. Raja Habsi geus mapak para jurit,

Carék kabar ngarurug perang,

Tétéla anu wawartos,

(?) dawuh para atu,

Sadayana para bupati,

Enggeus pada kénging warta,

Habsi rék pada ngarurug,

Nu bujeng taya lian,

Cag carios lintang ti nagara Mesir,

Barang eukeur guneman.

7. Geus norojol utusan ti Habsi,  
 Mantra dua pada ngadeuheusan,  
 Ka payunan Sultan Anom,  
 Ratu Mesir seug ngadawuh,  
 Utusan ti Habsi,  
 Ieu utusan ti mana mantra nyembah matur,  
 Abdi dalem ti Habsah,  
 Badé ieu nyanggakeun komara Habsi,  
 Bari song nyanggakeun serat.
8. Seug dicandak ku Ratu Manjeti,  
 Éta serat ku jeng raja,  
 Ahmad barang galantang diaos,  
 Unggelna serat diatur,  
 Datang Sultan Ratu Mesir,  
 Terima ieu serat, (148)  
 Kami jeung para ratu,  
 Wadya geus masanggrahan,  
 Dina léngkob tegal latar banggawan Nil,  
 Baris ngawanan sampean.
9. Geura papag ayeuna téh Habsi,  
 Urang pada perang ka unggabarta,

Lamun enya manéh kahot,  
 Coba geura papag pupus,  
 Urang pada perang tanding,  
 Ngetak ludira sondari,  
 Satengahing pupus,  
 Ngandukeun batara kala,  
 Montong perang ngadukeun balad perjurit,  
 Éta mah perang rorodan.

10. Anu tangtu maksud diri kami,  
 Urang pada tigas pacing jangga,  
 Montong hayang saling bobong,  
 Najan hirup ari kupur,  
 Ngandung wiwirang di lahir,  
 Ari manggah kami téa,  
 Kanyeuri teu lipur,  
 Nya éta ku manéh Muhammad,  
 Wani negas beuheungna paman kami,  
 Nanya reueus beunghar jadi sultan.

11. Moal nguyang kami téh ka meri,  
 Henteu butuh ka dunya baan,  
 Ari kabeungharan manéh,

Upama ditimbang tangtu,  
 Tanding kana cinggir,  
 Kami najan kagagahna pisan,  
 Éta moal nyusul,  
 Asup kana paribasa,  
 Kalah butak bisa meunangkeun ka Habsi,  
 Sanajan kulit tambaga.

12. Tangtu teuas aing kulit weusi,

Otot sing enya éta timah,  
 Urat kawar beusi kabéh,  
 Kadigjayaan manéh tangtu,  
 Aya dina elak-elakan,  
 Kami kabéh ku aing,  
 Kahuap kitu,  
 Dimaksud najan aing meunang,  
 Péang henteu pamrih hayang ngaboyong ka Mesir,  
 Sebab teu butuh ku banda.

13. Butuh sotéh éta nu dipamrih,

Hayang nigas éta beuheung sia,  
 Rasakeun ku sia engké,  
 Nagri Mesir engké tangtu,

Moal seubeuh aing juig,  
 Dijieun leumah ireungna,  
 Getihna diduruk,  
 Sakitu unggeling serat,  
 Sultan Mesir gumujeng bagi ngalahir,  
 Nanya ka nu mawa serat.

14. Héy utusan manéh nu teu Habsi,

Ieu kula moal walon serat,  
 Ngan kudu bejakeun baé,  
 Ka Raja Habsi nu punjul,  
 Anu punjul saurna (?),  
 Kami téa nuhun pisan,  
 Perang jeung nu jegud, (149)  
 Balikan musuh walurat,  
 Meureun kamu éra ngalawan jurit,  
 Jeung béjakeun deui poma.

15. Anu baris ngayonan Habsi,

Ngan sorangan ternama Ahmad,  
 Wakil kula musuh gedé,  
 Nah walongan kusakitu,  
 Utusan Habsi geus balik,

Henteu kocap di jalan,  
 Ka Habsi geus cunduk,  
 Kocapkeun anu ditukang,  
 Radén Ahmad seug nimbalan ka papatih,  
 Mangga balad baris perang.

16. Radén patih enggeus jeung arindit,  
 Nakol bandé tangar rék perang,  
 Kumendang lekat ngarantos,  
 Gobang locang mukul tambur,  
 Mariyem tangar deui,  
 Diseungeut barang lapisan,  
 Mariyem sapuluh,  
 Nagara sampe geueuman,  
 Saantéro sawewengkon nagri Mesir,  
 Pada dongkap karumpulan.

17. Sakura nu wajib tunggu nagri,  
 Geus karumpul perang sakabéh,  
 Mapag balad enggeus tangtu,  
 Kitu deui para bupati,  
 Tumbak pedang jeung sinapan,  
 Pelorna teu kitu,

Sakumaha biasana,  
 Geus sayagi kocap deui Sultan Mesir,  
 Geus sadia karajaan.

18. Kitu deui bupati Manjeti,  
 Radén Ahmad geus sami sadis,  
 Dangdosan keperjuritanna téh,  
 Ratu Manjeti seug nyaaur,  
 Ka kendék dua para jurit,  
 Wiramaya Wira Sentika,  
 Geus marék ka Ratu,  
 Raja Ahmad seug ningalan,  
 Wiramaya kedah menggal ka Manjeti,  
 Ngadeuheusan ka (?) soca.

19. Ieu serat nyanggakeun ka putri,  
 Mening énggal wartoskeun keur perangm  
 Héy ieu tumpakan kaor,  
 Wiramaya nyembah matur,  
 Unjuk sumangga jeung indit,  
 Nyarita jeung nempa serat,  
 Sareng kaor kanjut suku,  
 Wiramaya seug jeung angkat,

Tunggang kaor balesur ngupung ti Mesir,  
 Jeung Radén Wira Sentika.

20. Kasigeugkeun anu ka Manjeti,  
 Kacaturkeun Dén Ahmad Muhammad,  
 Jeung para bupati kabéh,  
 Sadaya ngan kari jung,  
 Tutunggangan geus sayagi,  
 Patih Mesir seug nimbalan,  
 Ka Dén Kumendura geura jung,  
 Ingkeun balad,  
 Dén Kusmara nyandak bendera nu (?)  
 Dikebut ti kajauhan.

#### **XXXXVI KINANTI**

1. // Jedur mariyem disundut, (150 )  
 Turugtug mapagkeun jurit,  
 Ngéng terompét jeung biola,  
 Jedur deui sora tanji,  
 Ger surak wadya balad,  
 Lir pindah anjir jaldri.
2. Burudul serdadu ngabur,  
 Bendara ting halewir,

Pakarangna ting gurilap,  
 Tumbak pedang sareng bedil,  
 Kacaturkeun kangjeng Sultan,  
 Tumpak kana gajah patih.

3. Kitu deui para ratu,

Enggeus pada nitih rangit,  
 Panganggona karajaan,  
 Geus marakbak ting karetip,  
 Hibar cahaya makuta,  
 Ti payuneun Sultan Mesir.

4. Para satria ti pungkur,

Paponggawa pramantri,  
 Jayasatia putra Sam,  
 Jaya Keswara Keswari,  
 Rawuh Natawijaya,  
 Para putu-putu Demang Mesir.

5. Radén Muhammad putra Erum,

Jaya papatihi bin turki,  
 Milahat kutur madinah,  
 Radén Amugahi bin kudin,  
 Larap jabang bintang arab,

Sami gobeng Sultan Mesir.

6. Rahadén Ahmad ti payun,

Dipati Anom Manjeti,

Tunggang kuda kannubaya,

Diobeng ku para opsi,

Sarawuh para kumendang,

Jedur mariyem sekali.

7. Jung jengkar sadaya ratu,

Gancangna nu mangku jurit,

Geus ka luar ti nagara,

Balad Habsi katingalikeun,

(?) mang buta,

Riab cara sararu jadi.

8. Balad Mesir mendak kumpul,

Masangrahan geus sayagi,

Dina bémenténg palagian,

Ngabanding banggawan Nil,

Jeung Sultan geus masangrahan,

Jeung sakabéh para bupati.

9. Kuda gajah geus ngariung,

Di sisi bangawan Nil,  
 Para raja enggeus lalenggah,  
 Di pasangrahan sawengi,  
 Kocap deui geus isukan,  
 Tabuh lima urang Habsi.

## 10. Geus baris di medan pupus,

Bandera beureum ngelawir,  
 Geus dibudeur medan perang,  
 Tepi pikir Raja Habsi,  
 Henteu rék majukeun balab,  
 Nu maju ngan senapati.

## 11. Bandéra cap singa maju,

Katingal ku urang Mesir,  
 Kumendur mundur ka tukang,  
 Mukul tambur pasang baris,  
 Dina saluareun medan,  
 Kabéh geus baris di Mesir.

## 12. Ti Mesir geus pasang jebul,

Bendera cap singa sami,  
 Tandana wani ngalawan, (151)  
 Kocap nanya patih Habsi,

Atu Agung Sumbirata,

Jenengan Gondani.

13. Enggeus maju kana pupus,

Doibeng Patih Habsi,

Jeung gandek Yuda Gandeka tukang,

(?) para boh jurit,

Mana nu ngaran Muhammad,

Ratuna nagara Mesir.

14. Atawa senapatina,

Nu ngaran Ahmad Manjeti,

Montong sanés deui ratu,

Aing ménta wakil Sultan Mesir,

Nya éta Ahmad dulurna,

Gewat (?) geura bijil.

15. Ulah talangké mikiran,

Radén Ahmad enggeus nguping,

Di medan nu nangtang pupus,

Ratu Manjeti seug amit,

Ka rakana kangjeng Sultan,

Sultan Mesir seug ngalahir.

16. Nun rayi engkang padunga,

Mugi-mugi ka (?) jutir,  
 Kebat Radén Ahmad lucu,  
 Di gondéng ku Patih Mesir,  
 Sareng deui jaya Sutia,  
 Geus pur kana médan jurit.

## 17. Enggeus tepang sareng lawan,

Raja Gondani ningali,  
 Kagét ningali ka musuh,  
 Tina anom liwat saking,  
 Mariksa barina keras,  
 Saha ngaran maneh jurit.

## 18. Eukeur meujeuhna nonoman,

Ponggawa atawa mantra,  
 Rahadén Ahmad ngadawuh,  
 Kaula ratu Manjeti,  
 Nu ngaran Ahmad Manjaro,  
 Sadérékna Sultan Mesir

## 19. Nu baris ditugel jangga,

Nya ieu sipatna sidik,  
 Raja gandani seug nyaaur,  
 Mana ari Sultan Mesir,

Ku hayang nyaho rupana,

Jeung naha teu maju jurit.

20. Ratu Manjeti ngandika,

Apan ieu diri kami,

Anu ngayonan pupus,

Satiap kami geus pati,

Tina lantaran Sultan mesir.

21. Bela pati di kalangan,

Raja Gondani geus nguping,

Perkara sing rék pupus,

Pikir aing mangsar mingsir,

Aing téh satengah éra,

Sabab ningal musuh jurit.

22. Ngan sakitu warugana,

Asa perang jeung budak alit,

Tutur musuh gedé jangkung,

Ayeuna aing téh ganjil,

Asup kana paribasa,

Munding diadu jeung kambing.

23. Merak ngalawan // pujikarka,

Boga musuh kurang taksir,

(152)

Kumaha pikina atuh,  
 Abong budak Sultan Mesir,  
 Naha kumaha ari perang,  
 Marukan cara ngibing.

24. Sanajan boga dudugé,  
 Puguh gé (?) keun pati,  
 Aing kabelejog pupus,  
 Ari arék mundur deui,  
 Geus maju kana kalangan,  
 Katongton ku urang Habsi.

25. Ratu Manjeti ngandika,  
 Héy musuh urang Habsi,  
 Kaleuwihan aing saur,  
 Bilih ham-ham manéh pikir,  
 Ceuk kami ieu ayeuna,  
 Neda ka nu murbeng (?).

26. Dék nyuhunkeun dedeg awak,  
 Masing gedé ngajingkiring,  
 Dén Ahmad napak babuyut,  
 Enya éta Endang Kasandi,  
 Hei Endang wulusung jagat,

Menta gedé ngajungkiring.

27. Teu lami deui waktuna,  
Janggélék geus ngajunggiring,  
Jeleg sagede buta langkung,  
Dina tengah medan jurit,  
Ningal ku musuh lawan éta sang raja Gondani,  
Nyakakak bawaning suka bari mundur taki-tak.

### **XXXXVII DURMA**

1. // Radén Ahmad nimbalang ka sumbirata,

Aéh musuh urang Habsi,  
Cing ayeuna dék kumaha,  
Piarepeun téh sampéan,  
Réhing kaula geus bukti,  
Yén sapanorah,  
Raja Gondani ngalahir.

2. Karep aing ngara miheulaan,

Jajal heula diri aing,  
Kagagahanana bisina,  
Manéh kurang terang,  
Senapatina,  
Habsah teas-teasna,

Enggal dipati Manjeti.

3. Newok ka musuh ngan sakeak ngan sakalilat,

Dibalangkeun langkung tarik,

Geus biur éta dibalang,

Sang Gondani kaleresan,

Tiba kaan luareun baris,

Wadia balad,

Ramé surak urang Mesir.

4. Sumbirata geus gagah deui tangginas,

Ngan sakilat geus jol deui,

Kahareupeun Dén Ahmad,

Ger surak urang Habsi,

Ngéra-ngéra urang Mesir,

Marukan hilang,

Kocapkeun Raja Gondani.

5. Geus katingal payuneun Rahadén Ahmad,

Keg deui Raja Gondani,

Ditewak ku Radén Ahmad,

Geus biur dibalang,

Gebut deui sang Gondani,

Raja Gondana,

Teu lami gugah deui. (153)

6. Nya éta ka payuneun Radén Ahmad,

Héy manéh urang manjeti,

Nya teu wudu manéh Ahmad,

Terus digjayana rasakeun,

Pang bales aing,

Raja Gondani,

Kek néwak ka Ahmad gasik.

7. Barang kek téh dijungjungkeun raja Ahmad,

Beruat henteu usik-usik,

Bijil késang sumbirata,

Ting perentis tina awak,

Ci karinget sang Gondani,

Mundur ka tukang,

Seg negek Endang kakanda.

8. Éndong-éndong aing menta dedeg awak,

Teu lami Raja Gondani,

Geus jeleg rupa yaksa,

Sagedé buta arimba,

Pepek jeung Ratu Manjeti,

Raja Gondana,

Geus kek néwak musuh gasik.

9. Raja Ahmad kaleresan geus bangkat,

Dibalangkeun langkung tarik,

Ngan sakilat enggeus musna,

Geus henteu puguh tibana,

Nyakukan Raja Gondani,

Bawaning suka,

Itu dia sia mati.

10. Lamun tiba ka sagara geus niscaya,

Sia moal hirup deui,

Dilebok ku biaya,

Tapi aing kurang suka,

Teu bisa bukti ka Habsi,

Nya beuheung sia,

Kocap Dipati Manjeti.

11. Geus aya dihareupeun sang Gondana,

Héy manéh urang Habsi,

Ulah waka suka,

Geura ngalieuk ka tukang,

Rét kagét Raja Gondani,

(?) biang nyata,

Digjaya akun jurit.

12. Néwak deui Raja Gondani ka Ahmad,

Biur dibalangkeun deui,

Jol deui éta ti tukang,

Tukangeun Raja Gondani,

Ditoél Raja Gondani,astaga Illahi,

Geus jol ti tukangeun deui.

13. Kawalahan Raja Gondani seg newak,

Radén Ahmad tijumpalik,

Radén pinter gagah didupak,

Raja Gondana ngajungkel,

Ngajungkel tiba kabumi,

Nangkarak bengkang,

Hudang gasik Sang Gondani.

14. Kurang ajar pinter teuing sia Ahmad,

Coba ger tanggap deui,

Raja Gondani top gada,

Coba tanggap sia ahmad,

Tampanan pamukul aing,

Rahadén Ahmad,

Geus nyandak kepeng panakis.

15. Sor ka payun tangkap bari pasang tadah,

Raja Gondani seug gasik, (154)

Ngabungkeun éta gada,

Jegur lir sora sagara,

Ditadah ku Sang Manjeti,

Gewat kapengna,

Lir batu ninggang pantiki.

16. Ting burinyai diaud kepeng jeung gada,

Dua kali tilu kali,

Kuat kepeng Dén Ahmad,

Musuh gewat henteu obah,

Raja Gondana ngalahir,

Héy coba Ahmad,

Coba seg males ka aing.

17. Radén Ahmad gesik males nyandak gada,

Sang Raja Gondani gasik,

Nyandak kepengna malela,

Pikeun nadah gada Ahmad,

Rahadén Ahmad Manjeti,

Geus ngulung gada,

Hiyuk Radén Ahmad neunggeul tarik.

18. Sang Gondani nakis gada Raja Ahmad,

Jegur lir ombak jaladri,

Pating burinyai seuneuna,

Diadu kepeng jeung gada,

Gurat kepeng Gondani,

Raja Dén Ahmad,

Mando dua tilu kali.

19. Panggadana masih kuwat Radén Ahmad,

Sami tanggap perjurit,

Miceun gada narik pedang,

Buk bek campuh silih pedang,

Sami capé pedang tamsir,

Taya nu terak,

Taya nu kasoran jurit.

20. Sang Gondani néwak cepilna Dén Ahmad,

Dicabok kulemung gunting,

Leng deui Ahmad kapiuhan,

Barang Ahmad pék melesat,

Kek néwak cepil Gondani,

Bari ditongtak,

Dicabok bari digitik.

21. Sang Gondani jumarigjeg kapiuhan,

Janggelek waras elinh deui,

Gesik deui éta néwak,

Kana cepil Radén Ahmad,

Bari jebét ditampiling,

Rahadén Ahmad,

Kapidara henteu éling.

22. Jumarigjeg barang dék tiba ka lemah,

Ku musuh ditéwak deui,

Dialungkeun Radén Ahmad,

Ngajumpalik kana lemah,

Ku musuh ditéwak deui,

Biur dibalang,

Tiba sapunggureun baris.

23. Urang Habsah surakna ayeuh-ayeuhan,

Kocap Radén Ahmad deui,

Ras éling seg deui gugah,

Ngahuleng bari ngamanéh,

Ras émut kana sanjata jin,

Enggal dicandak jamparing.

24. Radén Ahmad mantang panah ti kalengganan,

Nu dicéntang Sang Gondani,  
 Raja Gondani ningal,  
 Ahmad eukeur mentang panah,  
 Gancang deui Sang // Gondani,  
 Nyandak pun japang, (155)  
 Jumelik dipanah jurit.

25. Hayoh Ahmad panah lawan panah,

Rasakeun jamparing aing,  
 Sugan hayang nyaho sia,  
 Cacateng panah pun capang,  
 Panah hiji layu jadi,  
 Panah Dén Ahmad,  
 Geus biur nyipat Gondani.

26. Barang jetot jadi sarebu sanjata,

Malincengna sabu jamparing,  
 Panahna Dén Ahmad,  
 Teu kebat bales dibégal,  
 Majukeun sabu jamparing,  
 Geus cur hujan,  
 Panah Ahmad balik deui.

27. Pada ngudag éta ku sarébu panah,

Kagét Dén Ahmad ningali,  
 Geuwat éndongna ditepak,  
 Endongna gewat menta panah,  
 Ger salaksa jamparing,  
 Geuwat nulungan,  
 Ger mapeg jamparing Habsi.

## 28. Henteu lami panah bijil tina kasang,

Geus caralulun jamparing,  
 Rébu dipapang ku laksa,  
 Jamparing Habsi teu kuat,  
 Geus muru séwu jamparing,  
 Pada majukeun,  
 Diudag nyebut jamparing.

## 29. Nya éta ku laksa jamparing Ahmad,

Raja Gondani ningali,  
 Kasoran pangawasana,  
 Duh biang nyata digjaya,  
 Gancangna Raja Gondani,  
 Seg nepak kasang,  
 Héy kasang menta jamparing.

## 30. Geuwat papag jamparing itu si Ahmad,

Ménta jamparing saketi,

Teu lila deui waktuna,

Dikabul sapadenata,

Tina seueur jimat jurit,

Ceuk basa Jawa,

Satékana kang dumadi.

31. Geus burubul jamparing éta ti kantong,

Lobana éta saketi,

Kapapag jamparing,

Ahmad lir pandah udan lan barat,

Geus (?) pun akelis,

Panah Dén Ahmad,

Teu kiat ngalawan keti.

32. Radén Ahmad kagét ningali pangawasa,

Nyaur sajeroning galih,

Lamun kieu petang mah,

Geus taya monyet hideungna,

Laksa dilawan ku keti,

Paongko rongkah,

Coba rék digentos deui.

33. Raja Ahmad ngawatek aji berahma,

Ilang lawan gati jisin,  
 Les deui Rahadén Ahmad,  
 Timbul geni muntab-muntab,  
 Gedena seperti jiga,  
 Muntab-muntab,  
 Dina medan ngaduruk jamparing Habsi.

## 34. Henteu lami jamparing bék diayah,

Jamparing anu saketi,  
 Séép leungit enggeus musna,  
 Raja Gondani //ningalan,  
 Kagét ningal kana genei, (156)  
 Di tengah medan,  
 Balad Habsi sieun nytingkir.

## 35. Éta geni ku Raja Gondani kacipta,

Anu matak aya geni,  
 Pangawasan si Ahmad,  
 Gancang Raja Sumbirata,  
 Rék ngalawan geni (?),  
 Nyipta biran,  
 Les leungit Raja Gondani.

## 36. Henteu lila reup poék ger hujan,

Rongkah geus ngemplang,  
 Kawas jaladri sieun katinggang ku hujan,  
 Seuneu pareum hujan saat,  
 Janggélék Raja Gondani,  
 Kalawan Ahmad,  
 Magatru jongok ningali.

### **XXXVIII MAGATRU**

1. // Raja Ahmad geus jongok papayun-payun,

Raja Gondani ngalahi,  
 Hayuh Ahmad sami taguh,  
 Bijikeun jajatén jurit,  
 Aing moal weléh tagoh.

2. Sakumaha jajatén manéh kauntup,

Balikan manéh ka aing,  
 Milang bulan milang taun,  
 Hayang ngapesakeun ka aing,  
 Moal nete kana ramo.

3. Coba hempék bijilkeun jajatén pupus,

Atuh Manjeti ngalahir,  
 Barina jeung nyebut duhung,  
 Ngaran sagagak keris,

Hei musuh Habsi kahot.

4. Panasaran kami acan sili suduk,

Raja Gondani ngalahir,

Cing manéh langkung takabur,

Nya ayeuna tangtu aing,

Menang gawé neukteuk uang.

5. Kapengkerna kami geus ngadukeun duhung,

Sang Gondani tangtu kénging,

Hei Ahmad geura pék nyuduk,

Dipati Anom ngalahir,

Kami geus séép nya rampion.

6. Geura males ka kami geura nyuduk,

Raja Gondani ngalahir,

Barina jeung nyabut duhung,

Si gagak warangka keris,

Ditewak dipati anom.

7. Pisabukeunana ditéwak ku musuh,

Hei Ahmad Ratu Manjeti,

Geura seg tanggoh ka luhur,

Sambat tungkul ka papagon.

8. Geura téndo si gagak warangka duhung,

Ta manéh geus iklas pati,

Coba-coba anu itu,

Dipati anom ngalahir,

Kum enggeus pasrah yaktos.

9. Lillahi dunya tegang pati dina pupus,

Diri kami suka ati,

Ger suka leupaskeun duhung,

Gancangna Raja Gondani,

Enggal musuh digejos.

10. Geus kuciwek Ahmad dibunuh ku musuh,

Kersana Raja Gondani,

Teterak anggur murungkut,

Ngaringkel kawas titinggi,

Kaget Gondani ulah hook.

11. Naha ieung aya kakara Saumur,

Si gagak // warangka keris,

Bet apus dipaké pupus,

(157)

Ngaringkel cara titinggi,

Laleuleus cara salam baktos.

12. Tapi bener henteu makan ieu duhung,

Jeung geus béak parabot jurit,

Tapi aing kana mundur,

Atawa kana miris,

Moal datang ka ngaléos.

13. Masih seueur jajatén pinunjul,

Moal ngejat kana jurit,

Nyaur Ratu Manjeti nyaur,

Hey manéh urang Habsi,

Jamak kami ogé yaktos.

14. Dijadukeun teu kalangan pupus,

Karana ayeuna téh kami,

Lain tedak haying lisung,

(?) anak perjurit,

Teges bekas sam karaton.

15. Bapa kami geus mashur Dipati Jemur,

Musuhna urang Habsi,

Satang kabuyutan tumurun,

Tiningal jeung ngejat juit,

Suka dina medan (?).

16. Sang Gondani nguping susumbarna musuh,

Ngaranjug kaliwat saking,

Sumorodot dina kalbu,

Mingkin risi dina galib,  
 Rumaos ngarempak pagon.

17. Naha manéh ngomong-ngomong Raja Jemur,

Ceuk manéh susumbar deui,  
 Tadi manéh basa nyebut,  
 Kadengé suara tadi,  
 Cing sasambat deui hempék.

18. Carék Ahmad montong loba teuing catur,

Geura duk baé ngagitik,  
 Arék naon nya maksud,  
 Raja Gondang ngalahir,  
 Kami kasengsrem ku omong.s

19. Lamun manéh geus sasambat deui tangtu,

Maju deui kana jurit,  
 Ratu Manjeti seg nyaur,  
 Héy musuh urang Habsi,  
 Ujang kami éta omong.

20. Ieu kami réhing putra Raja Jemur,

Tedak bekas seng nagari,  
 Éstu turunan maju pupus,

Jeung saur kami Habsi,

(?) kabuyutan yaktos.

21. Sajengkal gé moal mundur tina pupus,

Tiningal mundur ku musrik,

Suka mati dina pupus,

Sakitu sasambat kami,

Waktu bieu basa ngomong.

22. Nu enggeus sidik Raja Gondani ngadawuh,

Héy Ahmad Dipati Mesir,

Ngeunah temen éta saur,

Karana ieu téh kami,

Adi beuteung sang karaton.

23. Dultur kami Dewi Kosasih kapungkur,

Dianggo garwa Sang Aji,

Nya éta ku Raja Jemur,

Pernah aceuk ka Kosasih,

Radén Ahmad mando malon.

(158)

24. Enya éta ibu kuring anu tangtu,

Kakuping ku Sang Gondani,

Aduh Radén anak ingsun,

Paman bajinaha teuing,

Ieu perang eujeung alo.

25. Na di mana ayeuna téh tuang ibu,

Jumenenga kénéh dialhir,

Atawa enggeus pupus,

Dipati Anom ngalahir,

Sumuhun parios, (?)

26. Masih kénéh jumeneng dilahir ibu,

Malah ayeuna gé ngiring,

Kana pasangrahan pupus,

Paéh hirup katingali,

Ngan pun bapa nu geus maot.

27. Sang Gondani ngaderuk rus ras kapungkur,

Raja Gondani ngalahir,

Pun mamang arék pincatur,

Yaktosna ieu téh keris,

Pun gagak warangka yaktos.

28. Pertandana mun teu mampus ieu duhung,

Nandakeun nunggal (?),

Mamang gé ti kalang Jemur,

Hartina keris sawaris,

Mana moal aya nu kawon.

29. Mana ieu duhung mamang sareng enung,

Pun gagat lanang lalaki,

Enya ieu keris anu,

Pun gagak warangka keris,

Tuh mamang minangka wadon.

30. Mana moal nu kasoran nya duhung,

Sapandé jeung samaranggi,

Ayeuna mamang téh atuh,

Seja telak badé ngiring,

Sarta mamang kudu barodog.

31. Anu matak mamang kudu ditamblung,

Supaya balad habsi,

Bias nyaho kala pupus,

Ngaringna saur dipati,

Pangkur pinangisna yaktos,

// pernah ajak ka kosasih,

(158)

Radén Ahmad mandowalon.

32. Enya éta ibu kuring anu tangtu,

Kuping ku Sang Kawindani,

Aduh Radén anak insun,

Paman Bajinaha tengih,

Ieu perang eujeung alo.

33. Na di mana ayeuna téh tuang ibu,

Jumenang kénéh di lahir,

Atawana eunggeus pupus,

Dipati Anom ngalahir,

Sumuhun parios katon.

34. Masih kénéh jumeneng di lahir ibu,

Malah ayeuna gé ngiring,

Kana pasangrahan pupu,

Paéh hirup katingali,

Ngan pun bapa nu geus maot.

35. Seng Kawindani ngaderuk rus ras kapungkur,

Raja Kawindani ngalahir,

Pun Mamang arék picatur,

Baktosna ieu téh keris,

Pun gagak warangka yaktur.

36. Pertandana mun teu mampuh ieu duhung,

Nandakeun bangal sawawi,

Mamang gé ti kakang Jemur,

Hartina keris sawaris,

Mana moal aya nu kawon.

37. Mana ieu duhung mamang sareng enugn,

Pun gagat lanang lalaki,

Enya ieu keris enung,

Pun gagat warangka keris,

Tuh mamang minangka walon.

38. Mana moal nu kasoran ieu duhung,

Sapandé jeung samaranggi,

Ayeuna mamang téh atuh,

Seja nalak badé ngiring,

Sarta mamang kudu borogot.

39. Anu matak mamang kudu ditambalung,

Supaya balad Habesi,

Bias nyaho kana pupu,

Ngaringna sakur dipati,

Pangkur pinangisan tangtos.

#### **XXXIX. Pangkur**

1. Énggal Raja Sumirat,

Kek dicandak ku Ahmad Raja Manjeti,  
 Sartana geus ditambalung,  
 Lajeng dicandak ti medan,  
 Radén Mantri Jaya Sutiya seug muru,  
 Néhing musuh geus kacandak,  
 Dibujeng ku patih Mesir.

2. Raja Kawindani geus kebat,  
 Diiringkeun ku putra Sang Jeng Anggadi,  
 Urang Habsi kagét langkung,  
 Ningal aduwanna bandang,  
 Urang ramé surak liwat langkung ngagul,  
 Jeung tatabeuhan suka ningal,  
 Kénging jurit urang Habsi.

3. Panasaran sadayana,  
 Para Sena ngagidir,  
 Harita barang rék maju,  
 Kabujeng burit mangsana,  
 Urang Mesir terang bandéra keur pupu,  
 Musuh lawan sami bubar,  
 Urang Habsi panasna ati.
4. Kocap deui Raja Ahmad,

Enggeus tepang éta ka Sultan Mesir,

Sareng sadaya para ratu,

Sulatan Mesir seug ngandika,

Sukur rayi kénging damel dina pupu,

Dén Ahmad matur ka raka,

Nimbalan raka jeung Gusti.

5. Ieu musuhna ti Habsah,

Nu geus kénging Kang rayi hatur ningali,

Lantaran tepang jeung sepuh,

Dina perang Baratayuda,

Ieu mamang sadérékna Kangjeng ibu,

Jadi Raja Sumirata.

6. Ka bawa ku Raja Habsi,

Barang nguping sadérékna,

Sultan Mesir kagét bari munjung sidik,

Ka dampal sampéan sujud,

Mamang haturan Kang Putra,

Sang kawindani alon barina jeung nyaur,

Sawangsulna diri mamang,

Haturan nembé ningali.

7. Tuwang ibu téh di mana,

Diri mamang hayang tepang liwat saking,  
 Barang eukeur nyaur ka ibu,  
 Na Ahmad Muhammad,  
 Kénging wartos yén rayina hayang tepung,  
 Gok tepang payuneun Sultan,  
 Raja Gondani ngalahir.

8. Seug ngarontok rayi raka,  
 Sang Gondani rayi Kosasih narangis,  
 Nun haturan ambeuk ratu,  
 Nya kitu deui Nyai randa,  
 Samangulna lir Embok haturan tepung,  
 Saur sujud ka Pangeran,  
 Riyung meungpeung di Mesir.

9. Sami kelar duanana,  
 Enggeus kitu sami jengkar raka rayi,  
 Silih taros hal kapungkur,  
 Sigeug nu keur sosonoan,  
 Teu dicatur panjang-panjang hal kapungkur,  
 Cindekna Alhamdulillah,  
 Anak jeung dulur papanggih.

10. Gancangkeun anu dicarita,

Sakalangkung nafnsuna urang Habsi,  
 Reup peuting kocap geus alum,  
 Di médan pasang bendera,  
 Raja Sundan ti habsi nu maju pupu,  
 Geus pirakeun médan perang,  
 Geus nangtang dina médan jurit.

11. Lir tedak Patih Ngawangga,  
 Urang Mesir angen geuwat urang jurit,  
 Ulah talangké rék pupu,  
 Coba ieu Raja Sundang,  
 Toh jiwa pati teuk lumur,  
 Mana nu ngaran Si Ahmad,  
 Engén siya geura jurit.

12. Ulah dék ganti bayangan,  
 Salian ti raja jeung Sultan Mesir,  
 Engén siya geura pupu,  
 Siya geus kesel ngantosan,  
 Kacarita para Ratu sareng Enung,  
 Nguping anu nangtang perang,  
 Sakalangkung ngangres galih.

13. Kocapkeun Datuk Bendara,

Seug amitan ka sakabéh para bupati,  
 Sasadu ka Sultan Agung,  
 Kang Rama amit rék perang,  
 Neda suka bisi kasambut na pupu, // (159)  
 // saperkawis panadaran, (160)  
 Kadua perkawis deui.

14. Béla pet nulung anak,  
 Sultan Mesir teu ngidinan maju jurit,  
 Datuk Bendara pitunjuk,  
 Kang Rama téh moal beunang,  
 Saurna ku Kang Putra anak maksud,  
 Paéh hirup enggeus ihlas,  
 Hirup nuhun paéh somawi.

15. Tina énggal marunjungan,  
 Para Ratu pada rémpan naringali,  
 Parandéné para Ratu,  
 Sami pada sambung du'a,  
 Mugi-mugi nu rék perang sing rahayu,  
 Datuk Bendara geus mangkat,  
 Di ondéng ku Patih Mesir.

16. Jeung Radén Jaya Sutiya,  
 Panganggo Datuk Bendara parutih,  
 Sing sarua bodas wungkul,  
 Nyanggelang pedang manggul gada,  
 Geus sumping ka médan tepung jeung musuh,  
 Raja Sundan seug ningalan,  
 Kagétna kaliwat saking.

17. Saha ieu musuh lawan,  
 Mana ieu gancang katengah jurit,  
 Datuk Bendara ngawangsul,  
 Bisi manéh kurang terang,  
 Ngaran kami Datuk Bendara Panghulu,  
 Mitoha Raja Ahmad,  
 Hakimna Panghulu Mesir.

18. Raja Sundan anambalang,  
 Na rék naon Panghulu ka tengah jurit,  
 Milu ulah biyung,  
 Manéh téh rék ménta jakat,  
 Aing teja teu mawa duit sabaru,  
 Kawantu rék maju perang,  
 Teu mawa duit saduit.

19. Mun manéh rék ménta jakat,

Coba hélor tuh ka ditu ka Raja Habsi,

Hélor manéh geura mundur,

Luh-lah ngagokan ka urang,

Sabab déwék Raja Sundan eukeur nafsu,

Datuk Bendara ngajawab,

Éh musrik kalanattullah.

20. Bangkawarah ucapan siya,

Ieu aing matak datang médan jurit,

Rék ngayonan siya pupu,

Lain arék ménta jakat,

Bangkawarah siya ucapan jangji capluk,

Ka kuping ku Raja Sundan,

Telingané lir disebit.

21. Luh kuwé mamang bilang gila,

Énak saja diya bilang sama sini,

Jaga-jaga baé luh,

Kutika dipukul diya,

Kalu diya besar hati lagi mukul menyaut,

Radén Bandara jaga,

Kolu-kolu sendiri.

22. Énggalna Datuk Bendara,

Gadana téh diulengkeun langkung tarik,

Jegur lir sowara laut,

Di tada ku Raja Sundan,

Kapengna téh kuatné liwat langkung,

Kapindo Datuk Bendara,

Ngulung deui langkung tarik.

23. Jedur lir ombak sagara,

Raja Sundan tada gada langkung gasik //, (160)

// kapengna kuat langkung, (161)

Datuk Bendara ngangkat,

Gada Raja Sundan masih kénéh kuat mukul,

Pangtelu Datuk Bendara,

Gadana dijungjung deui.

24. Masang deui Raja Sundan,

Enggeus jebrod Datuk Bendara ngagitik,

Maha Raja Sundan nyaaur,

Kuat kepeng maléla,

Raja Sundan tanggah barina jeung nyaaur,

Hé musuh Datuk Bendara,

Hayoh geura mukul deui.

25. Kurang tarik nya ngagada,

Ménta anget ngagada téh kurang tarik,

Datuk Bendara ngawangsul,

Geura males baé siya,

Montong ngomong geura jempé baé mukul,

Mana wani ka kalangan,

Cirina aing prajurit,

26. Énggal baé Raja Sundan,

Ngulung gada barina susumbar bengis,

Jeung siya mo enya teguh,

Aing rék males ngagada,

Moal enya ngaduwa kalian mukul,

Mun kuat sakali nahana,

Darajat awak silaing.

27. Gadana sang Raja Sundan,

Enggeus ninggang ngahebuk bawaning tarik,

Jedur lir sora gugur,

Ditadah ku sang Bendara,

Hanteu kuat kepeng mancawura bubuk,

Tawur bubukanana,

Jumpalik Panghulu Mesir.

28. Ngajungkel geus kapidara,  
 Rénghap-rénghap Datuk Bendara hanteu éling,  
 Raja Sundan baksapupu,  
 Itu deuih siya modar,  
 Urang Habsi alon ningal musuh rubuh,  
 Geur surak langkung suka,  
 Tuh da anom urang Habsi.

### **Sinom**

1. Raja Sundan langkung suka,  
 Tatandang di médan jurit,  
 Hé urang Mesir sadaya,  
 Aing ménta musuh jurit,  
 Sarta nu enya perjurit,  
 Sarta nu digjaya pupu,  
 Ulah méré kucirakan,  
 Angken ieu urang Habsi,  
 Saha nu butuh ku angké Datuk Bendara.
2. Kop ieu geura rawatan,  
 Katingal ku Radén Mantri,  
 Seug tuluy ka médan jurit,  
 Arék nyokot sang Bendara,  
 Dirawu digandong nuluy,  
 Ngan aya kénéh napasna,  
 Rénghap-rénghap Bendara,  
 Urang Habsah nénjo anu,  
 Nyokot bari ger surak diéra-éra.
3. Nyebat-nyebat anjing urang Mesir,

Nu sok beuki bangké hayam,  
 Jaya Sutiya perhatin,  
 Disebut anjing ku Habsi,  
 Manahna ngerik kalangkung,  
 Kebat deui Jaya Sutiya,  
 Ka Pasangrahan geus nepi //, (161)  
 // para putri réang anu narangisan. (162)

4. Sumawonna Siti Bagdad,  
 Barangga sumping ningali,  
 Sang Bendara tacan hilap,  
 Dén Ahmad nepak kakandi,  
 Mundut landong kana kendi,  
 Bijil landong rupa balur,  
 Salira Datuk Bendara,  
 Dibalur ku landong kendi,  
 Cara konéng katitisan apu misan.
5. Sang Datuk pajar sapisan,  
 Jengkat barina ngalahir,  
 Yaa Alloh Yaa Rasu Alloh,  
 Muji sukur ka Nu Widi,  
 Tacan dongkap kana takdir,  
 Masih kénéh aya umur,  
 Salamet hutangan punah,  
 Sigegkeun Datuk Bendara,  
 Enggeus waras langkung dina pasangrahan.
6. Kocapkeun urang Habsah,  
 Enggeus ramé nangtang jurit,  
 Nu jadi panangtang perang,  
 Alona Raja Habsih,  
 Ngaran Patih Gancapuri,  
 Sosowak di médan pupu,

Sang ka mana ngaran Ahmad geura bijilkeun jurit,  
 Sugan hayang nyaho tedak Raja Sundan.

7. Senapatina Habsah,  
 Geura ayonan ajurit,  
 Barang eukeur nangtang perang,  
 Sumping dipati Manjeti,  
 Diobéng ku Patih Mesir,  
 Jeung ku putra Sam kadatun,  
 Jenengan Jaya Sutiya,  
 Ngaran Dén Ahmad Manjeti,  
 Enggeus dongkap Dén Ahmad kana kalangan.
8. Beut geus datang deui éta,  
 Tukang bangké anjing Mesir,  
 Nu sok mecutan betang,  
 Ka kuping ku Dén Mantri,  
 Sakalangkung ngangres galih,  
 Rahadén Ahmad seug matur,  
 Kulanun raka dipatya,  
 Sakalangkung pikir rayi,  
 Langkung nyeri ku ani hiji jama.
9. Baris diabanan heula,  
 Ku rayi neda pangidinm,  
 Pangandika Radén Ahmad,  
 Hade pisan akang idin,  
 Tapi masing aya akang gé,  
 Sedih kalangkung ucapan hanteu perenah,  
 Radén Mantri nyembah indit,  
 Ti payuneun Dén Ahmad geus purka merah.
10. Gok jeung Patih Gancapura,  
 Kersa barina ngalahir,

Na ieu tukang babatang,  
 Bet datang ka jurit,  
 Da aing téh tacan mati,  
 Puguh aya masih hirup,  
 Rahadén Jaya Sutiya,  
 Ngalahir ka urang Habsih,  
 Aing téh nu matak datang ka médan.

11. Ngarep-ngarep anu modar,  
 Keuheul aing lila teuing,  
 Ayeuna mah teu kapalang //, (162)  
 // sumwonna anu mati,

Najan hirup urang Habsi,  
 Ku aing arék remus,  
 Sumawonna diri siya,  
 Aing teu kaliwat saking,  
 Sakalangkung hayang kop geura ngaremus siya.

12. Siya ulah nongtorgan,  
 Eukeur patut cara babi,

Mata beureum ngembang wera,  
 Cocog jeung omongan deui,

Nyebut-nyebut anjing Mesir,  
 Balikan siya nu alus,

Babi merik latang tulah,  
 Dangah ku Gancapuri,  
 Sakalangkung masangna barina medang.

13. Sérénétna penadangna,

Tinggang ku Radén Mantri,  
 Ditakis panakis tetekna jimat beusi kuning,  
 Parasani geus puguh,  
 Dina cameti silang,  
 Seug murubut pedang,  
 Dén Gancapuri beuk murubut ka bumi,  
 Gancapuri kagét barina nambalang.

## 14. Na ieu pedang beut murag,

Beut murubut cara keusik,  
 Wijaya Sutiya nyoba,  
 Nu matak pedang silaing,  
 Jadi bubuk cara keusik,  
 Totondén manéh geus nangtung,  
 Bakal bubuk dihakan,  
 Ieu ku pakarang aing,  
 Gancapuri nyandak deui éta tumbak.

## 15. Cing ieu mun digjaya,

Tampanan tumbak aing,  
 Putra Sang Tangga nadahna,  
 Jekok tumbak Gancapuri,  
 Putra Sang Tanggot teu gimir,

Gancapuri tambah nafsu,  
 Jekok deui éta tumbak,  
 Sampai dua tilu kali,  
 Radén Mantri nyodorkeun hareup jeung tukang.

16. Weléh baé henteu teurak,

Gancapuri tambah pusing,  
 Tumbak teu hirup ti tukang,  
 Mejen tumbak Gancapuri,  
 Gancapuri cabut keris,  
 Éta putra Sang disuduk,  
 Kerisna Pun Gancapuri,  
 Ngaringkel cara titinggi,  
 Gancapuri pusing baris nambalang.

17. Geura males kurang ajar,

Modar baé siya anjing,  
 Anu teu terak ku pedang,  
 Aing ogé kulit beusi,  
 Énggal baé Radén Mantri,  
 Nyandak duhung tina suku,  
 Ngaran Baraja Kusumah,  
 Asalna téh éta keris,

Enya éta jimat puguh ning Nagri Sam.

18. Teges mustika pakarang,

Geus dicabut ku Dén Mantri,

Panjangna keris sajengkal,

Seug ditéwak Gancapuri,

Pisabukeun kana keris,

Bari kuciwek disuduk,

Lenggak Radén Ganca-// puri,

(163)

Ngajungkel rubuh ku keris,

Palataran mani tina tengah médan.

19. Urang Mesir reng ningalan,

Ger surak langkung tarik,

Geus pukuh bale nagri Sam,

Sukana kaliwat saking,

Surakna pating jarerit,

Nepina pating arapung,

Radén Wijaya Sutiya,

Mundur tina médan jurit,

Urang Habsi sakalangkung panasaran.

20. Papatih Raja Sundang,

Di kalangan geus ngabeusi,

Ramana Raja ber kingikang,  
 Sadérékna Ratu Habsih,  
 Nangis réhing putra mati,  
 Di pasangrahan ngarumpuyuk,  
 Sadérékna Gancapuri,  
 Sakalangkung panas ati,  
 Gancapuri Patih tunggal alo Raja Habsih.

21. Geus purakana médan perang,

Ledok di médan jurit,  
 Mana Si tukang babatang,  
 Anu ngaran anji Mesir,  
 Coba geuri siya bijil,  
 Kurang ajar ulah mundur,  
 Kadangu ku Radén Ahmad,  
 Sumawonna ku Radén Mantri,  
 Ayi raka hanteu raos dadanguan.

22. Radén Ahmad nyandak panah,

Sok dipasihkeun ka rayi,  
 Ku Radén Mantri dicandak,  
 Tuluy dipentang sakali,  
 Enggeus bijil senjata jin,

Teu ngurus disipat nyemprung,  
 Jamparing nyipat sorangan,  
 Kawantu jimat ti jin,  
 Gancapati barangna eukeur sosowak.

23. Jetot beuheungna kapanggang,

Jumpalik teu hudang deui,  
 Modar ku panah sapisan,  
 Barang geus mati,  
 Gancapati senjata geus malik deui,  
 Tinggal bangké tengah pupu,  
 Urang Mesir geus ningalan,  
 Muru patih ku jamparing,  
 Surak deui campuh raména kacida.

24. Urang Habsi kagét ningal,

Dahuhan geus rubuh deui,  
 Sakalangkung ngéntab manah,  
 Raja Sundan ngéntab ati,  
 Panasna kaliwat saking,  
 Mana sating teu sadaruh,  
 Diserut maju kalangan,  
 Raja Sundan maju singkil,

Médan ambeuk taya kamanisan.

### **Dangdanggula**

1. Raja Sundan sosowakna jurit,  
 Langkung ameuk ku anjeunna nangtung,  
 Ganca seug jurit geus bérés,  
 Raja Ahmad enggeus jebul,  
 Jero kalangan jurit //, (164)  
 Rék ngayonan Raja Sundang,  
 Wiramaya jebul,  
 Jeung Radvn Wira Sentika,  
 Karék dongkap ti Manjeti,  
 Nuluy baé ngobeng perang.
2. Raja Ahmad ka gandék ningali,  
 Seug ngandika hé Wiramaya,  
 Iraha dongkap lumahuna Wiramaya unjuk Habsih,  
 Sumuhun timbalan Gusit,  
 Abdi nembé pisan dongkap,  
 Dén Ahmad seug nyaur,  
 Di mana ari nyi Raja paunjukan,  
 Dén Wiramaya pandeuri,  
 Jeung abdi teu sareng jengkar.
3. Eukeur kitu Radén Sundang sumping,  
 Seug mariksa ka Radén Ahmad,  
 Muru sama ngaran manéh,  
 Coba aku meungpeung hirup,  
 Radén Ahmad seug ngalahir,  
 Éta ieu ngaran Ahmad,  
 Kapala perang pupu,  
 Nu nangkep Raja Gandara,  
 Raja Sundan ngadégdég bari ngalirik,

Éh nyata si Wiramaya.

4. Nya paingan wani ka Habsih,  
Jadi manéh pindah ngaduan,  
Sarta jadi bobotoh,  
Sok baé sanajan kitu,  
Hanteu kirang saban pati,  
Euweuh manéh teu Habsih,  
Teu butuh sarambut,  
Masih loba seta patya,  
Kitu deui anu pikeun nugeul Mesir,  
Cumah aing Raja Sundang.
5. Kitu deui siya gé geus pasti,  
Wiramaya jeung Wira Sentika,  
Ditugeul beuheungna kanca,  
Wiramaya geus ngadangu,  
Jeung kumaha ieu abdi ucapan,  
Lir Raja Sundang,  
Ceuk akang rék maju,  
Ngayo ka siya Raja Sundang,  
Dén Sentika ka rakana rék ngalahir,  
Poma ulah diayonan.
6. Sabab keur diayonan ku Gusti,  
Moal saé mun ngalanggar,  
Kana baé moal didéngé,  
Raja Sundang kersa nyatur,  
Hé Ahmad wawakil Mesir,  
Geura dék manéh ngagada,  
Naon suka nyuduk kek numbak atawa medang,  
Cing geura pék ku aing moal ditampik,  
Ngajawab Rahadén Ahmad.

7. Hanteu matek miheulaan juit,  
 Sabalikna kuma diya niyat,  
 Raja Sundang énggal baé,  
 Ganca enggeus dijungjung,  
 Geura tadah gada aing,  
 Garang per-iyatna,  
 Manéh tangtu remuk,  
 Rahadén Ahmad énggal pasang,  
 Panadahna kepeng daluang sayakti,  
 Raja Sundang enggeus ninggang.
8. Jumelegur lir banjir jalan gasik,  
 Nadah éta Rahadén Ahmad,  
 Kuat kapengna téh tanggah,  
 Waja jeung beusi diadu //, (165)  
 Lir batu lawan patiki,  
 Pating burinyay seuneuna,  
 Raja Sundang mundur,  
 Ngawahan ngulawit gadana,  
 Langkung tarik satakerna ngagitik,  
 Geus jauh kana sasaran.
9. Radén Ahmad masang deui panakis,  
 Raja Sundang geus jegur nanggung gada,  
 Sakalangkung angut,  
 Jegur kaya banjir laut,  
 Ku Ahmad ditadih deui,  
 Pating gelebuk seuneuna,  
 Kepeng Ahmad tangguh,  
 Ngulung deui raja Sundang,  
 Gada titadi geus jegur deui ditakis,  
 Kuat kénéh kepeng Ahmad.
10. Raja Sundang bengis jeung ngalahir,

Coba Ahmad geura males siya,  
 Énggal Radén Ahmad anom,  
 Nyandak gada geus diulun,  
 Raja Sundang pasang takis,  
 Gadana rahadén Ahmad,  
 Geus ninggang ka jegur lir sowara umbak,  
 Raja Sundang gasik nakis gada beusi,  
 Kuat kepengna maléla.

11. Rahadén Ahmad ngagada deui,

Jumelegur nakis deui Sundang,  
 Panahan masih tangguh,  
 Seuneuna pating jelegur,  
 Metu waja beusi,  
 Tinggak deui Raja Ahmad,  
 Gadana geus nutu,  
 Nadah deui Raja Sundang,  
 Kana gada kuat kana panakis,  
 Geus taya anu kasoran.

12. Raja Sundang miceun gada beusi,

Nyandak nyameti bubuyut ngalaga,  
 Cameti rukmat geus kahot,  
 Raja Ahmad pun nya kitu,  
 Teu éléh jimat nagari,  
 Seug nyandak kilat,  
 Raja Sundang nya ur,  
 Coba tadah geura Ahmad,  
 Lamun teges manéh digjaya ajurit,

Geura tadah ieu kilat.

13. Mun teu nyaho ieu téh jimat kira matya,

Kawéntar geus kocap mun dipaké,

Neunggeulan naon,

Sanajan laut,

Jeung gunung mun digebuk ku cameti,

Gunung runtuh nagara saat,

Manéh deui musuh,

Dén Ahmad neunggeul jawab,

Moal ngejat paéh hirup na jurit,

Turunan mati ka raja Sundang seug narik cameti,

Radén Ahmad dibabuk ku rukmat.

14. Sakali Radén ngoloyong nyungkung saur kapecut,

Radén Ahmad selang-seling,

Sar éling Rahadén Ahmad,

Gancang narik pecut,

Seug dibales Raja Sundang,

Bek diditik Raja Sundang,

Raja Sundang ngajumpalik,

Parandéné pisan gugah,

Gugah ogé Sundang selang-seling,

Hanteu éling cumpa-campa.

15. Sasauran gundam baé // kawasa jalma, (166)

Ngalindur sasambar ka uang Habsih,

Gupat-gupat urang Habsa,

Kami ménta nginum,

Jenewer atawa arak,

Raja Sundang barang ras geus éling,

Deui gék deui gék cameti rukmat.

16. Radén Ahmad sami pada narik,

Sundang sumawonna marah,

Jebeng silih kitik-kolok,

Sami pada kena pecut,

Sami rubuh hanteu éling,

Enggeus sami kapisusuh lawan rubuh,

Surik ti Mesir ti,

Habsa sami pada numpangan mana nu kénging,

Sundang jeung Radén Ahmad gugeng sami pada éling.

17. Raja Sundang mikir samejat pedang,

Néangan akal rerempon,

Eukeur kitu Ahmad maju,

Raja Sundang mecut deui,

Sami pada kaleresan,  
 Jungkung pada rubuh,  
 Sami pada kapidara,  
 Ahmad, Sundang sami tiwas hanteu éling,  
 Nu pupu sami rubuhna.

18. Ana gagah sami pada éling,  
 Bek-bek silih bebek kilat,  
 Dua tilu kali mecut téh,  
 Sakali-kali mukul,  
 Sami pada ngajumpalik,  
 Rubuhna nampa wilangan,  
 Taya anu teguh,  
 Sar éling deui duanana,  
 Raja Sundang akalna enggeus kapikir,  
 Rék nyidrang ka Dén Ahmad.

19. Seug ngagitik pangheulana tarik,  
 Geus ngagitik manéh wareg ngejat,  
 Rahadén Ahmad mgoloyong,  
 Raja Sundang gasik nuyung,  
 Ahmad hanteu éling,  
 Merekpek Sundang nenggelan,

Seug deui ka musuh,  
 Dén Ahmad tambah polah,  
 Blak nangkuban Raja Sundang mukul deui,  
 Seug direbut pecut Ahmad.

## 20. Enggeus kénging pecut Sang Manjeti,

Raja Sundang ceug nambah gandang,  
 Nambah wani haté alot,  
 Rahadén Ahmad seug imut,  
 Rumpul rampé pecut leungit,  
 Kaburu ku Raja Sundang,  
 Bek deui dipecut,  
 Teu keur éling Ahmad,  
 Ari éling jebét deui jebét deui,  
 Tampa wilangan Dén Ahmad.

## 21. Urang Habsi ramé liwat saking,

Musuh enggeus kasoran papan,  
 Sapoé jeput perang ramé,  
 Geus burit méh tabuh,  
 Tujuh berang bendéra panyapih,  
 Mukur tambur muru lawan,  
 Raja Sundang mundur,

Handeueul kabina-bina,  
 Radén Ahmad barang ras waktua jurit,  
 Langkung wiring mucung manah. // (167)

### **Pucung**

1. Musuh lawan geus mundur ti médan pupu,  
 Sami pasangrahan,  
 Barang tuang langkung ponyo,  
 Radén Ahmad hanteu pisan tuang.
2. Sakalangkung dina manahna keur ngangluh,  
 Édanan jimat,  
 Direbut ku musuh lawan,  
 Radén Ahmad tibekat ku pecut kilat.
3. Sigegeun pasangrahan Mesir Ratu,  
 Kocap Raja Sundang,  
 Di Pasangrahan Habsi téh,  
 Keur handeueul ameng pabaur jeung suka.
4. Raja Habsi ngandika ka para Ratu,  
 Habesi Raja,  
 Ilu Gusti mah abong-abong,  
 Mun teu kapotong beuheung si Ahmad kawilang.
5. Matak éra sakitu loba para Ratu,

Teu bayah para Raja,  
 Pada digjaya karahot,  
 Teu Mesir mah ngan cumah Ahmad jeung Raja.

6. Jalma hiji dibanding ku.....,  
 Mo aya nu kalah,  
 Éra kontol dina tonggong,  
 Cacak ayeuna geus wurang wiwirang.
7. Ganca-ganca ayeuna geus kasambut,  
 Pendakna ayeuna,  
 Perang campuh keun baé,  
 Eukeur naon dihirupan ogé si Ahmad.
8. Raja Sundang eujeung Raja Bantulu,  
 Moal saé tuan,  
 Papada meunang gé awon,  
 Dongdora ceuk itu téh meunang perang kahuru.
9. Eue éta meunang kasakit kahuru,  
 Ari urang teja,  
 Najan-najan saratus kasebut,  
 Moal cocong ka turunan Raja beunghar.
10. Moal aya nu ngungkulan Ratu,  
 Sugih cara tuan,

Raja Habsih ngawalon,

Jeung nyakakak suka kacida.

11. Heueuh kawas aing hanteu punjul,

Najan euweuh laksa,

Balad aing moal kaur,

Kacaturkeun reup peuting kocap geus beurang.

12. Tabuh lima geus baris deui serdadu,

Wadya Habsi ogé,

Aya di médan kancah,

Raja Sundang manahna ka musuh lawan.

13. Nyandak pecut pun kilat meunang ngarebut,

Susumbar ganggang,

Anu nyandak panah ranté,

Pecut rukmat di candak ku Sang lokuntar.

14. Sang Bantulu nogél senjata limlung,

Geus majeng ka médan,

Nu loba para Sang katon,

Ngobeng Raja Habsi enggeus masidna.

15. Tumbak pedang rancung nu ancang ti payun

Raja tunggang gajah,

Geus sumping ka médan kancah,

Tingalikeun anu dék perang tandingan.

16. Raja Sundang ka médan nangtang musuh,

Sosowak-sosowak //, (168)

Hé Ahmad geura jol,

Ieu aing moal mundur atah-atah.

### **Durma**

1. Raja Ahmad geus nguping nu nangtang perang,

Sakalangkung panas ati,

Teu émut kana jimat,

Émutna kana wiwirang,

Kajeun mati dina jurit,

Titingal.....,

Seug amit ka Raja Mesir.

2. Raja Mesir ngiringan sareng pidu'a,

Akang ogé baris indit,

Rap nganggo sadaya,

Ngiring kangjeng maja,

Sultan angkat nitih gajah putih,

Radén Ahmad nunggang,

Ku Samparani seug diobeng ku Radén Wira Sentika.

3. Reujeung Wiramaya daék,  
 Enggeus jengkar kana médan,  
 Kitu deui Maha Sultan,  
 Geus pada sumping,  
 Rahadén Ahmad,  
 Geus lebet ka médan jurit.
4. Wiramaya ngajaga waten kalangan,  
 Raja Sundang geus ningali,  
 Geus sor adu hareupan,  
 Sarta geus teu tata,  
 Bari narik cameti,  
 Rahadén Ahmad,  
 Ngagitik pecut sakali.
5. Ngajumpalik rubuh sareng kapidara,  
 Ger surak urang Habsi,  
 Barang eukeur ramé surak.  
 Jengker Radén berginggang,  
 Seug ngahujanan jamparing,  
 Ku sayuta panah,  
 Ting jarungkung urang Mesir.
6. Wiramaya jeung Wira Sentika,

Geus dihujanan jamparing,

Panah ditepak geus rag-rag,

Rariges jamparingna,

Tayohna Raja Habsi,

Apan tandingan,

Kira-kira cara iblis.

7. Ngarusuhkeun ngaributkeun ku senjata,

Jadi .....urang Habsi,

Balad Mesir loba pisan,

Nu kapidara ku panah,

Kocap Radén Ahmad deui,

Geus silig jengkat,

Bari nepakan kakandi.

8. Ménta-ménta panakis pikeun pun kilat,

Geus bijil cameti kulit,

Tina éndong geus dicandaak,

Katingal ku Raja Sundan,

Barina seug meubeut deui,

Ka Radén Ahmad,

Ditakis ku pecut kulit.

9. Radén Ahmad geus kitu mah tangguh,

Kuat Raja Sundang tambah pusing,

Seug dibeubeut deui Ahmad,

Dén Ahmad nakis,

Tangginas Dén Ahmad,

Males ngagitik,

Ku pecut kawawa éta cameti kulit.

10. Bari ceuyah Raja Sundan hanteu robah,

Dua kali tilu kali,

Raja Sundang tangguh kuat,

Ana males Raja Sundang,

Jebét Ahmad ditampiling,

Dén Ahmad nadah,

Méh teu kitu Sang Manjeti.

11. Jumarigjeug méh deui rubuh // Dén Ahmad,

(169)

Raja Sundang muru gasik,

Dén Ahmad didupak,

Tipetoleng meunang satumbak,

Radén Ahmad males deui,

Seug silih dupak,

Raja Sundang tidupak tarik.

12. Raja Sundang tipetoleng meunang satumbak,

Raja Sundang males deui,

Ditéwak ku Radén Ahmad,

Dijungjung biyur dabalang,

Gebut rag-rag sisina,

Sang Raja Sundang,

Bari nyandak panah gasik.

13. Enya éta senjata limpung karacak,

Senjata limping lir bandira,

Geus biyur éta disipat,

Barang gugah Radén Ahmad,

Katuyung senjata tarik,

Jebét taarna,

Jumpalik Ahmad teu éling.

14. Raja Habsi ger deui surak rongkah,

Kocap Radén Ahmad deui,

Dasaring yén hulubalang,

Gotayang deui gugur,

Janggélék seug tangi deui,

Top nyandak panah,

Seug éta senjata jimat.

15. Radén Ahmad seug males mentang senjata,

Biyur jamparing geus tarik,

Barang rék nyabet Sundang,

Raja Sundang leungit musnah,

Panahna milepas tarik,

Mantri Habsi,

Sapat kababuk jamparing.

16. Sang Bentulu méh kasabet pinter nyanggap,

Senjata balik deui,

Ngan Mantri ti Habsah,

Babar kababuk panah,

Barang panah sumping deui,

Sang Raja Sundang,

Témbong deui nangtang jurit.

17. Eukeur kitu cangkata Raja Berginggang,

Ngalepas senjata deui,

Jala ranté langkung jahat,

Dén Ahmad ogé ningal,

Dipapag senjata jin,

Diadu panah,

Barang jebét senjata jin.

18. Jala ranté panjang saranté Raja Sundang,

Raja Sundang geus ningali,

Gancang nyipat deui panah,

Senjata limpung karacag,

Dén Ahmad awas ningali,

Top deui panah,

Disipat senjata ajin.

19. Geus kapapag senjata limpung karacag,

Jebét senjata jin,

Sami nanggoh pada kuat,

Pating burinyay pamoran,

Lir pandai hantu keur jurit,

Nu keur kalangan,

Raja Sundang seug ningali.

20. Seug totogér nyeuseul barina nangtang,

Éh siya Ahmad Manjeti,

Geura tanggap deui panah,

Siya babi geuwat hibah,

Geura seug ayonan deui,

Selengen siya,

Montong nonggoh // anjing.

(170)

21. Sabab keur aya diadu pangawasa,

Engén ka dieu anjing,

Kocap di madya gancang,

Ratu Ayu deui sono,

Marengan jeung Kuraesin,

Keur nenggo raka,

Beunangna lucuh ningali.

22. Amung Putri ari nguping na omongan,

Sok jadi matak sedih,

Ku omongan Raja Sundang,

Nyarékan békéakan,

Da nyetop jamparing,

Sedil ku Sundang,

Ngarana panah si Dadali.

23. Geus diamban barang rék biyur dilepas,

Sang Ayu ras deui éling,

Siyeun kasipat raka,

Dewi Kuraesin ngandika,

Naha aceuk rebang-rebing,

Rék mentang panah,

Dewi Soja seug ngalahir.

24. Anu matak aceuk asa-asa,

Aceuk paur jeung risi,

Sieun kasiku akangna,

Kumaha lamun teu suka,

Ku ningal aceuk pinasti,

Kabendon lampah,

Kuraesin seug ngalahir.

25. Tuang rayi nanggel ahir,

Barangkalih ucap raka dipatih,

Aceuk téh ngabenduan,

Keun rayi anu maduwan,

Dewi Soja seug ngalahir,

Ari kitu mah,

Enggeus katanggeng ku rayi.

26. Teu sawios bari ngembat-ngembat panah,

Tapi masih kénéh risi,

Gedé siyeunna,

Abong terahing Anbiya,

Langkung keuheul Kuraesin,

Top nyandak panah,

Ngajentar tan amit gasik.

27. Geus diembat panahna ngaran pun Janpang,

Dewi Soja top jamparing,

Barina diembat-embat,

Geus bijil senjata capang,

Kari Dewi Kuraesin,

Bari ngembat,

Enggeus disigeng ku Kuraesin.

28. Pun Capang belegug enggeus dilepas,

Kuraesin ngepruk-ngepruk pingping,

Barina ngandika,

Gumujeung pun sasaran,

Sarta sok talangké teuing,

Lampah aceuk mah,

Kojangkeun duwa jamparing.

29. Pangheulana senjata capang ajang,

Mener ka senjata deui,

Nu keur mugut pangawasa,

Senjata jin jeung karacag,

Silih sabet panah Dewi,

Jeung panah Sundan,

Pada senjata perang tanding.

30. Teu kanyoan pun capang ninggang karacag,

Jebét senjata geus nindih,

Karacag katinggang capang,

Panah Sundang mancawura,

Bubuk murubut Sundang ningalan wirang,

Senjata sisih.

31. Tambah ambek nangtang nyarékan ka Ahmad,

Hé Ahmad Manjeti //,

(171)

Geuwat kurang ajar,

Urang campuhkeun digjaya,

Ulah miris siya babi,

Selengen hiyap,

Ngetek ludiran lanadir.

32. Raja Sundang barang eukeur totonggongan,

Datang senjata dadali,

Geus gejos kana tengekna,

Kaleresan Raja Sundang,

Manggang senjata dadali,

Jeung Raja Sundang,

Ngajumpalik tuluy mati.

**Magatru**

1. Raja Sundang babar di kalangan pupu,  
Katingal ku urang Mesir,  
Ger surak ramé ngaguruh,  
Ting baliyur ngulung topi,  
Surak ngagulung geus awor.
2. Urang Habsi ulah waka kagét kalangkung,  
Ningal Raja Sundang mati,  
Asa tetenggekeun pupu,  
Mati di kalangan jurit,  
Sakitu segutna jongok.
3. Sakalangkung manahna panas dina pupu,  
Sangkil kabéh urang Habsi,  
Sakur Raja jago pupu,  
Sumawonna Raja Habsi,  
Pusing ka mantu ka alo.
4. Murang-maring ka raka sanak dulur,  
Mikir kabéh urang Habsi,  
Kocap Dén Ahmad pupu,  
Rét kapungkur kagigir ningali,  
Musuh hanteu maot.
5. Sakalangkung kagét kaliwat langkung,

Radén Ahmad Senapati,

Handeueul karebut musuh,

Saha nu wani-wani,

Ngarebut musuh jago.

6. Hanteu manahna sudi direbut musuh,

Kawas nu kurang pamalih,

Da moal ménta ditulung,

Sanajan datang kamati,

Suka mati di kalangon.

7. Dewi Soja awas ninggal raka bendu,

Teu kalih kukurayan biwir,

Bakating reuwas kalangkung,

Lir kilat barengning tatif,

Sebut ngadeuheus kapengkon.

8. Dewi Soja geus aya dipayun Ratu,

Lenggerek Ahmad Manjeti,

Ngadéhém Nyi Dewi Ratu,

Radén Ahmad ngalahir,

Kagét ulah waka jeung bengong.

9. Dewi Soja imut bari amit munjung,

Nun rayi neda paidin,

Sumeja sungkem panuhun,

Dén Ahmad ngidinan gasik,

Saé nu geulis nya katon.

10. Dewi Soja énggal munjung bari sujud,

Ka dampal sampéan lantip,

Saparantos munjung sujud,

Dewi Soja lajeng calik,

Bari ngantos diparios.

11. Radén Ahmad seug marios ka Nyi Ayu,

Nyai téh // iraha sumping, (172)

Jeung saha Nyai ti ditu,

Nembé atawa geus lami,

Dewi Soja unjuk walon.

12. Nun sumuhun geus lami indit ti cunduk,

Nyarengan jeung Kuraesin,

Balad jin gayah teu kantun,

Ngantos di Ganda Winati,

Malah putra kang Anom.

13. Teu kantun diluhur jeung Wirancanu,

Ari nelah kakasih,

Teu géséh sareng kapungkur,

Ganca Ermaya kakasih,

Ayeuna kabéh ngarantos.

14. Radén Ahmad ngupingkeun unjuk Sang Ratu,

Sakalangkung suka seuri,

Suka panyaur jeung bingung,

Ayeuna wayahna Nyai,

Di Pasanggrahan arantos.

15. Saterasna ieu énggal eukeur nafsu,

Boga musuh perang tanding,

Aya nu ngadangu pupu,

Tapi sajeroning telik,

Jalma hanteu katémbong.

16. Hanteu akang haying direbut musuh,

Upama éta kapanggih,

Geus tinangtu meunang pa(.....),

Dewi Soja unjuk tadi,

Taya sanés rayi katon.

17. Anumawi énggal marek dina pupu,

Kang rayi nyanggakeun diri,

Kun kaluluputan pinuh,

Ieu bakating kang rayi,

Nu gaduh dosa bebendu.

18. Pikeun (?) Raja Sundang musuh pamuh,

Ka lali margina kang rayi,

Numawi lali disundut,

Tapi hanteu kuat nguping,

Ku omongan Sundan awon.

19. Hanteu euweuh gagah punjul (sic!),

Hanteu reujeung kuring,

Biwir Wirasanu (.....),

Hanteu raos pikir rayi,

Numawi rayi téh poho.

20. Di rag-ragan ku panah dadali musuh,

Biwirna répéh teu muti,

Taya rayi hanteu ruus,

Kaimutan bakal bendon,

(sic!).

21. Kaimutan bakal bendon ka Ratu sakitu,

Dawa (?) kang rayi,

Nyanggakeun diri sakujur,

Kumaha kersa kang rayi,

Suku kenténg baris raos.

22. Radén Ahmad geura ngarangkul jeung nyaur,

Ku Nyai pujaning ati,

Ulah aya manah kitu,

Sugan téh lain ku Nyai,

Panahna si Sundan kahot.

23. Ari puguh Nyai mah mungguh sanafsu,

Sapapait samamanis,

Sakawiwirang sakabingung,

Sakasedih sakanyeri,

Cindekna mah akang téh baktos.

24. Ayeuna mah antos ku Nyai di Pungkur,

Dina Pasanggrahan Mesir,

Barang eukeur gunem catur,

Radén Wiramaya sumping //, (173)

Nyandak pecut kilat kaos.

25. Nya éta pecut nu direbut musuh,

Ku Dén Ahmad geus ditampi,

Dewi Soja unjuk hatur,

Kang rayi sageud (?) amit,

Dék ngabujeng heula ka katon.

26. Kuraesin Ermaya jeung Wiramanu,

Lahirna Radén Sowawi,  
 Ngan ulah lami Nyi Ratu,  
 Akang geus bujeng deui,  
 Sumangga ceuk Nyai katon.

27. Dewi Soja geus biyur deui ka luhur,

Nepangan ka Kuraesin,  
 Réhing salamet rahayu,  
 Sagek ku Ratu Manjeti,  
 Urang Habsi kacarios.

28. Sakalangkung pasangna Raja Bentulu,

Rék majeng kaburu burit,  
 Handeueul ngan kantun,  
 Nafsu di médan pasapih,  
 Bandéra hideung jeung uwung.

29. Musuh lawan geus pada mukul tambur,

Sami pada berenti,  
 Ka Pasanggrahan geus cunduk,  
 Tabuh tujuh geus tarapti,  
 Dék barang tuang ngaronyok.

30. Para Ratu barang tuang suka kalbu,

Miswari pada Meswari papatih,  
 Demung tumanggung Ponggawa rawuh,  
 Para Mantri wadita,  
 Geus pada récok.

31. Sultan Mesir seug mariksa waktu pupu,  
 Akang rémpan liwat saking,  
 Ku pada éta musuh,  
 Raja Sundan teges jurit,  
 Radén Ahmad matur walon.

32. Nun sumuhun digjaya teu kinten pupuk,  
 Ngan aya pitulung Gusti,  
 Kabujeng ku Nyai,  
 Ratu Dewi Soja telik,  
 Jurut muru disenjata maot.

### **Kinanti**

1. Raja Mesir geus ngadangu,  
 Duh rayi Radén patih,  
 Naha ayeuna akang,  
 Hayang beurang teuing,  
 Para Ratu jeung meswara,  
 Sami kagét anu nguping.

2. Samiya naros Nyi Ratu,  
 Sumawon para meswara,  
 Siti Bagdad ngaleukeunan,  
 Di mana linggihna Gusti,  
 Hayang terang dirupana,  
 Aceuk Ratu ti manjeti.

3. Radén Ahmad seug ngawangsul,  
 Moal lami ogé Nyai,  
 Ka tempat téréh dongkap,  
 Sareng Ratu ku rayi,  
 Wantun sayagi kacida,  
 Pirang-pirang eujin.

4. Taya sanés nulung pupu,  
 Kakuping ku Sultan Mesir //, (174)  
 Sarawuh ku Para Raja,  
 Sami parading galih,  
 Sami maca Fatihah,  
 Nuhun Alhamdulillah.

5. Barang eukeur gunem catur,  
 Para Ratu jeung Sultan Mesir,  
 Kolébat Dewi Soja,

Sareng Dewi Kuraesin,

Diiring satria dua,

Anu karasép garinding.

6. Ermaya jung Wiramanu,

Dewi Soja Kuraesin,

Papanggo sapasang éndah,

Dicocontong cawening,

Udat héjo rupa,

Jingga rupa jika katumbiri.

7. Jiga dewata tumurun,

Papanggona teu dikeris,

(?) deui alus ngarang,

Teu dicatet dina sair,

Sakitu gé kira-kira,

Papakeum malayu ninggi.

8. Ngan awahing biheung alus,

Lain ku pinter banangkit,

Malayu disalin Sunda,

Ngan nyobat kanu binangkit,

Jenenganana éh iya Muhammad,

(....) miskin.

9. Dewi Soja mendak tungkul,

Mando dongkap sarta tatih,

Dén Ahmad matur ka (?),

Sumuhun unjuk ningali,

Nya Ayu Nyi Ratu Ajrak,

Sareng Nyi Ratu Manjeti.

10. Sultan Mesir jeung pra (.....),

Sami ngahurmat nu sumping,

Dipasang kursi suwala,

Rap munjung dua putri,

Enya éta Maha Sultan,

Geus tinya ka para Bupati.

11. Geus putus ka para Ratu,

Radén Ahmad seug ngalahir,

Dimerehkeun ka mertuwa,

Dewi Soja énggal gasik,

Seug sujud ka mertuwa,

Nya éta Radén Kosasih.

12. Dinya seug dituyung diyuk,

Kursi Maha Raja Mesir,

Nya éta na kursi goyang,

Ngaréndéng jeung parameswari,

Nya éta gero Sultan, (garwa)

Nya éta kapi raka rayi.

13. Unjuk sukur ka para sepuh,

Ka kusumbar merwari,

Geus putul anu munjungan,

Dewi Soja Kuraesin,

Kocap deui Raja (...),

Ganda Ermaya sari deui.

14. Ka Rahadén Ahmad sujud,

Dén Ahmad mariksa gasik,

Gerwana nya ngandika,

Saha ieu murangkalih,

Dewi Soja seug unjukan,

Sumuhun putra jeng Gusti.

15. Ganda Ermaya (...),

Sareng Wiramanu deui,

Putra Raja Wiranjana,

Bari Ahmad seug nguping,

Sakalangkung kagét manah,

Dirangkul kalemuhan deui.

16. Bupu enes anak ingsun,

Siti Bagdad kitu deui,

Bari milah ngarontokan //, (175)

Saibu teu nyana teuing,

Ibu téh kabeneran,

Hayang boga anak manggih.

17. Jadi teu hanteu ngajuru,

Kuraesin imut manis,

Manahna asa kasawat,

Wastu sami putra hiji,

Radén imut ka putrana,

Hanapiyah anu mati.

18. Ganda Ermaya geus putus,

Diasuh ku Abu putri,

Seug munjung ka rama uwa,

Sujud ka sampéan tadih,

Sultan Mesir langkung suka,

Sukur anak uwa sumping.

19. Ka Emban riung mungpulung,

Heulang geura maju jurit,

Tuh ka ditu ka éyang rama,

Éyang nu marebu pati,  
 Tah ka dinya Enung panabur,  
 Mamang Enung Radén Mantri.

## 20. Raja Putra mapay munjung,

Ka sakabéh para bupati,  
 Hanteu aya anu kaliwat,  
 Kocap aya nu ngalahir,  
 Nya éta hiji ponggawa,  
 Bodorna nagari Mesir.

## 21. Jenenganana nét Wicanu,

Radén Ermaya ngalahir,  
 Naha bapa Radén diliwat,  
 Saratus sapi,  
 Enya meunang mang Kumandan,  
 Nu minangkeun gajah putih.

## 22. Dén Mantri ningal imut,

Jeung dibalédog ku Mantri,  
 Ku korma kana sungutna,  
 Tuluy disanggap sakali,  
 Geur gumujeng sadayana,  
 Nyakakak patih Anggadi,

23. Sumawon ramana imut,  
 Nya éta Demang Mesir,  
 Wijana lolong-lolongan,  
 Hayang dibalédog deui,  
 Sekak sunggal ka paguyonan,  
 Kocap nu keur mindel galih.
24. Sapating barengna nguyung,  
 Anu ngamanahan jurit,  
 Ratu Ayu Dewi Soja,  
 Naros ka raka dipati,  
 Kulanun raka dipatya,  
 Kumaha perkawis jurit.
25. Balad (...) raos ripuh,  
 Kang rayi semaja ngiring,  
 Ka jero barata yuda,  
 Karana Ratu Habsi,  
 Ditaksirna ka rayina,  
 Kandel balad sugih mukti.
26. Masih seueur anu ngamuk,  
 Matak rémpan maju jurit,

Wantun polo panggeden,  
 Disilokaan ku rayi,  
 Sela mancawura tirta,  
 Orogandi dina wengi.

27. Sanajan dipasang batu,  
 Cadas dipasang ti gigir,  
 Katinggalna curak,  
 Toba tina mandeng-mandeng,  
 Karajeun legok cadas,  
 Ngampar seuseu ceuk Ahmad dipati.

28. Taya sanés deui Ratu //, (176)  
 Mawi énggal ngutus lenggah,  
 Kalintang émut silok,  
 Anu geus pendak ka rayi,  
 Pun Engkang teu (?),  
 (...) anu nyangkol cipta galih.

29. Ku hal senjata pitulung,  
 Kajaba diri Nyai,  
 Barang eukeur sasauran,  
 Dén Ahmad sareng Dén putri,

Reup peuting kaganti beurang,  
 Kacaturkeun Urang Habsi.

30. Raja (...) keur nafsu,  
 Macung kana médan jurit,  
 Geus sosowak nangtang perang,  
 Kocap Sang genggang deui,  
 Mapag balad para sena,  
 Dipajengkeun kana perang jurit.

31. Akalna mah geus sakutu,  
 Raja Ginggang sareng (...),  
 Lakuna ngacak tandingan,  
 Diibareng jeung maju jurit,  
 Supaya campur wadiya,  
 Anjeunna rék pasang telik.

32. Radén Ahmad sor ka payun,  
 Ka tengah médan jurit,  
 Raja Bantulu ningalan,  
 Geus hanteu tata pasini,  
 Barang gok jeung Radén Ahmad,  
 Bantulu pakem Cameti.

33. Jebét Dén Ahmad dibabuk,  
 Hanteu dua kali sakali,  
 Pisan Dén Ahmad dibabuk,  
 Ku pecut rukamit,  
 Ngajungkel rubuh Dén Ahmad,  
 Naha ku teu nyana teuing.

34. Bet musuh neunggeul ku pecut,  
 Ahmad nambru kana bumi,  
 Saking ku patih (...),  
 Keur surak balad ti Habsi,  
 Barang eukeur ramé surak,  
 Ahmad teu pungkur dibungking.

### **Pangkur**

1. Kocapkeun Raja Berginggang,  
 Jeung baturna para Ratu enggeus singkil,  
 Dék ngahurup Ahmad wungkul,  
 Seja keprak balad tasa,  
 Daduna geus brek kana pupu,  
 Da médan porak ku balad,  
 Ratu sakur senapati.
  
2. Seug nyiliwuri ku balad,

Teu katawis akalna Ratu teu uni,  
 Radén Ahmad geus kalingkung,  
 Nya éta ku balad loba,  
 Barang lilir bisa pasang deui musuh,  
 Ahmad hilap pacampuran,  
 Teu katingal ku urang Habsi.

3. Jadi pisah jeung nu loba,  
 Raja Lu (?) geus campur perang jurit,  
 Hanjakal pisan jeung musuh,  
 Bayangan perang satadina,  
 Nu matak ditambrong batur,  
 Karepna rék pasang jidar,  
 Rék ngahurup pasang jurit.

4. Di jero nafsu jidar,  
 Kari-kari Radén Ahmad enggeus leupit,  
 (?) Radén ngaggo kuluk,  
 Geus (...) // kabéh para Raja, (177)  
 Nu néangan dina sajeroning rebut,  
 Urang Mesir pada héran,  
 Naha eukeur perang tanding.

5. Makéna ditémbrong ku balad,

Raja Lukuntar jeung baturna Para Bupati,  
 Malah risuh dina pupu,  
 Kari-kari wadya balad,  
 Dipajukeun dina perang campuh,  
 Geus buk-bek nyapet senapan,  
 Ting baliyur sora bedil.

6. Balad Mesir ting golétak,  
 Nu katémbong Balad Mesir pada mati,  
 Pahibut perang teu puguh,  
 Balad Mesir sor narajang,  
 Kapalana Radén Wiramaya pamuk,  
 Enggeus nyipat sinapan,  
 Geus buk-bek ti Mesir Habsi.

7. Balad Mesir balad Habsa,  
 Sami rebut balad Habsi tinggaruling,  
 Mariyeuh diseupeut jedur,  
 Perang campuh silih témbak,  
 Balad Habsi mati ratus datang rabu,  
 Mati rébu datang laksa,  
 Mati laksa datang keti.

8. Mati keti datang yuta,

Lain beuki orot tambah sugih,

Ari ti Mesir serdadu,

Keur saeutik beuki carang,

Sabagian dua bagia nu pupus,

Balad Mesir takaburan,

Jor (?) jang loba nu mati.

9. Ratu Mesir langkung susuh,

Manah Ayu Ratu Habsi cidra jurit,

Kapan ngajak perang pupu,

Nandingan ka Palaraja,

Kari-kari ayeuna ngajakan rusuh,

Cidra ti perang nandingan,

Sumawon cék Prabupati.

10. Cing atuh ku petana balad,

Urang coréncang loba nu mati,

Jeung ieu pélor geus rabul,

Ting hariyeng pélor nyasar,

Eujeung deui balad Habsi beuki maju,

Jeung deui Ahmad taya datang,

Palang siyang ieu katindih.

11. Mana campuh maju balad,

Palangsiyang Radén Ahmad enggeus mati,  
 Ku Dewi Soja kadangu,  
 Gancang unjukan ka Raja,  
 Jisim abdi manawi idin akang,  
 Ieu téh balad Habsah,  
 Dék dilawan ku balad jin.

12. Raja Mesir seug ngandika,

Saé pisan ari sayagi mah Nyai,  
 Sungan tambah Nyai Ratu,  
 Teu nyandak balad réa,  
 Nyai mangga geura pajukeun itu,  
 Itu tingal balad akang,  
 Matak ketir liwat saking.

13. Énggal Sang Dewi Soja,

Seug ngalirik ka Ganda Ermaya gasik,  
 Radén geuwat buru-buru,  
 Balad urang sina perang,  
 Kapegatan ku Radén Wiramatu,  
 Radén Ermaya Wiramaya,  
 Cédok nyembah gasik.

14. Lir tatin bareng ning kilat //,

(178)

Wiramanu jeung raka Ermaya lari,  
 Nya éta ka mega mendung,  
 Sakéat balad digupay,  
 Balad eujin kabéh ngantos enggeus turut,  
 Digeprak ku Ermaya,  
 Maju kalangan jurit.

15. Balad jin kabéh geus riyab,  
 Pada nurut nulungan kabéh ka Mesir,  
 Geus brang ka médan pupu,  
 Sakabéh hanteu katara,  
 Teu katingal ku sadaya Habsi musuh,  
 Enggeus ruksak balad Habsah,  
 Ting jarungkel pada mati.

16. Aya anu euweuh kontolan,  
 Aya anu pongék irung rampung ceuli,  
 Aya nu pincang tur rampung,  
 Aya nu buntung leunegunna,  
 Ting kuciwek anu pincang rébu-rébu,  
 Aya nu dibetot boolna,  
 Aya nu dikeureut-keureut asmuril.

17. Aya nu ngadak-ngadak,

Tanpa daksa sarusah balad Habsi,  
 Geus gugah balad nu rubuh,  
 Balad eujin nu numbakna,  
 Aya lima aya genep aya tujuh,  
 Nu kapanggang balad Habsah,  
 Ting jarungkel pada mati.

## 18. Urang Habsah pada héran,

Naha ieu balad réa nu mati,  
 Laksa rébu anu pupus,  
 Jeung aya ogé anu sumping,  
 Tanpa anu pongés anu rampung,  
 Nu picang euweuh ceulian,  
 Lolobana anu mati.

## 19. Da atuh balad Mesirna,

Batan maju anggur kalah beuki nyingkir,  
 Palangsiang ieu pupu,  
 Urang dilawan druiksa,  
 Ngan (...) sakapeung katingal puguh,  
 Hayu batur urang nyingkah,  
 Sabab aya balad dedemit.

## 20. Matak jahat kana awak,

Kacaturkeun Ganda Ermaya ningali,  
 Sareng Radén Wiranjanu,  
 Keur ngajaga di kalangan,  
 Bisi aya balad anu maju,  
 Di seureut ku Dén Ermaya,  
 Sarta kabéh balad Mesir.

21. Geus terang nu maju perang,  
 Balad eujin perjuritna ti Manjeti,  
 Kocap balad Habsah mundur,  
 Sartana pasang bandéra,  
 Nyapih perang jeung nyapih mundur,  
 Sababna ningal bandéra,  
 Ngeureunan perang ka Mesir.

22. Geus bung-beng ka médan,  
 Gancang Habsi geus ningal ka perjurit,  
 Geus euweuh nu ting jarungkung,  
 Sarta mundur ti kalangan,  
 Dina médan pupu carang éta serdadu,  
 Raja Bantulu Berginggang,  
 Wirangan kaliwat saking.

23. Satadina terap akal //, (179)

Radén Ahmad dihurup ku para jin,  
 Di sajero perang pupu,  
 Kari-kari Radén Ahmad,  
 Ditéangan di sajero perang pupu,  
 Weléh pada naréangan,  
 Ku sakabéh balad Habsi.

24. Beunangna rék perang jidar,

Hanteu tulus tepang sabab teu kapanggih,  
 Énggalna Raja Bentulu,  
 Song Bentulu seug nangtang,  
 Sosowak di tengah jurit.

25. Coba ieu Raja Kunta,

Nya ieu mantuna Raja Habsi,  
 Mana si Ahmad nu pamuk,  
 Geura tembo ka médan,  
 Ieu aing Bintulu kalangan pupu,  
 Teu lami deui waktuna,  
 Ahmad geus aya di gigir.

26. Hanteu jauh ti kalangan,

Radén Ahmad geus muka kuku panyalin,

Katingal ku Sang Bintulu,  
 Kagét barina nambalang,  
 Naha manéh (?) jol aya di payun,  
 Sakitu hanteu lawan,  
 Leleha lain sakali.

27. Moal nguyang kagagahan,  
 Atawana aing téh ngelok nya ati,  
 Kana sumpah siya kitu,  
 Radén Ahmad seug ngalahir,  
 Bangkawarah laknatullah siya kufur,  
 Kapan aing hanteu angkat,  
 Ti hareupeun siya babi.

28. Ambek Sang Raja Lukuntar,  
 Gancang narik cameti (?),  
 Dén Ahmad (...),  
 (...) narik deui pecut kilat,  
 Sami ngulung Ahmad jeung Raja Bintulu,  
 Pecutna geus pada mawa,  
 Teu mundur salah sahiji.

## Durma

1. Enggeus buk-bek silih beubeut musuh lawan,

Bintulu sareng Manjeti,

Sami rubuh duanana,

Nusuh lawan kapidara,

Kocapkeun Raja Habsi,

Raja Berginggang,

Dua (?) jeung (...) Aji.

2. Seug nyampeurkeun ka gontot nu kapidara,

Datang deui dua Aji,

Beuhjang jeung Sorayah,

Karepna rék masang jidar,

Radén Ahmad dihurup opat Aji,

Mawa senjata,

Kocap Ganda ningal.

3. Wiramaya jeung Wira Sentika,

Nyampeurkeun kana keur jurit,

Raja Bahjang enggeus ningal,

Seug mariksa ka kalangan,  
 Arék naon siya anjing,  
 Nyampeurkeun kanu rék perang,  
 Wiramaya seug ngalahir.

4. Karep aing rék nyaksi nu rék perang,

(...) karep siya babi,  
 Sang Raja Rustam,  
 Mundur bari ningalan,  
 Nyingkir ti perang jurit,  
 Rék mariksa //, (180)

Dén Sentika mundur deui.

5. Nyingkir batur gening si Wiramaya,

Jeung Wira Sentika deui,  
 Uluh Senapati Habsah,  
 Kituh deui urang,  
 Sieun teu wani nampiling,  
 Ka Wiramaya,  
 Rabhan keur jujuh jurit.

6. (...) (...) dikarepak aya Ahmad,

Dihurup ku Para bupati,  
 Kawas urang lain lanang,

Barang eukeur sasauran,

Jeung Rustam badami,

Raja Lukuntar,

Lilir satengah teu éling.

7. Narik pecut Rustam jeung Raja Bahjah,

Dibabuk cameti Rukmin,

Marukan éta lawan,

Jungkel Behjo eujeung Rustam,

Kapidara hanteu éling,

Raja Berginggang,

Jeung Raja Burelah nyingkir.

8. Radén Ahmad ras éling jeung narik kilat,

Buk-bek deui silih gitik,

Jeung Raja Lukuntar,

Ting jarungkel deui sami,

Wiramaya suka seuri,

(?) Sentika,

Ka Bahjam Aji.

9. Raja Rustam kérékna téh lila pisan,

Satadi arék nampiling,

Ari-kari ayeuna,

Makan tuan gandrung,  
 Kapirangrang,  
 Nyabok sorangan,  
 Raja Berginggang ningali.

10. Kanu eukeur suka bungah,  
 Raja Berginggang aji,  
 Tong gancang nyandak,  
 Gondewa biyur dilepas,  
 Panah Dén Wiramaya,  
 Telik jamparing,  
 Datang keukeuk ditéwak éta jamparing.

11. Diseungseuringan diririkes bubuk pisan,  
 Kocapkeun deui nu jurit,  
 Raja Batulujeung Ahmad,  
 Geus taya anu kalah,  
 Kacaturkeun enggeus burit,  
 Terap bandéra,  
 Ngeureunan anu jurit.

12. Musuh lawan sami bubar eureun perang,  
 Brantiti eureun jurit,  
 Geus pada ka Pasanggrahan,

Raja Habsi panasbaran,

Raja Rustam Bahjam Aji,

Kagok keur ningal,

Balad enggeus nyungkir.

13. Urang Mesir nyorakan ti kalangan,

Raja Rustam panas ati,

Reujeung Raja Rustam,

Nuluy baé masangrahan,

Sakalangkung Raja Habsi,

Nya panasbaran,

Tacan meunang Mesir.

14. Pangandika Raja Habsi kasadayana,

Isukan mah reujeung aing,

Sarta montong taya,

Aing ménta dua jalma,

Si Ahmad jeung Sultan Mesir,

Teng-teng sing datang,

Ka tengahing jurit //.

(181)

15. Matur mangga sadaya Senapatya,

Sigeug pasangrahan aji,

Anu eukeur berhimpunan,

Carempag paperangan,

Kana pasangrahan Mesir,

Pada gunem na Ahmad,

Sareng Sultan Mesir.

16. Prabupati jeung para ponggawa,

Kocapkeun putra Manjeti,

Ningali ka Radén Ahmad,

Salira enggeus ragas,

Hawatos kaliwat saking,

Tayohna (...),

Bakating ku susah galih.

17. Nyanghareupan musuh lawan masih loba,

Dihabeun baé ditaksir,

Mana geus teu tuang,

Baki ngirereh ka putra,

Dewi Soja langkung sedil,

Cuwa ningalan,

Ngadelék Putra Manjeti.

18. Putra ka Ganda Ermaya ningalan,

Pasemuna kawas nu pusing,

Ka aing téh ngadelékan,  
 Ku naon ieu sababna,  
 Ermaya seug tungkul mikir,  
 Susah manahna,  
 Ngamanahna liyu pusing.

## 19. Hanteu puguh pikirna (...),

Wuri-wuri ama sumping,  
 Sumping ti pangperangan,  
 Ibu banget pusingna,  
 Raja Ermaya ningali,  
 Salira rama,  
 Awas barangna ningali.

## 20. Kangjeng rama piyas kawas kurang maneh,

Ku Raja Putra kapikir,  
 Duh paingan (...),  
 Ibu téh pasemon ama,  
 Piyas ngangluh kurang akir,  
 Wageuh peperangan,  
 Ari kalakuan di Mesir.

## 21. Perjurit cumah ngan ama sorangan,

Kataksir ku Putra sidik,

Geus cape yuda baranda,  
 Nu jadi margana,  
 Sang Ermaya langkung ngerik,  
 Langkung ka manah,  
 Pasti nanti besok ngari.

### **Kinanti**

1. Raja Ermaya seug maju,  
 Majeng ka Sultan Mesir,  
 Nyembah bari mando,  
 Sultan Mesir sok ngalahir,  
 (...) Radén Suwan,  
 Uwa teugeuh teuing teudim.
  
2. Kawas rék aya piunjuk,  
 Pasemon anu teudim,  
 Lamun rék aya unjukan,  
 Ka uwa soso(?),  
 Cédok nyembah Raja Putra,

Sumuhun timbalan Gusti.

3. Sim abdi gaduh piunjuk,

Muga rama uwa widi,

Réh abdi ageing rumasa,

Rumaos balég birahi,

Tina putra karasa,

Amung kirang raos galih.

4. Sanajan beutah hirup,

Gumelar di alam lahir,

Putra ari aya talta,

Taya raos teuteung galih,

Muga-muga kaleresan,

Sapiunjuk jisim abdi.

5. Amung sanés nya takabur,

Atawa nyiduh ka langit //,

(182)

Ngayuga ngarempang kersa,

Sanés teu kitu sim abdi,

Réhing imut ka marga,

Anakna sok marek deui.

6. Bapak kanjeng anak kanjung,

Saperti jisim abdi,

Ben terahing gulubalang,

Sim abdi terahing nebi,

Putrana Sulaeman,

Putra ngiring Senapati.

7. Ngagenténan rama perbu,

Ngayonan ka urang Habsi,

Sakitu abdi unjukan,

Muga uwa luntur galih,

Rama uwa ramo étang,

Sim abdi banget idin.

8. Sakitu anu piunjuk,

Kakang ku Sultan Mesir,

Sarawuh ka para Raja,

Sakedap bengong teu muni,

Geus kitu Sri Maha Sultan,

Ngagentra ku sora mani.

9. Sarta urang geus ngadangu,

Radén unjukan rék jurit,

Uwa teu weruh ngidinan,

Cindekna teu weléh idin,

Kumaha ceuk rama ujang,

Mangka uwa mah teu idin.

10. Najan teu datalang pupu,

Moal butuh ku meredih,

Kumaha enggeus iklas,

Kajeun pupus éta jurit,

Tina ku nyaho ka gana,

Uwa pikiran perbadi.

11. Ermaya seug nyembah mando,

Ramana mando teu idin,

Nya éta ka Radén Ahmad,

Neda paidin rék jurit,

Ramana terus ngandika,

Ama hanteu wanton idin.

12. Kumah keur mapag (...),

Éyang sareng Prabupati,

Mundur-mundur ti médan perang,

Radén Ermaya seug mando teu idin,

Éyangna Raja Esam,

Sareng ka Raja Kondati.

13. Ermaya nyembah piunjuk,

Éyangna neda tadim,  
 Sarawuh aneda (?),  
 Rék maju kalangan jurit,  
 Éyangna (...) para Raja,  
 Teu pisan maparin idin.

14. Radén Ermaya seug mundur,  
 Seug ngalih mando tadim,  
 Ka ibu (...) mando,  
 Siti Bagdad putra Mesir,  
 Raja Ermaya unjukan,  
 Neda paidin rék jurit.

15. Siti Bagdad kagét ngadangu,  
 Ngalahir barina nangis,  
 Aduh Radén putra Maha,  
 Si ibu téh moal idin,  
 Nyaah ibu ku kasépna,  
 Mana mati dina jurit.

16. Kamana pikir si ibu,  
 Tangtu kaédanan,  
 Radén ulah maju perang,

Keun baé da loba deuih,

Moal kirang hulubalang,

Ku Dewi Soja ka kuping.

17. Dewi Soja geus ngadangu,

Keun baé Permeswari,

Muga ulah dihalangan,

Ka sakabéh manéh (...) //, (183)

Ayeuna di nagri Mesir.

18. Manéh kudu perang pupu,

Perang jucugeulan pati,

Ngetak salira Sondari,

Geura uyup getih Habsi,

Upama manéh teu geuwat,

Mati di kalangan jurit.

19. Geus tangtu pikir si ibu,

Teu mindeng teu meunang teuing,

Eukeur naon moga anak,

Keur teu mampuh dina jurit,

Leuwih sukur manéh modar,

Mati di kalangan jurit.

20. Gelar ogé hirup wungkul,

Taya gunana dilahir,  
 Asup kana paribasa,  
 Satiap terahing jurit,  
 Pék (...) gunting rana,  
 Gawéna ngan perang jurit.

21. Helos manéh geura maju,  
 Geura tempuh Raja Habsi,  
 Musuh manéh bubuyutan,  
 Raja putra suka ati,  
 Lir manah carana pindal,  
 Kebat saking luang mati.

22. Ganda Ermaya (...) semprung,  
 Teu ganti siyang wengi,  
 Kakat sieun ku ibuna,  
 Siti Bagdad segruk nangis,  
 Aduh Gusti putra Raja,  
 Mana iklas-iklas teuing.

23. Muga pihatur kapuluk,  
 Ku aceuk kedah diaping,  
 Muga-muga aceuk (?),  
 Landongan pikir sim kuring,

Tina kateuteupan rémpan,

Dewi Soja seug ngalahir.

24. Insya Allah yayi Ratu,

Aceuk diobeng jurit,

Sanggeus kitu Siti Bagdad,

Geunah manahna Meswari,

Sanggeus ibuna nyanggupan,

Bayah dina médan jurit.

25. Kocap deui para Ratu,

Sumawon Sultan Mesir,

Bengong nguping Dewi Soja,

Lajo ngajongan hanteu muni,

Ningal kersa nu diajak,

Mana iklas-iklas teuing.

26. Rep peuting kocap isuk,

Di médan enggeus ngabaris,

Kangjeng Ratu Maha Sultan,

Ngajaga kasadaya uji,

Urang bujeng kana médan,

Melang ku Ermaya Sri.

27. Matur sumangga para Ratu,

Énggal baé Sultan Mesir,  
 Geus ti (...) (?),  
 Kitu deui para Bupati,  
 Ngobeng sami tunggang kuda,  
 Geus jengkar mabéh Bupati.

28. Gandék (...) enggeus cunduk,

Ngabarís di luar baris,  
 Sumawonna Radén Ahmad,  
 Manah hanteu teuteug galih,  
 Teu kuat ku rupata,  
 Kocap Dewi Soja deui.

29. Di médan geus ngepung musuh,

Panganggo cara perjurit,  
 Barina ngagem bandéra,  
 Dicocontong ku cawening,  
 Kocap deui Ratu Ajrak,  
 Ratu Ayu Kuraesin //, (184)

30. Sultan mabur ka luhur,

Nyaksi di Gandawiyati,  
 Kocap deui urang Habsah,  
 Anu eukeur mudal madi,

Saratus Raja kipayang,

Nu disebut Senapati.

31. Kapala perang kacatur,

Ngaran Raja pring-pring,

Gandani kulis wesi,

Otot timah ngobeng Raja Habsi,

Panganggona geus marakbak,

Makutana binokasih.

32. Nunggang kuda belang mundung,

Anggoan Raja Habsi,

Dék maju ku anjeun pisan,

Supayana hanteu kénging,

Ku para Raja dipatya,

Jauh kana médan jurit.

## **Durma**

1. Raja Habsi nimbalan ka mantu Raja,

Hé ayeuna para bupati,

Cing coba tangtang,

Rajana nu ngaran Sultan Muhammad,

Di mana engké geus bijil,

Atawa aya,

Montong tatanya deui.

2. Pada nenggor ku lade Raja-raja,

Tuh gening si Sultan Mesir,

Katara tetih,

Nu (...) jeung nyoba geura tangtang,

Raja Bantulu seug gasik,

Sorana médan,

Nganseug kabéh prabupati.

3. Sang Bantulu gantawang nangtang ti médan,

Coba engén urang Mesir,

Mana nu ngaran Muhammad,

Ulah liyar ti éta,

Atawa Ahmad Manjeti,

Geura jol dating,

Siya ulah talangké teuing.

4. Lamun siya hanteu datang ka médan,

Tangtu diontrok ku aing,

Di mana baé ayana,

Moal bias eureun perang,

Panangtang urang Habsi,

Bintulu Raja,

Tangtu siya dijajali.

5. Ngan sakilat Rahadén Ganda Ermaya,

Dihareupeun Urang Habsi,

Siya Raja Bintulu nambalang,

Bari nambalang,

Ermaya dék naon siya ka aing,

Bocokok ngantegan,

Siya budak kasép teuing.

6. Coba ngan moal nanaon siya budak,

Nu matak datang ka jurit,

Ganda Ermaya ngandika,

Anu matak sing datang,

Ting rék perang pati,

Nyaah ka bapa,

Karipuhan perang jurit.

7. Enya aya putrana dipati Ahmad,

Tedak terahing Mesir,

Nya ngan Ganda Ermaya,

Wadulih maju kalangan,

Urang Habsi nguping,

Hookeun ningal,

Raja Bantulu ngalahir.

8. Urang Mesir datang ka kitu-kituna,

Teu pantes kurang pamilih,

Eujeung teu boga éra //, (185)

Euweuh nu boga peryoga,

Dating ka majukeun jurit,

Budak ngarandang,

Teu taya ras-rasan teuing.

9. Ieu budak masih kénéh bau panglay,

Ieu pakiran aing,

Kawas budak anak téréna,

Hingga diparabkeun pisan,

Pake parepehna jurit,

Jeung deui siya,

Abong enya budak leutik.

10. Najan aya pikiran ngabaruang,

Marukeun teh ari jurit,

Cara anu mance,

Ganda Ermaya ngajawab,

Montong panjang urang Habsi,

Eta omongan,

Kabéh ku aing kaharti.

11. Montong maké diupamakeun menca,

Mungguh nu perang ngajurit,

Ngakukeun ana jiwa muni,

Naha kitu ujang,

Ngalak ( ... ) gama ka Mesir,

Balikan siya,

Kolot dina beuheung munding.

12. Hirup wungkul teu diurus kabalegan,

Paribasa nongtoreng teuing,

Anak tuma-tuma,

Buktina aya maneh pisan,

Rebing ceuli hanteu nguping,

Cacakan tuwa,

Hanteu aya kada ( ... ).

13. Sang Bintulu reup geuneuk pipi pariwas,

Katutun omongan surti,

Kurang ajar para setan,

Saha siya nalaktak,

Omongan kitu ka aing,

Kumaha buktina,

Satiap-tiap rek jurit.

14. Di tangtukeun ku pakarang ngalaga,

Ermaya ngalaga deui,

Benar urang Habsah mah,

Na perang mawa pakarang,

Nu kontol atawa ceuli,

Manggah aing mah,

Hanteu kitu da lalaki.

15. Sang bentulu teu kuat nahan napsuna,

Cameti rukmit di tarik,

Jetet-jetet gitik Ermaya,

Ganda Ermaya musna,

Ilang musna tampa leungit,

Jol dina tak-tak,

Dina tak-tak mantu Habsi.

16. Kek dipuihkeun beuheung sang Bantulu raja,

Digorengkeun lir gulali,

Jadi rampung sapisan,

Beuheung Bintulu pegat,

Di jejek layonna mati,

Pisah janggana,

Biyur dibalangkeun tarik.

17. Ka baturna para Raja balad Habsah,

Kagét lami pada pusing,

Balad Mesir awas ningal,

Ger ramé kacida,

Barang eukeur surak Mesir,

Rob para Raja,

Ger deui surak para jurit.

18. Sang Ermaya (...) para Raja,

Sakalangkungpanas urang Habsi,

Kepung wakul buaya mangap,

Urang Habsi dék kalangan //, (186)

Geuwat Sang Ratu Manjeti,

Ngahadang megat,

Ingkeun baé Urang Mesir.

19. Siya campuh ulah (...),

Sanajan nepi ka pati,

Anak kula pun Ermya,

Tangtu nuhun ka Pangeran,

Keur (?) baé nguping,

Salamet hanteuna,

Kabéh ponggawa Mesir.

20. Hanteu jawab ngupingkeun Sang Dewi Soja,

Ngarandeug para senapati,

Barang eukeur sasuran,

Dewi Soja jeung para sena,

Gebut aya nu nindih,

Rag-rag dipayunna,

Rob ditaksir ku Urang Mesir.

21. Anu rag-rag bet hulu éta rupana,

Dén Ahmad éta ningali,

Mésem gumujeng ningalan,

Sultan Mesir mariksa,

Sirah saha éta rayi,

Akang unjukan,

Sumuhun pariksa Gusti.

22. Bangké musuh anu ngaran Berginggang,

Sadérékna éta Habsi,

Hookeun sadaya Raja,

Barang eukeur naksir sirah,

Teu kanyoan gebut deui,

Aya nu rag-rag,

Hulu musuh urang Habsi.

23. Urang Mesir rob deui naksir sirah,

Kangjeng Sultan mariksa deui,

Ka Radén Ahmad mayunan,

Hé rayi ieu sirah saha,

Radén Ahmad matur teu dim,

Kirang terangna,

Tadi nembé teu ningali.

24. Naha manawi kedah mariksa ka paman,

Paman Bagasten Gondani,

Raja Gondani ningalan,

Ngodeg bari nepak,

(?) putra Sultan Mesir,

Hatur uninga,

Paman nembé kagét teuing.

25. Ieu Raja istu jejenggulna pisan,

Ngaran Raja Pringgandani,

Ka kocapkeun digjayana,

Kulit wesi otot timah,

Amung ayeuna ngawesit,

Kana beuheungna,

Radén Ermaya leuwih saking.

26. Enya éta putu pahang digjayana,

Coba geura pasang kuping,

Ger kabéh para Raja,

Sarawuh ponggawa ger deui,

Balad Mesir ngaguruh surak,

Balad Habsi mangsar-mingsir.

27. Kacatur Radén Ermaya Ganda,

Anu keur dikepung jurit,

Weléh teu beunang ditéwak,

Rajeun gé beunang ditéwak,

Leresan belut putih,

Mangsa malesna,

Kapayun ka pungkur deui.

### **Pangkur**

1. Najong (...) (?) (...),

Urang Habsi ptulayah prabupati,

Aya gé pedang jeung duhung,

Kawas nu euweuh guna //, (187)

(...) gada aya nu dipaké nguyung,

Neunggeul numbak ka bturna,

Susah pisan urang Habsi.

2. Raja Habsi karék (...),

Kurang ajar geuwat beunangkeun si anjing,

Beut loba jalma teu puguh,

Siya mata peda,

Deuleu ieu nu lain purutul,

Enggeus areuweuh huluna,

Geura beunangkeun si anjing.

3. Boro loba para satriya,

Tapi naha hanteu beunang si anjing,

Mata bolotot teu puguh,

Aya hiji urang Habsah,

Nu ngajawab habut para Ratu,

Ieu bet héran ku Raja,

Sosowak hanteu cicing.

4. Ieu pangribut (?),

Taya sanés ngabélaan Raja Habsi,

Tatapi tuwan bet kitu,

Nyeuseul taya elasna,

Mélaan mata dipentangan ku puluh,

Sim abdi héran kacida,

Kadangu ku Raja Habsi.

5. Raja Habsi narik pedang,

Kurang ajar paéhan éta hiji balad aing,

Hiji bubuh,

Naha siya kurang ajar,

Wani-wani ka aing bet nambalang kitu,

Aing teu hayang ditémbal,

Ku tangkorak siya babi.

6. Coba témbong beungeut siya,

Hiji Raja Radén Sedalsah ngalahir,

Geus ulah kebat bendu,

Kudu gedé sing hampura,

Among engké abdi diparinan hukum,

Ngiringan sakersa tuan,

Ayeuna rebut di jurit.

7. Raja Habsi hanteu beunang,

Beungeut marah aing teu sudi teuing,

Hanteu boga batur kitu,

Butuh hanteu susah,

Butuh sotéh aing haying bek haying nusuk,

Haying ngajejewét siya,

Raja saja (...) ngalirik.

8. Nyingkir bari gasik timbang,

Beribu ampun dua rébu ampun jig,

Raja Habsi tambah nafsu,

Bari mesatkeun gajahna,

Pedang Habsi hontal-hontalan (...),

(?) ngejat teu beunang,

Campur ribut jeung nu jurit.

9. Nu mati geus pagolétk //, (188)

(...) ninggang balad Habsi ku Ermaya,

Campur jeung raribut,

Laguna Ganda Ermaya,

Aya témbong aya leungit malih musuh,

Kocap deui Sadalsah,

Dibeberik ku Jeng Gusti.

10. Nyingceut ngénca luncat,

Ngénca nu loba gajah putih bulat beulit,

Gading bijil arék ngamuk,

Sadalsah gila ku gajah,

Dibeberik dinu pangributan musuh,

Sadalsah nerik manahna,

Sasambat ka putra Mesir.

11. Duh Radén Ganda Ermaya,

Caluk bulung mahan nyari ku Habsi,

Badem musuh mahan taluk,

Kadangu ku Ganda Ermaya,

Puguh ogé nya éta anu di maksud,

Lir tatin haringing kilat,

Raja Habsi di dadali.

12. Biyur jekok di luhur gajah,

Beuheung Habsi ku Ermaya dipuih,

Raja Habsi nyentak batur,

Saha ieu kurang ajar,

Wani-wani ngagoéangkeun beuheung aku,

Radén Ermaya ngajawab,

Montong ngaco manéh Habsi.

13. Enya aing Raja Sadalsah,

Digoéangkeun beuheungna cara gulali,

Dibetot sapisan sumpung,

Pogat jangga kantun bandanna,

Dén Ermaya tina luhur gajah jeluk,

Hé sakabéh urang Habsih,

Coba téndo masing sidik.

14. Ieu téndo Raja siya,

Si Habsi ku aing enggeus dipaéhan,

Canggana diacung-acung,

Urang Habsi rét ningalan,

Sadayana pada muringkak pada micung kalbu,

Raja ratu bobon Habsi,

Badami sami muringis.

15. Duh batur Gusti cilaka,

Ngabélaan naon kiwari Gusti geus mati,

Najan Urang laksa ribu,

Senapati sarawuh balad,

Moal kuat taya nu untupan pupu,

Asup kana paribasa,

Ayeuna urang téh éling.

16. Ayeuna cunduk naék gajah,

Banda lapur umur urang pada mati,

Cul pakarang bung-beng kabur,

Sapu nyéré pegat simpay // ,

(189)

Anu ngalér anu ngidul anu kabur,

Riyab ka Pasangrahan,

Riyab-riyab pada ngingkin.

17. Aya nu kanaton Raja,

Sadalsah nyandak pecut anu lukutra pecut rukmit,

Ganda Ermaya geus lungdur,

Rék nepungan Raja Sadalsah,

Kacarita Raja Habsi nétés nafsu,

Sumerep ka gajah-gajah,

Ambek mubat-mabit.

18. Semprung muru ka Sadalsah,

Lir paser bijil ti sumpit,

Nengo Sadalsah teu mundur,

Jeung nyandak jimat rukmat,

Barang gajah rék ngamuk dipapag pecut,

Jetét rubuh éta gajah,

Hanteu lila gugah deui.

19. Diburu ku Dén Ermaya,

Rérét deui gajah ka Ermaya pusing,

Barang rék ngamuk dituyung,

Gajah nuluy ménta wadal,

Barang rét ka balad Habsi nu kabur,

Semprung diudag ku gajah,

Gajah ngamuk morang-maring.

20. Urang Habsi palalastra,

Eukeur sieun katambah ku gajah putih,

Sajalan-jalan ahamuk,

Urang Habsi kala (?),

Beuki urang sajalan-jalan ahamuk,

Gajah Habsi nuluy édan,

Urang Habsi panas ati.

21. Balad Habsi diamuk gajah,

Balad Habsi békak ku kitu marati,

Sigeug gajah nu keur ngamuk,

Ti jalan datang ka Habsah,

Paéh sotéh gajah ku Raja Bintulu,

Di Nagara Lukuntar,

Putus gajah anu mati.

22. Kocap deui Sang Ermaya,

Jeung Sadalsah ka jeng ibu,

Tawiskeun yén Habsih bedah,

Kitu deui pikeun ngitung ka Ratu,

Ka uwa Sri Maha Sultan,

Kocap ka Sultan geus sumping.

23. Kangjeng Sultan seug ningalan,

Ka Ermaya sarta mawa hulu Habsi,

Ronghok kabéh para Ratu,

Dewi Soja seug haturan,

Ka para raja ieu sadaya para ratu,

Ermaya kedah dihormat,

Papag ku surak tarik //.

(190)

24. Sang Sultan énggal nimbalan,

Nyepeng (...) sarta tuang opat baris,

Teu lami waktuna (?),

Ger tatabeuhan jeung surak,

Bedil beris morobot jeung surak campuh,

Para Raja sor ngahormat,

Mariyem nuruktuk muni.

25. Ngaguruh lir laut pasang,

Sora bedil geus taya elatna muni,

Ermaya geus baktos hulu,

Ku sadaya para Raja,

Pada ningal Gandani naksir ti payun,

Tétéla Raja Ermaya,  
Gogodeg Raja Gondani.

26. Enya istu putu éyang,  
Digjayana punjul ingalaga jurit,  
Sadayana para Ratu,  
Sami madep ka Ermaya,  
Enggeus puguh Sultan Mesir padang galuh,  
Raja Sadalsah ta(...),  
Munjungan sinoman aji.

### **Sinom**

1. Raja Sadalsah munjungan,  
Kasadaya pongawa Mesir,  
Parantos ti Maha Sultan,  
Tuluy mapay ka Prabupati,  
Gok tepang jeung Gondani,  
Nembé suka liwat langkung,  
Sanggeusna éta munjungan,  
Brak sadayana lalinggih,  
Dina korsi suka-suka masangrahan.
2. Barang tuang suka bungah,  
Kocap Dén Ahmad deuih,

Diladénan ku Ratu Soja,  
 Sareng Ratu Kuraesin,  
 Barang tuang suka ati,  
 Mamayu waras (...),  
 (...) kitu deuih,  
 Urang Mesir pada récok barang tuang sukan-sukan.

3. Carios bujeng énggalna,  
 Sadara Prabupati,  
 Barang tutug barang tuang,  
 Dewi Soja unjuk tadim,  
 Agung paunjuk Raja,  
 Sadayana para Ratu,  
 Lan miwah ka para sepuh,  
 Réhing ayeuna Habsi,  
 Enggeus tutung samangsa danget ayeuna.

4. Muga ulah kandel manah,  
 Ayeuna téh jisim kuring,  
 Émut melang ka nagara,  
 Yén moal ngiring ka Mesir,  
 Jisim abdi badé wangsl,

Amung putra Dén Ermaya,  
 Nyanggakeun katon di Mesir,  
 Wiramanu Wiranjanu bade mulang.

5. Diteda ka ling (...),  
 Ulah kandel nya galih,  
 Aduh rayi ti Manjeti,  
 Engkang hookeun kalangkung,  
 Ari engkang (...),  
 Geus kamalum mangga deui,  
 Sami nyepeng nyakrawati,  
 Gaduh beurat-beurat.

6. Ari engkang (...) sah,  
 Sakalangkung akang ka yayi,  
 Sakitu deui sumangga,  
 Pidu'a akang ka yayi,  
 Muga salamet dina mulang,  
 Ngan Dén Ahmad kedah kantun,  
 Yayi nu langkung uninga,  
 Dewi Soja seug ngalahir,  
 Insya Allah muga tetep Jang Ermaya.
7. Nini Wijana ngéngkélokan,

Paribasa nini-nini,  
 Lauk buruk milu mijah,  
 Piritan endogan deui,  
 Nun sumuhun kangjeng putri,  
 Katang-katang liwat langkung,  
 Lamun katingal ku raka,  
 Sieun datang babo Habsi,  
 Kalakuan pulas réa Raja.

8. Kantenan anak ancupa,  
 Males ka nagara Mesir,  
 Gesit ari son amah,  
 Di Nagri Mesir,  
 Sing mindeng pulang anting,  
 Nganteuran tawa pupundut,  
 Moal saé eureun ngan (...),  
 Mun teu sareng Gusti,  
 Linggih-linggih geus tinangtu Raja aya nu ngampa.

9. Ngaliyeun Sang Dén (...),  
 Émut barina ngalahir,  
 Komo di dieu mah loba,  
 Kapanan minyak keletik,

Keur gumujeng (...),  
 Hajina imut na mayun,  
 Jeung jangotna wicana,  
 Digantélan kembang kuning,  
 Kembang ros dina jénggotna.

10. Da abdi gé dék ngawula,  
 Engké geus dongkap ka Mesir,  
 Arék ngamula baé ngampa,  
 Para ponggawa ngalahir,  
 Arék kaul-kaul naon deuih,  
 Wicana imut jeung unjuk,  
 Kapan kula meunang peang,  
 Basa tadi eukeu jurit,  
 Ayeuna gajah ku kula ditéwak modar.

11. Gancapuri mah dipanah,  
 Sami pada ngarasih,  
 Radén Ahmad majeng ningal,  
 Ponggawa gur-ger sami taya seti,  
 Bari malédog ku korma,  
 Kana bahan wicana,

Tuluy baé disanggap baé didahar //.

(192)

12. Wicana lolong-lolongan,

Ngarah dibalédog deui,

Ger gumujeng sadayana,

Imut kangjeng Sultan Mesir,

Jeng Sultan bari ngalahir,

Hayu urang pada mulang,

Ngabujeng Nagari Mesir,

Radén Patih Enggada enggeus nambalang.

13. Ka sadaya para balad,

Kangjeng piwarangan Gusti,

Dewi Soja seug munjungan,

Ka rakana sarta tadim,

Tuang rayi neda idin,

Ayeuna amit rék wangsul,

Rahadén Ahmad ngandika,

Hélos yayi engkang idin,

Sambung dua muga salamet di marga.

14. Song deui Sang Dewi Soja,

Munjungan ka Raja Mesir,

Dipapay sakabéh Raja,

Sumawonna ka Sang Gondani,  
 Ka sakur mertua aji,  
 Tuluy ka Kosasih sujud,  
 Nyarita ningalan uang,  
 Saratus dirham katampi,  
 Ibu-ibu tuang putri badé mulang.

## 15. Dén Kosasih ngadinan,

Aduh Enung ti Manjeti,  
 Ibu ngadu'akeun pisan,  
 Masing mindeng pulang anting,  
 Sumangga ceuk Manjeti,  
 Siti Bagdad deuih munjung,  
 Barina jeung para tubah,  
 Dewi Soja nginum deui,  
 Sanggeus tutug munjungan Dén Siti Bagdad.

## 16. Aduh aceuk paleleban,

Sarawuh ka rai Ecin,  
 Nyiruan genténg,  
 Cangkéngna masing mindeng pulang anting,  
 Abong kéna badé mulih,  
 Pucuk kalapa teu imut,

Dewi Soja imut jawab,  
 Ranca di tengah maranggi,  
 Insya Allah manawi taya halangan.

17. Kebat mios Dewi Soja,  
 Sareng Ratu Kuraesin,  
 Geus mandeng dipajeng kilat,  
 Burudul para jin ngiring,  
 Geus ngaraos maraca dikir,  
 Kulayu jeung naktu dinur,  
 Ngaguruh di Mandaya gantang,  
 Matak-matak kelar anu nguping,  
 Ditémbalan jegur mariyem di handap.

18. Dar tatabeuhan disada,  
 Ngelegedét prajurit Mesir,  
 Bandérana ting harélab,  
 Kangjeng Sultan enggeus nitih,  
 Nya éta gajah putih,  
 Diiring ku para Ratu,  
 Geus jengkar ti pasangrahan,  
 Mulih ka Nagri Mesir,  
 Teu kacatur dijalannaKangjeng Sultan.

19. Jeung wadya balad sadaya,  
Ka Nagri Mesir geus sumping,  
Sakabéh Raja geus lenggah,  
Kebat peta suka ati,  
Sadaya para Bupati,  
Siang wengi suka kalbu,  
Geus taya nu dimanahan,  
Bangsa kaweugahan galih,  
Ieu layang Ahmad Muhammad geus tamat.

